Bubakar Bóris Jóob

Doomi Golo

Doomi Golo

Nettali

XAAJ BU JËKK
NGIRAAN FAY

Gone mat naa bàyyi cim réew

TÉEREB DÓOM

I

Noonu ma xool ko lu yàgg, daldi yëngal ndànk sama bopp, ni ko :

Àddina : dund, dee.
Leneen newu fi, Badu.
Lii rekk : demal, maa ngi ñëw.

Naka laa wax loolu, daldi déggaat woykat ba :

« Àddina amul solo, ndeysaan... Ku ci dee yaa ñàkk sa bakkan, ndeysaan ».

Booba gone laa woon, nekk ci sama diggu doole, yaakaar ne dara tëwu ma. Maa fii dàqoon a fecc, bare bayre ba nga ne lii lu mu doon ! Fu ma jaaraan, janq di ma tooñ, naan :

- Ngiraan Fay jàppal fii, Ngiraan Fay bàyyil faa !

Mbaa nga dégg ci jeeg ju ndaw ji ku ni :

- Moo Ngiraan Fay, looy jaay maanaa nii ? Billaay yow ! Yal na nga koote ! Léegi, mag dikk na. Maa ngi nii toog ci sama buntu kër, fii ci gox bi ñu naan Ñarelaa, di xaar sunu boroom bi def ci man li gën.

Teewul nag sama xel yépp nekk ci yow, Badu.

Xéy-na yaa nga ca dëkku naar ya, moo xam Alseeri la, walla Marog mbaa Libaŋ. Foofa de lanu yaakaar ne fa nga nekk. Kenn amu ci nag lu ko wóor Am na sax ñu naan :

- Kéwél kat du tëb doom ja bëtt. Badu Taal kay, xam ngeen ne topp na ciy tànki baayam Asan Taal. Ba fu coow liy mujje, Tugal ngeen koy déggi.

Ci juróom-ñaari téere yi ma la fiy bàyyil sax, am na bu ci tudd Téereb Ndéey Turam tegtal bu leer la : li nekk ci biir, maak yow doŋŋ noo ko séq. Yoonu keneen newu ci.Yaa ngi nii toog janook man, ma sëgg ba jot say nopp. Su ma ci tàbbalee ay kàddu, nga naj leen fa.

Kàddu yooyu di wéq sa kaaŋ, di féqu ci sa biir bopp, ngir rekk bëgg a génn ci biti, tasaaroo, nekk lu askan wiy waxtaane. Nga gën leen faa naj, ndax ragal ñu jur ay ak téesante. Du tee nag sa xel di leen tojat ba ñu mokk rumbux, nga xam lan la bu ci nekk wund, ne patt di wéy ak moom.

Téereb Ndéey bi yomb naa xàmmee, mooy bu xonq bi. Moom laay dénk lépp lu ma dégg ñu koy waxtaane ci say mbir. Saa yu ma bettee nit mu lay jëw, dinaa la ko ci fen. Jàng ko bu baax. Dina la amali njariñ, bés boo dellusee Ñarelaa gii nga cosaanoo, fas yéene fee dëkk yaak sa njaboot. Wóolu naa la, xam naa ne ak loo mën a fekk ci biir Téereb Ndéey, doonte wax ju ñaaw la sax, du yàq sa digganteek kenn ci gox bi.

Jarul nag ma ciy sore. Xanaa ma may la ci as lëf rekk. Badu, waa Ñarelaa gërëm nañu la.

Lu ma fekkeek lu ma fekkewul, fii ci Ñarelaa, kàddu yu rafet rekk la nit ñiy yëkkati, jëmale ko ci yow. Koo waxal ñaari baat, mu ne la :

- Aa, Badu Fay Taal de, kuy jaambure moom ngay dimbali. Gone googu kay, Yàlla bu ko cat dugg.

Foo ko fekkaan mu ngay wut lu mu am, ñëw bokk kook ndeyam Biige Sàmb ak maamam
Ngiraan Fay. Dem na bay raxas ay oto ca Waagu-Ñaay, di baana-baana màrse Aselem, lépp ndax bañ a wër di ñaanaatu mbaa di këf alalu jaambur ; jànqi Ñarelaa yi sax mas nañu ko fee fental woy, di ko gaaral, waaye teewul mu nekk ci li mu nekk, sax ci ba dëgër.

- Moom kay, na mu noppee woon ! Seede li daal benn la. Waa gox bi nee ñu ku jaambure nga te am fullaak faayda. Su ma déggee ñuy wax yu mel noonu ci yow, Badu, sama xol day sedd guyy.

Saa yu ma sëggee di dénk kàddu yu neex yooyu sama Juróom-ñaari Téere yi, mbégte mi may yëg ci sama yaram, maak Yàlla rekk a xam nu mu tollu. Sant naa sunu Boroom bi ma may wii xeetu bànneex, laata may génn àddina.

Waaw.

Damay daagu ci mbeddi Ñarelaa yi, dégg ku ne :
- Badu Taal kay, du moo nar a toog bitim-réew ba musiba di ko fa fekk. Gone googu, jom la am ba mu mat sëkk, kaar.

Mu mel ni ay baat yu ma ngelaw li yéene, may ma leen. Ma gaawtu, ñëw ubbi sama waxande, roccisi Téereb Ndéey, tëral ci lépp li ma jot a fortaatu.

Su ko defee sama xel naaw, dem fu sore, ma fàtalliku yu bare, daldi yëngal sama bopp, xam ne Yàlla mooy kariim.

*

* *

Badu xew-xew yi ma la fas yéenee nettali, ñu nga door alxames ja nu demee ayeropoor Lewopool Sedaar Seŋoor, jëli néewu Asan Taal, indi ko fii ci jàkkay Ñarelaa, war ko fee jullee. Keroog jooju, yow ci sa bopp def nga lu doy waar. Ba dara desul lu dul jullee Asan, yóbbu ko armeel ya,

Yilimaan Keeta nee na la nga ñëw tiim sa baaytàggu ko. Tontuwook sa gémmiñ. Danga yëngal sa bopp, ngir xamal ka mu yónni ne jaru ko. Ña toogoon foofu ñépp jaaxle, ku nekk xool sa moroom

Ndey Silla, ndaw soosu nga xam ne du dugg mukk lu yoonam nekk, ne la :

- Badu Taal dofuloo jinne jàppu la, demal wuyu, Yilimaan Keetaa la soxla.

Ñépp ne tekk di la déglu.

Nga yëngalaat ndànk sa bopp, ne yaa lànk. Naka-jekk, masoo bare wax.

Ñu ñëw fekk ma fi may defare Asan, boolemaak yow, ne ma :

- Ngiraan waxal ci sa sët bi, xéy-na boog mu déggal la yow.

Ci laa leen ne :

- Bàyyileen jaa mbur, Badu Taal lu mu def xam na ko. Noonu, Ndey Silla mer, ne ca tonet, ni ma :

- Man Ndey Kumba Silla de, gone guy waaj a alku laa fi gis. Badu Taal mooy kan, ba ñu koy seetaan muy toroxal nii baayaam ? Sama xol jóg man it, ma ni ko :
- Ndey, doo Yàlla doo yonent, mënoo fee alag kenn. Badu Taal xamul caaxaan, li mu def am na fu mu ko teg.

Dama ko waxe woon noonu rekk, waaye ca dëgg-dëgg mbir mi xawoon naa ub sama bopp.

Waaw, man mer nga dencaloon sa baay Asan Taal ba lànk ne doo tiim néewam, ñaanal ko, mu doon seen tàggatoo yéen ñaar ?

Ak ni deret amee doole...

Wànte li tax doom di dëddu baayam ba mu jaral ko ñàkke kersa ay kilifaam, mënul a doon caaxaan.

Ci laa tàmbalee xalaat bu baax ci mbir mi. Daan naa toog ay waxtu di jéem a seet lu waral li am am. Waaye lu ma gën a gëstu, diggante Yaasin Njaay

ak sa ndey Biige Sàmb gën a ub sama bopp. Li xew Ñarelaa sa ginnaaw ba waa réew mépp jot ci, foo dem dégg ñu koy waxtaane, mu yéem ñépp, loolu ndem - si-Yàlla ji Asan Taal a ko waral.
Waaw. Sa baay Asan Taal.

Lu jiin Njaaga te mooy Njaag,

Coow li wër na àddina si juróom-ñaar. Amaana sax Penku ba nga nekk, yéenekaay yi maye nañu ci as lëf. Wax ji lii doηη la : Yaasin Njaay ak ñaari doomam yee xéy bés bëgg a jommal Ñarelaa. Waaye yéenekaayi réew ma nga nekk, mënuñoo sore ci mbir mi. Mënuñu cee bind luy tax nga xam nu yëf yi deme ci dëgg-dëgg. Kon jaadu na ma leeralal la ko bu baax.

Dinaa ko def ci xol bu sedd. Te duggewuma ko dara lu dul jéem laa aar.

Lu mu yàgg-yàgg, dinga ñibbisi bés Ñarelaa, bëgg waa gox bi nettali la li fi dal Yaasin Njaay.

Gënuma laa xam niti tey yi. Yàkkamti nañu nga may leen nopp, ñuy fen di dajale. Ñoo fi dàq a yokk, dàq fee jekk-jekkal ak làq-làqal. Man, Ngiraan Fay, jomb naa loolu. Jomb naa génnee ci sama gémmiñ gii lu dul dëgg.

Ku dem ba bejjaaw, am ay sët ak i sëtaat, loo wax sa digganteek Yàllaa war a tax. Te su ma demoon bay fen it, xanaa dinaa la ci rus ndax cofeel gi ma am ci yowMoom kay, soo bëggee xam lu fi xew sa ginnaaw, bul déglu kenn ku dul man. Kon boog, Badu, tëbu ma bés rekk ŋàbb samag xalima, ubbi Téereb Ngelaw mbaa Téereb Lëndëmtu di la ci nettali xew-xew yi ma jot a teewe fii ci Ñarelaa.

Su ma wóoroon ne maak yow dinanu gisewaat, damay laxas samay kàddu ci biiri léeb yu lëndëm, xaar ba nga dellusi, guddi gu ne mu am lu ma ci làq fa géej gën a xóote.

Su ko defee, nga fanaanee joow ba ne ko nuus téye, lemmi ko, jàng ko, mu amal la njariñ. Ñu bare bu ñu gisee ni may binde, dinañu ne sama yaram neexul. Waaye faalewuma leen tey, faalewuma leen ëllëg!Man bokkuma ci bindkat yi ñuy soow.

Doore ca Musaa Ka ba agsi ci Séex Aliyu Ndaw, jaar ci ñoomin Sëriñ Mbay Jaxate, Cerno Aliyu Caam ak Maabo Gise, ñu ma gën a aay fuuf ñoo saxal seeni kàddu yu rafet a rafet ci biir xolu askan wi, jëmbët leen ci xeli Doomi-Aadama yi.

Man nag, damay jéem rekk. Mën naa ni sax li may bind, séentuwuma ci leneen lu dul sama bànneexu bopp. Looloo ma bàyyéendi tam ci dunyaa. Su dul woon Juróom-ñaari Téere yii may làngeek yow, àddina sàppi kon na ma bu yàgg. Dinaa la xamal tey lu tax ma fonke nii bind ak xalaat.

Li ma lay waxsi, guléet bésu tey mu génne sama gémmiñ gii, jaar ci sama xalima, jaaxaan ci téere bi nga yor, te mu doon la xaar fii ci Ñarelaa...
Ba nu newee gone maak samay doomi bàjjan, góor gu ñu doon wax Mbay Lóo moo nu daan jàngal Alxuraan ci Rëbës gii. Booba, su dee amoon naa juróom-benni at tamit, ca lay yem. Xam nga ne kon loolu yàgg na !

Xale bu deñ-kumpa laa woon. Saa yu nu toogaan di tari xuluwallaawu mbaa yeneeni saar, maa ngi sàcc di xoole Ustaas Mbay Lóo catu bët. Ustaas Mbay Lóo ku amoon bayre la, kaar. Kenn mënul woon dajeek moon ci mbedd mi te doo taxaw, geestu ko, xoolaat ko bu baax. Te soo demee ba toog, noo def sa xel di wéy di werante, nga naan :

« Waaw, góor gi ma dajeel sànq béréb sàngam, ndax nitu neen la ? »

Monte de, Ustaas Mbay Lóo màggat mu ràgg la woon te xiibon ;

Dara jagatul woon ci moom, du bët yi, du bëñ yi du tànk yi.
Foo ko fekkaan, mu nga sol benn sabadoor bu furi, ñu dabb-daaxe ko fu ne, moom ci boppam muy tëfli deret ; pukkuus ba mu daan fanaan, mook unk yeek jargoñ yeek mbóot yi ñoo fa bokkoon dëkk. Du benn du ñaar, séen naa ay jinax ñuy dóor-dàqe ci ronu lalam.
Ci gàttal daal, Ustaas Mbay Lóo sagaru nit la woon. Sonnoon na lool, te su ma la nettali woon la ma daan gis mu koy añe mbaa mu koy reere, dinga gën a xam li may bëgg a wax.

Dama daan jonkan di ko xool, yërëm ko be, ndeysaan. Rëbës googu ma lay wax, gis naa fa ba tàyyi ay boroom alal yu tegul woon sax Ustaas Mbay Lóo nit. Koo ci laajoon xalaatam dëgg, mu ni la :

- Sa Ustaas Lóo moomu de, mook kaña gu médd a yem, amalul kenn njariñ.

Céy ! Àddinaa ñu mën a gëlëmal, Badu !

Tey jii, su ma sunu Boroom bu baax bi delloo woon ci sama biiru ndey ji ma jur, ni ma : dunyaa ci 1922.
Seetlu naa nag ne, ci dëgg-dëgg jot nga fee jànkoonteek ay jafe-jafe yu bare te tar. Lu ne jéem nga ko, waaye daal, Ngiraan, taloo fi dara lu dul lijjanti loo lekk, su guddee nga tëdd nelaw. Soo yeewoo suba teel, looy defeeti, Ngiraan ? Xanaa wuti loo lekk ! Amoo dara loo mën a bàkkoo, du alal, du tur, du leneen. Dinga xéy bés ne mes, mu mel ni masoo fi jaar.

Waaye nag, seetlu naa leneen ci yow : sa jikko rafet na lool, nit ku yéwén nga. Lu néew li ngay fortaatu, nangu nga koo bokk ak say xarit ak say mbokk.

Léegi nag, dinaa la fay sa xol bu rafet boobu. Sama yërmaande amul àpp. Sama kàttan amul àpp. Suba, dinga am lu kenn masul a am, Ngiraan. Dinga judduwaat !

May naa la it bii yoon, maanaam ci sa ñaareelug dund, nga taamul sa bopp nit ki nga bëgg a doon.

Su la neexee nga ni ma : « Njiitu réew mi Daawur la tudd, sant Jaañ. Moom laa bëgg a wuutu, am xaalis bu dul jeex, fu ma jaar takk-der yi di ma mbiibal,
di ma tóojal, lu ma joxoñ dag yi gaawtu dagg ko, indil ma ». Soo bëggee loolu, Ngiraan, ma defal la ko. Xam nga ne dara tëwu ma ! Tey ci guddi, mën naa daaneel Daawur Jaañ, ëllëg njiitu réew yi ci àddina si yépp yónnee la ay bataaxal, naan la :

« Maa seer fareer e ami, Muse le Paresidaa Ngiraan Fay », nga dof nag, naan xanaa kay ñii du man lañuy wax !

Soo bëggee loolu, ma defal la ko ci lu gaaw ! Waaye su dee judduwaat weccee sa ruu ak ruuwu Ustaas Mbay Lóo moo la gënal, ba tey mën naa la ko defal, ngay añe sómbi di ko reere, soo foree sagaru téeméer dund si ñaari fan walla ñetti fan. Léegi daal, yaay seet, Ngiraan.

Badu, xam nga ne moos su ma sunu Boroom bi nee :

- Gaawal, Ngiraan sa tontu laay xaar ! Du man mii maa fay nekk di nakk-nakkal. Daawur Jaañ, lu mu dégg ci lu bon, man Ngiraan Fay maa ko ko yakk ! At yi Daawur Jaañ taxaw ci kaw suuf yépp, soo ci dindee sàcc alalu réew mi, ak nar ak yàq xol yi, dara dootu ci des !

Ma ni : tuuge waay, Daawur Jaañ ! Yaay mag mu ñàkk faayda, Daawur Jaañ ! Fu ñu la fekk, yaa ngi ratatati, lu ñor nga wax, lu ñorul nga wax. Te kenn sañu la ni :

- Góor gi wax ji doy na sëkk ak barke, yaa ngi nuy merde waay !

Su ma Yàlla baaxe woon ñaareelug dund te ma am sañ-sañu taamu, damay ñëw dëkksi Rëbës ca pukkuusu Ustaas Mbay Lóo ba, toog ci sijaadaam, di jàng téere bu sell bi, di màggal turu sunu boroom bi, duma ragal xiif, duma ragal mar. Ma ni ndem-si Yàlla ji Ustaas Mbay Lóo, sa jaan wàcc na !

Ma dellu ni : wàccoo ngaak askan wi, Ustaas Mbay Lóo ! Ak li coow liy bare yépp, sa dund a ëpp njariñ fopp dundug Daawur Jaañ ak i ñoñam !
Amoo woon jotu jëwaate ak rambaaje, taloo woon xëccook téesante, te néew doole masulaa tax a saalit bay wër di woyaan. Maa ngi lay gisaat, nga sëgg ay waxtu di jàng Alxuraan mbaa di bind li ngay bind.

Doo sëqat, doo sax yëkkati sa bopp. Bu weesoo sa loxo ndeyjoor bi nga téyee sa xalima, du dara lu ma gis mu yëngu ci sa yaram. Dama daan làqu di la seetaan, ngay capp sa xalima ci daa ji di rëdd ndànk ci téere yi nga tegale ci sa wet, sa loxo ndeyjoor di yéeg ak a wàcc.

Leeg-leeg nga siggi raay sa doq, ma gis ni sa bët yiy melaxe ak ni ngay noyyee, ndeysaan. Mu wóor ma ni am na booba lu la feeñu. Ustaas Mbay Lóo, jàngal nga ma lu bare!

Coppite ga ma daan seetlu ci yaw moo ma tax a xam ne liy tax nit di nite, day jéggi yaram wa, romb koy dem. Doole ji nekk ci xam-xam, teey ak fulla ji mu laaj yépp a ngi woon ci yaw.Waxuma sax Daawur Jaañ, waaye ku ma indiloon tey jii nit ki ëpp alal mbaa ki ëpp bayre ci àddina, duma ko wecceek Ustaas Mbay Lóo. Badu, giñ naa ci Alxuraan ne masuma naw mbaa ma weg benn Doomu-Aadama ni ma wege woon góor googu.

Su dul woon ndem-si-yàlla ji Ustaas Mbay Lóo de, sama dund gii deme kon na neneen. Badu Taal, taawu Asan Taal ak Biige Sàmb, déglu ma.

Ma ne : nit dëgg, yaram wi mën na fee jóge te du tax mu faatu. Nit dëgg, bés ba ñu ko yóbboo armeel ya jébbal ko boroomam, bés booba lay dekki. Suuf sa ñuy maasale ci kawam mënul tee takkandeeram ne bëret ci saa si, topp ña ko doon robsi. Na fekk rekk mu defoon ci dundam lu jar a fàttaliku.

Nit ku sa dund neen, doo am takkandeer, dara du la wutaleek bàyyima. Ustaas Mbay Lóo, jàngaloo ma Alxuraan yem ca! Jóge nga fi, waaye ba sunu jonni tey, yoon wu ma aw, yaa ma ko xàllal démb, tey soog a ñëw. Saa yu ma demee ba jàq, su ma làmbaatoo daj la, nga toog ci sama wet.

Mu mel ni nekkinu askan wi ab téere la, nga ubbi ko, di ma sa, may tari.

Léegi màggat laa. Waaye saa yu ma yëgee ne mbon ak kañaan a ngi may bëgg a ëpp doole, dama lay daldi gisaat ci sa pukkuus bu bon ba, nga sëgg di jàng, di jàngale, di bind ak a bindaat. Fa nga tëdd ca àllaaxira nga ma naan jàkk, ma bàyyi lépp lu ma jàppoon, nga dëddale maak coxor, xiir ma ci lu baax.

*

* *

Bul yàkkamti, Badu. Jaru ko.

Su waxtu wa jotee, dinga xamal sa bopp lu tax ma ubbil la sama xol, xàll ci juróom-ñaari yoon yu wuute, te naan la :
Badu Taal, yoon yaa ngii, bu ci sama baaraam joxoñ topp ko, bul teg feneen say tànk. Bul ragal a xuus ci biir dex gu lëndëm gi. Su ma la tàllalee seetu, bul dem ba jub ko sa fit mel ni lu rëcc, nga dellu ginnaaw, di waxtu, naan :
- Aa déedéet, kii kay du man !

Te boo tëddee ba xaaju-guddi, dégg ngelaw li mer bay ŋar ni gaynde siibi, di buddi garab yi di leen xalab ca xaj, di yëkkati géej gi di ko sànni ci kow asamaan si, loolu yépp su amee bu mu la tax a tàggook sa sago.

Monte askan weeka soxla seetu tey ! Ñaata xarnoo ngii muy roy ak a royaat ? Waaw nun, wan xeet lanu royul, ba xaw koo yéem sax ?

Ma ni : yaakaar nga ne Yàlla mos naa sàkk mbindéef mu dàq a toppandoo nit ku ñuul ?

Defe naa ne de, Sinuwaa yeek Sàppone yi rekk ñoo nu rëccagum, te ñooñu sax gisaguma leen Mbaaw. Su ñu defulee ndànk, léegi nu ne leen :
- Randuleen fee waay, yéen xamuleen Sinuwaa mbaa Sàppone dëgg nu muy mel! Tey nu won leen ko ! Kon boog, Badu Taal, taawu Asan Fay Taal ak Biige Sàmb, yow sama sët bu baax bi, nang ul ne war nanoo seetaat sunu bopp bu baax.

Bul tiit, bul ragal.

Lenn moom na la wóor : dëgg dina naqadee dégg, naam, waaye soo ko ñemee, song ko, doo ko réccu.

Ngëneel lu réy a ngi ci.

*

* *

Man mbindéef moo sañ ne xam na nu jaww ji tollu ?

Am na, gaa, ay nit ñu bare pexe, loo wax ñu ne mën nañu koo natt,

foo leen fekk ñu nga ŋàbb seen xalimaak seen kayit, di ci bind ak a nataal yu kenn xamul. Nee nañoo ay boroom xam-xam yu mag lañu ! Gaa ñooñu, koo ci laaj lu muy liggéey, mu ni la :
- Gëstukat laa.

Nga ne ko :

- Ãa ?

- Waa-waaw ! Bul ma ci xeeb ! Lu la jaaxal ci jant bi mbaa ci biddéew yi mbaa ci weer week yeneen ak yeneen, boo yaboo laaj ma ko. Sàllaaw, sama sagaru néeg bii laay toog jox la tontu bu leer nàññ.

Waaye, seen cobte googu du mujje fenn fu dul di raay a ka raayaat seen doqi séytaane yi, naan :

- Mbir mi kat, am na lu ma ci desee wóor. Xanaa kay danuy jàppandi ne su demewul nii deme naa.Ngóor soosu dinay dem bay mbebetu, ni ku daanoo cib saret. Déglul ma ko, Badu :

- Su wund wu ñuul wi wëree fukki yoon niim gii, ganaar gi topp ciy daw, ñu ànd ñoom ñaar di mbów niy xaj, du ñàkk Pilitoŋ ak Sipiteer mbëkkante. Su booba, suuf si dina yëngu ca Pakistaŋ ak Kore, te Kilimaŋsaro dina yàbbi ay xal yu xonq coyy! Xam nga, Badu, waxu dof a ngoog ! Boroom xam-xam yooyu, seen muj duy faral di rafet. Bés bi ñuy ràŋŋatiku, day bett seeni mbokk, ñu daldi leen jagat jagatee, yóbbu fa ñuy denc ñi seen xel neexul.
Waay ñii ñoo waane, Badu ! Ku leen laaj loolu lépp ? Luy seen yoon ci dayo àdduna si ?

Ba sunu Boroom bi sàkkee dunyaa du tey, du démb. Kenn ci nun fekkewu ko. Dunyaa day dox te Yàlla rekk moo xam kañ lay àgg fa mu ko jëme, mu daldi ko fa yemale.

Waaye, Badu, li àddina siy yaatu-yaatu, juróom-ñaari fan doŋŋ ñoo ko ëmb.

Mu di lu kéemaane sax.

Juróom-ñaari fan yooyu nag, dina am ay jamono ñu jiitle, bu ci ne dara du ko wutale ak ba ca topp. Maanaam, su fekkoon ne bés yi dañuy ñaasu, ni ko sunu yenn mbokk yi baaxoo def, ñaas yooyee dañuy mujjee raaf ba far maasaloo, benn màndarga dootul des ci seen kanam. Waay, jàmm a neex, Badu ! Dara yënguwul. Réew maa ngi ne selaw. Altine ñëw, talaata tegu ci. Àllarba yegsi. Alxames tàmbalee dukkat, ñu ne déet ne waay mu ne maa ngoog.
Jàppe ko noonu, mel ni bés yi dañuy wëndéelu ci biir géew bu yaatoo-yaatu, demuñu dikkuñu, ba nga xam ne soo jëloon bant di rëdd seen doxin ci suuf si, wërngal gu mat sëkk la lay indil.

Looloo waral foo fekk ngóor su fuddu ba noppi óbbali, te naan :

- Waaw, gaa ñu baax yi, tey sax ban bés lanu nekk ?

Xamal ne kooku, su newulee ci bànneex it, amul naqar wu tax ñuy wax.
Jamono yooyu mënees nañu leen a méngaleek asamaan su amul benn niir, weex tàll, ba nga xam ne su ko picc mu gën a tuuti riisoo mu mel ni àddina fa lay doxe tukki àllaaxira. Waaye, am na lu ma la ci bëgg a yokkal, Badu. Aa, Badu, li ma lay waxsi de, lu am solo la.

Sopp kon naa nga teeylu, may ma nopp bu baax. Ndax mas ngaa jàng taalif bi Sëriñ Musaa Ka jagleel Maam Soxna Jaara Buso ?

Nii la koy sànnee :

Xerawluleen, nu sant Soxna Jaara

Ngir moo nu may lu tax nu samp i daara

Buleen ma tanqamlu, buleen ma tanqal

Buleen nëxal ndoxum ki leen di tanqal

Cellantuleen te ubbi seeni nopp

Ak seeni xol, ma ubbi seeni bopp

Te génne seen waŋaani xol, te taataan.

Baal ma àq de, Badu. Lee-lee sa maam Ngiraan day dem bay tàggook sagoom. Day fekk booba ay kàddu yu rafet a ngi nuur ci sama biir deret, di féey, jàpp ma të maa bàyyi. Su ma tolloo foofu nag, fàww ma dugal ci waxtaan wi yu ci bokkul te duma ko tey.
Nanu dellu boog fa ma ajoon wax ji.

Waaw, dina am it ay jamono, mbir yi deme neneen, juróom-ñaari bés yi ràkkaaju, di tëb di dal.

Bés yi mel ni ay gone yuy fo po moomu ñu naan xalaa-ma-ndiir-bàjjo, bu ci ne di kar sa moroom, naan ko:

- Xalaa-xalaa doo fi jaar !

Ndaw xeex bu metti, ak xiiroo ak ŋaayoo ! Doomi-Aadama yi duñu toog duñu taxaw, kenn du tal noppalu waxatumaak naan dangay xalaat a nelaw bay xàndoor.

Ma ne : ku masul a gis réew mu tàkk jëppét, nekk ci fitna, kaay seetaan !

Waaye kan mooy am googu jot ag dal-xel googu ? Liggéeykat yaa ngi bànk seeni loxo, ne ñoom sonn nañu, te dee, bala ñoo am jàmm nguur gi daanu, ñu ñàdd njiitu réew meek njabootam rendi leen, sëlmoo seen deret.

Réew mi mel ni caga bu def tuunu neen juutu ci pénc mi, lu neex waay mu def, kii tàpp ci fer yi, kii sëq ci cokk yi, yëkkati leen, niit leen ba xolam sedd, jébbal leen ngelaw li, ne ko yaay boroom, fu la neex yóbbul, lu la neex def ci. Nga gis nag tan yeek baaxoñ yiy naawantu, di baagante ci diggante biddéew yeek weer wi, lee-lee ñu ñëw ba jub néewu buur, xeeñtu ko, yéegaat ci kow asamaan, di xaar ba néew bi yàqu ñu dal ci kowam, sëqatoo ko.

Takk-der yi ne, aa, loolu kat moom ëpp naa seetaan, di jéem a aar buur, di sànni ay bomb ñuy kalaate, di dóor i liif, sa maas gi nekk ci mbedd miy toj ak a tojaat, lu ñu jot lakk, kilifa gu ñu dajeel nangu sa alal, toroxal la teg ci.

Mu mel ni rekk xeetu ndof gu bees moo jékki-jékki jàpp ñépp.
Xëccoo boobu, Badu, dara waralu ko lu dul li ku nekk bëgg a fés, ëllëg-ak-sibir géwél yi di la woy. Te kat, dinaa la ci xamal lenn : du nit ñi rekk ñooy jiiroo ndam loolu.

Juróom-ñaari bés yi ci seen bopp, benn du ci nangoo des ginnaaw. Ndax li mbir miy metti ak di jaxasoo yépp, dina am ci bés yooyu benn bu ci kenn dootul fàtte ba keroog àddinay tukki.

Li ngay nekk xale yépp, dégg nga ñu naan Dibéeru Guy-Njulli walla Talaatay Ndeer.

Mu ngoog nag.

*

* *

Ca Kawóon la Dammel Sàmba Lawbe Faal dajeek baayam Makoddu. Du woon lu gënal Saalum, nag, wax dëgg Yàlla. Ayu-bés bu jàll, Saalum gën a jaaxle.

Waaye xam nga ne kenn mënul woon am naqar ba dab Lingeer Lat Sukk Sire Jogob Mbóoj ma masoon a séy ak Makoddu, jur ca Dammel Sàmba Lawbe Faal. Sa doom ak baayam war a jàkkaarloo ! Ba yëf yi waree am sax, fekk na Lingeer ak Makoddu tàggoo. Waaye cofeel ga Lingeer amoon ci moom desoon na as lëf ba tey. Makoddu nekk Kajoor, Lingeer di yeewoo Kawóon. Waaye amul bés bu xelam delluwul ci yu neex yi mu jot a dund ak Makoddu jamono ja ñu doon séy. Bés, mu yëg ne Makoddu gàddaaye na Kajoor, jaare Ndukkumaan jëmsi

Kawóon ! Àddinaam yàqu, ndax ci Sàmba Lawbe Faal ak Makoddu Faal, ku ci ne xamul nu mu lay def.

Saalum ne ko :

- Moo Lat Sukk Sire Jogob, wax ji nag noo ciy def ?

Ndax yow, sa jëkkër ak sa doom ay bëgg xeex bu subaa !

Mu ni :
- Bu subaa, dinaa ree tuuti, dinaa jooy tuuti...Xare bu waroon a am la, am na. Lu ci des, tey ? Ñetti baat. Dibéeru Guy-Njulli. Ñetti baat yooyu, lu nee ngi ci biir : Dammel bu tumuraanke di taxawaalu, deret juy walangaan ak ñaari réew yu jàq ba fu jàq yem, di Kajoor ak Saalum.

*

* *

Talaatay Ndeer, nag ? Bés a ngoog ci bés yi ! Waaye bul yaakaar ne Talaatay Ndeer a sukk jur boppam.

Déedéet!Mbarka Ja xéyul bés rekk dajale jigéeni Waalo yi, ne leen :

- Nanu jaay sunu bakkan, ndax jomb nanoo nekki jaam ginnaaw barag. Bunu nangu mukk Naar yi di nu teg ci seen kow i fas, di nu yóbbu Tararsaa. Am ñuy saalit xaat, ndeysaan, di jooy, di tam Mbarka Ja dëmm. Mbarka de, bokkul woon ca këru Waalo yu mag ya.

Su ma ragalul woon fen sax, dinaa la ni jaamu-néegu Lingeer la woon.
Xam nga du kooku lañu naan ci yax bu réy la bokk. Teewul ba jigéeni Waalo ya jàqee, ñu bare dañoo waaf, moom Mbarka Ja mu jóg taxaw, ni :

- Dëgg la, waa Tararsaa yi nu song tey ay góor lañu te bu dee xeex rekk ñoo nu ko dàq fuuf, waaye nanu ko defanteek ñoom ba lu nu ci góobe gar ko ci !

Mu neeti leen :

- Su noon yi xamee ne ay jigéen lanu, dafa leen di gën a jox fit ! Kon, na kenn ku nekk ci nun sol ay yëre góor !

Ñu def la mu leen sant, war seeni fas, jàkkaarlook noon ya, won leen njàmbaar gu matt sëkk.

Ñu dàq noon ya, noon ya daw ! Waaye ba ñuy génn Waalo, la am ca jigéeni Waalo ya ku mbaxanaam rot, létt ya feeñ ! Noon ya sog a xam ne ay jigéen lañu doon xareel. Kenn ci ñoom woo ña doon daw :

- Dellusileen ! Sañ ngeen a taxaw ci kanamu Buuru Tararsaa naan ko ay jigéen a leen dàqe Ndeer ?
Xeex bi neeti kur.

Foofa, Mbarka Ja daldi waxati ay waxi gor.

Dafa ne : Jomb nanoo nekki jaam ginnaaw Barag. Nanu dugg ci néegu ñax bu mag bii, taal ko ci sunu kow.

Na mu ko santaanee la ko jineeni waalo ya defe. Néegu ñax ba jàpp, di tàkk, noon ya wër leen, jigeeni Waalo yay woy ca biir safara sa ba sedd ñoom ñépp. Mbarka Ja ma doon seen njiit nag, jotoon naa rawale benn gone gu jigéen gu ñuy wax Sadani Caam.

Dafa ni ko :

- Yow Sadani, bu nu taalee néegu ñax bi, soo jaaree fii, dinga mucc ! Demal Sadani, su Barag dellusee, nga nettali Waalo naka la jigeeni Ndeer yi bàyyee fii seen bakkan, ci jom ak fit ak ngor.

Demal, Sadani, man Mbarka Ja maa la ko sant ! Sadani Caam ma jëkk a nettali Talaatay Nder, ñaata at la amoon ? Am na ñu ne juróom-ñetti at doŋŋ la amoon. Dara wóoru ma ci, waaye lii moom boroom xam-xam yépp ànd nañu ci : Sadani Caam ma jëkk a netaali Talaatay Nder, xale bu ndaw la woon.
Kocc Barma Faal de, dafa ne woon :

- Mag mat naa bàyyi cim réew.

Ni Mbarka Ja doxalee de, safaanoo na bu baax ak kàddu yu siiw yooyu. Mbarka Ja, Yàlla mayoon na ko fit, may ko xel. Dékku na saay-saay ya songoon Ndeer. Te ba dara desul lu dul génn àddina, sóoru na Kocc Barma Faal, boroom xam-xam bi kenn mësul a sañ a weddi. Ndax ni Mbarka Ja rawalee Sadani Caam, lii rekk la tekki:

- Gone mat naa bàyyi cim réew...

Lu cee sa xalaat, Badu ? Sunu ñaari ponkal yooyu, koo ci àndal ? Mbarka Ja walla Kocc Barma Faal ?

Looy wokk bopp ?
Mbir a ngoog, de...

Benn ayu-bés, juróom-ñaari fan la.

Xëccoo ba bés yi daan xëccoo démb, mooy wéy ba tey. Ndax kat, juróom-ñaari fan yooyu, balañu ciy ràññee benn, di ko fàttaliku ëllëg, dina naan deret ba màndi, màbbloo ay taax yu dul jeex.

Dina tax it saxaaru fetal seek bomb-lakirmosen yi ubale jaww ji, xasaw xunn. Ndax kat, bu la ci kenn nax, li coow liy bare yépp, ci kàddu yii doŋŋ lay mujje : at sàngam, bés sàngam.

Ku nekk di bàkku, naan :

- Maa nga fa woon, bés booba kay, soo ma gisoon xam ne maay jàmbaar, aa,

cam !

Am ku ne:

- Waaw góor, diw ! Kéwél du tëb, doom ja bëtt ! Sa maam diw, jàmbaar dëgg la woon !

Su ñu takkaan xare, daawu ca ñaaw ndax daawul des ginnaaw !
Keneen ne :

- Gàcce ngaalaama !

Nga geestu, fu ne nga xool fa, say bët duñu dajeek benn Doomu-Aadama. Fekk na du dara lu dul ngelaw lu jóg, lemmi ay kàddu, suy lenn ci jaww ji ba noppi ne mes.Démb lëngoo ak Tey, ñu ànd di daagu. Ñu ngi mel ni ay doomi bàjjan, di kaf di reetaan, ku ci nekk di tex-texaan sa moroom.

Su la ñaar ñooñu rombatee di déeyante, ubbil sa nopp bu baax, Badu. Bu la dara rëcc ci seen waxtaan, ndax mënees na cee jàng lu bare.

*

* *

Nga ne ma :

- Lan laa ci war a mën a jàng, Maam Ngiraan ?

Su ma la bëggoon a wax lépp de, Badu, dootuma am jotu waxtaan ak yow ci mbirum Asan Taal. Xanaa boog, ma ñamal la as lëf ci diggante Démb ak Tey. Àndandoo boobu, dara gënu koo yàgg. Fi lanu ko fékk nun ñépp. Fi lanu koy bàyyi tamit. Bul fàtte mukk lii ma lay waxsi : am na bés boo xam ni ci la Yàlla sàkk àddina si. Bés boobu, Tey la tudd. Beneen bés jiituwu ko fi. Waaye ca ëllëg sa la Tey dee, Démb daldi juddu. Ñoom ñaar, ay junniy-junni at a ngii, saa yu jant bi sowee, ku ci nekk matu, ñu rewle la, nga daldi jur sa moroom.
Moo tax kenn mënu leen a teqale. Moo tax ñu yabante ni ay doomi-bàjjan, foo leen fekk ñuy werante, di téesante.

Waaye saa yoo leen ëfalee ñu xeex, Tey mooy gàddu ndam li. Day tuur Démb andaari wax, naan ko :

- Loo may jaay daŋ-ŋaam nii, yow Démb ? Tee nga maa déglu te xam ne maa la gën a xam sa bopp fuuf ?
Kooku faf toog di ko déglu, jàkkaarlook seetu bi, di ci gis ni ko Tey di yatte.
Waaw, Tey daanaka Lawbe bu waane la, mooy yatt Démb, moo koy sàkk.

Wax jooju tekki lan, nag, Badu ?

Lii, xanaa : xew-xewi démb ya, niti Tey yeey mujje nettali gi. Ñi ko fekke woon ñépp ñu nga tëdd barsàq, kenn du ci jóg sa bàmmeel di am looy weddi walla looy dëggal. Kuy jéem a nettali xew-xewi démb, dinga dem ba réer, say kàddu di mbëkkante ci jaww ji, lu ñëw sa bopp nga wax.

Maa ngi lay dégg nga naan ci sa xel :

- Nit ñee gën a ñeme Yàlla ! Luy seen yoon ci li sunu Boroom bi sàkk ba ñu koy soppi, di ko nettalee mbaa di ko nataale neneen ? Dëgg la. Loolu am na te firnde yi bare nañu ci lool.

Réew dina nekk ci fitna, ay bakkan yu bare rot ci, nguur gu bees taxaw, ñu jàpp ne yëngu-yëngu yooyu dinañu des ci xeli nit ñépp ba fàww. Waaye su ñu ci tegee ay weer rekk, koo wéetal, cuq ko ngir mu nettaliwaat la mbir mi, mu jox la tontu bu wuteek bu moroomam.
Kii ne :

- Lii moo fi amoon.

Ka ca des ne ko :

- Déedéet, juum nga.

Coow jibati, te ku deful ndànk jaasi yi génnaat, ay bomb kalaateeti, jooyoo amaat ci yoon. Àddinaa mel noonu. Lu weesu, ñu gas suul. Maaxàllaa, nit ñi dañoo sonn ! Kër-këri ngir am loo dundalee sa njaboot doy na ku nekk soxla. Ku sa xel dalul, doo tal werante jëmale ginnaaw-ëllëg.

Loolu li mu wund, Badu, lii la :

Du Doomu-Aadama walla bàyyima yi rekk ñooy génn àddina.

Soo ko seetee bu baax, xelu nit ci boppam mooy bàmmeelu Dëgg.
Dinga teewe dara sax, dégg ci rajo bi benn waa ju dëgër fit di ko nettalee neneen, nga ànd caak moom.

Moo tax Wolof Njaay, su benn waay jógee fale, ne :

- Amoon na fi.

Li mu koy jëkk a laaj mooy :

- Ndax ba mu amee yaa fekke ?

Xam nga daldi na ko tanc fu xat fu ko caaxaan dul génne, ne ko :

- Waxal lu la neex, waaye kenn du la gëm feek tegoo sunuy loxo ay firnde yu wóor. Kon Badu, fexeel ba bul fàtte lii : jëfi tey, léebi ëllëg. Li nga teewe tey dina soppeekuji ci sa xel, dina soppeekuji ci say kàddu, nekk leneen lu mësul a am. Du tee Géwél Mbaay fàqe fu kenn xamul, taxaw ci pénc mi, dar ay noppam, di xaacu ci naaj wu tàng wi, ñaq bay siit, naan :

- Lii ak lii moo fi amoon.
Du ñàkk mu am ñu àndul ciy waxam, waaye kenn du ko sañ a weddi.

*

* *

Bu ñu nee :

- Loo gis ci nettali lay mujje,

Loolu la tekki.

Soo ko jàppee noonu, dinga xam lu waral nit di nettali lu mu masta fekke. Seetal ma lii rekk : kàddu yi ngay jottali, ba ñuy jib, xaajagoo juddu, walla sax jamono jooju say maamaat ay liir yu tooy xepp lañu ! Yow nag, Badu, danga dig gone, moo tax, xéy-na, soo déggee wax ju ni mel, dinga ne :

- Aa kon boog ni aw askan di gise boppam, ci ay nari kese la lalu. Maam Ngiraan Fay a ko wax.

Ma ni la :

Déet. Bul gaawtu. Njuumte lu mag a ngi noonu :

Kàddu yooyu nga tudde ay nar, ñoo ka am njariñ tey ! Jàppal ne doole jiy jox aw askan pas-pasu dund ak jëm kanam, ci baat yi nu mel lay tukkee, ci lay ñaaxe boppam ngir yeneen réew yi ragale ko xel, weg ko.
Ndax, soo ko seetee bu baax, ab dëkk lan la ? Jaww ji la, nit ñi ñëw, fekkuñu fi dara, ñu feesal ko dell ak seeni jëmm, seeni kër, seen coow ak seen kër-këri. Kuy faral di doxantu ci dëkk bu mel ni Ndakaaru Njaay gii, dinga xam li may bëgg a wax foofu.

Céy Ndakaaru ! Béréb bu rëb, sax ! Balaa may sore sax, may ma ma sërëxal fii as tuut : dëkk du am faayda ba dab Ndakaaru. Lu tax ma wax loolu ? Dafa fekk rekk ne su teyee mu ne :

- Man Ndakaaru, Njaay laa sant.

Ñu ne :

- Ndakaaru Njaay. Njaay Jaata !

Waaye du tee su ëllëg saa mu fëgg dënnam, ne am na beneen tur. Ñu laaj ko tur woowu wan la.
Mu ne :

- Man maay Ndakaaru Jal Jóob !

Ndakaaru, benn dëkk ñaari sant !

Moo tax ni Ndakaaru rëbe warul a jaaxal kenn. Nit ñaa ngiy dem di ñëw, ñii di lal ay pexe, janq ji solu ba jekk di daagu, fu ñu aw xetu litkoloñ gu neex ne fa bann, topp leen. Lee-lee nga bett ci kenn muy sàcc di seet ndax xale yu góor yaa ngiy yéemu ci taaram ; alkaati yaa ngiy door-dàqeek dawalkati kaar-ràppid yi ; lu waay jot jaay, lu mu ci for muy wërsëgam mu yóbbul njaboot ga ; mbedd moo jaar, am gone gu la dogale, ne la jabb ab yéenekaay, nga gis ci nataali gaa ñiy laaj réew mi. Ku ci nekk di bàkku, di ŋàññ sa moroom, naan :

- Man mii nag maay waa ji, su ngeen ma fale kañ, fi la réew miy jóge naat ba fàww, dinaa dàq xiif sa xaj, jële fi mar,

sàllaaw xàjj ak seen dootu fi am, benn gone dootul wër di yalwaan waxatumaak di fanaan ci mbedd mi, ku tawat ci yéen dinañu ko faj bu baaxa-baax te dinaa baaxe seeni doom xeetu njàngale wu masul a am fenn. Ay nari kese ! Waay, ñii ñoo yabaate dëgg !

Yéen xale yi sax lañuy gën a noggatu, ndax, wax dëgg Yàlla, yéen a dese ñaari xeetu kàttan yi gaa ñooñu soxla ngir jot li ñuy yóotu : kàttanu yaakaar ak kàttanu xeex. Seetlu naa it leneen ci Ndakaaru, Badu : wëraakon yi bawoo bitim-réew ñëw ganesi nu, ñoo nuy faral di gën a ànd ak seen sago.

Ndànk lañuy faral di doxe, te foo leen fekk ñu nga téen, mel ni dañu leen ne Ndakaaru bëreb bu aju ca kowa-kow la, làqu ci ginnaaw asamaan si.

Li ko waral moo di ne wàcc bees yooyu, deñ-kumpaa leen tax a jóge seen dëkk, dagg paasu roppëlaan, romb réew yu bare, teersi Senegaal.

Soo nekkee gan cib dëkk, doo bëgg dara rëcc la, fépp ngay sànni say bët, lu ne nga laajte ko, loo ci jële muy lu bees loo jàng. Soo ñibbee, ñu wër la nag, ngay nettali. Naan :

- Cim ! Waa Ndakaaroo xayadi ! Ñoom de, ci diggu tali bi lañuy juug seen mbaalit. Fu neex waay it mu jonkan saw, te seen oto yaa nga la ko màggatal, bare saxar ba nga ni lii lu mu doon ! Mbaa ngay xoromal :

- Janqi dëkk boobu ñoo taaru kaar, te rafet doxin ! Jeeg ja nag ! Ñoo naqadee muñ tey ! Diriyanke lañu leen di woowe, mbaa jongoma. Ni ñuy waajalee guddi gi, benn la. Su ngeen wéetee ba ñuy def seen déebaadéeb yooyu, noo def yéemu. Ñoom kay, seen xam-xam màcc na lool ci mbirum fer yuy keleŋ-keleŋi, mbaa bin-bin ak gongook beeco !

- Beeco ? Loolu naka lañu ko mën a tekkee ci sunu làmmiñ ?

- Bul ko sax jéem, saa waay ! Man, wër naa àddina si juróom-ñaar waaye musumaa gis fenn lu ni mel. Sér bu gàtt boobu yem ci pooj tey faral di yaraax daal, réewum Senegaal rekk la am !
Ki gën a saay-saay ci say xarit am xaat lu mu yëg ci yaramam, daldi yuuxu :

- Nga ne ma ? Saa waay, foofu kat war naa neex, déwén kay sooy dem doo ma fi bàyyi !

Du ñàkk it nga ne leen :

- Waa Afrig yooyu kay, ñu doy waar lañu. Amuñu dara ba dara booloo jeex, ndóol ak sidaa ngi leen di bëgg a faagaagal, waaye foo leen fekk ñu ngay ree, di woy, di fecc!

Soo defulee ndànk, dinga saaraan ciy kàddu ba wax lu amul.

*

* *

Dëgg la : cuune laa ci mbirum mbind ak xalaat. Waaye lenn leer na ma :

képp ku tudde sa bopp nettalikat, war nga foo tollu di muslu ci ñi lay déglu mbaa ñuy jàng say téere. Moytul ma leen ! Aka ñoo la bañ tey ! Say noon yu làqu lañu. Ñu ngi lay siiñ, di la tàccu, waaye feek sànkuñu la, duñu am lu leen neex. Mën nañu laa jey ba nga yaakaar ne dunyaa jii ñu Yàlla sàkkal doyunu. Soo dee ku woyof bopp, dinga dem ba naagu, defe ne say kàddu kese mën nañoo sàkk dunyaa ju dàq jii te gën koo jub !
Loolu moom am na, Badu.

Waaye man sa maam Ngiraan Fay, juddoo Mbériŋ-Saaj ca Siin, teel a ñëw Ñarelaa gii, yaroo fi, màgge fi, dëkk fi ba am tey juróom-ñaar fukki at ak lu topp, lu ma la wax bu yaboo nga feye ko bor.Dama ne : Badu, gis naa lépp, fekke naa lépp. Samay mbokki Al-pulaar yi sax dinañu may faral di tooñ, naan ma :

- Moo, Ngiraan, ana séeréer bu bon bu sant Fay ak a dëkk Ñarelaa ?

Loo fiy def ? Ayca, dellul ca sa xërëm ya waay, ak yéeféer bi nga doon ! Alla bónni !

Sama tontu benn la mas a doon :

Dëgg la, xawma fu dul Ñarelaa, waaye maa ko xam tey !

Muy lu wóor it, Badu.

Am nay bés sax dafay mel ni ma gëmm mbaa ma xippi benn lay doon ci man. Sama gaa ñi kay, mënuñoo def lu ma bett, amul fenn fu ñu ma mën a jaar. Waxtu woo ma laajee, mën naa la wax lu ku nekk ci waa gox biy def.

Bu dee suba teel, Usmaan Sow, boroom saret bi ci boppu koñ bi, mu ngi jàkkaarlook fasam wi mu tudde Kuwaamini, di tariy saar yu takku, di ñaan Yàlla mu may ko kilyaan yu bare ci bés bi ; seetlu naa sax ne Kuwaamini, mbir mi daa mel ni lu ko xaw a jaaxal ba di ko def ay ree ; Usmaan moom, caaxaanul ci ñaanam yi, de ! Aji-néew doole la.

Su màrse neexulee njaboot gi dëñe mbaa mu fande.
Mus naa laaj Usmaan Sow lu tax mu tudde fasam wi Kuwaamini. Duma fàtte mukk tontu bu doy waar bi mu ma tontu keroog. Dafa wiccax bopp bi, muuñ ba noppi ni ma :

- Ci kàllama Suwaayili laa tibbe baat boobu, Ngiraan.

Ma ne ko :

- Waaw, Usmaan, ba léegi nag lu Kuwaamini tekki ? - Soo demee Tànsani, mbaa Ruwandaa mbaa Keeñaa mbaa Ugandaa dégg fa baat boobu, xamal ne yaakaar la tekki. Kuwaamini mooy yaakaar, Ngiraan.

Bi mu waxee loolu ba noppi, mu neeti ma :

- Defe naa ne jarul ma lay wax lu waral ma taamu tur woowu. Man it, ma yëngal sama bopp, ne ko :

- Jaru ko, kay. Mooy xanaa li nuy wax dunde yaakaar. Loolu yomb naa jëli.

Waaye Usmaan, luy yoonu dawalkatu fasu Ñarelaa ci kàllaama suwaayili ?
Yow gën a sore fa nga jëlijee sa turu fas wi ! Bi ma waxee loolu, Usmaan Sow tàmbalee xàqataay, di la ko reewal ba téye biir bi. Ku fekkewul reetaani Usmaan Sow ya keroog, fekkewoo dara!
Mu ngi la koy defal :

- Kex ! Kex ! Kex !

Ma defe ne dafa may kekkantoo, sama xol jóg, ma ne ko :

-Jox ma sama ñamu bët, boog, Usmaan!

- Ci lan ?

- Li ngay ree, xanaa ! May ma ci tuuti, boog !

Mu ne ma :

- Waay Ngiraan, buumu njaam gi ñu nu takkee dëgër ! Ba fi mu ne daal, baatu nasaraan yee ñu gën a jege yu waa Tànsani ?

Céy lii ! Fu mbëru làmb yi demee bay am ay tur yu kenn xamul, di làmboo raaya Amerig, lu tee sama fas wi tudd Kuwaamini ? Du lii lañuy waxati ?
Ma xam ne li Usmaan Sow wax dëgg gu wér péŋŋ la, ma daldi soppi mbir mi ay kaf.

Ma ne ko :

- Ñarelaa daal, du goxu como, Usmaan, ndax fas yi sax soo leen làkkee suwaayili ñu ŋexal tontu la tontu bu wóor ! Gaa ñee nu xamul rekk, waaye seen bopp !

Kooku, Usmaan Sow la woon, boroom saret bi dëkk ci boppu koñ bi. Tàkkusaan moom, su ma déggee coow jib Ñarelaa, damay daldi xam ne ngóor soosu ñu naan Muse Sumaare mooy jàppanteeti ak soxnaam, ku ci ne di daggal sa moroom ay saaga yu kenn masul a dégg, ñuy làkk tubaab yu wex xàtt nag, mu naan jabar ji :

- Ti më feesie,

Ndaw si naan ko :
- Merd, taa géel, muwaa beese taa peer miil fuwaa.

Ñu jàppe ko noonu, foo tollu di leen dégg.

Nun waa Ñarelaa nag, dunu ay tubaab yu ñuul, li nu xam ci ay dëkkandoo moo di ne su ñu tolloo foofu, séytaane roofu seen diggante, ñu tàggook seen sago, li la war mooy nga dem wax leen luy tax ñu delloosi seen xel. Looloo tax bés ma sol samay dàll, jubal seen kër, ne damay jéem a àtte Muse ak Madam Sumaare. Waaye dootul ñaar, moom !

Keroog jooju, lu ñu ma yakkul dañu koo fàtte. Dañoo mujje teg fale seen xuloo ñoom ñaar, di ma daggal ay saaga yu ñaawa-ñaaw. Jaaraat ci dina ma xaw a jafe, ndax nasaraan lañu doon làkk, te man làkk woowu de, dégguma ci kaay ma rey la. Waaye ni ñu ma doon xullee ak ni ñu doon yuuxoo, ku jigéen ki di ma joxoñ ba xaw a luqi samay bët !

jarul werante. Muse ak Madam Sumaare kay, ay dëkkandoo yu doy waar lañu. Muse Sumaaree ka bare tiitar nag, tey ! Nee naay kilifa la. Foo ko fekk mu ngi xoju ba karwaatam mel ni lu koy tee noyyi,

bu génne ci otoom bu xant bi sànni bunt bi, dëngalu, defaraat ay lonetam, di jaay pers daal, ni ngeen koy waxe yéen gone yi, du ne kenn nag deewal ñu jullee la. Jabar ji tamit ku soof la. Li ma xaw a jaaxal ci mbir mi rekk, moo di ne, Senegaal gii ma xam de, ku fi mas a am alal ak daraja ju tax ñuy wax, yaa nga daan dëkk ca kër yu rafet ya ca Faan Residaa walla Almaadi. Wax dëgg, ku ñëw luye xottu baraag fii ci Ñarelaa de, mën ngaa bañ a sonal sa bopp ak njaayum maanaa. Jabaru Muse Sumaare, jongoma ju àgg ca kow la, ñuul kukk, taaru ba tubaarkàlla. Ñuulaayam beek ni muy tagaloo, jar nañu lu nekk. Waaye daal ñoom ñaar ñooñu, kenn amu ci aajo.

Ngir bañ a guddal lim bi, mën naa ne Ñarelaa gii ma dëkk, dama koo miin ba sama gaa ñi leeg-leeg dañu may nirook ay xuusmaañàpp. Mel ni am na ku làqu ci béréb bu lëndëm, téye ci buumam di xëcc na mu ko neexe te su ko defee, Doomi-Aadama yiy kër-këri, yaakaar, ci seen doyadeek seen xel mu gàtt, ne li ñuy def yépp ci seen coobare la.
Waaye bés kenn ci ñoom day feebar, ñu ne déet ne waay mu faatu, mbokk yi jooyoo ko, ñu daldi ko jullee, ndeysaan, yóbbu armeel ya suul. Ñu teg ci ay fan, doom juddu ci geneen kër, ay wayjuram bég, di ree, ñu daldi ngénte,

Yilimaan ñëw ñaanal ko, tëfli turam ci nopp yi. Jàppee ko noonu. Ku fi jóge, beneen bantu-Maam-Yàlla wuutu la.

Xam nga loolu, su ñu waxantee dëgg, Badu, dafay xaw a nirook nekkinu garab yi ci àll bi. Ngelaw li ëf garab gi màggat ba fënëx, mu daanu, geneen garab tàmbalee meññ, jóg, wuti asamaan.

Su ma waxee loolu, du caagin dama soxor mbaa ma ñaaw làmmiñ. Mbir yee ni deme doŋŋ. Dafa mel ni ku nelawoon ay xarnu yu baree-bare, bés bu yeewoo du fekk ci dunyaa ku mu xamutoon walla mu gis fi lu ko jaaxal.
Sunu Boroom bi mën lépp, yeyoo lépp, sàkk lépp, liy noyyi ak li dul noyyi, moo ko defe noonu, nu war ko nangu, bañ cee teg baat.

Xam naa ne bés bu ma fi jógee ba nga dellusi Ñarelaa jot ci sama kàddu yii, dinga ne :

-Céy, sama Maam Ngiraan moo bare woon wax te bëggoon waaraate !

Aa doom, ñàkk xam li mu waral bare na ! Tee nga maa bañ a tooñ, Badu !

Bokkuma ci nit ñooñu nga xam ne lu ñor ñu wax, lu ñorul ñu wax. Lépp lu bawoo ci sama xalima gii, ne cabax ci sa biir xel, di fa wëndéelu, fekk na ma segg ko, seggaat ko, seet ko, seetaat ko. Lu ma leerul nàññ, dama ciy màndu.

Man, Badu, yàgg naa dox, yàgg naa gis. Amuma nag sañ-sañ bu tollu naan la : yoon wu sama baaraam joxoñ, jaar fa. Sañuma loolu, ndax séytaane dafa bare doole, àttan na la kar ci yoon wi, nga dem ba defe ne yaa ci nekk, mu gal-gal la, nga daanu.
Te bu boobaa, dinga ma mere fekk defuma la dara.

*

* *

Lu ne mën na ñu koo yakk séytaane. Séytaane du def lu baax, du ko wax.

Waaw. Waaye kenn du ni séytaane dafa yaafus ! Déedéet ! Gën koo sawar, yombul! Moo fi dàq soppeeku it. Su teyee mu sol mii mbubb, su ëllëgee mu indi kanam gu bees.

Moom daal lenn rekk lay bañ a dégg. Laaj ma loolu lu mu ?

Xanaa ñu ne :

- Diw a fi gën, xamul caaxaan, nit ku jub la. Su kàddu yooyu tàbbee ci noppam, xol biy bon, mu daldi tàmbalee rëbb diw moomu. Du am jàmm feek dugalu ko ci gilaawaali. Moo tax, Badu, dëgg goo gis, am na geneen dëgg gu tafu ci wetam, ne fu mu jaar tiiñal ko. Ngóor soosu may bañ a tudd nag, du nit ku baax. Ku xamadi la te ñàkk teggin. Ponkal lay faral di doon, am yax, am taxawaay te dara du nekk ci bopp bi.
Kooku mooy Fen.

Yii ñett moom, Fen am na ko ba mu doy sëkk : doole, ak fit ak fulla. Soo xoolee bu baax ni sunu jamono jiy doxe, dinga xam li ma wax foofu lu mu tekki. Li Fen ñeme lu metti moo waral ku mu bëreel daan la. Lu diggante xat-xat, mën na caa dugg, nëxal xel yi, gàkkal xol yi ba noppi taxaw fale, mel ni du moom. Koo xam ne tas réewum lëmm du dara ci yow, gisuma leneen lu la war a të.

Fen day xaar ba Dëgg toog ci biir nit ñu baax ñi di waaraate, mu ne cabax ci biir mbubbam, làqu fa, di ko dompat, di ko ŋóobi, di ko tex-texaan. Su ko defee, Dëgg day muñ rekk, xam ne looloo fi sës. Ñi am seetlu ci jataay bi, dinañu ko gis muy gañ̃ñ, di wokkatu, di muut-muuti fi mu toog waaye duñu xam lu waral loolu lépp. Lee-lee it, Dëgg gag, bëgg wax lii, wax leneen. Day fekk booba mu ngi naan ci xelam :

-Naa muñ rekk, li ci des bareetul, su ma toppee saay-saay bii dinaa mel ni moom, ku ma warul a yab yab ma.

Bu séytaane demee ba xam ne kenn faalewu ko, day daldi génn fa mu làqu woon, ne cëpp ci biir géew bi. Ku nekk naan ci xelam :

- Moo waay, ngóor su ñàng sii moom fu mu jóge ak ay xiixatam yu metti ?

Noonu Fen jubal ci Dëgg, ni ko :

- Waaw, yow yaay Dëgg ?

Kooku ni ko :
- Aa, am na ñu koy wax de.

Fen xàqataay, yuuxu, gëdd ko :

- Laajuma la loolu, li ma bëgg a xam lii la : yow ndeyu-mbill gi, lu cee sa xalaat ?

Foofu Dëgg yëngal bopp bi, xaw a mel ni ku koy dànkaafu :

- Saa waay, yaa ngi may tooñ de...

Séytaane wëndéelu ci biir géew bi, lépp lu baax la fa Dëgg jotoon a ji ci xol yi mu buddi ko sànni, dellusi tiim ko :

- Waay yow doo fog, toppal fale ! Ngaaka yii toog ngay bëlde, waaye man soo ma moytuwulee ma def la lu bon !

Aa, Badu, mas ngaa gis lii am ? Mën a tooñ de weesuwul lii ! Su Dëgg demee ba sës, daldi gis boppam nag, ni ko :

- Man maay diw, doomu diw ak diw te soo defulee ndànk dinaa la ŋëj léegi !

Noonu séytaane xàqataay, ñëw ba mel ni kuy bëgg a luqi bët yi, daldi yuuxu :

- Tuuge waay ! Yow Dëgg, yaa mën a kàcc tigi !
Dëgg di say, moom it :

- Maa tey laa wax, soo amee loo ciy wax nga def noonu sa ndey !

Xam nga ni ay daldi na dikk.

Ndaxte Dëgg, dañu koy wax te dee, duy faral di ànd ak màndute, te tàmmul it di wax kenn di ci sañ a teg baat. Li mu tàmm kay, mooy di waaraate, ñépp naan ëskéy, di yéemu, naan :

- Kii moo bare xam-xam te rafet xalaat, kaar.

Jeeg ju ndaw ji tegal seeni musóor, këfëlu ba tubaarkàlla, di piisante ak a kobosante ci seen biir, ku ne di déeyanteek sa moroom :

- Moo, Dëgg mii kat amul xam-xam yem ci, daa ndaanaane ba dee !

- Billaay Ami Wàdd yaa weex bët ! Yow daal, waat nga ne doo sippi mukk !

Waaye, tey moom, Dëgg tal na leneen lu dul yàppu xar wu ñu wàjj ak soow mu ñu njar ! Bëñ yi rot nañu, deret jaa ngi muur kanam gi, fi ko Fen njatt di ko wulli mu ngay woote wall :
- Wóoy sama ndey ! Na ngeen mënee seetaan ñu di ma def lu ñaawe nii ?

Su ñu leen teqalee, ñuy dàggasante, Dëgg naan ko yaay Fen, Fen naan ko doo Dëgg.

Su ko defee, waaraate ba yem fa, xel yépp di teey. Fu ñaar wéete, nekk ci kow Dëgg, di ko ŋàññ, di ko jëw, naan : - Moo, moom kat, war nanoo seetaat bu baax li mu nuy digal, ndeke !

Keneen ne :

- Góor fit, waay ! Waaye di jaay xam-xam, di xogalliku ci kow nit ñi te bu la sa moroomu góor saagaa doo sax ñemee fayu ! Bu nit ñi delloo seen kër, lépp lañu jotoon a jàpp ne mooy Dëgg, dara dootu leen ca wóor. Sama gaa ñee mel noonu : bi ngay detteelook bi ñu lay jàmbu benn lay faral di doon !

Gis nga nag, Badu, foo fekk ñu wër benn Doomu-Aadama, di ko tàgg, di ko tàccu, xamal ne am na ci jataay bi ñu ko ci ñee, di ko móolu. Noo tudde loolu, yow ?
- Xanaa kañaan, maam Ngiraan !

Waaw, su la neexee nga tudde ko noonu, Badu. Waaye man de, ci sama gis-gis bu gàtt bi, yaakaar naa ne du kàñaan doŋŋ. Gis nga nag, su ñu waxantee dëgg, Badu, képp ku fexe ba say nawle ne la :

- Jiitul, nun noo ngi topp sa ginnaaw, dafa fekk nga napp leen, nax leen. Naxaateek nappaate weesuwul fekk ay nit ni yow, nga ne leen :

- Man maa xam yoon wi, jaarleen fi ma leen di jaarloo, ku ko deful ci yéen dinaa dagg sa baat sànni sa xaj !

Làrme baa ngi nii ak sàndarm yi, maa leen di fey su weer deewee te lu ma leen sant ñu def ko !

Seet ko ci ñi nu yilif tey rekk, Badu, maanaam sunu Daawur Jaañ meek ay nitam.

Lu tollu nim réew, nga ne teg naa ci loxo, maa fiy dogal, foo romb ñu tóojal la, koo waxal ñaari baat mu daldi bëgg a sedd say loxo ndax bég ci li nga ko yëg, nga yor alal ju dul jeex di ko pasar-pasare...
Am ñu loolu jaaxal, ñu ne la :

Waaw, yaaram, yow gën a am faayda ! Ku la ne yaa nu moom ?

Nga ne leen :

- Aa, xanaa du yéen a ma sànnil kàrt ayu-bés yale ñu génn ?

Xam nga ne Badu, wax jooju, xel mënu koo nangu. Sànnil kàrt ! Waaye loo ci mën ?

Ñàkk pexee tax aji-néew ji doole yi bu teyee ñu ànd ak seeni njiit, bu ëllëgee ñu jàmbu leen, lu ñaaw lu ne ñu koy teg seen der.

Waaw.

Bu teyee ñu ne :

- Njiitu réew mi kañ, Yàlla may na ko. Moo baax, moo am yërmaande te bare xam-xam ! Ku mat kilifaa ngi ! Waaye ngóor soosu wax loolu, walbati xelam lu yomb la.

Soo ko ne :

- Sunu Demba Njaay mi kenn sañul a tudd de, dégg naa ne diw mooy góor-góorlu ci jabar ji.

Dinga gis xaat ni mu bége, bët yiy melax, mu ni la :

- Nga ne ma ?

Nga ne ko :

- Du xam nga Paap Xuma ?

- Moo, kooy wax Paap ? Du mooy sa doomu bàjjan biy...

- Waaw kay, mooy kiy liggéey Paresidaas, tusuñe la fa ! Nee na ma liy xew foofu kenn mënu koo nettali. Ndaw si daal, ndekete li muy ngànd-ngàndlu yépp, amu ci benn kersa,

góor gu ko romb mu àddu kalpe la, ne la tekkil gaaw sa tubéy, ngeen daldi ànd di bërëŋu ci moket bi !
- Déet waay ? Man sax, loolu bettu ma ! Moom kañ, paramiyeer daam lañ koy wax xawma, soo ko xoolee bu baax tele ak puudaroom bu metti, xam ne lagara bu bon la !

- Ñoom kay seen bopp lañu fi newal. Duñu gat, ñii !

Bés boobu nag, Garaŋ-palaas bu waa jooju toog di damye, nettali fa la mu dégg. Te fu mu ko nettalee nit dëggal ko, am sax lu mu ca yokk.

Waaraatekat bi tamit, am na nu muy nguuroo ci kow nit ñi te du tegu fenn. Day sol ay yëreem yu rafet, ñépp dajaloo di ko déglu, ñu wara nangu ni lépp lu mu wax dëgg la. Ku koy ñemee weddi ? Waaye moom it su benn sàmbaa-bóoy taxawee ci tànku toroxal ko, ñépp a ciy bég.

Lépp li Yàlla sàkk, nit moo ci gën a doy waar. Nit mooy mbindéef moo xam ne,

bu xol bi jëmee fii, xel maa ngi koy digal mu jaar feneen. Dinga agsi cib dëkk, fekk mag ña fa gën a yiw dajaloo ci pénc miy déglu benn yaaram, mu leen di soññ ci def lu baax mbaa di ko wax. Sa yaram daw, nga ne :

- Lii de, dara dàqu ko, ndeysaan.

Fekk na booba séytaanee ngi yoot ndànk.

Badu, bu ñu la ajee ca kow, nee fa noŋŋ. Nit ñi ci suuf di la séentu, am na it lu ñuy séenu ci yow. Bés boo wàccsee toog ci seen biir, duñu la ko baal ba mukk Maa la ko wax : duñu la yab yem ci. Dinañu la jéppi ndax li nga tas seen yaakaar.

*

* *

Bi ma yeewoo tey ci njël, doxantu naa lu mat waxtu ci ëtt bi. Bi Yilimaan Keeta di laata nodd nodd gu njëkk, bett naa sa takkandeer mu ŋàbb Téereb Dóom, di ko jàng.

Gisuma la, waaye dégg naa la nga naan ci sa xel :

- Maam Ngiraan de, xanaa ba muy bind téere bii, àndul woon ak sagoom. Ku jóg kay ba ne dangay nettali, tee ngaa jaaraat ci li nga fi jot a teewe rekk. Waaye di waaraate subaak ngoon ! Loolu lu mu ci ? Wax nga dëgg, Badu. Maa ngi mbebetu rekk, booba ba léegi. Yaa yey laaj ma :

- Waaw, Maam, lan nga may waaj a nettali ?

Su dee juróom-benni Téere yi des ni Téereb Dóom bii lañu mel de, jarul may sonal sama bopp di leen jàng.

Badu, dëgg moo neex Yàlla. Li nga wax amuma dara lu ma ciy teg. Xanaa boog ma jéem a tegu ci yoon wi te bañati koo wàcc. Bu yaboo sax ma ne sama waxtaan ak yow fii lay doore.

Bu ci kanamee, dinga daje ci Téereb Ngelaw ak benn néew bu bawoo Tugal. Sa néewu baay la. Ba fi Asan Taal di jóge di futbali Màrsey, liir bu tooy xepp nga woon.

Laaj naa keroog Biige Sàmb, sa yaay, ñaata at nga amoon, mu ni ma :
- Bi Asan di dem Tugal, Badoo ngi am juróom-ñetti weer ak juróomi fan.

Biige yokk na ci sax lu ma ko laajul ndax nee na ma :

Fan ya ca topp la feebaru ŋas bi jëkkee daaneel Badu. Yàllaa nu musal rekk waaye tiitoon naa lool, ragal ni sama doom ji du ci mucc !

TÉEREB NGELAW

Duma fàtte mukk bés ba nu jëlijee néewu Asan Taal ayeropooru Ndakaaru.
Bésub alxames la woon, bi timis di waaj a jot.

Ba nu demee ba jub tali Ngaala Jóob - mooy jàddukaay bi mujje ci yoonu ayeropoor - lanu dajeek mbooloo mu takkoo-takku, kaar. Xanaa waroon naa tollu ci ñeent mbaa juróomi-téeméeri junniy nit. Ñii ngiy waaxu, ñii di xélu, ñaq bay siit, ñi ci des dugg ciy kaar-ràppid mbaa ñuy dawal seeni oto bopp, ñi gën a féete ndaw war seeni móto. Ñépp di yuuxu, di tàccu, coow li ne kur, sófóor siy korne tëwa bàyyi, koo dajeel mu ngi taf rajo bu ndaw ci noppam. Gone yi mel ni ñu tàggook seen sago.

Foo tollu, dégg ñuy salliiru :

- Móo-du ! Wiiw Móodu ! Móo-du ! Móo-du !

Naka laa dégg tur woowu rekk, daldi nànd ni mbir mi deme. Dëgg la sax, Ndakaaru bari na ñu fi tudd Móodu.

Loolu kenn du ko werante. Wànte foo dégg ay gone di yuuxoondoo tur woowu, na la wóor ne sunu woykat bu mag bee ko waral. Móodu Siise rekk a leen ko jaral ! Am na sax ñuy wax ne woykat yi ci Afrig yépp, Móodu Siise amu ci moroom. Ñeneen ñi dinañu dem ba naan képp kuy woy ci àddina si Móodu Siise la ko dàq fuuf.

Man nag, dootuma gone. Xam naa ne yëf yi moom, njuuj-njaaj moo ci ëpp. Saa yoo gisee ay Doomi-Aadama dankalikoo benn béréb ba noppi teqalikook seen sago, di yuuxu :

- Wiiw diw ! Wiiw diw.

Di kadd-kaddi, di say, xamal ni am na ay boroomi pexe yu seen ceeb di tooy. Doo leen gis mukk, ñu nga jonkan ca pet, muuroo lëndëm, di waññi ak a waññiwaat xaalis bu dul jeex, tey kex- kexi, naan ci seen biir :

- Ñii ñooy ngaaka dëgg !

Bés boobu may wax nag, Móodu Siise dafa jóge woon bitim-réew. Ci li ma jotoon a for daal, ndam lu réy la fa indiwaale woon. Yàlla def mook néewu Asan Taal ñu bokk benn roppëlaan. Man yëguma ci woon dara, ndekete fan yooyu yépp, réew maa ngi waajal Móodu Siise teeru bu mag a mag. Kenn mënul woon a ubbi rajo mbaa tele te doo dégg ñu ciy wax waxu Móodu Siise mbaa nga gis ko moom ci boppam muy fecc, di woy. Am na sax bés, Daawur Jaañ, njiitu réew mi, waxtaan ak taskati-xibaar yi ba noppi, xaw a mel ni kuy dóor pooj, daldi ne, ciy kaf :

- Aa, xawma kan, waaye man Daawur Jaañ mii de, bés boobu ku ma dëgg ayeropoor Lewopool Sedaar Seŋoor ne ma mas-sa !

Bi yëf yi weesoo laa door a yëg loolu lépp. Fekkoon na, nun mbokkiy Asan Taal, nu ngi woon ci naqar wu réy. Wax dëgg Yàlla, taloon nanu leneen lu dul déglu rajo.

Seetal ma lii rekk : di jëli sa néew, am naqar ak tiis, daje faak waa réew mi yépp ñuy mbumbaay, di fo di ree, yëf yi mel ni tuq su bënn !

Keroog laa yéemu !

Dafa meloon ni waa dëkk bi dañoo amoon mbégte ci deewu Asan Taal gi, ñëw di ko wone...

Dégg nga ba tàyyi ñu naan :

- Tombee waral aay gaaf.

Nun nag, mbokk yi, li nu soxaloon, moo doon fexe ba jot ci Asan, dellook moom Ñarelaa ci jàmm ak salaam. Def nanu sunu kemtalaayu kàttan ngir bañ a réeroo ci sunu biir. Waaye danoo mujjee seey ci mbooloo mi doon jëm ayeropoor Sedaar Seŋoor. Kenn ci nun mënatul a xàmmee yan oto ñoo doon jëlsi néewu Asan ak yan oto ñoo doon sargalsi gone googu ñu naan moo dàq a woy ci àddina si juróom-ñaar. Oto bi néewu Asan newoon, daa mujjee taxaw.

Am na sax ñu ñëw ba fëgg ko, di yuuxu, xanaa yaakaar ne woykat bu mag bee làqu ci biir. Wànte foo dem dinga fa fekk nit ñu am seetlu. Kenn ci gaa ñooñu moo leen ni

- Aa ! Mel na ne njuumte am na ci yëf yi, de ! Ñii ma gis de, defe naa ni tal nañu leneen ! Noonu, ñi mu àndal jëli li mu wax, daldi nu xàllal yoon nu jàll. Balu nañu nu àq sax, am ci ñoom ñu ñaanal Asan Taal. Bi mu ko defee, nu tegu ci yoonu Ñarelaa. Li ma la nettali noonu, ci diir bu gàtt la xew.

Boo seetee sax, danga naan mbiir mi taxu koo am solo. Njuumte fépp la xéj. Waaye man mii nga xam ne ginnaaw sunu Boroom bi, kenn gënu maa xam Asan Taal, dara mënu maa tax a fàtte bésu alxames boobu.

Asan Fay Taal, juruma ko yem ci. Maa ko yar, defoon ko nawle, moom it mu defoon ma xarit. Laata muy dem Tugal, dëkk fa fanweeri at, ba ndogalu Yàlla fekk ko fa, lu mu mas a xalaat mbaa mu nar koo def,

da ciy jëkk a diisook man. Su ñu waxtaanee, lu ma ko digal mu jaar ca. Kenn réerewul loolu mbir. Dem nañu sax ba sama mbokk yiy xultu, naan damay gënale Asan Taal ak sama yeneen doom yi, maanaam ndem-si-Yàlla ji Paap Demba ak Ndey Soxna may séy Bolooña.

Ba Asan Taal dee dund, gis naa ko ci nekkin wu ne. Wànte bés ba ñu kooy dénki boroomam, nit ñi bég, di fecc, di tàccu, jeeg ju ndaw jiy sarxolle, dama ne, Badu, bés boobu du génn mukk ci sama xel.Ndaw naqar ! Ndaw tiis !

Am na sax benn góor gu ma ne :

- Lu kéemaane li xew Ñarelaa ba réew mépp di ko coow, mënunoo jaaxal, nun ñi demoon jëli néewu Asan Taal ayeropoor. Yëf yi nii rekk la mënoon a deme. Gëm naa loolu, man it.

Saa su ne Sunu Boroom a ngi nuy artu. Du tàyyi, du noppalu. Waaye danu neexul dimbali, nun Doomi-Aadama. Danoo tëx, gumba, te gaaw a naagu.

Fan yee ñu génn, noon naa la sa baay, Asan Taal, bitim-réew la faatoo.

Nun ay mbokkam nag, xibaar bu tiis boobu dafa noo jóge kow ndax masunoo yëg fu Asan woppe. Ndaw su ñuy wax Yaasin Njaay moo ma woo bés ne ma Asan génn na àddina. Ba ñu demee ba ci biir waxtaan wi, laa door a xam lu mu joteek Asan Taal, moom Yaasin Njaay moomu.

Maa ngi fàttaliku sunu waxtaan nun ñaar :

- Dama soxla woon Ngiraan Fay Taal, baayu Asan.

- Asan man ?

- Asan Taal, te mu daan futbal fii ci Màrsey.

- Mana Ngiraan. Kooku ?

- Yaasin Njaay laa tudd, waaye yaakaar naa ne xamoo ma de, góor gi.

- Waa fan ?

- Tugal laa lay woowe. Maa ngi Màrsey.

Ma tàmbalee jàmmanteek moom. Mu dog ma ci lu gaaw :

- Góor gi, nga baal ma de, waaye fi may wootee dafa xaw a sore. Dafa am lu ma la bëggoon a yëgal.

- Loolu lu mu ?

Noonu, mu ne tekk.

Ma ni ko :

- Mbaa du Asan daa feebar ?

- Feebar bi yóbbu na ko.

- Aa ! Loolu kañ la ?

- Biig. Ndaw sa wootee Tugal nag, taxu koo am yar. Ñàkkewu ma teggin, gaa, wànte nit su faatoo fu soree noonu nga koy yëgal ay mbokkam, dafa am noo ko war a defe.

Moom loolu fekku ko ci. Dafa mel ni sax li ko gënoon a soxal moo doon nan lañuy def ba dugal néewu Asan ci roppëlaanu Air France biy bawoo Tugal bëccëg bu ne di teersi Ndakaaru.

Ñaari baat yu nekk, Yaasin Njaay ni ma :

- Aa, xaalis bu bare la laaj de, te dama war a feyal Mbisin ak Mbisaan.

Bi ma ko laajee ñooñooy ñan, la ma sog a xamal ne ay doomi Asan Taal lañu.

Mu jaaxal ma lool. Ma ne ko :

- Asan Taal kañ la fa am i doom ? Man de, guléet ma dégg loolu.

Foofu, mu xaw a ñagasal baat bi :

- Asan Taal am na fiy doom de, te man Yaasin Njaay mii di wax ak yow maay seen ndey, nekkoon it soxnaam.

Xamatuma lu ma ciy teg. Ma daldi ne ko :

- Ba léegi nag, soxna si ?

Foofu de, su ma bañul woon fen dinaa ne ndaw si mer na dëggëntaan ! Lu leer nàññ la ma ci tegal :

- Góor gi, jottali ma benn gone ci kër gi, ma wax ko fan ngeen may mën a woowe. Su ko defee, saa yu ngeen jekkoo

ngeen yónnee ma xaalis ma ànd ak néewu Asan Taal indil leen ko Ñarelaa. Soo fàttalikoo, yow Badu sax laa booleek moom, yéen ñaar ngeen làkkante seen nasaraan.

Ci ngeen jëkk a waxe, yaak Yaasin Njaay. Waxoo ma ci dara, ndax tàmmoo di nettali mbaa di waxantu. Loolu du sa jikko. Waaye teewul ma gis ne seen jokkoo bu jëkk boobu, xol bu tàng doŋŋ nga ca jële.

Nga xam ne boog ni yëf yi deme tey jaaxal na ñépp, ba mu des man. Ci la la Yaasin Njaay xamale ne lu néewu Asan Taal gën a toog ca morg ba ca Tugal, xaalis bi nuy war a fey di gën a bare.Sama bopp bi ubu lool, ndax xawma fu may jële ay milyoŋ. Mu wóor ma ne du Yaasin Njaay moomoo fasoon yéene sonn ci mbirum Asan ba ciy dugal alalam.Xam nga, Badu, mag day faral di am seetlu. Ak li may ñàkk xam nu diggante Asan Taal ak ndaw soosu deme yépp,

leeroon na ma ne masul a nob sa baay te itam masu koo naw

Ku bëgg nit mbaa nga naw ko, neneen ngay doxale bu génnee àddina, rawatina bu dee danga ne sa boroom kër la woon.

Fanweeri at yu mat sëkk, Asan Taal toog ko bitim réew, nekk ci lu ko neex, bindul, wootewul ! Yu mel nii moo tax ñu naan :

- Ëllëg du añ du reer, waaye dees koy sédd.

Waaw !

Asan ak jabar te kenn yëgul fu mu ko takke !

Aa, Badu, niti tey yi jaaxal nañu ma. Xalaatoo ne Asan dafa mujjee dof Tugal ga mu nekkoon ?

Xam naa ne sa baay la, waaye du tee ma laaj la loolu, ndax dootoo gone.Léegi, ndaw saa ngi waaj a ñëw Ñarelaa, nar nu fee indil ñaari doomam yooyu, Mbisin ak MbisaanAy doomi Asan, te nun yëgunu, tinunu ! Say rakk, yow Badu !

Waaye, céy, su Yaasin Njaay géntoon booba li ko fiy xaar ! Moom it kenn gënu koo sàggan. Nde moos waroon naa xam ne Tugal ak Ñarelaa duñu benn. Fii de, ndekete Biige Sàmb a ngi ko fi doon yeeru ak meram mu tëwa giif. Bi yëf yi weesoo, lanu ay xariti Biige Sàmb sog a xamal ne sa yaay doon na faral di tëkku Asan, naan leen :

- Asan Taal, bés bu wàccee Ndakaaru, kaso laay fanaani ndax dinaa ko gor jaasi, mu dee, ma sog a jébbali sama bopp yoon.Waaw, Badu. Sa ndey, Biige Sàmb, moo daan wax loolu. Far Yàlla def Asan faatu Tugal. Taxul ba tey meru Biige giif. Waatoon na ne fàww mu feyu. Te Biige Sàmb feyu na. Ma ni : fey na Asan Taal ba wis ko ! Dinaa ci dellusi ci jëmmi-jamono.

*

* *

Ay weer a ngii Yaasin Njaay nekk ci kër gi.

Waa gox baa ngi kooy jëw. Bi ñu tàmbalee coow ci ay mbiram ba am yu ci senn, laa yëg ne mook Asan Taal nekkaale nañu ay ati at ca Màrsey. Nee nañu it Asan jëkkoon na faa takk benn tubaab bu tudd Natali, Yaasin Njaay dugg ci seen séy, tas ko.

Lu ne ñu ngi koy wax :

- Dégg naa dafa takkal pot jabaru Asan, kooka mujjee daw, ba kook jëkkëram.

- Fi nga koy gis nii, moo fi dàq a sëriñtu.

- Xanaa déet kay ! Ak làkkum tubaabam yu metti !

- Loolu lañu tudde tubaab-njallxaar, dàll saŋ kawas !

- Rakku Ndey Saar ji nekk Pari moo ma woo keroog ne ma nanu moytu Yaasin Njaay, ndax njaaxum lu nekk def na ko Tugal door a teersi Ñarelaa

- Dara ! Cagatu doŋŋ la fa nekke woon. Ku demul Gànnaar it xam ne guddi lañu fay reer !

Waaw. Ña ko jot a gis Tugal nee nañu Yaasin Njaay ku fowe woon boppam la. Dégg naa nekkewu fa woon lu dul naan sàngaraak tóx yàmbaa. Wax nañu it ne da doon cagatu.

Ab sàmbaa-bóoy jóge fale, ngeen waxaale ba juboo, nga tëj sa buntu néeg, jaaxaan. Mu dem ci, dem yoonam. Keneen ñëw yéeg moom it, wàcc, wacc la fa. Bu bët setee ngay waññi sa koppar, naan :

- Biig de, màrse neex na.

Dem nanu sax bay ɳun-ɳunee ni Yaasin Njaay moo wàll Asan Taal feebar bu bon bi ko yóbbu.Xawma dëgg la, xawma du dëgg.

Lenn daal wóor na ma :ca njëlbéen ga la waa Ñarelaa xaare Yaasin Njaay. Lu metti li ko dal, ñu bare ci gox bi yéene woon nañu ko ko

Aa, Badu, Yaasin Njaay ak doomam yaa ngi may bëgg a jommal, kat ! Gii génn xeet gën a jéggi dayo !

Am na yoo xam ne de, su doon sama sago duma la ko nettali. Waaye nu may def ? War ngaa xam li fi xew sa ginnaaw yépp, te man doŋŋ maa la ko mën a àgge.

TÉEREB LËNDËMTU

- Badu Taal ?
- Naam.

- Neel Birëm Seen mu ndaw mu teg àttaaya.

- Birëm seetaani na futbal ba, te ni ma ko xame de, balaa mu fiy teersi reer jot.

- Nu nuy def nag ?

- Xanaa ma jéem a xiim, Maam.

- Yow de sa àttaaya moom...!

- Man kay, xam naa ne wóoluwoo ma ci, waaye sa bopp ! Sama lëwël amul moroom, ñaareel bi ne ko dandu ma !

- Waaw, Badu ?

- Naam.

- Mbaa yaa ngi déglu li ma lay wax booba ba léegi ?

- Bu baax sax, Maam.

- Guddi tey gii nag, guddi gu mag la, ndax ci laa la fas yéenee wax lu waral ma ubbi Téereb Lëndëmtu.

- Mooy bu ñuul bi, du ?

- Mooma. Dóoral yat.

Maa ngi ferenklaayu ci béréb bu lëndëm këruus, ne la jàkk te mënoo fexe ba gis ma.

Yaa ngi téye ab téere bu ñuul di ko jàng. Ba ma ko bindee

ak léegi xanaa war naa mat juróom-fukki at, maanaam genn-wàllu xarnu. Yow ci sa bopp, Badu Taal, màggat nga. Yaa ngi bejjaaw ba weex tàll.

Ma waxaat la ko : mënoo maa gis waaye sa yaram a ngi yëg ni ma ferenklaayoo ci sama biir bàmmeel, ni la jàkk. Foo jëm ci dunyaa samay bët a ngi la topp.

Li ma jëkk a seetlu mooy ni yëf yi ubee sa bopp.Nee nga ci sa xel :

- Aa, Maam Ngiraan de, ni mu ubbee Téereb Lëndëmtu bii, doy na waar. Lu tax mu jaar ci sama tur, te mu wóor ko ne mënuma koo wuyu ?

Lu ko xiiroon ci waxtaan ak man, di ma sant ma xiimal ko àttaaya te xam ne booba sore naa lool Ñarelaa ?

Xéy-na boog da doon jéem a xoromal mbind mi... Moo, soo demee kat maam Ngiraan dafa bokk ci bindkat yooyu nga xam ne, su ñuy nettali benn xew-xew duñu nangu dara rëcc leen ci. Waaye yenn wër-wërloo yi jar na koom ? Man de, nettali lii laa ci xam : nataal li nga gis, jottali li nga dégg, soo tëddee nelaw. Rawa su dee li ngay nettali sotti na ba noppi.

Dëgg la, Badu. Sa kàddu yu mujj yooyu kenn du leen werante : waa réew mi yépp yëg nañu li dal Yaasin Njaay ak sa ñaari doomi baay yi, Mbisin ak Mbisaan. Waxtaane nañu ko ba fàtte.

Ma ni la :

Yaa yey jaaxle, wutewumaak màggat muy naax, di waxtu. Waaye na sa xel dal. Dofuma, jinne jàppu ma.

Maa la gën a xam ne Birëm Seen mi ma tudd sànq turam, du nit dëggëntaan.

Man mii maa njatt ngelaw li, yatt ci Birëm Seen !

Dafa fekk rekk ne, bindkat boo gis, ñaare day bëgg tijjee waxtaanam ay kàddu yu koy sànni ci jaww ji, mu woyof ni picc, ay kàddoom gën a neex a dégg. Moo tax ñu naan :

- Léebóon !
- Lëppóon !
- Amoon na fi.
- Daan na am.
- Ba mu amee yaa fekke ?
- Yaa wax ma dégg.
- Waxi tey matul a déglu !
- Sa jos a ci raw !

Ba ma newee gone de, noona la Meer Faat Njaay daan ubbeey léebam.

Léebam ya neexoon nañu lool, waaye daawu ci door benn feek taalul sunu xel ba mu tàkk, mu koy xamb, mu wóor ko ne lu mu wax nu gëm ko.

Meer Faat Njaay dafa ma doon fàttali ab tëggkatu sabar.

Seetlul bu baax Géwél Mbaay. Day jëkk a raay ndànk sabaram, raayaat ko, jàppee ko noonu ba yaram wi tàng, muy rëkk, di xaaccu, jeeg ji sànneeku ci biir géew bi di njaay-xólléy, mbooloo mi yépp àndandooy awu.

Te itam Badu, nun bindkat yi danuy faral di wéet lool. Metit woowu, kenn du ko yëg ba naan nu mas-sa !

Waaw. Waa Ñarelaa dañuy xéy di kër-këri ba guddi jot, ñu tas, tasaaro, daldi dem tëri. Waaye saa yu ñuy nelaw bay yàndoor, maa ngi ferenklaayu fii man kenn di bind. Juróom-benni waxtoo ngi nii ma déju ci sama ndéstan di joow ak sama xalima. Joow laa wax de, Badu. Waaw, di joow ni sama mbokki Gét-Ndar yiy géti. Gaalu dof laa dugg, waaye gaal gii moom dina teer te fa muy teer dina la neex. Géej gee gën a yaatu... Mu ngi ne selaw. Kon jaadu na lee-lee sama gaa ñi jóge laaxira, ñëw wétallisi ma. Ku ma ci rëdd sa tur ci kayit gi, nga feeñu ma, ni ma :

- Yaa ma woo, Ngiraan Fay wuyusi naa la. Noonu, mu yëngatu ndànk ci béréb bu lëndëm bi mu jaaxaan, gis ni ma jaaxlee daldi ma neeti :

Yaa ma woo, du ? Seen dunyaa ju naqadi jooju de, xam nga ne moos, rus laa gàntu rekk moo tax nga woo ma ma wuyusi la ! Nde sama bàmmeel bii ma tëdd, jàmm rekk laa ci gis !

- Baal ma de, waa ju baax. Woowuma la, xam naa sama xalima gi nga dégg muy xoos kayit gi, di kiij-kiiji, nga yaakaar ne maa wax. Yàlla xam na ne ŋaaŋuma, sama xalima gi doŋŋ ay coow, tëwa noppi.

Yu mel noonu dafa may delloo ay ati at ci ginnaaw, ma daldi doonaat gone gu ndaw. Démb sax, bi ma jullee timis ba noppi, benn xale romb na ma, di dawal mbegeem, ma yaakaar ne sama bos la sàcc. Tuutee tee ma laaj ko fan la ko jële.

Leneen am na : wéetaay bu metti rekk moo waral may jaar lee-lee ci sa tur, Badu Taal.

Léegi nag, lan moo tax ma fas yéenee aj mbirum Yaasin Njaay ak waa Ñareelaa, ne la jabb Téereb Lëndëmtu ?

*

* *

Badu, wax joo gis, am na biir am biti.

Jàppe ma ni nit kuy daagu moom kenn ci biir àll bu xonq bi. Yoon wi may aw, Maam yaa ko xàll démb, booba tey ñëwagul.Lu yoon woowu xat-xat, moom doŋŋ laa xam. Yoon du ko gën a wóor. Xool ma bu baax : xam naa fi ma jëm. Maa ngiy temp, ndax leer na ma ne balaa jant biy so, ma àgg fa.

Yow, yaa ngi toog ci ëtt bi di ma xaar. Ma ñëw, nu nuyoonte, julli timis, reere sunu cere baasi bu neex ba noppi lal sunu basaŋ, tàmbalee waxtaan jëmale bët-set. Su lëwël jàllee, laaj ma lan laa gis ci àll bi. Nanga ma may nopp bu baax, nag : li ëpp ci li ma lay nettali, gisuma ci dara ba dara booloo jeex ! Xam nga lu waral loolu, Badu ?

Ba ma nekkee man kenn ci àll bi, sama xel yépp a ngi woon ci rab yi ma wëroon, làqu, ne ma jàkk, di ma xeeñtu, nar maa song, xët ma cig lëndëm. Moo xam till la, walla bukki, walla segg, walla jaan mbaa xeetu picc wu mu mënti doon, ñoom ñépp a ngi ne tekk, di ma yeeru.

Doomu Segg ni :

- Tee noo dal ci kowam, yàpp ko ?

Ndey ji artu ko :

- Moytul ma nit ! Ni muy taxawee ci ñaari tànkam, noonu la baree pexe ! Boo demee sàkkati na gànnaay gu bees !

Duma la ko nëbb, Badu : li may dox man kenn ci àll bi yépp, sama fit waa ngi naan :

- Tëf ! Tëf ! Tëf !

Nu yëkkati sunuy kaasi àttaaya, ku nekk guux, guuxaat ba muy ñetti yoon. Yow it ngay yàkkali bóli, na ma ko daan defe su nu wëraan Meer Faat Njaay, di déglu léebam yu neex ya. Ma ni la :

Badu, noo mënee dal xel bay wékk sa yaakaar yépp ci man mii tëx, gumba, muuma ?

Nga ni ma :

- Dëgg la, ci àll bu lëndëm këruus nga jóge ! Waaye won ma lépp la nga fa gisul, jottali ma lépp la nga déggul ba nga fa jaaree !

Ma reetaan, ndeysaan, daldi ne ci sama xel :

Aa ! Gone gaa ngi mokkalsi kat !

Nga neeti :

- Maam Ngiraan, su say kàddu naree diisal sa làmmiñ, takkal leen ay laaf. Dinañu woyof nim picc, di naaw ni moom, jaww ji naan leen :

- Aayoo nenne tuuti...

Waaw, kenn mënul a xam lépp, wax lépp. Sañ-sañ boobu dof yi rekk, maanaam ñi teqalikook seen sago ñoo ko am. Léegi daal, li ma ci gis mooy gas pax mu xóot a xóot ci taatu ndaa li, suul fa Téereb Lëndëmtu.

Bés boo ñibbisee Ñarelaa, fekk ma jóge fi, nga lemmi ko, jàng ko, jéem koo firil sa bopp.
Bu jëkk, gone yi dañu daan toog ci ab jalu suuf, def géew, ku ci ne di fent lu ko neex, ngir bégal say moroom. Loolu lañu daan tudde maye. Dégg nga wax ji de : maye.

Maye... Waay ndax am na lu dàq kàddu googu ? Ak ni jamono ji naqadee... Sa yaakaar tas, nga jaaxle, nit ku yéwén ñëw ne la :

- Am na lu ma la bëgg a may...

Nga ne ko :

- Te naxoo ma ?

- Xam naa ne gëmewoo ko, waaye tey dinaa la may bànneex ba nga doyal ci sëkk ak barke !

Noonu, mu ubbi waxandeem génne ci benn seetu bu mag, fomp ko, tàllal la ko. Nga seetu, tiit, dellu ginnaaw.

Daldi ne :

- Waaw, ana ma ? Bii seetoo gën a doy waar ! Ñii mu may won kat, kenn laa ci xamul. Boroom lonet yee niroo naak man, gaa... Am na it ñu ma ci xelmati wànte wóoruma ne ñoom la. Te sax, jigéen ju màggat jee toog buntu këram ca Aselem, téye layoom di tànn ceeb... mel na ni... Moom a de, moonte ! Waaw, Meer Sukayna Sàll, lan lay def ci biir seetu bi ? Mbedd mee may séen de, am na béréb bu mu may fàttali. Su tawaan, fa lanu daan futbale maak ñoomin Baabakar Mbów, sunu ponkalum Ndeem Maysa mi, ak ndemsi-Yàlla ji Alsaan Ñaŋ ma des Tugal ak Asan Pereera mbaa Ben Jogoy Béey.

Waay, bile seetoo ëpp li ñu koy doye ! Ku la waxloo lu ñu la laajul ?

Su ko defee, seetu bi reetaan, yëngal boppam, di ñurumtu :

Céy ! Doomu-Aadama Njaay moo naqadee digaaleel ! Yow, yaa fi gën a ragal dee, lépp lu la Sunu Boroom bi teg mën nga koo dékku ba mu des sa wéetaayu bàmmeel.

Saa yu sa xel demee ci ñi fi jot a jaar, njaxlaf ba, tubaarkallà, di tëb di dal ba noppi xéy ne mes, dara dootu la saf, Kon kay, su ma fexee ba nga jokkoo ak ña woon démb, looy waxati ? Lu gaaw-gaaw nekkaat nga fi gone, topp ci benn balu futbal bu weex di dóor, di duut say moroom ba ñuy miir, ngay mbëkk bal bi, di ko rëkk, caax yi bëtt, nga bég, yuuxu ! Loo bëggati ? Xanaa du lu mu gën a lëndëm gën a neex ? Soo ma merloo, dinaa la won maay kan, de ! Rajaxe sama bopp ak naan ndox laa yemale. Te man seetu, su may toj àddina siy tukki ba fàww !
Nga koy saraxu nag :

- Ëpp naa def, waa ju baax ! Yow it, Seetu, may kaf rekk nga bëgg fi mer xaat ! Jébbal naa la sama bopp, lu la neex defal : delloo ma démb, diri ma ba ëllëg, mbaa sax yóbbu ma béréb bi amul tur, fa sunu jamono jii tage, dem të ko, dikk të ko.

- Waaw kañ, yaa ngi sog a génne waxu nit ci sa gémmiñ gi ! Badu, yaa ma tax di wax. Fàtteendi ma tuuti.

Nanu ànd wëri Maam Ngóor.

Soo ma nee :

- Maam Ngóor ? Kuy kookooti, Ngiraan ?

Ma ni la :

Maam Ngóor du kenn. Mooy ñépp, te it moom doŋŋ mooy Maam Ngóor. Moo jur ki ma jur. Du xam nga lu loolu tekki ? Maamaat la ci sa baay Asan Taal.

Fii ma toog ci buntu kër gi, di féexlu, la sama xel ni yarr ci Maam Ngóor.

Lépp li ma lay waxsi ci moom, may naa la ko ci xol bu sedd guyy.

Badu, ay at a ngii ca ginnaaw lu doy waar dal na ma. Njëlug Ñarelaa. Bi Yilimaan Keeta noddee nodd gu njëkk, fekk na ma yeewu bu yàgg. Ni ma ko tàmmee def, maa ngi wéeru ci taatu màngo gu mag gi, di xaar waxtu wi jot, ma jubal jàkka ja. Ëtt baa ngi ne selew. Fi ma ferenklaayu ci basaŋ gi, sama xel dellu na ci sa maam ju jigéen, ndem-si-Yàlla ji Ndàmbaaw, sama soxna su yaarame sa, ma ñaanal ko.

Yaasin Njaay romb na ma, di gunge benn xaleelu góor, waaye su ma ci kenn nee na nga def, yaa ma nuyu, yow mi nekk bitim-réew. Waa jooju nag, dégg naa ñu naan Tamsiir la tudd. Nee ñu it day tóx yàmbaa, di ko jaay. Xam naa ne daal, li muy fanaan ci kër gaa ngi bëgg a bare.

Su dul nekkaale Yaasin Njaay it de, soreetu ko. Ci xutbaam, Yilimaan Keeta wax na wax ju am solo ci mbirum ténj. Tuddul kenn nag, waaye li ma xalaat la waa Ñarelaa yépp xalaat : wax ji amoon na boroom, te du woon kenn ku dul Yaasin Njaay. Bi ma jógee jàkka ja, nuyuji naa samay dëkkandoo, ku ci ne ma laaj la na nga fanaane, jàmmanteek yow.

Dellusi naa toog ci sama sijaada.Juróom-ñaari waxtoo ngiy sog a jot. Waa kër gaa ngi dem ak a dikk ci ëtt bi. Coro Caam a ngi taraxlaayoo sér bu weex, jonkan ci taatu furno bi di ko upp ; Lamin jëkkër jaa ngi déglu rajo ci biir néeg bi, di xaaraale mu ñëw tegal ko fondeem ;

taksi biy jëlsi suba su nekk Ñimma ak Daawuda, doomi Wulimata Maane yi, korne na ci mbedd mi, ñaari gone yi daldi génn ak seen sànse, daw wuti buntu kër gi. Fekksi nañu ma fi ma toog, ñu jox ma loxo, Ñimma sukkal ma. Tooñ naa sax Ñimma, ne ko :

- Aa, waaw séeri kóko dangay dem màrse fàtte fi deppàs bi ? Am, téyeel fii waay.Masumaa gis gone gu dooje ni Ñimma ! Mu daldi ree, jël juróomi dërëm yi ma ko tàllal, te naan ma, ak baatam bu sew bi :

- Sàllaaw, nijaay, na sa xol sedd, te xam ne tey daxinu biiru xar bu fatt ngay reere ! Bi Lamin dégloo rajo, naan fondeem bay waaj a xéy, ñëw na nuyu ma, ni mu ko tàmmee def, laaj ma na ma fanaane.

Waaye tey de, li Lamin dégg ci rajo bi neexu ko dara, ndax mi ngi xultu rekk :

- Góor gi Ngiraan, nga baal ma de, waaye ñii ay doomaraam lañu,

dañoo nar a yàq réew mi ba mu yàqu yaxeet ñu dem bàyyinu fi, jaaxaan Monaako walla béréb yu ni mel, di balaxalmàddaa, nun nuy wéye ndóol ak metit wu dul jeex !

Waaye fi lañu nuy fekk, dunu seetaan loolu, dinanu ko defanteek ñoom ba mu saf sàpp!

Lamin dafa mer ba talu maa wax lu ko merloo. Man it, teguma ci baat. Merum Lamin mi dafa ma fàttali jamono ja ma bokkee PAI, nuy xeex ngir réew mi moom boppam.

Ma daaldi ne ci sama xel : ba ma ci tolloo de, man mii maa gënoon a wex Lamin fopp ! Waaye gaa ñii ma séqaloon politig bi, dañu maa duuta-duut ba may miir. Te mag muy miir nag, dal-lu ci keppaar a ko war. Su waanee bay dóor-dàqeek alkaati yi ci naaj wu tàng wi, du ñàkk mu mere ku ko deful dara. Li may xalaat loolu yépp, samay bët a ngi topp Lamin. Mu dem ba jub buntu kër gi, daldi dëpp.

Ma ne ko :

- Mbaa du dafa am loo fàtte, Lamin ?

- Déedéet, Ngiraan. Lu am solo laa la bëgg a wax.

- Loolu lu mu ?

- Jàmm rekk la. Biig, dama gént di waxtaan ak Badu Taal. Soo jullee tisbaar ba noppi, génneel ko sarax.

- Baax na.

- Xale bu am jom a ngoog, Ngiraan.

- Badu kay kenn la, Lamin. Waaye ragal naa ne dootunu gise maak moom.

- Ëpp naa wax, Ngiraan.

Fekk na yaa ngi doon door a dem bitim-réew. Ñépp jaaxle.

Lamin ne ma :

- Ba fi mu ne kenn xamagul réew man la Badu Taal nekk ?

- Maa ngi xaar mu bind ma, wax ma fu ko jant biy tiime.

- Su dee xamoo fu gone googu nekk de, ku yabu bañ cee sonn, ndax Badu sa Badu la mas a doon. Bi Lamin génnee kër gi ba ne tuuti, mu am lu ma dégg mu yëngu ci sama ndeyjoor ; ma téen, daldi gis benn wund wu ne noŋŋ ci kow miir bi, xaw maa tiim, ne ma jàkk. Nu xoolante lu yàgg maak wund wi. Ni bët yiy tàkke, di melax, dawloo sama yaram. Wund wi jékki-jékki jooy.Ne tuuti, mu xef, neeti :

- Ɲeew, Ɲeew Mu neeti ŋeew ñaari yoon, daldi tëb, jàll ci kër gi nu taqalool. Xam nga wund moom, buuru boppam la. Waaye du tee, bu newee ci gox, nit ñi dinañu koy gis muy dem ak a dikk ba ñu far ko miin. Waaye wund woowu de, bés boobu laa ko jëkk a teg bët, te ba sunu jonni Yàlla tey gisaatuma ko. Wóor na ma ne du woon wundu neen. Lu ci mënti ne, lii moom am na : ba mu nee mes, laa tàmbalee xalaat xalaat yu doy waar yooyu ma la doon wax ci ubbiteb Téereb Lëndëmtu bii. Fi ma déju man kenn ci taatu garab gi, maa ngi waxtu :

- Waaw, yow mii tudd Ngiraan, sant Fay, santati Taal, yaay kan sax ci dëgg-dëgg ?

Laaj boobu ma laaj sama bopp tiital ma, sama xel daldi dem xaat ci dee.

Tudd Ngiraan

Sant Fay, santati Taal. Dee di ma yoot.

Ci diir bu gàtt, yu bare ñëwaat nañu ci sama xel : guddi ga la sibbiru su metti daaneelee, yow mii Badu, te taksi dawatul, kaar-ràpid amatul, Biige Sàmb boot la, maak moom kott ñu ne ci mbeddi Ndakaaru yi, di waaxu ba loppitaan. Doktoor bi seet la, làmb sa dënn ak sa jë, xool sa làmmiñ, ne nu :

- Su ngeen yéexoon tuuti, musiba am.

Wund wi dellusi ci kow miir bi, jooy. Ma téenaat gisuma ko. Fu wund wi jaar? Tiim na ma, yóbbu sama fit, jaxase sama xel, may janeer. Mu mel ni ba mu ma nee jàkk, man Ngiraan Fay mii, dama tiim benn dex, di niitu. Samay jaar-jaar yépp feeñu ma ci biir ndox mi. Ki ma gis ci ndox mi ne ma :

- Waaw, Ngiraan Fay, nga ne yaay kan nag, ci dëgg-dëgg ?

Laaj bu kéemaanee ngoog.

Ku dem bay laay sa bopp yenn yi, li tee nga jaaxal say mbokk bareetul.

Te tontu cee jafe, tey ! Ndax su ma nee man maay Ngiraan Fay, juddoo Mbériŋ-Saaj, ca Siin, ñëw Ñarelaa ba ma newee liir, am tey juróom-ñaar fukki at ak lu topp, xeereer, am taxawaay, di doomu Dibókóor Fay ak Xemes Seen, def lii ak lee, jaar fii ak fee, newoon fi óbëryee ca Air Liquide, jiite fa ay gereew yu metti, ñu tëj ma kaso du benn du ñaar, ma bokkoon fi it ci gor yi taxawoon ne dee dañuy xeex tubaab bi, mu abal nu, réew mi jot boppam, te mu jaraloon ma lu ne, ma dem fi ba Akaraa, péeyub réewu Gànnaa, maak ñi ma àndal nu gisee faak Kuwaameŋ Kurumaa njiitu réew ma, mu jox nu xaalis, dig nu ay gànnaay, loolu yépp su ma ko waxee, wax leneen ak leneen sax,

mel na ni ba tey waxuma dara. Loolu yépp amul solo, ndax fenn la yëf yi mujjewul. Maa ngi nii déju ci taatu garab gii ci ëtt bi, te xawma sax su ma fi jógee fan laay jublu. Badu, li ma wokk a xosi ñu bare. Waaw, nook juróom-ñaari fan yi nag,

ba kañ ? Bés yee koy tey di nu réeral. Yeewu njël, di tés-tési ba ngoon jot, benn fan jàll, mel ni jotewul dara ak yeneen fan yi ko fi jiitu... Waaye jamono dina ñëw, nga war leen a boole ñoom ñépp tënk leen ci benn kàddu doŋŋ.

Laaj ma kàddu googu gan la, ma wax la ko. Kàddu googu mooy : dund. Bés yi Yàlla sàkk di tegaloo ba lim bi mat juróom-ñaar fukki at ak lu topp. Nga ne :

- Man Ngiraan Fay, nàngami at la dund...b Waaye nàngami at yooyu, di ay bés yu tegaloo, mbaa def nga ci lu nuy wax, Ngiraan ? Mag dikk na. Bi mag di yegsi, dal ci ca kow, dafa ladoxe ginnaaw, wër la ndombo, door a taxaw janook yow. Sam xel daldi demaat ci dee !

Dëgg la, bàkku waru ma. Du dara loo xam ne sottal naa ko, bi ma juddoo ca Mbériŋ-Saaj ak tey jii. Du caagin dama nasaxoon. Déedéet. Lu ne jéem naa ko, fu ne làmbaatu naa fa, ni ko Doomi-Aadama yépp di defe su ñu bëggee mënal seen bopp, seeni nawle weg leen.

Ma seet seet, gisuma lu sama cawarte googu jur. Guddi jot, ma lal ndés ci sama sagaru pantare bii, su njëlee ma toog ci ëtt bi di xaar te xawma sax lan laay xaar. Mu wóor ma ne su ma fi xéyoon jóge, balaa yàgg ñépp fàtte ma ba fàww. Ci laa sog a xam ne nit dëgg mooy ki sottal ci dundam lu amal askan wi njariñ. Monte Ustaas Mbay Lóo xiiroon na ma ci loolu, ba may gone. Xanaa kay maa ko doon tanqamlu rekk !

Kon yow, Badu, buma tanqamlu.

Lan mooy nit dëgg ? Yàlla may la kàttan, nga ne lii ak lii balaa ñu may sànge suuf dinaa ko def, nga doxale noonu sa àddina te doo roy kenn,

doo déglu kenn, xanaa jàpp ci li nga gëm, sax ci ba dëgër.

Loolooy nit dëgg.

Su ma delluwoon nekk gone, noonu laay doxale. Ma réccu lu ma mësul a ber benn bés ci bés yi, waxtaan caak sama xel, ni :

- Man, Ngiraan Fay, béréb sàngam laa jëm te yoon wii laay jaar.

Ñàkk doxalee noonoo ma tax a sànku. Dama daan def fu nit ñi aw ma aw fa. Saa yu ñu newaan yoon waa ngi, daawuma sax jéem a werante, dama daan topp ña jiitu, di daŋ-daŋi. Te njiit yee ka bari woon jooja jamono ! Jamono jooju, bés bu Yàlla sàkk, ma dajeek ku ma joxoñ yoon wu bees. May ma, ma artuwaat la, Badu.

Bul yàkkamti ba tax laa juum, nga ne :

- Maam Ngiraan moom, ndekete li muy coow yépp, nii la woyofe woon bopp ! Ku ko newaan ayca, topp ma rekk, mu ne la yaa ko yàggal ! Dinaa la xamal tey ne mbir mi yombewul noonu : ka jiitu, naan la ayca, topp ma, doo ko gis doo ko dégg.

Te yow ci sa bopp ba ngay nangoo topp ci ginnaawam, doo ko sax yëg.

Yëf yi mbetteel lay doon.

Aw askan, dara ëppu ko doole. Dafay yeew buum ci sa baat, di la wommat ni xar. Dékku askan wi lu jafe la, ndax dafay teel a jóg ci yow. Ba ngay bootu lay tàbbal ci say nopp ay kàddu yu fay tëdd ba fàww. Doo xam lu baat yooyu tekki, waaye foo jëm ñu gunge la. Soo demee ba doon mag, lu la askan wi sant nga def ko te doo ci teg baat.

Askan wi du am jàmm, feek naju la ci benn béréb, nga ne fa nemm, bëgg noyyi mu të la, lu mu wax nga ànd caak moom. Loolu, noteel la tudd. Noteel googu nag, fu nekk la ko askan wiy jaarale.

Ma jox la ci firnde. Dinga daje ci mbedd mi ak nit koo xamul, mu xool la, nga xool ko, ku nekk ci yéen ñaar wéy, dem yoonam. Fekk ngóor soosu mbaa ndaw soosu, doonte ubbiwul gémmiñ sax, am na lu mu la wax.

Xamu la, xamoo ko, waaye daanaka am na lu mu jëmbët ci sa xel, ji ko ci sa xol. Bala mu lay réer ci mbooloo mi, dinga ko tontu ci suuf :

- Dégguma li nga wax, waaye ànd naa ceek yow. Mën naa la cee jox beneen firnde.Du ñàkk it bés nga xéy, tàllal sa soxna sagaru téeméeri dërëm, ne ko deppãs baa ngoog, lii rekk laa am. Fiftin bi gën a tuuti deseetoo ko. Nga génn sa kër mel ni dafa am lu la fay dàq, di dox ci naaj wu tàng wi ak say padam-njaxen, naq, sol ay sagar yu tilim, mar ba sa put gi wow koŋŋ te amoo ci benn pexe. Nga agsi ci buntu benn isin, taxaw, naan ci sa xel :

- Isin bii de, Baydi Gay mi ma màggandool Garaŋ-Kees a ko moom, amaana ma jële fi lu ma téyéendi.

Bala ngay àgg ci Baydi Gay moomu nga wékk sa yaakaar yépp, sa benn moroomu sët dina la déj cib siis, xaarloo la lu yàgg. Su waa ji féexee, woolu la. Nga dugg, bi mu lay jox loxo,

seeni bët daje, yéen ñaar ñépp ngeen gis ci saa si ne dungeen ay nawle.

Baydi nag, Yàlla fàttewu ko, waaye taxu koo fuuy. Ku am kersa la, ak yar ak teggin. Keroog def na kemtalaayu kàttanam ngir bañ laa sewal. Jéem na la won ne na ngeen meloon démb mooy wéy ba tey. Yónnee na Fantaak Kokaa-Kolaa, ngeen di naan, di fàttaliku, ndeysaan, seen ngone, ba ngeen daan làqu ci àll biy pëtëm gerte walla di lakk ndaamaraas :

- Dañuy wax rekk, waaye futbalkat dëgg amatul, Buuba Jaxaaw ak Krumen ñoo mënoon fopp ay Fadiga ak i Okosaa yi ñuy tanqale nit ñi léegi.

- Aa, dafa di benn sax !

- Waa jooju waay, te xuuge woon, yaa ngi koy fàttaliku, moo ñoroon tey nag.

- Mbirum Yàllaa ngoog de, dafa lay xañ lii may la leneen ba mu doy sëkk !

- Waaw, yëg naa faatoom, ndeysaan, man dem naa sax ba Kawlax jaaleji ko ay mbokkam,

- Jóob Sëriñ nag, foo koy dégg ? Moo aayoon mat...

- Man it de, xawma fu mu mujje, waa jooju,

- Yow moom, Ngiraan, jigéen rekk ! Daawoo nangu benn gel rëcc la ! Géy Maryeem, Sow Faatu, céy Ngiraan yaa teel a yàqu !

- Yow jinne nga de, Baydi, ndekete yaa ngi fàttaliku turi nit ñooñu ba tey ! - Yaa ngi fàttaliku woy wi nu Faal Saarl jàngaloon : séqoo faaloo... Ayca, àggaleel : séqoo, faaloo...

- Ginaar akub nenam !

- Maa doon sàcc laaloo...

- Boroom tool fekk ma fa !

- Ayca, caŋ nga de !

- Xaaral, ma jéem a fàttaliku,

- Tee nga maa fey rekk, ma woyal la li ci des ! Ngeen àndandoo xàqataay. Waaye li ngeen di ree yépp, seeni bët a ngiy daje.

Ku nekk ci yéen ñaar am yu muy xalaat te am kersay wax ko. Lee-lee nga jéem a làq sa tànk yu pënde yi ci suufu siis bi, Baydi Gay mel ni ku ci gisul dara. Telefon bi riir. Baydi jël ko, déglu tuuti, ne :

- Mersi madmisel.Am fu mu bës, tàmbalee waxtaan ak keneen ci telefon bi. Xamoo dara ci li muy wax, waaye wóor na la ne ki muy jokkool boroom barke la ni moom. Nga gis ni Baydi féexe, di làkk nasaraan yu set wecc, daldi soppiku xaat. Mel ni bunt bi dafa ubbiku ndànk, beneen Baydi Gay duggsi ci biro bi. Wax dëgg Yàlla, ba Baydiy làkk wolof ak yow nga ko gënoon a ñeme. Ñaari gone ngeen woon, ku ci nekk di fàttaliku démb.

Waaye Baydi Gay mii téye telefon bi de, Muse le Direkteer-Seneraal la, lee-lee mu wax ba tudd ay milyoŋi seefaa yu bare, sànni la catu bët. Waay am na ñu sant Yàlla ! Baydee ngi nirook wundu Tubaab yooyu ñu sang ba ñu set, defar leen, teg leen ci ay njegenaay yu nooy nepp, ñu ne fa noŋŋ di óbbali,

di lekk yàpp, di naan meew. Xanaa looloo tax su nit tubaabee ba mu ëpp, ñu koy tooñ, naan ko ŋeew la ? Nangul mbir mi, Ngiraan : ñee nga Baydi Gay lool ! Yaram wépp a ngi nokki. Xam na moom ci boppam ni ku dugg ci biroom, fekk ko mu toog ci béréb bu rafetee nii, fàww nga naw ko. Yow nag, Ngiraan ?

Nirootook nit. Xoox nga lool. Baydi sa moroom la, waaye ku leen gis ngeen toog dafa naan nijaayam nga. Yaa ngi yooy be, ndeysaan.

Nga jóg di dem, Baydi Gay jox la loxo, buuxaale la kayitu junni ne la paase ko ba noppi woo sófóoram, ni ko :

- Sayeer, yóbbul ma Muse Fay këram...

Sófóor bi xool la ci kow ba ci suuf, xol bi bon, mu ne :

- Madam a ngi may xaar de...

Baydi jàpp bopp bi :

- Waxati nga dëgg, Sayeer, waaye demal rekk, dinaa woo Yaama...

Sófóor bi moom daldi na la jéppi ci saa si. Fu mu ko teg ? Xéy-na li nga ne noŋŋ ci ginnaaw oto bi, mu lay dawalal moo ko naqadi. Ni mu la gise, xam na ne soo ko tanee it du lool. Xanaa loolu mooy :

- Nangu naa jaamu Muse Gay miy boroom alal, waaye ngóor sii ak yëreem yu furi yii faalewuma ko. Dañuy wax rekk, Badu, waaye baadooloo fi gën a iñaan ci moroomam.

Fi ngay xalaatee loolu sa xol tàng, sófóor bi ne la :

- Jambaar, yow sax foo xamanteek sama seef ?

Sa xol gënatee fees. Nga dem ba naan ko yow it kilifa nga, ndax am nga isinu saabu bu mag. Waaye tàmmoo fen.

Nga ne ko :

- Kan, Baydi ? Noo màggandoo Garaŋ-Kees.

Mu ni :

- Ca Kees... ?

- Foo bëgg Garaŋ-Kees nekk fu dul Kees ?

Li muy wax ak yow yépp, mu ngi lay niit ci seetu bi ci biir oto bi. Nga ne ci sa xel : sófóor bii gën a soxor te ñemee toppatoo lu yoonam nekkul !

Mu laaj la fan nga jëm. Doo ko wax moom ne Ñarelaa nga dëkk, nde kon mu gën laa yab ! Nga ne ko :

- Wàcce ma ci bitig bee ci boppu koñ bi.

- Muse Gay kat... Nga dog ko, ñagasal sa baat, mel ni ku koy gëdd :

- Wàcce ma fi ma la wax ! Sa xel dellu ci Baydi Gay. Dëgg la, kaf ngeen bu baax, teral na la, waaye wax ja dëgg-dëgg du woon rekk fa ngeen jaar ca seen ngone walla janq ja ngeen daan jéem a doxaan. Ay kàddoo ngi doon fecc ci seeni bët. Ay kàddu yu nopp mënul a dékku. Ñuy tëb di dal ci sa biir kaaŋ. Lii lépp, yaa ko teg sa bopp, Ngiraan. Baydi tamit a ngi naan ci xelam:

- Lii lépp yaa ko teg sa bopp, Ngiraan.

Saa yu nu daan jàng sunuy lesoŋ, yaa ngay fiir ay picc ci àll bi mbaa di wax waxu fecc ak doxaan janq ji. Léegi nag, mu ngi nii, yaa ngiy wër di ñaanaatu.

Li ngeen di waxtaan yépp, kàddu yooyoo ngi jaabante ci jaww ji.

Moo tax ma ni la, Badu : Defuma ci suma dund gii lu ma mën a bàkkoo. Dama tëñëx-tëñëxi ba xéy màggat, mënatumaa dem, ma déju. Loolu, gis naa ko ci njël googu ma wund wa tiime, jooy, jooyaat.

Ma neeti ci sama xel :

- Yàllaa ma sàkk, dëgg la, ma tudd Ngiraan, sant Fay. Waaye ñan ñoo jur samay wayjur ? Fan laa jóge ba agsi ci taatu garab gii, am wund wu ñëw tiim ma, jooy, jooyaat ? Badu, nit ku bëgg a xam mooy kan ci dëgg-dëgg, fàww mu am fit. Dina tancu ci ruq bu lëndëm këruus, fekk fa ay néew yu jaaxaan, waaru ñoom it, di ñaan Yàlla mu may leen ñu dellusi dunyaa, di dunde yaakaar.

Tey a ngi làqu ci biir Démb, ne nemm. Jéemal a tëj sa loxo bu baax.

Ɗëb fa jamono ji balaa mu lay rëcc.

Maam Ngóor lañ ko daan woowe. Mu nga, tëdd Mbériŋ-Saaj, ca Siin.

Njël ga ma wund wa tiime, di jooy, loolu la ma fàttali. Mu am lu ma yëg ci sama yaram. Ma daldi ne nu ma def dinaa dem Siin, man mii.

*

* *

Dem Siin wuti fa lan ?

Xanaa siyaareji bàmmeelu Maam Ngóor, ca Mbériŋ-Saaj. Mu mel ni nag dañ may xabtal :

- Jógal dem, Ngiraan. Mag ñaa nga Mbériŋ-Saaj di la xaar. Ñoom ñoo xam Maam Ngóor. Dinañu la wax yaay kan. Xanaa bëggoo xam yaay kan ?

Moo tax bés ma xéy, tëj sama buntu néeg, jubal gaaraasu Kolobaan. Sunu Toyotaa génn Ndakaaru,

nu romb Tëngéej, teg ci Barñi, tàllal ba Jamñaajo nu door a jàdd wutali Mbériŋ-Saaj. Sama xel ne yarr ci kàddu ya ma daan dégg ba ma newee gone.

Benn ëtt bu yaa. Fan la woonati, sax ? Du woon Mbériŋ-Saaj, moom. Ay mag toog ci pénc mi, di waxtaan. Ñaari baat yu ne, ñu tudd Maam Ngóor. Lu ne ñu koy wax ciy mbiram. Man, ma nekk gone, bëgg a laajte kan moo doon Maam Ngóor. Waaye amuma boobu sañ-sañ, ndax ragal ku àjji sama kaabaab, gëdd ma :

- Luy sa yoon ci waxtaanu mag ñi ?

- Ku mas a gis lii ?

- Gone gii gën a teggi ndawal !

Jamonoy dox. Ma dëkksi Ñarelaa, takk fi jabar, uuf sama njaboot.

Teewul fu ma jëm turu Maam Ngóor topp ma. Fu ma taxaw, takkandeeram taxaw ci sama wet. Mu ngi ne nemm ci sama biir kaaŋ gi, tëdd fi ay ati-at, di xaar. Su ma ko cokkaasee, mu yeewu, fuddu, ni ma :

- Dara, nag, Ngiraan : ku sa maam jur, jur nga sa maam. Bu la ci kenn nax. Ma téen, yaakaar ne biddéew yi dinañu ma tekkil baat yu xóot yooyu. Biddéew yi ne cell.

Ngelaw li jóg, daldi woy, ay woyam dekkali jaar-jaaru Maam Ngóor.

Badu, nee ma :

- Maam Ngiraan, loo daan dégg mag ñi di ko wax ci Maam Ngóor ?

Daan nañu yéemu ci xam-xamam.

- Doomi kilifa yu bari moo leen daan jàngal.

- Waaye Maam Ngóor a naqadi woon deret !

- Dafa àndoon ak xadar.

- Ñépp a ko ragaloon.

- Moo sonaloon Maalig mii toog, tey !

- Bés, doon naa tari benn saar, gag. Keroog dafa ma yeew ca géttu xar ya, ma fanaan fa. Suba teel la ma fa fekk,

sotti ma ndox mu sedd guyy, caw ma ba sama yaram wiy nàcc !

Bi Maam Ngóor demee ba màggat, dafa gàddaaye Siin, dem sanci Tëngéej, takkoo faak Bintu Jaara. Soxna si jur sama baay nag, masumaa dégg turam. Doy na waar gaa, waaye noonu la deme.

Leneen lu ma wax ci Maam Ngóor, ay fen la.Xanaa boog ma fent...

Maam Ngóor ku ñuul la, àgg ca kow. Ginnaaw nee nañ ci mer ak dóore la dëkk, ma yaakaar ne bët yi dañoo wara a xonq coyy ni ay bëti gaynde. Foo ko fekk, mu ngi toog ci deram, goney Mbériŋ-Saaj yi wër ko, mu leen di sa, ñuy tari. Waaw, jamano jan la Maam Ngóor newoon Mberiŋ-Saaj ? Ku ma gis ak samay bejjaaw, xam ne su matulee ñaari xarnu it, waru koo sore.

Mbériŋ-Saaj, dëkku kow la.

Yoor-yoor laa fa àgg. Dox naa lu yàgg te dajewumaak nit kuy noyyi. Su doon jamono yu jëkk ya,

damay jàpp rekk ne waa Mbériŋ-Saaj a nga tool ya. May wër ba séen benn waa ju wéeru ci benn sàkket, ma jubal ci moom. Li nuy nuyoonte yépp, mu ngi may ronni, naan xam naa, ci xelam :

Kii de, dëkkul fii fépp. Man it, li ma tax a jële oto Ndakaaru wutali Mbériŋ-Saaj, yombul a wax. Mënumaa tëb jaar ci digg bi. Rax-ci-dolli, ngóor si ma fekk ci taatu sàkket wi, niruwuma ku yemb.Yaram waa ngi xasan, muy wokkatu, di onk.

Ma ne ko :

- Ngiraan Fay laa tudd. Fii laa cosaanoo, ndax maay doomu Dibókóor Fay, di sëtaatu Maam Ngóor.

- Maam Ngóor ? Bi ma déggee ni mu waxe, xaw naa am tuuti yaakaar.

Mu gën a wokkatu, reetaan, dellu ne ma:

- Aa ! Maam Ngóor ?

Ma ne ko : - Waaw, Biraan Fay mooy turam dëggëntaan, waaye ci turu Maam Ngóor lañu ko gënoon a xame.

- Aa ! Te nga ne yow jarbaatam nga ?

- Déedéet, sëtam laa.

- Sëtaatu Maam Ngóor tàww !...

- Déedéet. Sëtam laa wax.

- Biraan Fay de, yëguma fu mu amee doom, bay am sët. Loolu kañ la ?

- Monte li ma wax de, leer na !

Waa ji mer, xaaxtandiku sànni fu sore, jóg taxaw :

- Aa ! Man ngay gëdd ? Ãa ! Danga ma teg dof ! Naka laa dégg loolu, daldi tàmbalee dellu ginnaaw.

Li ñuy wax ci gaalu dof moom, ñépp xam nañu ko. Foofu, am ku ne ndànk ci sama ginnaaw :

- Àndal ak teey, waa ju baax, sooy daw mu lay dàq te su la dabee dina la rendi rendi bu ñaaw.

Ma geestu, yem ci benn góor gu màggat, mu sex naanoom. Mu ne ma :

- Am na lu ma jot a for ci seen waxtaan de, man mii.

Ci sama tiitaange, maa ngi xiixat, naan ko:

- Monte samay tànk de, góor gi, tànki jàmm doŋŋ lañu. Mu muuñ, ma seetlu ni bët yi dugge. Mu ne ma :

- Bu dee Biraan Fay mi ma foog de, Tëngéej la faatoo.

- Maam Ngóor lañu ko daan woowe.

- Kon boog mooma. Waaye, léegi, luy say tànk ci dëgg-dëgg, waa ju baax ?

- Dama siyaaresi bàmmeelam, ñaanal ko. - Guléet boog. Fii de, kenn fàttalikuwul fu mbokku Maam Ngóor ñëwe Mbériŋ-Saaj ne da koy siyaaresi.

Foofu, yëg naa ni ay kàddoom ñagase. Sama xel di werante :

« Góor gii, moom, dafa am naqar ci li kenn masul a siyaaresi Maam Ngóor walla dafa bëgg wax ne mbirum Maam Ngóor jarul boobu coono ? » Ma ni ko :

- Man mii de, bitim-réew laa newoon, te yàgg fa lool. Moo waral sunu gise yéexe nii. Maa nga woon Milaano, ca Itali. Foofu...

Góor gi dog ma :

- Dangay kàcc, Ngiraan Fay. Xamoo sax fu dëkk boobu féete. Maa la gën a xam sa bopp fuuf ! Mën naa la wax it fan nga xéye, ne Mbériŋ-Saaj maa ngoog. Ba ngay tàllal kokseer ba kayitu ñaari junni, ca gaaraasu Kolobaan, mu ubbil la otoom bu weex ba, nga toog ca ginnaaw, maa ngi fii Mbériŋ-Saaj di janook yow. Su ma neexoon ma këpp Toyotaa bi la fi indi, nga dee ci yoonu Mbériŋ-Saaj ! Loolu du dara ci man. Bi nga agsee, wëndéelu nga lu yàgg biir Mbériŋ-Saaj te dajewook kenn. Xamal ni booba, waa dëkk bépp a ngi lay seetaan. Waaw, tànk boo yëkkati, teg ko ci suufu Mbériŋ-Saaj gii, jaaxal na lool waa dëkk bi.

Gisoo kenn ci nun, waaye nun ñépp a ngi la teg bët. Foo romb, nu ngi naan :

- Gan gii de, ci xeetu Maam Ngóor la war a bokk... Xanaa kii dafa repp ?

Mbir maa ngoog, Ngiraan. Kon soo fi tuddatee Milaano, dinaa la def lu bon.

Ma dem bay tontu góor gi, mu të ma. Sama baat biy lox, ndax ni ma tiite. Ma ne tekk, di xool góor gi. Gisuma ci moom dara lu tax ma mën a xalaat ni du nitu neen. Ku tuuti la te ñuul, sol sabadoor bu dóomu-taal ak ay maraakis yu weex. Tengaade bi mu teg ci boppam it, du lu ma war a jaaxal. Kuy faral di dem ci dëkki kow yu daw yi, dinga fay gis beykat yi teg tengaade ci seen kow bopp, ngir mu aar leen ci naaj wi.

« Céy, man ! Ci lan laa duggati ? »

Góor gi gëddaat ma :

- Nee naa la dangay nar, Ngiraan. Doo ma tontu ?

- Fi mu ne kay, balu àq moo ma dese.

- Aajoowu ko. Léegi nag, waxal lu la fi indi, ci dëgg-dëgg. Yëf yi du caaxaan.

Ma gën a tiit.

Yëf yi du caaxaan... Xawma lan, waaye loolu moom leer na ma. Mbir mu kéemaane sax ! Wund wa ma tiimoon Ñarelaa daldi dellusi ci sama xel. Ma déggaat ko muy jooy. Góor gaa ngi ma ni jàkk, di xëcc naanoom. Lu ma koy tontu ? Am nay kàddu yu benn Doomu-Aadama sañul a génnee ci gémmiñam.

« Ba àddinay tukki, duma wax góor gii ne jooyi wund yaa ma tax a xéy, sol samay dàll, jubal Mbériŋ-Saaj ngir xam maay kan ak asamaan san laa xàwweekoo tàbbi ci biir dunyaa ju rëb jii. Su ma ko waxee loolu, dina yaakaar ni dama koy foontoo te kon du baax ci man. » Ma ne ko :

- Waaw, góor gi, yow ci sa bopp, yaay kan? Mu xool ma ba seppali ma, sog ne:

- Ngiraan, fii wund du fi naane ñeex. Fii ci Mbériŋ-Saaj de, ku masul a gis Maam Ngóor it xam nga jëf ju bon ji mu fi def.

Foofu nag, li may ragal góor gi yépp, xaw naa ñéññ :

- Man de waa ju baax, sa tur rekk laa la laaj. Gisuma lu waral ngay xas samay way-jur.

Mu xoolaat ma ba yàgg, ne ma :

- Maam Ngóor laa wax, moo fi yéesoon.

- Aa ?

- Maa wax loolu. Fii ci Mbériŋ-Saaj, ñépp xam nañu mbonam. Liir yiy soog a juddu sax, su ñu déggee turu Maam Ngóor seen fit rëcc.

Keroog jooju laa waaru ci Yàlla ! Maa ngi naan ci sama xel :

« Li Maam Ngóor def waa Mbériŋ-Saaj de, war naa réy xanaa ! »

Xamatuma lu ma yëf yiy niru.

Ma ni ko :

- Timis soreetul, te ëllëg rekk laa fiy amaat oto bu ma delloo Ndakaaru. Fàww ma fanaan Mbériŋ-Saaj.

Góor gi mel ni ku ma déggul, daldi may laajaat :

- Nga ne lu deeti say tànk sax, Ngiraan ?

Ma takk sama fit, fas yéenee janook moom, wax ko nag dëgg. Mas naa waxtaan bés ak benn boroom xam-xam. Nu dem ba ci biir wax ji, mu ni ma :

- Doom, gor bu sësee dafa war a fàttaliku la mag ña daan wax. Laaj ma wax jooju jan la, doom, ma wax la ko.

- Laaj naa la ko.

- Wolof Njaay dafa ne : Ndënd mu ñu tëgge sémmiñ : neex benn yoon, naqadi benn yoon. Loolu lii la tekki, Badu : gor dëgg, su ñu ko naree toroxal, day nangoo jaay bakkanam, lu ko ciy fekk fekk ko ci.

- Dara indiwu ma fi lu dul bëgg a xam kan mooy Ngiraan Fay ak fan la xeetam soqeekoo.Ni ma tontoo xaw a jaaxal góor gi. Mu gañ̃ñ, gën maa xoolaat, ne ma :- Ngiraan Fay man ?

- Xanaa Ngiraan Fay mii taxaw, janook yow. Fan yale ñu génn, toog naa sama kër ca Ñarelaa, benn wund ñëw tiim ma, jooy ay yoon i yoon.

Booba ba léegi amuma jàmm. Fàww ma xam maay kan ak fan laa cosaanoo. Nit ku xamul loolu, yaak xobu garab wi ngelaw liy ëf, muy wëndéelu ci jaww ji yéen a yem. Góor gi ne ma jàkk, sama xel dellu ca wundu Ñarelaa wa. Mu wiccax boppam ba yàgg, joxoñ ma benn kàdd :

- Séen nga kàdd gale, de ?

- Kàdd gi mel ni lu tafu ci jant bi ?

- Waaw. Ñu ngay tàggatoo ñoom ñaar.

- Tàggatoo ? Ñan ay tàggatoo ?

- Kàdd geek jant bi.

- Firil ma wax jooju, góor gi.

- Taxu koo am solo. Seen waxtu tëree jot doŋŋ.

- Nga baal ma de, góor gi, waaye...

Foofu, xol bi bonaat, mu ni ma :

- Sa yoon da cee nekkam ? Léegi, laggal. Soo demee ba tollook kàdd googu, jàddal sa càmmooñ. Soo doxaatee tuuti, dinga gis sëgi Mbériŋ-Saaj yi.

Dem naa ba naan ko :

- Waa Mbériŋ-Saaj ñoo mën gan ! Waaye mii xel ne ma xuloo xeju fi te it wax dëgg Yàlla man lañu jekku woon.

Aa !

Man mi yaakaaroon ne bés bu ma agsee Mbériŋ-Saaj, teeru bu mag laa fiy am, samay mbokk fàqee fu ne daw wutsi ma, ñépp di ma sargal, maak ñoom ñuy yuuxoo, di jooy ndax mbégte ak nammeel gu metti, foo tollu dégg ku naan :

- Ndeysaan, kii mooy Ngiraan Fay, sëtu Maam Ngóor mu baax ma.

Ku nekk bëgg maa ganale, ñu may xëccoo, di ma berndeel... Ma mujjee toog Mbériŋ-Saaj ay weer ndax saa yu ma bëggee dellu Ñarelaa ñu ne ma mukk du ci dal, ku nekk di ma nettali jaloorey Maam Ngóor, naan ma :

- Ku amoon diine la, bi muy sàncsi Mbériŋ-Saaj gii de, ceddo yee fi ëppoon, ëpp fi doole, waaye...

- Ceddo yi kay ! Li Yàlla xam doy na ! Su ñu naanaan seeni këlli sëng ba seen yaram tàng, dañu daan fekk Maam Ngóor fi mu toog di jàngal gone yi, ñu koy wéq, di ko saaga, di saw ci kow bopp bi !

- Ana mu tey ? Dëgg rekk mooy dëgg ! Tey de, kenn dootul bàkkoo sama maam ceddo la woon !

- Du Sëriñ Mbay Jaxate woy na ko ?

Ña daa weranteek a boccantey gobar di xuloo Di naan ak ay màndi moo ñooñee ku xam ana ñu ? Moy Yàlla moo bon ku koy def ag mujjam du rafet Mbooleem ñi daa def lu bon kenn xamul ana ñu ?

Ñu doon i buur ak i baadooloo ngi bokk ne mes Ci suuf si, gaa ya réyoon ak gaa ya sew ana ñu ?

- Maam Ngóor ! Kooku boroom xam-xam dëgg la woon !

- Naqadi woon na deret, gaa, waaye dara waralu ko woon lu dul njub gu ëpp. Waay, Badu, maa bëggoon a dégg kàddu yu neexe noonu ci Maam Ngóor !

Kàddu yooyu soppi kon nañu ma ba fàww, ma dellu Ñarelaa, nekk keneen. Ngiraan Fay, sëtu Maam Ngóor, boroom Mbériŋ-Saaj. Ku sànc dëkk de, deseelatoo kenn dara, te Maam Ngóor moo def lu réy loolu. Su deme woon noonu, sama xol du diis ba duma ko àttan.

Kon damay toog ci buntu kër gi, waa Ñarelaa di ma romb di ma nuyu, yaakaar ne maay Ngiraan Fay ma ñu xamoon. Ma xam li ma xam rekk, ne patt.

*

* *

Dinaa la fi waccal tamit Téereb Wis.

Ci laay xej-xejal kàddu yi ma xamul fu ma leen di def. Loolu du dara lu dul pexeb nettalikat. Dina tax sunu jokkoo maak yow gën a yomb. Cere dees koy laalo,

du ? Ëllëg-ak-sibir, dinga uuf say doom, ngeen di seetaan nataal yi nekk ci Téereb Wis. Nga naan leen :

- Nataal yii, seen Maam Ngiraan Fay a leen jëloon. Booba, kenn ci yéen juddoogul. Ñarelaa ngi nii, mooy nataal bu mag bii. Fii laa juddoo, man seen baay Badu Taal. Gis ngeen ni gox bi meloon bu jëkk ?

Mbaa :

- Boroom lonet yii janook mbooloo miy wax, mooy Séex Anta Jóob. Xool-leen ko bu baax. Dafa mitiŋsi woon Ñarelaa. Boroom xam-xam dëgg a ngi nii !

Ci Téereb Wis, seen Maam Ngiraan bind na ci moom ay kàddu yu am solo te daw yaram. Nee na nit ku lewetoon la te woyof. Masul a def dara muy dara waaye kenn feesul woon ay bëtam. Loolooy Téereb Wis, Badu. Sànnil naa la ci it ay kàddu ci Ñarelaa. Nun ñi fi dëkk ay baadoolo lanu. Danoo sonn ba nirootunu nit. Nu ngi dankalikoo ci ay ruq yu xat te lëndëm, dëkke tés-tési. Ñarelaa wutewul ak toolu xare. Ku nekk ci nun a ngi jéem a doxe sa moroom ginnaaw.

Soo ko jekkoo gal-gal ko mu daanu mbaa sax lee-lee nga jam ko paaka, butit yiy watatu. Ak lu ma mën a wax, man mii ci baadooloy Ñarelaa yi laa bokk. Du nag lu ma gënal. Ku ma romb ci sama buntu kër gii, mën nga ma ne :

- Ngiraan Fay, doo nitu dara, ndax yaa ngi nii toog Ñarelaa, kaña yeek xaj yu médd yi wër la, newwi, nëb, xasaw xunn, weñ yiy biiw di muucu seen dëtt, di naan seen deret. Moo ma taxoon a dawe bés Ñarelaa, fàq wuti Mbériŋ-Saaj ca Siin ngir raasaatu fa ci wàllu ngor ak ndam lu ma nawe sama bopp. Su ko defee, képp ku ma jéem a suufeel, ma xamal la maay kan :

- Dëgg la amuma alal, man Ngiraan Fay. Waaye kenn du ma yab ! Maam Ngóor mi jur sama baay, moo sànc Mbériŋ-Saaj, ca Siin, ji fa mbaax, wone fa fit ak jom ju mat sëkk. Dama ne, Badu, ndegam dara desul lu dul xaar ndogalu Yàlla, su doon sama sago ma am fu ma langaamu, nawe ko sama bopp. Li may janeer di ay caru garab, ma ciy njoowaanu,

péex mu neex di ma upp. Saa yu ma gëmmee, fàtte Ñarelaa, daldi gis Maam Ngóor mu sol mbubb mu weex tàll, di dox moom kenn ci joor gi. Rabu àll yépp di jébbalu ci moom, guy gu mu romb nga yéene ko sa keppaar, gunge ko ba mu àgg fa mu jëm . Maam Ngóor moom di wéy rekk, di tudd turu Yàlla, du geestu, du siggi benn yoon xool li ko wër.Jàppal lii, Badu : nit, su xamulee fan la fekk baax dëgg, dundam neen na. Li may xalaat loolu yépp, góor gaa ngi taxaw, jàkkaarlook man, ne ma jàkk. Ma ne ci sama xel : « Monte góor gi kaful, dafa ma nar a seetaan ma fanaan ci biti, muy làyyi ci sama kow ba bët set. » Ma ne ko :

- Waaw, fii fépp amul sax néeg bu ñu ma fi mën a abal ba ëllëg ?

- Déedéet.

- Ba léegi nag, nu may def ?

- Ngiraan, teg nga say tànk ci dëkk bi te dara fekku la ci. Tee ngaa dellu Ñarelaa ! Lu mu guddi-guddi, moo gën ci yow. √

Xawma fan, waaye Mbériŋ-Saaj gii moom, soo fi fanaanee du la jig.

- Ba noonu daal, góor gi ?

- Yaa ngoog, yoonu sëg yaa ngoog. Soo siyaaree ba noppi, jaare fa ñibbi.

- Aa ?

- Man de noppi naa ci wax ji, Ngiraan. Xam nga, Badu, nit su goree te jaambure, du gaaw a torox. Bu demee ba sës, Yàlla dafa koy dooleel. Ma yëg ci sama yaram ne man, Ngiraan Fay, doomu Dibókóor Fay ak Xemes Seen, ak lu ma ci mën a fekk, warumaa may waa Mbériŋ-Saaj lu ñu may reetaane. Ba ma wonee góor gi ginnaaw, jëm sëg ya, maa ngi yëg ni ma bëtam yiy toppe, di ma jamat ci doq ni ay puso yu ñu tàngal ba ñu sãs.

*

* *

Bët, ci jëmmu Doomu-Aadama lay sax. Waaye xelu nit itam dinay faral di am i bët.

Soo bëggee xam naka la armeeli Mbériŋ-Saaj yi mel, gëmmal. Béréb, su nit xamul fu mu féete, te mu wóor ko ne dina dund ba dee te du fa xand, bëti xelam a ko fay yóbbu. Gëmm ngaam, Badu Taal ?

Yaa ngi séen ay kàdd yu dóomu-taal, yegg ca kow te wow koŋŋ. Ñu ngi tiim ay jali suuf yu ndaw. Maa ngi wër ak a wëraat ci sëgi Mbériŋ-Saaj yi, bàmmeel bu ne ma taxaw ca, yaakaar ne fa la Maam Ngóor tëdd. Sëg yaa ngi ne selaw, xanaa leeg-leeg rekk ma dégg picc yiy woy, di dem ak a dikk ci seeni tàgg.

Noonu laa ko jàppee lu mat ñetti waxtu. Ba ma fa jógee, fas yéenee tegu ci yoon wi - waaye wax dëgg Yàlla xawma sax yoon wan laa war a tegu - fekk na jant bi so bu yàgg. Naka laa won sëg yi ginnaaw, daldi séen këri Mbériŋ-Saaj yi ñuy tàkk, mu mel ni sama digganteek dëkk bi dafa gënatee xëcc. Béréb baa ngi lëndëm këruus, wéet ba nga ne lii lu mu doon. Fu ma walbatiku, lëndëm gi téj samay bët,

fatt sama bakkan. Waaye demuma sax bay tiit.Dina ñuy wax ne :

- Ku la yéene xiif, saa yoo ko rombee géexal.Noonu doŋŋ la mbir mi deme. Keroog laa xaare waa Mbériŋ-Saaj ! Nit dina tollu fu mu dootul xàmmee boppam. Moo tax boolewuma ci wax. Dama làmbaatu ba daj benn xeer wu réy, ma wéeru ca. Ni ma tooge, mii xel ne ma góor kat, su bañee ñu bett ko, day fagaru. Ma daldi jóg, for ay doj, jóor leen ci sama kanam ba noppi gànnaayoo benn yatu kel wu dëgër.

« Tey jii de, waxuma bukki mbaa till waaye gaynde sax su ma songee dinaa ko defanteek moom ba ba mu may rey, ŋànk sama néew yóbbul njabootam ».

Fi ma toog, jàkkaarlook dëkk bi, maa ngi gis ni ko lëndëm giy muure ndànk-ndànk. Làmp bu fay beneen tegu ci. Mu jàppe ko noonu ba Mbériŋ-Saaj réer ma. Bi ñu demee ba benn këru Mbériŋ-Saaj tàkkatul

ma dégg ay tànk yuy yoot ci ñax mi. Fi ma deme ba naan :

- Kooku ? Am ku ne :

- Man a. Bul tiit.

- Yow a kan ?

- Doo ma ne kañ xàmmee woo sama baat, Ngiraan... Dafa tudd sama tur rekk, sama xel ni yarr ci góor ga ma teeru woon ci bëccëg. Toogagul sax daldi ma ne :

- Naka mu, Ngiraan ? Li doyoon waar, Badu, lii la : baatu góor gi du woon baatu kuy wut ay, dara luy nirook ñàkk teggin raxul woon ciy kàddoom. Mu mel ni daal ku teeru gan sa kër, jox ko mu reer ba suur, nga di ko àttaayaal, ngeen di waxtaan ni ay xarit yu gëj a gise, ku ci nekk nammoon lool sa moroom. Walla boog dafa ma doon kókkali ?

Ma ne ko :

- Xanaa du yaa ma dàq sànq Mbériŋ-Saaj ni xaj ?

- Baal noonu yow it, Ngiraan. Loolu amul solo. Ma gën a mer nag, déjuwaat bu baax, ni ko :

- Góor gi, noo tudd ?

- Tee ngaa bañ a mer, doom ? Man maay...

(Foofu, wax na ma turam. Su ma ko fàttalikoo feek ëllëg, dinaa la ko yokkal ci Téereb Lëndëmtu bii may bind).

- Léegi xam naa sa tur waaye am na lu des.

- Loolu lu mu, Ngiraan ?

- Doo fi jóge tey te waxoo ma wure wi nga may wureloo nu mu tudd !

- Mbaa du sa xel dafa la jay ba nga may sóoru ? Bumu ñaar ! Foofu, Badu, gis naa ni góor gi caaxaanatul. Li muy wax yépp, loxo ndeyjoor baa ngi doxantu ci wetu geño gi. Mu wóor ma ni gànnaay la fa ñóox. Ma xam ne yoonu jàmm sorewul, ma ne ko :

- Man kay sañuma laa sóoru, góor gi, nde tuutee tee nga mat ba baay. Su dee dama la tooñ, baal ma àq.

- Moo gën ci yow. Léegi nag, wuyu ma : naka mu, Ngiraan ?

- Wër naa sëg yi lu mat ñetti waxtu, gisuma fenn bàmmeelu Maam Ngóor. Ñëw bi ma ñëw Mbériŋ-Saaj de, amaluma benn njariñ. Ëllëg ma ñibbi Ñarelaa.

- Bul waxe noonu, Ngiraan. Dinga am loo jële Mbériŋ-Saaj, ndax sa yóbbal laa la yótsi. Mbériŋ-Saaj a ma yebal ci yow.

Wax jooju jaaxal ma lool.

Ma ne bëret, ni ko :

- Yóbbalu waa Mbériŋ-Saaj ?

- Waaw.

Mu muuñ, mel ni ku may kekkantoo. Sama xol jógMa ne ci sama xel :

« Su yaboo góor gii gor ma jaasi, daggat sama yaram sànni, till yeek baaxoñ yi di ma jiiroo, waaye duma ko seetaan mu may fowe nii ba bët-set ».

- Daw naa ay lu ma mën, góor gi, waaye nag yabeel gaa ngi bëgg ëpp.

Góor gi muuñaat, ne ma :

- Yaa yey jaaxle, Ngiraan. Yóbbal bi ma lay wax de, ay kàddu doŋŋ la.

- Ay kàddu ?

- Waaw. Du siddéem, du gerte-kemb, du kóoni, du new, du leneen. Du lu diis looy yéenu ci naaj wi, di ko dugal ci oto, jëm ak moom Ñarelaa.

- Dëgg la. Waaye am na lees waxul de, góor gi.

- Ma ni : ay kàddu laa la yótsi. Du looy yenu.

- Ba tey waxoo wax ji de.

- Waaw. Du kàdduy neen, ndax mën nañu laa diisal sa giirug dund.

Ma neeti ci sama xel :

« Waa Mbériŋ-Saaj yii de, kenn gënu leen a doy waar ».

Ba may reetaan man ci sama bopp, teyuma ko. Badu, li ngay jàngsi bu ci kanamee, mooy la ma góor ga wax guddi googu. Yokkuma ci dara, wàññiwuma ci dara. Guddig àjjuma la woon.

Tàbbal na ci samay nopp ay baat yu lëndëm te kéemaane. Ni ma leen jote laa la leen di jottalee.

Déglul ma boog góor gi ma fàtte turam, fàtte santam...

« Nit ku nekk, Ngiraan, am na nooy gise sa bopp.

Waaye sa melokaanu kanam dëgg, noo def ñeneen ñee la koy gën a xam. Ñaata yoon ngay seetu ci ayu-bés bu nekk ? Néew na lool. Saa yoo janook sa seetu, nit ki ngay gis ci biir, maanaam yow ci sa bopp, kersa mën naa tee nga xool ko lu yàgg. Ku xelam neexul rekk moo àttan a taxaw ay waxtu di seetoo ka seetuwaat. Waaye su fa dof boobu fanaanee it, du ko amal njariñ. Ma ni : sunuy dëkkandoo ñuy gën a xam naka lanu bindoo.

Lu waral loolu, Ngiraan ? Foo fekk Doomu-Aadama, ñett yii ma lay limsil ñooy yatt kanam gi : mer mbaa tiis mbaa mbégte. Ñett yooyu, bu ci nekk dafa nuy faral di doxe ginnaaw. Te it, bu ci nekk ba muy ñëw ak ba muy dem benn lay doon. Mënoo saa yoo reetaanee mbaa nga mer, daldi këf sa seetu ngir gis ci naka la sa kanam soppikoo. Xel nanguwul loolu.

Benn seetu rekk a wóor. Laaj ma ban la, Ngiraan Fay, ma wax la ko.

- Laaj naa la ko, góor gi.

Seetu boobu mooy bëti nit ñi ngay dajeel ci mbedd mi.

Nun ñépp, ci suba ba ci ngoon, nu ngi dem ak a dikk ci biir bëti ñi nuy digaaleel. Koo ci ne jàkk, ak lu ngeen wute wute dina la wan yoon wi lay yóbbu ba ci sa bopp, nga gën a xam yaay kan.

Yaay man. Maay yow. Te Ngiraan, li wokk nit ki, mooy xosi askan wi.

Bés a ngi ci bés yi, buy indil Doomi-Aadama yi njàqare. Askan wi day yeewu bés, dootul xàmmee boppam.

Ne :

- Li woon, wonni na. Yoon wa maam xàlloon démb, seey na ci biir géeju fen ak tappale. Kan moo fi jaar ba soppinu nii ? Su askan wi joowee ba ci diggu dex gi, bu sëppoo, seetu, keneen lay gis.

Askan wi ne :

- Kii ma janool de, du man.Wax jooju di dëgg gu wér péŋŋ. Ay doxandéem jot nañu fee jaar, walbati xel yépp.

Am ci askan wi ay jàmbaar yu fippu, ne :

- Lu tax nu nangoo wànteer sunu ruu ? Li nu ko wecceel jar na ko, mbaa ? Fippukat yooyu nag, askan wi dafa leen di jàppe ni ay dof, lu nekk mu leen koy yakk:

- Bu leen nu sonal, waay ! Deret sax su tilimee dees koy fete !

Fippukat yi waaru, taf seen gémmiñ :

- Aa ! Wax jooju ëppul, ngeen yaakaar ?

- Lan la maam doon sàggan ba ay doxandéem ñëw di ko daan, di ko toroxal? Déglu ma, Ngiraan : bu lu ñaaw looluy am, day fekk xobu garab gi wow koŋŋ. Ay fan ci ginnaaw rekk, ngelaw li upp na ko lu yàgg a yàgg. Muy njoowaanu, di raay asamaan si, di noyyi, féex ba, tubaarfakàlla. Lee-lee taw bi dal ndànk ci kowam, raxas ko ba mu set wecc, dënnu yiy yàkkali dënnam, melax yi di ko may seen leeraay ci xol bu sedd guy. Ay tóor-tóor wër ko ne ràyy, xeeñ bann, di samandaay junniy-junni lëppa-lëpp yu ci benn niroowul ak moroom ma, taaru ba nga ne li lu mu doon. Ramatu yaa ngi koy ñoromtaan. Muy reetaan, naan leen :

- Aa, yéen a mën a tooñ, sama gaa yu baax yi ! Man daal ngeen def seen doomu-bàjjan !

Àddinay dox ba garab gii wow, xob wa màggat, rasu. Bën-bën feeñ, siddit yi rocciku, yaram wi ràgg, ñu as li des ci meen mi, tuur. Bés bu ne benn bëñam rot.

Xobu garab gi dootul saf kenn ba bés ba muy daanu, di xalangu ci suuf si, tànk bu fa jëkk a jaar dëggaate ko, mu daldi soppiku pënd ci saa si. Nun waa Mbériŋ-Saaj de, li nu mas a xam mooy teral gan, yaatal ko. Moo tax jamono ja nga xam ne lu waay am fit ak doolee la ko may te ku jekku sa moroom bojj ko paaka, képp ku mosaan a daw, ñëw làqusi Mbériŋ-Saaj, raw nga.Yow nag, Ngiraan, wund wa nga gis Ñarelaa mu tiim la, ne la jàkk, Mbériŋ-Saaj gii la jóge. Noo ko yebal Ñarelaa. Xamal loolu bés niki tey.

Léegi, déglul bu baax li ma lay waxsi ci mbirum Maam Ngóor. Su fi Maam Ngóor cosaanoo woon sax, ñu ni waaw. Waaye dëkk bu ñu naan Njooreen la fekkoon baax. Ba mu demee ba bëgg a jommal waa Njooreen, waxi dof yu nekk mu koy génne ci gémmiñam gi, ñooña dañu ko ne mu abal leen.

Njooreen sax mujje nañoo toqi ba topp ci tànkiy Maam Ngóor. La taxoon ñu dàq ko nag, sunu yoon newu ci.

Nun Mbériŋ-Saaj, fa nu newoon démb ak bërki-démb lanu nekk ba tey. Xobu garab way wow, ab doxandéem dëggaate ko, mu dee, pënde, xobu garab woowu du sunu bos. Fii, Mbériŋ-Saaj, su xobu garab xàwweekoo ci kow, daanu ci suuf, joor gee koy ëmb, di ko aar, di ko tette, ba nawet fekkaat ko fi, may ko ndox mu naan, mu yeewu, fuddu, gënatee dëgër. Taw bee koy nàmpal ba mu mandi, daldi doonaat garab gu bees, sëq ba tubaarfakàlla, keppaar geek doom yi ni gàññ, mu daldi ne bérét, taxaw ne asamaan si maa ngoog ! Maam Ngóor a daloon xel ! Jóge fu kenn xamul, nu yaatal la, may la jabar, loo joxoñ nu dagg ne la fabal yaay boroom, amoo looy def lu dul sunu mbaax nax la, nga beew, ne ñii ay ngaaka lañu, dinaa naan seen yóor !

Maam Ngóor dem na ba ne :

- Bàyyileen su ma waxee ngeen naan lii sunu aada la. Su ko fi maam bàyyee nag ? Xanaa moom daawul juum ?

Nu tontu ko tontu bu leer :

- Maam kay masul a juum ! Lépp lu mu nu mas a wax, gis nanu ko. Dunu ko wecceek keneen de, ak ku mu mën a doon nag. Maam Ngóor mer, ne nun dunuy nit, ay ràbi àll lanu. Déggal ma loolu rekk !

Keroog jooju, wax na lu ëpp. Ba sunu jonn-Yàlla-tey, kàddu Maam Ngóor yaa ngi riir ci péncum Mbériŋ-Saaj gii.

Dafa ni :

- Tey jii ci guddi, dinaa leen won lu leen yéem. Ku mu doyul firnde ci li may wax, dara dootu la doy ! Da doon coow rekk ! Wonu nu dara ba dara booloo jeex ! Am na daal ay waxi dof yu mu wax ci ni àddina si bindoo. Sama baay, man mii di wax ak yow, moo ca ni tonet, ni ko :

- Maam Ngóor ! Waay Maam Ngóor, tee ngaa yem fi nu la yemloo. Li biddéew yiy sakkan sakkan yépp, xam nanu ñaata lañu te mën nanu la wax it bu ci nekk fan lay xéye ci njël ak fan lay fanaani su jant bi sowee.

Waay Maam Ngóor, tee ngaa yem fi nu la yemloo ! Bi Maam Ngóor déggee loolu, dafa mel ni ku fit wi rëcc, mu daldi taf gémmiñ gi, yuuxu :

- Yéen waa Mbériŋ-Saaj, luy seen yoon ci biddéew yi ci kow asamaan si ba ngeen leen di wañ̃ñi ? Du lii lañuy waxati ? Xaw ma kuy seen Maam, waaye sànk na leen.Waa Mbériŋ-Saaj ne ko :

- Maam Ngóor ! Li nga wax réy na di ! Sunu Maam nag moo la dese ? Mu ne jàkk waa Mbériŋ-Saaj, ni leen :

- Bàyyileen kooku ! Su ngeen ko bawul, dina leen sànk tey, sànk leen ëllëg ! Li mu leen wax yépp, dara du ci dëgg ! Fi seen Maam ne fa la weer wi dëkk, dëkku fa. Xamul itam fu jant bi féete.

Nu laaj Maam Ngóor :

- Ci nan ?

- Seen Maam xamul tus laa wax !

- Wax nu boog, yow mi xam ! Nun ñépp nu wër ko di ko déglu, di xoolante.

Maam Ngóor di ratatati, lee-lee mu làkk nu làkk wu nu masul a dégg, gémmiñ giy fuur, muy say, bët yi weex tàll. Magi Mbériŋ-Saaj yi gise, ne :

- Kii kat yaram wi neexul, ku ko mere tooñ ko. Nan ko jéem a faj rekk, moo nu war.Maam Ngóor ne du ci dal. Nu ni ko :

- Amaana yoon wi nga nuy won sax, bëgg nu fekk la ci, mooy yoon wu baaxwi.

Waaye dafa fekk rekk ne nun xamunu loolu. Rax-ci-dolli, yëf yi jarul weranteek ŋaayoo, ndax askan wu ne xam na li gën ci moom. Xanaa kay bu dee danga fi nar a sanc, nanu fexe ba ku nekk sax ci li mu gëm, kenn bañ a tooñ sa moroom. Maam Ngóor ne :

- Baax na, kon boog dinaa dem ba ci peggu dëkk bi, ma sanc fa Ay ati at mu jàpp njaamburam. Nu yaakaar ne xelam a ko yedd. Ndekete mu nga doon yoot, di fexe nu mu nu jekkoo. Bés nu gis ko mu maasale suuf si ci kanamam, baaraam biy yéeg di wàcc, muy rëdd ak a rëddaat.

Ndekete li nu nekk ci sunuy soxla àddina yépp, Maam Ngóor a nga doon naan yóori goney Mbériŋ-Saaj. Ba mu demee ba wóolu dooleem, mu jàkkarlook nun, ne nu :

- Yéen waa Mbériŋ-Saaj, mu neex leen, mu naqadi leen, dingeen dox ci sama waaw ! Ngiraan Fay, sa Maam Biraan Fay moo nu féewale, tas kër yu mag yi, ba faf toog ci jal bi. Nguuru Maam Ngóor a metti woon ! Ay nitam di dóor di dog, ñu dem ba mu mel ni góor desatul Mbériŋ-Saaj. Ci lañu jigéeni dëkk bi xaaree, ni :

- Ndegam Maam Ngóor rekk moo fiy góor, dinanu ko fental woy. Woy woowu nag, law na ba tey jii. Jigéeni Mbériŋ-Saaj yi dañu doon mel ni ñuy tagg Maam Ngóor, di ko kañ, fekk ñu ngi koy ŋàññ ci suuf. Maam Ngóor a nu sonaloon ! Ay ati-at, kenn sañul a sëqat. Daawul rendiy noonam yem ca. Da daan dajale waa Mbériŋ-Saaj ci pénc mi, jaaxaan ci njoowaanam, jeeg ji di ko upp, di bës tànk yi.

Mu jékki-jékki ne :

- Waaw, ana diw sax ?

Kooku di lox xaat, xam ne bésam ñëw na.Maam Ngóor joxoñ ko baaraam, dellu ne :

- Diw mii de, dafa maa bëgg a të. Am na yu ma dégg ne moo ko wax ci ni Doomu-Adama bindoo ak li waral ndoxu géej gi saf xorom.

Ngóor siy yikkat ni gone, di saw tubéyam, mbooloo miy xàqataay, di ko ñaawal, di ko tëfli, di ko saaga. Mu giñ :

- Buur, sama noon yee may sosal rekk, waaye xam nga ne moos sañumaa weddi li nga wax ci cafko ndoxum géej gi ! Dañu maa bëgg a sànk rekk !

Maam Ngóor reetaan :

- Yow sax, dégguma ni am na yooy jëfandikoo ?

Waa ji sëgg, ne patt. Maam Ngóor ne :

- Léegi nag, laaj naa leen nu ngeen gise mbir mi, yéen waa Mbériŋ-Saaj.

Su doon sama sago, ma jéggal ngóor sii, waaye yéen a war a dogal ndax yéen laa fi toogal. Ñépp yuuxoondoo :

- Kii kay Buur, li mu def dafa jéggi dayo, rendi koo la war !

- Naankatu sàngara bu bon bi !

- Na dee !

- Na dee !

Su ko defee, ay sàmbaa-bóoy jóge fale, dóor waa ji ba mu sedd ci seeni loxo, ñu jagat-jagatee, yót rabu àll yi ñu def seen mënin. Waaye lu dul dëgg du yàgg, Ngiraan. Ay gor fippu, daldi song Maam Ngóor ak i nitam. Xare bi metti lool. Nu mujje jekku Maam Ngóor, mu gàdduy kaakeem, mook i gawaram ku nekk war fas wu weex, ñu wër dëkk bi juróom-ñaari yoon, di làkk seen làkk woowu, seen fas yiy ŋexal ba foo tollu di leen dégg. Ba dara desul lu dul génn Mbériŋ-Saaj, Maam Ngóor daldi nuy móolu. Waaye nun Mbériŋ-Saaj, defante lanu mën ba mu jeex ! Kenn du nu jam naani !

Maam Ngóor dafa nu móolu, nu móolu ko. Nun, sunu maam bu daan xareji, segg la daan war ! Waaw, bu sànneekuwaan ci jaww ji, ngelawam kese daan na rotal ay junniy-junni biddéew, jën yi ci biir géej tiit, daw wuti fu ñu làqu. Kon kay nga xam ne du ŋexalub naaru-góor doŋŋ mooy yóbbu sunu fit, nun waa Mbériŋ-Saaj ! Bi nu Maam Ngóor naree jaaxal, ba nu jógal ko, saf na sàpp ci moom.

Dellusi na benn guddig àjjuma ne day taal dëkk bi. Waaye nu ngi ko doon xaar. Mbériŋ-Saaj ñàkkul faayda ba ñu koy bett ñaari yoon ! Ay gawar yu bare la Maam Ngóor àndaloon, waaye ñett a ca mucc, moom ak yeneen ñaari nitam. Ma ni : ñu ëpp Maam Ngóor kàttan, ëpp ko màqaama, dal nañu ci sunu kow, waat ñoom it ne fàww nu teqale nook Maam. Bu teyee ñu jóge penku, bu ëllëgee ñu bawoo sowu jant.

Kenn ci ñoom nag bokku ceek sa moroom làkk, te Mbériŋ-Saaj mënu cee wax ak kenn ba mu tontu la.

Dofunu de, Ngiraan, nu ngi teg sunuy bët ci li xew, nu ngi gis ni àddina siy doxe, waaye taxul nu saalit bay pasar-pasaree li nu Maam dénk. Waxuma feneen de, Mbériŋ-Saaj laay wax ! Yow nag, xeer wii ngaa wéeru di ma déglu, làyyi biy dugg ci sa biiri yax, lu mu metti metti, mooy sa jàmmu yaram, nde soo juumoon ba jéggiwaat buntu Mbériŋ-Saaj, leneen lañuy wax.

Ngiraan Fay, ni nu la dàqe tey Mbériŋ-Saaj, noonu lanu fi dàqe Maam Ngóor, boobaak léegi mat na xarnook genn-wàll. Sa dégg-dégg a des rekk, nde ba ma la nee sànq kenn masu fee siyaaresi Maam Ngóor nga waroon a xam ne bàmmeelam newu fi.

Fanaanal jàmm, Ngiraan. Tey dinga mucc ndax noo la soxla, fiir la, nga wuysinu. Waaye muy yow di keneen, ginnaaw-si-tey, mbokku Maam Ngóor bu juum ba teg tànkam Mbériŋ-Saaj, dinanu ko def lu ñaaw ».

TÉEREB DÓOM

II

Léegi yaa ci des, Badu. Xamal ne Mbériŋ-Saaj du sa jëmu. Gis naa it ni Téereb Lëndëmtu ubee sa bopp. Bi nga ko jàngee ba noppi, téye nga ko lu yàgg, sog ma ni :

- Ngiraan, juum nga, de.

Ma yëngu ndànk fi ma tëdd ci sama biir bàmmeel, daldi la ni :

- Ci naka, Badu ?

Nga xàmmee sama baat, fu ne nga geestu fa, gisoo ma. Ma ne la :

- Maa ngi nii toog ci sa wet, Badu. Mënoo maa gis waaye duma la sore mukk. Ci nga ma door a tontu :

- Soo jàppee ne tukki bi nga tukki Mbériŋ-Saaj amul njariñ, juum nga.

- Lu tax nga wax loolu, Badu ?

- Guddi ga nga fanaan Mbériŋ-Saaj, am na solo lool.

- Ba léegi wax ji leerul ci sama bopp !

- Ngiraan, bàyyil dof-doflu !

Tëdd laaxira bumu tax nga mel ni ku xamul li géej giy riir. Lépp loo xam ci yow ak ci say way-jur, guddi googu nga ko jàng. Say kàddu jaaxal ma lool. Ma xalaat ci ba yàgg, ma laaj la lu wax jooju tekki. Nga ne ma :

- Du nee nga Maam Ngóor, dëkk na Mbériŋ-Saaj ay ati-at ?

- Looloo am, Badu.

- Tëngéej ga ñu ko denc, soo fa demee doo fa jële dara, ndax say mbokk dinañu la nëbb yu bare ci Maam Ngóor. Yaa fi gën a bëgg a wax ay waxi seetu, Ngiraan. Xéye nga Ñarelaa, sol say dàll, tegu ci yoonu Mbériŋ-Saaj. Ñaari fan yooyu, jot ngaa niitu ci seetu yu bare.

Nangu naa ne yey nga ma, Badu Taal ! Sa wax jooju du deñ te am naa ci mbégte. Waaye nag, bul yaakaar ne coono wàcc na la. Lànkoon nga ne doo tàggu néewu Asan Taal. Waaye xanaa dinga siyaareji Maam Ngóor Tëngéej ? Dem fa, ñaanal ko suuf siñ ko sànge sedd ci kowam.

Su ñu waxantee dëgg, Badu, waa Mbériŋ-saaj lii lañu ma jàngal : ku bëgg xam sa bopp, fàww nga takk sa fit. Lu ruq lëndëm-lëndëm, bu ca ragal a dugg. Soo ko defee, dinga làngi bés ak ki jur maamu Maam Ngóor.

- Aa, Ngiraan, yen bi nga ma yen gën a diis !

- Déggoo wax ji, Badu ! Yen bi taxu koo diis. Maam Ngóor mi nu jur nun ñépp, amaana ki ko jur juddoogul. Ñàkkul sax ne yow mii, Badu, bés dina ñëw nga juri Maam Ngóor, ni sa ndey Biige Sàmb sukkee bés jur la.

*

* *

May ma tuuti ma dellu ay fan ci ginnaaw, alxames ja ñu jote ci néewu Asan Taal, war koo defar, denci ko armeel ya. Dëgg la, yoon wi ma lay awloo xaw naa dëng. Jàppe ko noonu. Nangul ne yëf yi du kaf. Du caagin dangay reer ba suur këll, di daagu nu mu la neexe ba àgg fa nga jëm.

Jàppe ma ni ab fecckat, man Ngiraan mii ubbiwaat sànq Téereb Dóom, sëgg ciy bind. Maa ngi wëndéelu ci biir géew bi, am ñu may tëggal sabar te duma leen gis. Bu gaa ñi rëkkee, ma tëb ba àgg ca kow asamaan, ñu wàcce ma ndànk, rëkkaat ba yàgg ne tekk. Samay kàddoo leen di awu. Su ma nee tekk ñu jëlaat, daldi rëkk, xaacu. Bii yoon, saañal say nopp te ubbi say bët, Badu. Toppal bu baax yoon wi la sama baaraam di joxoñ. Léegi tisbaar jot. Yaa ngi yëg ni naaj wi tàngeem, Badu ? Wuy, man ! Sama tànk yaa ngi lakk sax! Jàkkay Ñarelaa ji janook bayaalu Xujja-Bajaan. Waa gox baa ngi dem ak a dikk, ñii di raŋale ay siis, ñii di samp ay tànt.Sama xel yépp a ngi ci Mbisin ak Mbisaan. Fu ñu aw, samay bët topp leen.

Lee-lee ma di leen tegtal, yéen gone yi, li ngeen war a def mbaa may jubbanti seen liggéey.

Ngóone Cuun jóge fale ak sooxam bu metti, te naan :

- Mbisaan yow, ana nga ? Kaay fii ! Ana Mbisin ?

Am ku ko tontu :

Ana ñu sax, sunu ñaari doomi tubaab yi ? Ñoom de, ñu ngi fi woon sànq ba tey !

Ngóone Cuun daldi yuuxuwaat :

- Mbisaan ! Mbisin !

Mbisaan génne fu kenn xamul, agsi, ñëw ba ci kanamu Ngóone Cuun, téen, ne ko jàkk ba yàgg mu këdd suuf seek tànku càmmooñam, am lu mu ko yuuxu ci nasaraan. Doomi Yaasin Njaay yee xamadi ! Waaye Ngóone Cuun lañu fiy fekk ! Ngóone Cuun mi nga xam ne moos kaay xeex moo ko gënal kaay ndékki ! Dafa xulli Mbisaan, ni ko :

- Noq naa la, de ! Gat sa ! Damay sa moroom ba nga naan ma keskiyaa ? Reew ba dee ! Ñëwal fii laa wax ! Ana Mbisin ? Mbisin ! Mbisin ! Mbisaan a ngi koy xool, mel ni ku jaaxle. Ba ni tuuti, mu am lu mu waxati.

Ngóone Cuun woo benn gone, laaj ko :

- Mu ne lan ? Gone gi ree, ne ko :

Mbisaan mii kat, waxam daa gaaw, dinaa ko dégg muy wax waaye duma xam lu muy ratatati ! Noonu mu walbatiku, xool Mbisaan, ni ko :

- Répète ce que tu as dit !

- Ma soeur est sourde, ce n'est pas la peine de crier son nom comme ça ! C'est tellement bête, ça ! Ca la gone ga sog a xam li mu bëgg a wax, tekkil ko Ngóone Cuun :

- Nee na Mbisin daa tëx Ngóone woo la, yow Badu :

-Kaay fi, Badu Taal ! Moo, monte gone gi wax na dëgg ! Rakk ji nopp yi neexul ! Yow Badu, demal seetal ma ko, fu mu mënti nekk nga indil ma ko fii, danu am waxtaan. Fi muy daaneele, Mbisin génne fa mu làqu woon. Ma koy xool, sama xel dem fu sore. Céy, Mbisin ak sewaayam ! Juróom-ñetti at doŋŋ la am, waaye yaayam fexe na ba dugal ko ci xeesal.

Soo ko gisee, mu ngi xonq ni naaru-gànnaar. Sa ñaari doomi baay yooyu nag, nit ñaa ngi ɳuɳ-ɳuɳi, naan seen ndey Yaasin Njaay dafa xaw a dese. Fi ma taxaw ak Yilimaan Keeta, gis naa la ngay diisoo ak sa yaay Biige Sàmb. Ma ne ci sama xel : « Àddinaa doy waar ! Ba fi mu ne daal, ñu ngi waaj a denci Asan Taal ! »

Yaa ngi taxaw ak Mbisaan, muy wax ak yow, ngay yëngal sa bopp. Bi Mbisaan noppee, nga fekki Mbisin, mu am lu mu la wax moom it ak ay loxoom. Fi ma toog, ma dégg baatu Ngóone Cuun jib :

- Man de, xawma fu nu jëm ak doomi Asan Taal yii !

Ku góor ki déggul kaay ma rey la ci wolof, ki ci des moom nopp yi neexul, faf !

- Ñarelaa kañ a ngi sog a am gan !

Mu mel ni loolu la nit ñi doon xaar.

Wokkante. Piisante. Ciipatu. Waa Ñarelaa ñoo teel a bañ Yaasin Njaay ak njabootam ! Waaye moom it de, kenn du moom.

Xanaa lii mooy ñu lay tam dëmm ngay soccoo yeelu liir ! Ténju Yaasin Njaay bee ka kéemaane ! Mu ngi téju biir néegam, ne du wax ak kenn. Ca njëlbéen ga, danu defe woon sax ne naqar wu mettee taxoon mu jàpp noonu njaamburam. Waaye man mii jokkook moom bés ba Asan Taal faatoo, gise woon na neneen mbir mi. Yaasin Njaay a ngi muuru, sëgg, ku ñëw di ko jaalesi tam du tax mu siggi xool la. Ku ko nuyu, mu ne la jabb loxo, bala nga ko naan « siggil ndigaale » sax, mune la « siggil sa wàll », ngir won la ne bëggul nga lal waxtaan.

Aa ! Yàgg Tugal doŋŋ jar na gii génn xeet? Ñàkk xam li mu waral bare na, walla ! Ndax nun waa Ñarelaa gii kat, dunu bàyyi kenn mu nuy yab mbaa di nu sewal. Xaste bi ne kurr. Lu nekk ñu koy yakk Yaasin Njaay, te du benn yoon boo dégg nit jaar ci turam:

- Li mu nekke woon Tugal kañ, ñépp xam nañu ko.

- Demunu Gànnaar waaye xam nanu ne guddi lañ fay reer !

- Maa la ko wax !

- Ñaaw ba nga ni lii lu mu doon !

- Moo yey di làq kanamam.

- Soo yëkkatee sa benn loxo ne faalewuma kenn, yëkkatil bi ci des ne kenn faalewu ma.

- Lu ne gis nanu ko Ñarelaa waaye guléet jigéen juy ténj sañ fee def lu ni mel ! Wax jooju moom, ngóor si ñu naan Tamsiir Ba moo ko moom. Nee ñu faru Yaasin Njaay la. Bi ma yëf yi bëggee soof, woo naa Yaasin Njaay, laaj ko lan la digaaleek Tamsiir Ba moomu.

Mu ne ma :

- Tamsiir de, sama doomu-bàjjan la.

- Doomu-bàjjan ba ci lan?

- Dafa may wéttalisi, moo tax mu fiy fanaan lee-lee.Ma ne ko :

- Bu loolu amati. Bumu fi fanaanati.

Yaasin ne ma :

- Loolu ngay wax, Ngiraan ? Xoolal, Ngiraan ! Ma ne : góor gi, xullil fii !

Ma siggi, gis Yaasin Njaay tiim ma, tas séram, joxoñ ma këfinam, xulli bët yi, te naan ma :

- Lii, maa ko moom, lu ma neex laa ciy def, ku ma neex laa koy ràccal ! Bi samay nopp déggee baat yu ñaaw yooyu, samay bët tegu ci lu leen waroon a ump, dama daldi ne këpp daanu, tudd turu Yàlla, yaakaar ni fa laay jaare ñibbi laaxira. Waa Ñarelaa ñoo ma fa fekk, ximmali ma, benn doktoor ñëw seet ma, bindal ma ay garab. Ku nekk di ma laaj :

- Lu xew, Ngiraan?

- Du dara.

- Loolu wax la ? Tuutee tee nga des sunuy loxo nga naan du dara ! Ma ne patt rekk. Tey laa sog a ŋaaŋ, wax li ma xëmloo bés boobu. Bi ñu nee tey la Yaasin di summi, ay xaritam solu nañu ba jekk, ñëw, ñu làng, teg misigu Móodu Siise,

di xawaare, yëf yi xumb ba dee. Sama xel dellu ca alxames ja nu demee ayeropoor jëli néewu Asan Taal, Móodu Siise jóge moom it bitim-réew ak ndam lu réy... Yaasin Njaay a ngi la ko sàñseel ba nga ne lii lu mu doon ! Jabu, benn doomu-bàjjanu Asan, muñ ko ba mënatu koo muñ, mu daldi fekki Yaasin fi mu toog, di ko gaaral : Lépp ak Asan Taal, moo nu yóbbe lii lépp. Yaasin mel ni ku ko déggul. Ma xëcc Jabu ba ci biti :

- Déet ! Jabu, déet ! Mag day xam fu muy waxe.Mu daldi ma sippi meram :

- Toppal fale, magum séytaane nga rekk ! Lafañ kañ boroom mbaam lay faral waaye wax ji moom su ñu ko waxulee tey it, wax ko ëllëg. Te sax man maa ni kenn du Asan Taal ! Di taxawaalu ci àddina si, dëkk bu dul dëkku jinne nga ne fa naam Daraame, bu ñu la nee kañ ngay ñibbisi nga ne, aa, man kat, góor laa, damay daan sama doole, góor moomul toog, sàmbati-parlaa-njaay !

Daan nga sa doole moom, Asan Fay Taal, doomu Ngiraan Fay ak Ndàmbaaw Jóob ! Léegi nag, dem nga sa yoon bàyyil nu fi ñaari banti-maam-Yàlla yii nga xam ne duñu yàpp, duñu jën !

Am ku ko ne :

Waaw Jabu, loo xewle ? Ku mus a gis lii ? Bésu tey bii de, wàcce kaamil moo ci jekkoon, kenn séentuwu ci woon wax ju ñaaw ! Jabu, delloosil sa xel ! Ci laa ko ne ndànk, man it :

- Jabu... Nu xoolante bu baax, mu ne ma :

- Baal ma àq, Ngiraan.

- Amul solo. Jéemal a ànd ak sa sago. Noonu, Ngóone Cuun ñëw ñaarook man, am lu mu ma déey. Ma ne ko :

- Aa ? Biige Sàmb man ?

- Xanaa Biige Sàmb menn, yaayu Badu Taal. Mu nga fale di say.

- Aywa nu dem. Ba nu rombee jigéen ñi toogoon ci suufu tànt bi,

kenn ci ñoom geestu nanu, xam naa xelam dem fu sore, mënu koo muñ, mu jàpp boppam, yuuxu :

- Biige Sàmb, yaay gor ! Muñal rekk, nde séytaanee yàq sa digganteek Asan Taal ! Waaye Yàlla waxul kenn dara ! Biige tamit a ngay daanu gangiri ca geneen wet ga. Nit ñi wër ko, naan :

- Biige, gëmal Yàlla ! Jullit day nangu dogalu Sunu Boroom. Céy ! Biige Sàmb ak Asan Taal ! Say way-jur lañu. Kon su ma lay nettali seen mbir, fàww ma leb ci as tuut. Kersa dina ma teree àgg ci yenn yi. Nobante woon nañu de, ñoom ñaar ñooñu ! Yàllaa tuddul seen séy rekk. Bés bi Asan Taal jógee Ñarelaa, jëm Màrsey, sa ndey Biige Sàmb a la boot yow Badu, ànd ak moom ayeropoor. Ñu ne fa, ndeysaan, di fóonante ak a jooyoo ci biir nit ñi. Waaye yëf yi mujjewul fenn. Asan Taal bind na Biige ñetti yoon, ca weer yu jëkk ya. Ñu teg ci yeneen ñaari weer, kenn déggalatu ko dara. Dem nañu ba ku wax Biige Sàmb waxu Asan Taal,

mu mer, xulook yow. Fi Biige Sàmb tëdd, mu ngi say ak ay yëreem yu xottiku, kanam gi newwi, ñu koy tuur ndox mu sedd. Soo ko gisee, mu ngi gajj yaram wi yépp ba muy nàcc. Yaasin ak ay xaritam yokk misig bi ba mu sës. Foo tollu di dégg Móodu Siise muy woy « Mbëggeel ».

Ma daldi xunn, ne ci sama xel : « Xanaa ngóor sii rekk mooy woykat ci réew mi? Móodu Siise guddi ! Móodu Siise bëccëg! Dafa rekk doy ! »

*

* *

Badu, waa Ñarelaa ngi bëgg a ëppal, kat! Bañ Yaasin Njaay rekk tollu na nii ?

Mbedd moo aw, dégg ay xaste :

- Lan la Asan Taal gisoon ci ndaw sii nga xam ne kuy ñaaw moom ngay dimbali ? Ci sama xel mu gàtt, man Ngiraan Fay, ma yaakaar ne wax jooju tooñ la. Lu tax ? Kenn ci gox bi teewewul ndajem Yaasin Njaay ak Asan Taal ca Màrsey.

Kenn fekkewul guddi ga :

- Bëgg naa la ak

- Maa la raw jëkkee dox seen diggante.

Kenn xamul lu tax seen ñaari yaram dem bay maasaloo ci lëndëmug Màrsey.

Ci biir wax ji nag, am na yu senn ci sa mbirum baay. Nee ñu Asan Taal nekkewul woon Tugal lu dul wër ak fo. Dégg naa ne futbal ba ka taxoon a dem Màrsey amu ca ndam, ndax dëkke fa càkkaay, jigéen ju dul jigéenu jinne mu doxaan la. Wànte ana goloo ka xastey daar-daar ? Su ma fàttalikoo samag ndaw man mii, fàww ma màndu ci wax ji.

Nun góor ñi moom, wax dégg Yàlla, danuy faral di weex bët lool. Jigéen ju nu waxal ñaari baat, yaakaar ne làq na ci biir séram lu beneen moroomu jigéenam masul a am ci àddina. Ginnaaw waruma la nëbb dara, dinaa la àgge leneen lu ñu fiy ɳun-ɳuni. Ñu ngi naan Asan Taal am na yeneen ñetti doom Tugal.

Xawma ndax loolu am naam amul. Su la ko jaralee, gëstulal mbir moomu sa bopp. Ñaari doomi Asan Taal yi jot a ñëw Ñarelaa daal laa xam ne amuñu yar, amuñu teggin. Jarul làq-làqal, Badu : Mbisin ak Mbisaan, ni seen golo lañu ma jàppe, man seen Maam. Lee-lee Mbisaan déey dara rakk ji, kooku ñëw fekk ma fi ma toog, daldi ma sëllax suuf. Bés, Mbisaan fekk na ma may kàbbar, mu tekki tubéyam, saw ci sama wetu sijaada. Loo yaakaar ne moom laa def ? Mënoon naa koo duma, waaye defuma ko. Dama julli, ñaanal ko Yàlla yërëm ko, delloosi xelam. Ba Mbisaan demee nag ba nar koo def yoonu tool, laa woolu ndeyam Yaasin Njaay. Mu ne ka ma yebal :

- Neel góor gi Ngiraan Fay, su ma soxlaa na ma fekksi.Ma defe ko noonu, ndax ragal ay. Ma dem néegam, ni ko :

- Yaasin, sama ñaari sët yaa ngi may bëgg a jaaxal.

- Aa ? Ci lan ? Ni mu dëgëralee baat bi tax na tuuti kon ma balu ko àq, dellu toog ci ëtt bi.

- Mbisaan de, saa yu ma fekkee may julli, su ma sëllaxulee suuf, saw na ci sama kanam.

- Xanaa dañu diy gone rekk moo tax, nde man mii di seen ndey, duma def loolu. Fi ma nekk sax, dama jàpp góor gi. Su ma amee jot, dinaa la woolu nu waxtaan ci.

- Woolu ma nag, laa dégg, Yaasin Njaay ? Nga woolu ma man mii, Ngiraan Fay ?

Sama xol baa ngi fees dell. Ma ni ko :

- Bu sa doom yu reew yi yàqatee sama julli, dinaa lakk seen lu bon !

Yaasin Njaay mel ni loolu rekk la doon xaar, daldi ma tàccu :

- Boo ciy laal kenn di fanaani kaso !

Yaasin Njaay a ngi may joxoñ baaraamam, ba mel ni kuy waaj a luqi samay bët. Su ma ko toppoon keroog, Ñarelaa yépp a naroon a dajaloo ci kër gi,

te kon dinañu ko gaañ ndax mer mi ñu ko dencaloon. Ma xam ne muñ moo ma war.Ma ni ko :

- Yaasin, Asaan Taal dem na te am na ñu ko jiitu armeel ya. Kenn ci nun dëkkul ci kow suuf si. Danu fi jaar rekk. Yàlla def na maa fi des ak yéen. Dama leen di gunge doŋŋ, yaak say doom, ngir sàmm sama digganteek Asan. Tee noo... Bàyyiwu ma ma àggali li ma doon wax. Dafa ma ciipatu, tegal ma ci ay kàddu yu ñaaw. Sama xol jógaat, ma ni ko :

- Sama taaw dee la mag, Yaasin ! Neneen nga ma war a tontoo !

- Góor gi, buma tax a wax ! Yaa tal Asan Taal !

- Aa ?

- Waa-waaw, yaa ko tal. Te soo deful ndànk sax dinga ma abal kër gi.

- Nga ne lan, Yaasin Njaay ?

- Dégg nga li ma wax.

Ci laa ko ne :

- Kon boog, baax na.

Ci buntu néeg bi, daje naak Tamsiir Ba mi Yaasin Njaay ne doomu-bàjjanam la.

Na ma Yàlla baal, waaye Tamsiir Ba niruwu ma daraak nit ku yiw. Su la nee jàkk, li ngay jëkk seetlu ci moom mooy ni karaw geek bët yi xonqe. Xam naa wérul, ndax ci moom rekk laa mus a gis lu ni mel.

TEEREB FENT

Fu la jant biy tiime, Badu Taal ? Mbaa réew ma nga nekk kenn sonalu la fa ? Ku am jom nga, waaye sa moroom yiy daani seen doole bitim-réew, dañu leen di faral a jàppe ni ay jaam, coono bu nekk ñu leen koy teg. Góor-góorlul, te xam ne fu ma tollu maa ngi lay ñaanal.

*

* *

Téereb Fent bi nga téye tey nag di ko jàng, li ci ne yépp maa ko sàkk, man Ngiraan Fay. Lu waral nuy daagu maak yow, di weccee xalaat ba yàgg ma ne la fi ñukk, jàdd koñ, ne mes, réer la ?

Du dara lu dul tiitaange, Badu.

Waaw ! Daawur Jaañ a ma tiital : mu ngi yàq Senegaal.

Ni Daawur Jaañ di doxale, jaaduwul. Ma ne : njiitu réew maa ngi yàq réew mi kat, Badu ! Bëgg nanu jàmm lool, waaye ku say doom di jàmbat xiif, noo leen mënee tanqamlu ? Daawur Jaañ dina nu dugal ci fitna ju réy.

Séentu naa fi ay jàmmaarloo yu mettee-metti. Deret dina fi tuuruji. Maa ngi dégg jirim yi ñuy jooy.

Aakimu.

Maa tey.

Jaay doole.

Jalgati.

Ma ne : njiitu réew maa ngi tas réew mi!

Ku nekk a ngi ŋàbb sa tojitu réew, sàmp sa raaya ci sa toolub yàmbaa, ne yaa fay dogal. Daawur Jaañ, tëj nga géej gi kaso, fatt nga ngelaw li ba noyyi të ko ticc.

Tas nga sunu yaakaar ! Jàmbaar ju wàccee asamaan, ne putt ci géej gi, di joow ba agsi ci waax bi ngir yewwi nu, say nit dóor ko bal mu daanu.

Yaay kaabal, Daawur Jaañ ! Noo fexee ba caabi feete géej gi ginnaaw ?

Badu, njaaxum lu mel noonu laa njort ne moo nuy yoot. Ginnaaw li may nettali ci téere bii, lu ñëwagul la, mënuma woon def lu dul fent. Soppi naa yu baree-bare,

waaye gone gu ndaw sax bu jàngee li ma bind, dina xam ne Daawur Jaañ laa tudde Dibi-Dibi, ci Téereb Fent bii. Ni ma weccaatlee turi béréb yi tam mënul a réeral kenn. Yàlla tere tereeti ko, waaye du ñàkk askan wi nekk ëllëg ci fitna. Su boobaa, na nga jàngaat téere bii bu baax. Dinga fekk ci biir njaaxum yi fi Daawur Jaañ def ba tax réew mi màbb ci sunu kow, nun waa Senegaal.

*

* *

Fent.

Fen.

Ñaari doomi-baay yooyu, ku sa nopp neexul mën nga leen a jaawatle. Monte aka ñoo wuute tey ! Badu, man duma magum xamoon naa ko.

Magum waxoon naa ko laa.

*

* *

Moom kott a des Guy-Géwél.

Ñépp jóge nañu Guy-Géwél, daw wuti fu ñu làquji. Ñetti at a ngi kanu yiy dal, kër yeek isin yiy tàkk, reyante bi metti lool. Waaw, ñan ñooy xeex sax ? Loolu nag moo doy waar : kenn xamul ñan ñooy xare. Koo laaj, mu ne la :

- Gone ya doon dox doxu ñaxtu de, ñoo nu yóbbee lii lépp !

- Njiitu réew mee matul njiit rekk, nde mbir mi mënoon naa bañ agsi fii.

- Dibi-Dibi kat, yéen a ko sànnil ay kàrt ba mu doyal, seen waay la !

- Ba ci soldaar si duggee la Dibi-Dibi tàggook sagoom.

Dëgg la. Réewu Afrig boo gis tey, daanaka bakkanam a ngi ci xott. Ñaare, lu ñàkk faaydaay sooke ay wi. Waaye dinañu dem ba mu ëpp loxo, jaaxal ñépp. Li xew réewum Jafune biral na ko. Coow li yépp, goxu Jafune bu ñuy wax Kimintaŋ la soqeekoo. Jaaykatu màrse yi ci gox boobu ñoo jëkk a amal benn doxu ñaxtu, ne daal juuti yi ñu leen di feyloo, ëpp na.

Ñu dem buntu kër Dibi-Dibi, njiitu réew mi, ngir yëgal ko seen naqar, mu jéem koo saafara. Ba ñu taxawee foofu di xaar, goney daara ju mag ji fekk leen fa, tàmbalee xumbal, ne ñoom it dañuy jàppale seeni jigéen ak seeni bàjjan. Noonu, saay-saay tamit daldi jóg taxaw ne kenn du leen bàyyi ginnaaw. Bés, ñu yéeg ci benn taax, tiim kër Dibi-Dibi ak seeni doj. Mirtaa, doomu Dibi-Dibi, doon romb. Ñu xaañ ko. Janq bi laal jë bi, gis ni deret jiy tuuroo, daldi tiit, nekk fay salliiru tëwa noppi. Dibi-Dibi génn, yem ci, xol bi jóg, mu dajale kilifay làrme bi, ne leen :

- Ñi fi taxaw ñépp, na leen seeni mbokk jooyoo balaa timis di jot !

Ay soldaar yu bare ñëw, wër mbooloo mi, tàmbalee soqi seeni fetal. Tàkkusaanu Jafune jooju tàngoon na lool ! Noonu de la mbir mi doore. Ca ëllëg sa, yéenekaayi àddina si yépp wone nataali 137 Doomi-Aadama ya seen bakkan rot keroog. REYANTE BU METTI AM NA CI RÉEWU JAFUNE...

JAFUNE : LÀRME BI BÓOM NA 137 NIT...

COOW JIBATI NA CIM RÉEWU AFRIG !

Ay nag, nee nañu du yem ci boppu boroom... Góbi yi nekk ci làrme bi, te nguuru Dibi-Dibi ameeloon leen peyu ñaar-fukki weer ak juróom-ñeent, daldi yëg seen doole ne ñoom tamit dañuy amal doxu ñaxtu. Ca la Dibi-Dibi tiite, yaakaar ne dafa am ñu làqu ci ginnaaw gone yooyu, nar koo fexeel. Mu daldi aakimu rajo beek tele bi, di dàggasanteek ñoom :

- Man, Dibi-Dibi, kenn du ma xoqatal ! Dara ba dara booloo jeex laa leen dul jox ! Dërëm dungeen ko am ! Xanaa dangeen yaakaar ne man maay Abdu Xaalis ? Dugal-leen lii may wax ci seen bopp : dërëm bi gën a tuuti dungeen ko am! Soldaar yi mer, rendi jëwriñ bi ñu dénk kaaraange réew mi, watat néewam ci mbeddi péeyum Jafune. Bés ba ñu bóomee kilifa googu,

lanu gëj a xam nu yëf yi deme. Ñetti at a ngii nu nekk ci fitna, te nun xamunu ñan ñooy xeex ak lu waral reyante bu ni mettee. Gànnaay yaa ngi ne gàññ ci réew mi. Ñi fi nekkoon di politig ciy jamono, ku ñu ci reyul, yaa ngeek sa làrme bopp. Dangay dégg bés ne diw ak diw ñoo far, su ëllëg saa ñu ne la seeni nit a ngay jàmmaarloo béréb sàngam. Am na itam ci gaa ñooñu ñuñ ciy tuumaal ci mbeyum yàmbaa. Nee nañu it yeneen xeeti dorog yu bon yiy dugg Jafune, ñoom ñoo ko fiy dugal.

Boroom réew mi moom, dama koy beral loxo, ndax mooy ndeyu-mbill gi.

Waa àll bi gàddu nañu seeni ngànnaay, ne seen dund gi dee sax moo leen ko gënal, te ñàkkuñu faayda bay seetaan xiif ak mar di leen faagaagal. Dëkk bu ñu romb, gone ya topp leen, kilifa ya ànd ak ñoom. Noonu, làrme bi song leen. Dem nañu ba nit ñiy dee ni ay xar bésu Tabaski, mbedd moo aw gis fay néew yu tàmbalee yàqu.

Ñu naan :

- Tundu Ñambaas, rey nañu fa démb rekk lu war a tollu ci junniy Doomi-Aadama. Mbaa nga dégg ku ni :

- Talaata jee ñu génn, taal nañu kër gornooru diiwaanu Maymaydo. Lakk na ba jéex dara desatu fa. Gornoor ba dafa daw mook njabootam, nde su leen fa fippu yi fekkoon def leen lu ñaaw !

Tàkkusaan soreetul.

Góor gi Aatu Sekk a ngi taxaw ci tàkkal dex gi, di xaar waxtu julli jot, ba Yilimaan Jonn nodd. Waxtu wi weesu, déggul baatu Yilimaan. Mu door a nangu ne Guy-Géwél ba woon dootul.

Lu muy def Guy-Géwél moom kenn ?

Xelam dellu ci ndajeem ak Omar Jaw, ngoon ga waa Guy-Géwél tàmbalee gàddaay, daw wuti fu ñu làqu. Góor gi Aatu Sekk xool leen, yëf yi mel ni sinemaa ci moom. Ay xanti oto ak ay saret a ngi yab ay lal, ay kàddiir, ay tele, ñu tegale leen ba ñu àgg ca kow.

Lépp li waa Guy-Géwél mën a dajale ci lu ñuy lekk def nañu ko ciy leket mbaa ñu ëmb ko ciy mbuus. Daw-làqu yaa ngi bare ba foo sànni mbàttu mu tag. Waaye ñu ngi ne tekk. Ku ci nekk a ngi tiit ba talul waxtaan, waxatumaak naan day kaf mbaa muy reetaan. Aatu Sekk di leen xool ñuy génn Guy-Géwél ba ne tuuti mu may nopp géej gi, dégg ni muy bëmbe, mel ni kuy gëdd Doomi-Aadama yi.

« Yéen a teg seen bopp coono bu metti bii! Lu tax ngeen bàyyi fi nit ñu baax ñépp, tabb dof bu mel ni Dibi-Dibi, jébbal ko réew mi ma leen dénk, man seen Boroom ? » Walla xéy-na géej gi da doon yedd waa gox bi, naan :

« Guy-Géwél, delloosil sa xel ! Koo ci wax muy wut lay, naan néew-ji doole laa ! Loolu du lay, ñàkk loo lekk warul a tax ngay sàcc, di cagatu, di naan sàngara aka tóx yàmbaa. Daaneelal nguuru Dibi-Dibi gii ! Feek defoo ko, doo tàggook naqar ! » Omar Jaw ñëw fekk Aatu Sekk fi mu taxaw, ni ko :

- Góor gi Aatu, xanaa yëgoo li xew ?

- Yëg naa ko sax de. Réew mi daanaka jur gu médd la. Till ak Bukki ak Segg fees nañu ko, ku nekk ŋànk wàllam di wéy, di yéy.

- Loolu kay taxul may wax, góor gi ! Daa am ñuy waaj a song Guy-Géwél.

- Ñooñu ñana ?

- Xam ! Ci li nit ñiy wax daal, xare bi ñuy waajal fii dina metti lool ndax nee ñu ku jëkk a teg loxo ci Guy-Géwél jël ndam li, yilif réewum Jafune. Aatu Sekk ni ko :

- Moo Omar, gisaloo ma sama waa kër yeem ? Omar Jaw siggi, xool góor gi, dem ba koy wax dara noppi, sëggaat.

Mu ni ko :

- Lu mu ci mënti doon, wax ma ko, Omar.

Ci la Omar siggiwaatee, ni ko jàkk :

- Góor gi Aatu, biig de am nañu jot a mucc...

- Tee nga maa wax li xew rekk.

- Soo jullee, ñaanalal njaboot gi, Aatu. Aatu Sekk a ngi ŋàbb yatam, mel ni kuy miir xamatul lan lay wax. Deret moo am doole !

- Mbaa saay-saay si sonaluñu leen rekk ? Ni ko Omar xoole, mu xam ne jëli na ko.Omar sañu koo wax ne xaj yee leen mujjee jiiroo.Dafa ko ne rekk :

- Góor gi Aatu, nanu dellu kër ga, nga jël fa yi nga soxla yépp, nu dem.

- Dem fan ?

- Nun ñii ngay gis ñépp, kenn xamu ci fu mu jëm. Danuy wuti pexe ndax ñiy waaj a song Guy-Géwél, lu leer lañu wax : ku ñu fi fekk yaa tooñ sa bopp ! Dégg naa ñu soxar lañu. Nee ñu dañuy dagg xëtëru nit ñeek seen res di ko togg di lekk ! Dégg naa it ne danuy yeew ay nit ñuy dund, dajale leen ci benn kàmb, ba noppi tuur leen petorool, xosi almet ci seen kow, ñu tàkk jëppit.

- Waaw, Omar, ku la waxoon ne lu mel nii mën naa xew sunu réew, dinga ko gëm ?

- Mukk ci àddina, Aatu ! Waaye waxtaan xeju fi. Omar xamul fu mu jëm, waaye fitam jiitu na ko fa bu yàgg. Moo tax su nit tiitee ba tàggook sagoom, mbokk yi naan :

- Diw de, fit wi dafa rëcc.Day fekk booba jëmm ji nekk fi, mbokk yi janook moom te muy xottu nit doŋŋ. Omar Jaw a ngi ñaq bay siit, tuñ yi wow koŋŋ, fu ne mu fay sànniy bëtam. Fan yii weesu, ñaata yoon la ay bëti Omar Jaw ne jàkk néewu Omar Jaw ? Monte dey, moo fi gënoon a dëgër ŋaam, moom Omar Jaw ! Moo fi dàqoon a jaay njàmbaar. Saa yu déggaan lu ko naqadi ci rajo bi, da daan fekksi Aatu fi mu toog ci taatu niim gi, muy xultu, naan ko :

- Góor gi Aatu, nga baal ma de, waaye ñii ay doomaraam lañu, dañoo nar a yàq réew mi ba mu yàqu yaxeet ñu dem bàyyi nu fi, jaaxaan Monaako walla béréb yu ni mel, di balaxalmàddaa, nun nuy wéye ndóol ak mettit wu dul jeex !

Waaye fi lañu nuy fekk, dunu seetaan loolu, dinanu ko defanteek ñoom ba mu saf sàpp ! Bi Aatu fàttalikoo kàdduy Omar yooyu, tuutee tee mu xaqataay. Waaye mu ngi yërëm Omar Jaw be, ndeysaan. Mu daldi ne ko :

- Omar, tàllalal sa loxo, ma ñaanal la. Tey lanuy mujjee gise maak yow, ndax fi mu ne nii taxaw nga te man fas yéenewumaa jóge Guy-Géwél. Fii laa xam, fii laay toog, xaar fi dogalu sama Boroom.

Omar Jaw dem ba xaw a sore, daldi geestu. Jabar jeek doom yi yuuxu ko, mu daw dabi leen.Góor gi Aatu Sekk taxaw moom kenn ci waax bi, di leen xool ba ñu jàdd koñ, mu daldi dëpp, dellu këram.

*

* *

Fukki waxtu ci guddi weesu na.

Way-fippu yi agseeguñu Guy-Géwél. Waaye ñoom ñi fippu sax, ñan lañu ? Aatu Sekk xamalu leen dara. Mu ngi toog ci diggu këram, di leen xaar.

Ñetti fan a ngi, mburu mu wow lay dunde. Dute ji jeexagul waaye li des ci këriñ gi bareetul. Balaa yàgg, dootul lekk lu ñu togg ci cin, dootul naan lu ñu tàngal. Guy-Géwél a ngi ne selaw.

Ci tisbaar, doxantu na ci ëtt bi lu mat waxtu. Mu ngi sog a seetlu ni kër gi bindoo. Bunt bu mag bee ko féete càmmooñ. Soo duggsee ay pantare yu ndaw ngay gis ñu toppalante ci sa ndeyjoor. Mu jéem a taal rajo bu ndaw bi mu daan faral di dégloo xibaari réew mi. Rajo bi tàkk, xor-xori ba yàgg fey.

Fekk piil yee jeex te benn bitig ubbeetul Guy-Géwél. Lee-lee mu dégg ñuy soqiy fetal. Fan yi ñu génn sax, mel na ni ci la xeex bi gënoon a metti. Ñeenti at a ngii gaa ñiy bóomante. Bés bu Yàlla sàkk ñu wax waxu juboo ànd defar réew mi. Mbootaayu xeet yi, ca Amerig, dugal na loxoom ci ay wi, di ko jéem a saafara. Waaye saa yu ñaar déggoo ba wéer seeni gànnaay, ña ca des mer ndax li ñu leen joxul seen gëdd, ne kenn du leen yab,

xeex bi neeti kurr. Góor gi Aatu Sekk ne ci xelam :

« Céy, Afrig moo sonn ! »

Benn jinax ñëw na ba riisu ko. Bi waa Guy-Géwél gàddaayee ba tey, kër gi yépp ay jinax laak ay kaña. Foo geestu séen ci ñaar mbaa ñett ñuy wut lu ñu lekk, fu ne ñu dugg fa. Picc yi tamit bare nañu lool ci garabi Guy-Géwél yi. Góor gi Aatoo ngi leen di dégg ñuy woy aka fërr-fërri. Ñoom rekk ñooy wéttalam. Waaw, fan la picc yi jóge sax ? Walla ci garab yi ci kër gi la ramatu yeek sawóor yi mas a dëkk te moom masu leen a seetlu ? Pënd baa ngi jóg, di muur ndab yi ci ëtt bi. Tawu pënd, xonq coyy, mel ni wis-wisalu deret. Peppu pënd bu ci daanu, sa moroom xaar ba nga tag fenn, mu ñëw tafu ci yow.

Xobi niim gi it a ngi xonqsi ndànk ndànk, ndax ni ci pënd biy dajaloo.

Dem na xayma li des ci waañ wi. Lim bee ka gàtt sax ! Ñetti dogi mburu mu wow.

Tuuti suukar.

Butéelu lem.

Butéelu tiir.

Li gën a soxal Aatu Sekk mooy ndax dese na këriñ. Wër na kër gi yépp, fu nekk mu seet fa waaye gisul fenn këriñ. Nu muy def nag, léegi ? Xanaa wuti ko ci gox bi. Gënalu ko de, wax dégg Yàlla, waaye fàww mu dem ci yeneen këri Guy-Géwél yi, fortaatu fa këriñ ak lu mu lekk.

Ñàkk pexe, pexe la.

*

* *

Way-fippu yaa ngi gën a jegesi Guy-Géwél. Ku nekk a ngi fexe noo jiitoo sa moroom Guy-Géwél... Waaye su ñu xamoon ! Benn góor gu màggat ak ay kañaa ki jinax doŋŋ lañu fiy fekk. Ndaw yaakaar ju tas ! Xanaa kay du wut alal moo tax way-fippu yeek nguuru Dibi-Dibi di xëccoo Guy-Géwél...

Guy-Géwél a ngi ne selew booba ba tey. Lee-lee góor gi Aatu Sekk di waxtu ngir wéttalikoo baatam. Ku sañoon a xalaat ne bés dina ñëw Ruq Jinne mel ni nit masu fee dëkk ? Ruq Jinne, nga xam ne moos ci xuloo, xeex ak jamante paaka la gone yiy juddoo, màgg ci, yaroo ci ? Góor gi Aatu Sekk àgg na bitigu Jàllo.

Ñu bare ci Guy-Géwél fii lañu daan lebsee soble walla dëwlin walla ceeb. Foo fekkaan Jàllo mu ngi toog ci buntu bitigam, di xëcc naanoom, janq bu ko romb mu tooñ la. « Duggal Seet » la tudde woon bitig bi. Tur woowu nag, daanaka cax la woon, ndax ëttu kër Jàllo la saay-saay si daan làng, lu bon lu nekk ñu koy def. Bi Jàllo wuyujee boroomam, doom jee ko wuutu. Yàlla def Ibnu Jàllo di gone gu gore, yiw te jullite.

Dafa daldi dakkal ci saa si ñaawteef yooyu baayam daan seetaan.Waaye tey de, dara desatul ci bitigu Jàllo bi. Ibnu buub na li fi newoon yépp, yab ci oto, ànd ak waa Guy-Géwél daw wuti fu mu làqu.

Góor gi Aatu Sekk a ngi taxaw ci diggu àtte-tooñ bi goney Guy-Géwél yi daan daje di futbal. Fépp fu nit ñi daan dajaloo - muy robine yi, di garaŋ-palaas yi mbaa feneen - ay ndab ak ay toogu ñu nga fa tasaaroo. Xanaa ragal ñu diisal leen a tax waa Guy-Géwél sànni leen fi dem. Ci buntu sinemaa Palaas, gis na benn nataal buy wone ay Enjeŋ - mooy ñi ñu tuddee Apaas - ñuy xeex ak ay soldaari Amerig.

Ñoom ñépp a ngi war seeni fas di fetalante. Sinemaa Palaas gii tamit, jamono ja Guy-Géwél di neex da daan fees dell ak i nit. Fan yii moom, waa Guy-Géwél tal nañu leneen lu dul seetaan sinemaa ! Waaw, ñoom sax fan lañu war a nekk waxtu wii ?

*

* *

Tey, góor gi Aatu jaarul ci ndékki. Añ moom, waxaalewu ko. Kër yu bare dugg na fa, jéem naa raasaatu ba sonn, waaye fekku fa dara lu mu lekk.

Bi mu rombee sëni Guy-Géwél yi, séen na ay dogitu mburu yu ñu fa sànni. Dem na ba leen di for, ngoram mayu ko ko, mu daldi wéy. Xiif du ko tax a saalit bay lekk ñamu-mbaam. Ndax, kat :

Ku mar tax a naan pótit, bu ndox tuuroo nga rus.

Góor gi Aatoo ngi jaaxaan ci taatu niim gi ci ëtt bi.Mu ngi miir. Bopp baa ngi metti ba mel ni luy waaj a xar. Xamatul sax fan la nekk. Ñaari waxtoo ngii mu bëgg a tuuri ndox ci wanag wi, jóg fi mu tëdd të ko ticc.

*

* *

Am na kuy ratatati ci rajo bi :

« Ay saay-saay ñoo dal ci sunu kow. Ñooñu ay workat yu bon lañu, ndax sunu noon yi nekk bitim-réew a leen ngemb ngir ñu daaneel nguuru Dibi-Dibi. Li ñu nar de, ñépp xam nañu ko : jébbal réew mi ay doxandéem, ñuy dogal, Jafune dellu nekk ci buumu njaam.

Ndax xel mën naa nangu loolu ? » Rajo bi fey, tàkkaat, di xor-xori ba yàgg, waa ji gënatee yuuxu :

«...juddoo fi... doom ak i jarbaat... jox lay ngànnaay ngir toroxal nu ? Waaye...Dibi-Dibi, askan wee ko wóolu, jiital ko te fas yéenee ànd ak moom defar réewu Jafune... Dibi-Dibi, njiitu réew mi, nee na... »

Rajo bi jékki-jékki feyaatal boppam. Góor gi Aatoo ngi mel ni ku nekk ci biir gént.

Waaw, ku taal rajo bi sax ? Xanaa du rajo bii la piil yi jeexoon sànq rekk ?

*

* *

Góor gi Aatu Sekk tiite ci nelaw, jóg, daldi joxoñ buntu kër gi, xaacu :

- Dibi-Dibi ! Dibi-Dibi ! Subóoxun ma la ! Lii lépp yaa nu ko yóbbe !

Ku waxal Yàlla, dinga nangu ne bés ba nuy tabb Dibi-Dibi, di ko teg ci jal bi, lépp jaar na ci yoon. Kenn labajul kàrt yi, kenn jalgatiwul wote bi.

Dibi-Dibi ci boppam, nit ñi amoon nañu lool yaakaar ci moom. Gaa, daawul wax waxu nit, waaye waa Jafune amatuñu woon pexe. Dunde yaakaar a leen dese woon. Dibi-Dibi it doonoon nit ku ñeme Yàlla ! Lu waa Jafune tawat, mu ne am na ci pexe. Dem na ba dajale lu mat fukki junniy gone, ne leen :

- Ku amul liggéey ci yéen na yëkkati loxoom ! Gone yi yuuxu, yëkkati seen loxo. Dibi-Dibi yuuxu moom it :

- Gaa ñi fi nekk, langaamu ci nguur gi, lànk ne duñu fi jóge, ay cuune lañu ! Nañu fi jóge ndax man mi leen yéene lu nekk ma mën a defar réew mi ! Su ngeen ma falee, ñu teg ca ñaari weer te yéen ñépp amuleen liggéey, nee leen ma tuug !

Saa yu Dibi-Dibi waxaan waxi dofam yooyu ba noppi, da daan wër géew bi, mel ni mbër mu ñuy tuusal, muy fecc, di bàkku. Su ko defee, ñépp di woy :

Golo wàccal, gaynde yéeg !

Golo wàccal, gaynde yéeg !

Mbooloo miy tàccu, jigéen ñiy sarxolle, gone yiy say. Yëf yi xumb ba dee, nit ñi naan :

- Kii, mayu Yàlla dëgg la am !

- Mën naa indi xaalis bu dul jeex ci réew mi !

- Yàllaa dugal Dibi-Dibi ci sunuy xol ! Kenn mënu ci dara !

- Dibi-Dibi rekk ! Dibi-Dibi rekk !

Teewul woon nag, mag ñi xam àddina amoon xel ñaar ci Dibi-Dibi. Góor gi Aatu Sekk masul a wóolu Dibi-Dibi. Fi mu tëdd, xiif di ko bëgg a rey, xelam dellu ci Omar Jaw, ndeysaan. Waay Omar Jaw a ko sonaloon ak ay waxi Dibi-Dibi !

Bés, góor gi Aatu muñ ko ba mënatu koo muñ, mu ni ko :

- Wax nga dëgg de, Omar, sa waa ji boroom xam-xam la. Waaye am na lu ma xaw a jaaxal ci moom.

Omar Jaw ne ko :

- Loolu lu mu, Aatu ?

- Xanaa ni Dibi-Dibi di doxe. Seetlu nga ko bu baaxam ? Kàddu yooyu jaaxal Omar Jaw. Mu ne Aatu :

- Lu nekk ci doxinu Dibi-Dibi ?

Aatu ne ko :

- Baal ma de, waaye sa waa ji ni kanaara lay doxe. Foofu, Omar xàqataay, tàccu :

- Dikkleen, góor gi Aatu Sekk ràŋŋatiku na nag ! Am xaat waa Guy-Géwél yu ñëw wër leen. Aatu xam ne su fa nekkee di werante, day yablu boppam. Mu daldi soppi wax ji ay kaf. Ca ginnaaw-ëllëg sa, mu ne Omar Jaw :

- Sa waa ji de, dinaa ko sànnil kàrt, waaye su caaxaan demee dëgg des, wóoluwuma ko dara. Dafa fekk rekk ne li mag ñi daan wax moo fi ne : yaa fi sës doy nag pal. Moo fi sës, fàww mu falu. Omar a ngi bég ba xamatul fu mu nekk.

Mu ne :

Soo defoon leneen bett ma, góor gi

- Aatu !

Yow bañkat nga mës a doon, sa dund gépp danga koo xeex. Mënuma woon a gëm ne néeg ngaa xañ say doom ak say jarbaat seen wërsëg.

- Wërsëg wan ngay wax, Omar ?

- Gone yépp dinañu am liggéey, taxawaalu bi dina dakk ci réew mi !

Aatu Sekk xool ko ba seppali ko, ne ko :

- Omar, ba fi mu nekk daal, gëm nga ne noonu la mbir mi yombe ? Xanaa kon, waa nguur gi fi nekk, seen kañaan amul àpp !

- Du loolu góor gi Aatu, Dibi-Dibi dafa fendi, moo leen gën a xam ni ñuy téyee réew. Ci benn daara ju mag la ko jànge !

- Nga ne ma? Fu daara jooju ne ?

- Tugal, xanaa. Foo bëgg mu nekk fa, yow it Aatu ? Gaa ñi fiy jéem a diir mbagg Dibi-Dibi yépp daje nañu faak moom, waaye moo leen daan raw, daawuñu ko sax séen ! Góor gi Aatu ree :

- Waaw, Omar, ba daal sunu gaa ñépp bitim-réew lañu jànge nañuy téyee réew mii ? Loolu yenu na maanaam ?

- Lu tee ? Àddina day dox ! Aatu wiccax bopp bi, muuñ :

- Man de, Omar, am na leneen lu ma xaw a tiital...

- Loolu lan laati, Aatu ?

- Sunu mbokk yi nu wër, xanaa ! Ñoom de laa ragal ñu song nu bés, këf Dibi-Dibi, yóbbu ko mu jiite leen, dàqal leen xiif ak mar ci seeni réew ! Omar Jaw daldi ree moom itam ba tëdd ci suuf :

- Yaa ngi sog a wax wax ji nag, Aatu ! Réew yu mag yi sax ñu ngi nuy yeeru, bu nu sàgganee dinanu ko réccu, de ! Xonq-Nopp yi, kañ ! Yaakaar nañu ne ñoom rekk a bëgg lu baax ! Am faayda ba dee !

Ci la Aatu xamee ne dof dëgg lay waxal:

- Loolu kay dunu ko seetaan, Omar, su waa Amerig walla waa Kanadaa naree sàcc Dibi-Dibi,

man mii maay jëkk a tëdd ci kanamu roplaan bi ndax mu bañ a jóge Jafune ! Waaye Omar moom, loolu yépp safu ko. Kàrt la bëggoon daal te am na ko, ndax Aatu wax na ci gémmiñam ni Dibi-Dibi lay woteel. Góor gi Aatu Sekk yemale fa waxtaan wa, te naan ci xelam :

« Baax na. Kii moom dina ma fekksi fii ma toog ne ma waxoon nga ko ».

Te noonu la ame it. Dem nañu ba bés Omar Jaw ñëw fekk góor gi Aatu fi mu toog ci taatu garab gi, mu ne ko :

- Yeyati nga ma, Aatu. Ñii baaxuñu !

Aatuy dof-doflu, mel ni ku xamul li muy wax :

- Lu xewati, Omar ? Yow daal, waat nga ne fu ñu la fekk yaa ngi ñaxtu ?

Omar ne ko :

- Ñii seen bopp lañu fi nekkal de, Aatu ! Dibi-Dibeek njabootam gaa ngi toŋ-toŋ réew mi ! Du woon it lu bett Aatu Sekk.

- Omar, noon naa la nit kuy doxe ni kanaara, ku ko jébbal réewum lëmm yaa tooñ sa bopp.

*

* *

Du sax Dibi-Dibi moo jëkk a duut réewum lëmm. Loolu yàgg naa am ci politig.Waaye yaakaaru nit ñi ci Dibi-Dibee ka réyoon ! Ñépp di yàkkali bóli. Yaakaar booboo tax waa réew mi jàppalewuñu ko yem ci. Dañoo sot dëgg, Dibi-Dibi jël ndam li. Du woon nag ngir yaa ma neex. Am na lu ci askan wi jublu woon : teg ci jal bi kuy fajal nit ñi seeni soxla. Ndax Dibi-Dibi kat, dafa ne woon waa Jafune :

- Lépp lu ngeen di tawat, am naa pajam.

Bés sax, yaram wi xaw naa tàng, mu ne ndongoy daara yi :

- Waxleen ma lépp lu ngeen bëgg !

Gone yi limal ko ay tawat yu baree-bare. Dibi-Dibi reetaan, ne leen :

- Lii rekk ngeen may laaj, su ma faloo ? Xeeb naa ko, ndax sama mën-mën, fu ko nit natt romb na koy dem ! Kon boog buleen yox-yoxi, laajleen ma lépp lu ngeen bëgg, ma defal leen ko. Man réew mi doŋŋ a ma tax a jóg ! Géwélu Dibi-Dibi daldi dugg ci wax ji :

- Aywaleen gaa ñi, ku yéex ñàkk ! Ku Dibi-Dibi tàccu, soo feccul dootoo fecc mukk ! Am na it ca njëlbéen ga ñu ne woon :

- Dibi-Dibi ku yëg boppam la, du nangu njiiti réewi tubaab yi di nu yab. Kenn feesul bëtu Dibi-Dibi ! Wax dëgg Yàlla, njiiti réewi Tubaab yooyu, Dibi-Dibi jéem na leen a të ci ñaari at yu jëkk yi mu toog ci jal bi. Waaye ba ñu ko xoqatalee, dafa daldi dellu ginnaaw ci saa si, jébbal leen boppam. Du it kenn ku mu fi faj soxlaam ! Mbir mi daal, ni ay léeb la mujje, tàbbi géej, daldi fa faf seey, léebkat bi ni :

- Ku ko jëkk a fóon tàbbi àjjana !

Gone yiy jëkkante, naan :

- Fuuf ! Fuuf ! Maa ko jëkk a fóon !

*

* *

Dëgg la, Dibi-Dibi da doon sóob rekk, xaajul a tane ki mu fi wuutu. Waaye xéy-na su ko Yàlla feyee xolam, du am lu muy réccu. Amoon na yéene ci réewam. Dara yàqalu ko lu dul parax-paraxeek teg boppam fu mu àggul, jàpp ne képp ku Yàlla sàkk moo la ëpp xel. Ba mu wóoree Dibi-Dibi ne caŋ na, dafa am kersay janook askan wi balu ko àq, nde mënoon na ni waa Jafune :

- Bëgg a dem taxul a mën dem. Lu ne jéem naa ko, waaye tey la réew mi gën a lott. Xawma woon ne nii la mbir mi jafee. Léegi daal, dama leen di bàyyi ngeen tànn keneen. Dibi-Dibi deful loolu. Dafa jébbal réew mi ay doxandéem, ne leen :

- May naa leen Jafune ci xol bu sedd, lu leen neex def leen, yéene woon naa leen sax lu ëpp lii, waaye jamonoo neexul.

Dibi-Dibi jaay na réew mi, ngir sàmm bànneexu boppam ak bànneexu njabootam Loolu doŋŋ a indi weranteek reyante ci Jafune. Dëgg rekk a neex Yàlla. Dibi-Dibi taxu ko woon yemb. Waaye kuy seet bu baax, dinga gis ne njiiti réew yu bare ci àddina si, seen yaram neexul. Dafa fekk rekk ñu di ay kilifa, ñu leen di làqal yu bare, di leen sàng sutura.

Moo tax njiitum réew dina dof ba ràŋŋatiku te askan wi du ci yëg dara. Li ñuy wone ci moom ak liy am dëgg, day faral di mel ni Yàllaak Yaali. Dibi-Dibi ! Mbër mu dul daanu ñaari yoon. Te benn jéllam boobu, dina ci yóbbuwaale ñu bare. Ñooñoo koy dar nag, ngir sàmm seen teraanga. Su waxee lu jaaduwul, ñu ne :

- Dégginu nit ñee des rekk, ndax xalaatu Dibi-Dibi dafa xóot, boroom bopp dëgg moo ko mën a dékku.

Bu Dibi-Dibi defee njaaxumam, ñu ne :

- Noonam yeeti, ñoo koy sosal ngir yàq xeli nit ñi. Mbaa ñu ne :

- Dibi-Dibi, defar réew mee ko tax a jóg, waaye saa yu santaanee dara, ñi ko wër def leneen.Teewul ñu bare ñu àndoon ak Dibi-Dibi ca njëlbéen ga, mujje koo jàmbu. Ba Dibi-Dibi tàmbalee tabax ay mónimaa, la leer ñépp ne yaram wi neexatul. Da daan xaar ba waa Jafune yépp di nelaw, muy wër dëkk bi, fu mu gis bayaal ne nañu fa yëkkati ab mónimaa, mu dugal ci xaalis bu kenn xamul nu mu tollu. Jafune day xéy rekk gis ay óbërye ñuy gas, di daaj ak a dàjji. Su ko defee, waa réew mi di ko jëw, naan :

- Waxleen ci !

- Gaalu dof du teer, de !

- Baax na ! Ngóor sii, fi mu nu jëme...!

Dibi-Dibi tabax na fi mónimaa jagleel ko soldaari Afrig ya demoon xeexali waa Tugal ; beneen bi mu jagleel ko géej gi; ba ca topp mu tudde ko « Ginnaaw ay,

jàmm ».

Ñu koy jëw, nag :

- Moo, kii lu mu xewle nii ?

- Moom daal, lu ñëw ci xelam mu ni ayca, yëkkatileen ab mónimaa ! Laata Dibi-Dibi di dugg ci politig nag, da daan jàngale mbirum aadaak cosaanu réew mi, ci daara Jafune ju mag ji. Moo tax nee ñu mu bëggoon a màndargaal nguuram ak i mónimaa. Am na it ñu ne da daan suul ay gàllaaj ci biir mónimaam yooyu. Ak lu mu ci mënti doon, ba ay wi jibee Jafune, mónimaa yi la way-fippu yi jëkk a song, rajaxe leen. Am na it ay jamono, Dibi-Dibi dafa aakimu rajo beek tele bi, di wax tëwa noppi. Bés, mu ne dafa bëgg waxtaan ak réew mi ci mbir mu am solo.

Mu ne :

- Maa ngi leen di balu àq, ndax fan yee ñu génn, taxaw naa lu mat juróomi waxtu di wax. Moomuma leen nag, ba di leen tanqal. Wax ngeen dëgg, takku liggéey jot na, coow li doy na sëkk ! Ku nekk ne ci xelam :

« Aa ! Lu tey doon, ba Dibi-Dibi di wone gii maandute ? Xéy-na ay mbokkam a ko yedd. »

Waaye nit ak jikkoom ba ci biir bàmmeel! Keroog jooju Dibi-Dibi dafa xéyee talalali ba tàkkusaan di waaj a jot ! Ba mu demee ba xamatul lu muy wax, dafa rocci ci kayit yi tege woon ci kanamam benn nataal, woolu ay gone, daldi leen laaj :

- Xam ngeen lii lan la ? Gone yi xool nataal bi bu baax, ne ko :

- Musunoo gis rab wii de, paresidaa Dibi-Dibi.

Dibi-Dibi xàqataay ba tele biy riir :

- Bettu ma ! Gaa ñi, xam ngeen ne maay ngànd, de ! Indil-leen ma kiy jàngal xale yii. Ana seen ustaas ? Kooku ñëw, Dibi-Dibi won ko nataal bi, laaj ko lan la. Mu taf gémmiñam, ne ko :

- Lu ma gëj a gis a ngii, paresidaa Dibi-Dibi !

Dibi-Dibi daldi ko gëdd :

- Ku la laaj loolu ? Lan la, laa wax ?

- Kanaara la.

- Jërëjëf. Léegi, lenn laa bëgg nga wax ma, yow doomu Jafune : ana kanaara yi ne woon gàññ ci mim réew ? Fan lañu jaar ba ne mes ? Dibi-Dibi nekk fa nag, di wax lu ñor ak lu ñorul, naan :

Mbir mee ka kéemaane ! Kanaara yi ne woon Jafune yépp ne mes te kenn xamul fan lañu jaar ! Dinaa yebal ay boroom xam-xam bitim-réew, ñu gëstu ci mbirum kanaara. Ndax kat, man Dibi-Dibi, su dara desul lu dul jiite réew mu deseetul benn kanaara, damay daldi tekki sama ndombog-tànk gii, ngeen fal keneen. Keroog ñi amoon xel ñaar ci ndofug Dibi-Dibi sonalatuñu seen bopp di werante. Waa Jafune jaaxle, ku ne di xool sa moroom, ñu naan ci suuf :

- Aa, yëf yaa ngi bëgg a ëpp loxo, kat !

Mag ñi fàttaliku démb. Mu mel ne Jafune dafa dellu ay xarnu yu baree-bare ci ginnaaw,

diggante 1640 ak 1647, ca jamono ja Daaw Demba sonalee lool Kajoor. Nguuru Daaw Dembaa ka metti woon ! Tere na ku lekk yàppu wataboor wu am xorom, ne it su ñaar déeyante ba reetaan dina leen rey. Dem na ba ne ku nar a takk janq ci Kajoor, na nga ko ko indil, mu jaar ci ba noppi, moom Daaw Demba moomu, sog laa delloo sa jabar, lo xam nga def.

Lu ñu wax mu ne Buur a ko yelloo. Kajoor di jëw Daaw Demba ba mujje koo jàmbu, mag ña gise ci pet fexeel ko, mu daanu. Waaye ndax yoon la sax, di méngale Daaw Dembaak Dibi-Dibi ? Ndax Dibi-Dibi kat, li wóor ba wóor, moo di ne xel mi neexatul. Seetal ma lii, rekk ! Ku ñu war a tëj kabano ca dof ya, ñépp wékk seen yaakaar ci yow !

Su Dibi-Dibi wéroon, du taf ay seetu ci néeg yi ci këram yépp, fu mu walbatiku daj ci boppam.

Mbon gi ci Dibi-Dibi jarati naa waxam ?

Guney Jafune yi feragul sax, dégg nañu ay jëfam yu ñaaw. Dibi-Dibi dina la ne ràpp ci kaso bi tëj, woo ay gaana ñu futti sa jabar ci sa kanam, nga leen di seetaan ñu koy sàkku te doo ci mën dara. Te bu boobaa, Dibi-Dibi day toog ci sa wet, yow jëkkër ji, naan gaana yi :

- Ndaw sii caga la, na seen bal yu tàng yi tàkk, defleen noonu ndeyam, bu dara sedd sama gaa yu baax yi !

Yàlla mi dara tëwul a mujjee weer Dibi Dibi. Naka ? Waaw ! Yow mii téye Téereb Fent di ko jàng, laajal Aatu Sekk naka la Yàlla weere Dibi-Dibi, mu wax la ko ! Daaw-jéeg, bi xeex bi demee ba jéggi dayo, Dibi-Dibi amal na mitiŋ ci baayal bi gën a yaatu ci Jafune. Fu nekk nit ñi fàqe fa, wuyusi ko. Dibi-Dibi di wax, di wax.. di wax rekk, tëwa noppi. Bi mu waxee lu mat xanaa ñeenti waxtu, mu ne tekk, xool asamaan si, daldi jonkan summi dàllu ndeyjooram, taf ci noppam, di làkk angale.

Nee na kat Tóoni Bleer a ko woowe Angalteer ndax mu xelal ko. Waaw. Angalteer daal, jànkoonte woon naak ay jafe-jafe yu réy, Tóoni Bleer jaaxle lool, daldi ne : « Lii de, kenn rekk a ma ci mën a génne, te Dibi-Dibi la ! » Loolu de la njiitu réew mi teg sunuy loxo. Gone ya teewoon ca mitiŋ ba mer, di ko sànniy xeer, di ko yuuxoo. Keroog, su ñu rawalewul woon Dibi-Dibi, du baax ci moom !

Ca la réew mi tase ba tey jii. Bés boobu la nit gëj a teg bët Dibi-Dibi. Feeñatul sax tele waxatumaak naan day doxantu ci biir dëkk bi. Su dul woon li muy tanqal waa Jafune ci rajo bi, ku ñu ne Dibi-Dibi saay na it doo ko weddi.

Waaye ñi song nguuru Dibi-Dibi tamit, ay kumpa lañu ci waa réew mi. Ñoom daal seeni jaasi lañu yor, ñaawtéef bu nekk ñu koy def. Mbootaayu xeet yaa ngi seet naka lay def ba yónnee Jafune ay soldaar, ñu teqale ñiy xeex.

Way-fippu yi àndu ñu ci loolu. Dibéer jee ñu génn, seen benn njiit wax na lu leer :

- Soldaar bu jóge bitim-réew, ne dangay jàppalesi Dibi-Dibi, dinanu defanteek yow. Foofu la mbir mi tolloogum.

Géej gi waxoon na ko : fitna ji waa Jafune nekk yépp, seen ñàkk fullaa leen ko teg. Ci gis-gisu góor gi Aatu Sekk tamit de, su Jafune teeloon a jóg ci mbirum Dibi-Dibi, aar kon na boppam ci coono yu jéggi dayo yi dal ci kowam. Man Aatu Sekk de, su ma Jafune dégloo, képp ku taxawati ci pénc mi ne day laaj réew mi, balaa dara di xew dinaa yëkkati sama baat ci kow, ne :

- Xool-leen bu baax ay bëtam.

Ñu ne ma :

- Lu tax nga wax loolu ? Sama tont day daldi leer nàññ :

- Képp koo gis muy laaj am réew, am na lu muy làq askan wi. Soo xoolee bu baax ay bëtam, dinga ko ca séen muy féey. Bi góor gi yeewoo ci njël la koy door a leer ne ñetti fan yi weesu yépp,

moom kott moo des Guy-Géwél. Xippi na ga, waaye xamatul ndax day gént walla déet. Góor gi Aatu Sekk a ngi dégg ni butitam yiy jooye, di lemu ak a lemmiku. Xamul kañ la gëj a xiife nii.

*

* *

Ay xaj a ngi mbów ci tàkkal dex gi, mu di leen dégg fi mu jaaxaan. Ñaari noppi Aatu Sekk yi miin nañu léegi tekk-tekkaaral gi. Waxtu wii la Yilimaan Jonn daan nodd fajar. Góor gi Aatu wàcc lalam, jubal ci ëtt bi, jàpp, kàbbar. Ñaan na it Yàlla mu génne réewu Jafune ci fitna ji ko Dibi-Dibi dugal. Lee-lee mu mel ni am na ñuy yëngu ci wetam mbaa ñuy romb buntu kër gi di wax ci kow.

Xobi garab yaa ngi jooy ndànk.

*

* *

Bés bu jàll, Aatu Sekk gën a lott.Ay soldaar ñëw nañu ba jub Guy-Géwél,

taxaw, am ci ñoom ñu jëkk a seet ndax amul ay noon yu fi làqu. Ñu nekk fay wër gox bi ba mu yaakaar ne léegi ñu song Guy-Géwél, ñu daldi woññeeku.Bi ñu rombee buntu kër gi la Aatu dégg ñaar ñu ci doon werante :

- Fii kat, ndekete nit desu fi.

- Danga xam ndax gaa ñi suul nañu fiy ndell walla déet ?

- Dina ma jaaxal, defe naa ne noo leen fi jiitu.

- Loolu lay niru, waaye dina màtt ak du màtt... Waa ji jotul a àggale li muy wax. Bi ay bali fetal naan :

- Tuyy ! Tuy ! Ratatat !

Ak bi muy yuuxu benn la. Góor gi Aatu Sekk dégg ñuy soqee fu nekk ay fetal. Ñu teg ci tuuti, Guy-Géwél dellu ni selaw. Li muy sonn yépp, fexe na ba jóg, ne day dabi ñaari soldaar yi romb buntu këram, ne ki ci jot a mucc :

- Jaale naa la sa xarit bi faatu, waaye su doon sama sago nga dóor ma bal, ma noppaluji man itam. Jébbal naa la sama bopp. Defal ci man lu la neex. Wànte naka la Aatu Sekk taxaw rekk, daldi tàmbalee miir, àggaat ci suuf, di xiixat.

*

* *

Seen ndey a jëkk ñëw. Aatu Sekk xippi, gis ko mu ne jodd ci ëtt bi di ko xool. Mu ne ci xelam :

« Moo, kañ la nit daan am geen ? »

Mu bëgg a reetaan, biir biy jam, mu gañ̃ñ. Golo gaa ngi jonkan ci benn xeer wu dóomu-taal, ne ko jàkk. Aatu fexe ba wéeru ci niim gi. Li muy sonn yépp, xam na ne buy sàggan golo gi di ko song, te kon dina ko gaañ.

« Kii de, am na lu bët yiy wax... » Waaye lu ñuy war a wax ? Naka lay def ba witt ci jaww ji kàdduy golo gi ? Aatu Sekk sànniy bëtam fu nekk Dara rëccu ko ci li ko wër.Xeer wi ci wetu golo gu jigéen gi.

Liiñu caas gi leen tiim ñoom ñaar. Tey sax la Aatu mas a seetlu keppu yu weex yeek yu xonq yiy làng ci liiñ gi.Toogu bant bu gudd bi. Ci la xaritu Aatu yi daan teg seen damyee, di wure subaak ngoon. Ni toogu bi jaaxaane ci taatu niim gi, ñaari yëf la tekki. Wéetaay bu tar. Bànneex bu dëddu Guy-Géwél. Ñu jékki-jékki, ngelaw li yëngal bunt bi, golo gi tëb, geestu, fu ne mu xool fa ba noppi neeti jodd, janook góor gi Aatu Sekk. Aatu moom mu ngi yëg ni ko xiif gu metti giy miirloo.Tàngaay baa ngi ko jàpp ba noyyi të ko, tuñ yiy gën a wow bés bu nekk.

*

* *

Ginnaaw-ëllëg sa, golo gi dellusi.

Fekk na sibbiru si daaneel Aatu Sekk.

Bii yoon, ci garab gi la tëbe, ne putt ci suuf. Waaye tey de, dafa mel ne ku àndul ak sagoom. Mu ngi yuuxu, di xalangu ci ëtt bi, di sëpp-jaleñu. Jàppe na ko noonu ba yàgg, mu daw wuti mbedd mi.

Ci la góor gi Aatu Sekk sog a nànd ne am na lu ko golo gi bëgg a won.

*

* *

Keroog la golo gi bàyyi ñaari doom yeek Aatu. Bi Aatuy laata xam lu xew, sànni na leen ko ba dem yoonam.

Aatu Sekk di fo ak ñoom, di leen toppatoo ni mu ware ba ñu far nekk ay wéttalam. Waaye golo du mbokk ! Ñaari gone yi, yar ak teggin dëgg lañu won góor gi ci fan yu jëkk yi. Noonu lañu naxe Aatu, mu jàpp leen ni ay doomam yi mu jur. Ndekete ñu ngi koy yeeru, di xaar ba jekku ko, toroxal ko. Bés, ci yoor-yoor, ñaari doomi golo yi fekk Aatu muy dajjant fi mu doon féexloo ci taatu niim gi. Ñu daldi gaawantu yeew ko ci garab geek buum gu dëgër. Aatu kañ gis na leen ñuy kër-këri, waaye mu ngi reetaan, defe ne dañu koy jàngal po mu bees. Keroog, fa lañu ko takk ba reer jot, ñu xollil ko reenu ñàmbi, jox ko mu lekk.

Ñàmbi ji xaw naa dëgër gaa, wànte li Aatu Sekk di nekk mag yépp, bëñ yi yàqooguñu. Lee-lee kenn ci ñoom ñaar dugg biir Guy-Géwél, delluseek gerte-kemb mbaa xollitu banaana, sànni ko Aatu, mel ni kuy jox sa xaj mbaa sa xar mu lekk. Suy sàqami ñàmbeem, di yuut, ñu koy ñaawal. Lu tuuti lu mu def, ñu gàddu seen yat, di ko ndulli ba mu yaakaar ne dañuy koy bëgg a rey. Lee-lee ñu defaru ba jekk, sol seen sàppo tubaab yooyu, takk seeni lonet, karwaatu, ne ñu ngay tàllali seen tànk biir Guy-Géwél. Waaye duñu bàyyi mukk góor gi Aatu Sekk ginnaaw. Fàww ñu yóbbaale ko. Da leen di topp, ñuy xëcc ci buum gi, di ko wommat. Yenn saa yi sax Aatu Sekk kaf ak ñoom :

- Wutewumaak Buur buy nemmeeku ay diiwaani réewam. Xanaa kay li ngeen ma takk ni seen jaam rekk moo ma ci xaw a jaaxal. Ñaari doomi golo yi reetaan, caw ko, gën a xëcc ci buum gi.

Lee-lee seen ndey dellusi ci kër gi, taxaw ci kow miir bi, woo leen, ñu fekki ko, fo ak moom ba Aatu Sekk defe ne suy dem da leen di yóbbaale. Waaye day jékki-jékki ne mërr, wacc leen ak Aatu Sekk.

*

* *

Aatu Sekk wutal na ku ci nekk tur. Golo gu góor gi mooy Ninki. Rakk ju jigéen jeey Nanka.

Ninki-Nanka. Fukki fan ak juróom-ñaar a ngii tegul nit bët. Nankaak Ninki doŋŋ ñooy wéttalam. Ñu ngi miinantesi, nag, mook ñaari ganam yi. Li des rekk mooy mu mën a waxtaan ak ñoom. Naka-jekk, Aatu masul a bare wax, waaye ñetti fan yii de, ay noppam namm nañu lool kàdduy nit.Golo yi ñoom, ñu ngi wax ni ay Doomi-Aadama Aatu xamul sax wan làkk lañuy làkk. Li mu ci xam daal, moo di ne seen waxin gaaw na lool. Laay !

Ndekete golo tamit dina bar...

Xel mi dem fu sore, mu ne :

- Céy, nun ! Fu nu jëm ak Dibi-Dibi ?
Wànte sama coono beek sama wéetaay bii am na lu ñu ma jàngal ci mbiri àddina : tés-tés ji nit ñi nekke, dara waralu ko lu dul bëgg a fàtte seeni naqar. Lu ñu dugg looloo leen ci dugal. Saa yu nit sóobee lenn, gasaale na pax suul fa leneen lu ko naroon a gëtën.

« Waaye man mii nag, ci lan la nekk ? »

Góor gi Aatu Sekk xamul lu muy tontu boppam ci laaj boobu. Li ko wóor daal, moo di ne deseetul pexe. Mu ngi wéeru ci taatu niim gi, di xaar Ninki-Nanka ànd ak moom, ñu doxantuji biir Guy-Géwél. Ñaari gone yii ñoo ñuul xol ! Dañuy wommat Aatu ba ci mbalka mi ci wetu Toolu-Buur, ñu yolomal buum gi ñu ko yeewe, mu sëgg naan ci ndox mi ba màndi. Bu ñu dellusee ci kër gi, ñoom ñu lal seen taabal, téye seeni kuddook seeni furset, di lekk, di sàqami ndànk.

Dafa mel ni sax gone yi am na yu ñuy jëfandikoo, de ! Walla ? Xet gii gën a doy waar ! Mbaa du doomaraam yii dañuy naan sàngara ? Su dul sàngara it, niru na ko lool ! Li ñuy lekk yépp, ñu ngi waxtaan ñoom ñaar. Góor gi Aatu Sekk yéemu. Moom daal, su dul woon seen geen yu gudd yeek seen karaw gu xonq geek seeni daar-daar, mu waat ne ay nit lañu ! Ni ñuy waxee ka gaaw, tey!

- Ra-ta-ta-ta-ta-tat !

Ay kàddu yu mel ni ay bali fetal !

Jékki-Jékki, xolu Aatu fees, mu daldi yuuxu : Sama baat ci kow ! Man, Aatu Sekk, maa ne kenn du la gën a baadoolo, yow ! Li ma la defal ci àddina yépp, amoo loo may feye lu dul di teg kàddu yu ñaaw yii ci sama der ! Bi Aatu waxee loolu, ñaari golo yi xoolante ba noppi ñëw wër ko. Ninki-Nanka jaaxle lool. Lu Aatu xewle bay waxtu ?

Kan lay xulool noonu ?

Aatu ŋaaŋ, di xiixat, ba yàgg mu yëkkatiy loxoom ni ku réccu li mu def, di jéggalu:

- Baal-leen ma àq de, goney mberaago yi ! Dafa am lu ma fàttaliku rekk, sama xol fees ! Yéen dungeen ci dara. Samay noon ñoo fàqee barsàq bëgg ma fekk fii ma toog, di waxtaan ak yéen, ñu coob ma ! Waaye dëmm yooyu, dinañu wax lu set balaa ñu may wann !

Bi Aatu waxee loolu ba noppi, Ninki jël benn xollitu banaana, tiimale ko ci gémmiñ gi. Aatu ŋaaŋ, yaakaar ne dafa koy jox mu lekk. Ninki sànni xollitu banaana bi fu sore, yuuxu, fëgg dënnam, xulli Aatu Sekk. Aatu xam ne dafa mer, daldi sëgg. Ninki làkkanteek rakk ji. Nanka tëb miir bi, dem ci mbedd mi, delluseek yatam wu dijj, ne ko jabb Ninki.

Li Ninkiy dóor Aatu yépp, mu ngi koy saaga, di ko wéq.

Keroog, joxuñu Aatu mu añ. Seen ndesit ya mu daan lekk yépp, dañu ko tuuri mbalit.

Aatu Sekk a ngi leen bëgg a balu àq, waaye saa yu ŋaaŋee, mu mel ni dañuy jamat ay puso yu tàng jërr ci gémmiñ gi. Fi ñu ko takk, mu ngi yërëmtalu.

Ndeysaan !

- Yéen a ñuul xol, doom ! Nu ngeen àttane def seen Maam Aatu Sekk lu ñaawe nii ? Dangeen ma bëgg a toroxal, daal ? Naka la Ninki dégg baatam, daldi bàyyi tele ba mu doon seetaan ñëw tiim kook yatam, xàcci, dem ba koy dóor, wàccewaat loxoom. Soo gisee Aatu, mu ngi banku ni gone gu ñuy waaj a duma mu dem boqu ci ndeyam. Ninki xool ko ba seppali ko, wacce loxoom ne walbit, dellu seetaani teleem.

*

* *

Nanka randatu na ba ci noppi mag ji, mel ni ku koy déey dara. Aa ! Ay golo yuy déeyante, nag ! Aatu Sekk a ngi bëgg a jommi kat ! Déeyante de, masul a xalaat ne ku dul nit Njaay mën na koo def.

Ndax kat, lu Doomu-Aadama denc ci xelam la ba noppi fas yéene koo dénk ku mu wóolu dëgg. Kuy déey nit dara, sa xalaat ngay xelli ci xelam. Te ba àddinay baax de, golook yeneen mala yi daawuñu xalaat bay wax. Su weesoo seku daal

- te seku sax li muy wax dara la ci xamul !

- sëpp-jaleñu, yuuxu ak yu ni deme lañu xamal mala yi.

Waaye déeyante tàww ! Nguuru Dibi-Dibi gii kañ, lu nekk dinañu ko ci gis ! Déeyantee ka kéemaane tey ! Du jokkoo neen, de ! Déeyante, segg dëgg la laaj, te loolu nit Njaay moo ko yelloo. Ak ni àddina si tollu, nga taamu ci benn Doomu-Aadama doŋŋ, wóolu ko, sëgg ci noppam, tàbbal ci xelam loo xam ne ginnaaw Yàlla, yéen ñaar rekk a xam lan la...

Ci xaaju-guddi la benn balu fetal fëq buntu kër gi. Teg nañ ci ñeenti waxtu yoo xam ne bal yaa ngi doon def :

- Tuyy ! Tuyy ! Tuyy !

- Ra-ta-ta ta-tat !

Am na it ay këri Guy-Géwél yuy lakk. Lakk gi warul a soreyook fi Aatu toog, ndax ëtt baa ngi leer nàññ. Aatu Sekk ni ci xelam : « Mel na ni gaa ñaa ngi xëccoo Toolu-Buur ». Yoon yu bare te yaatooy jaar Toolu-Buur, nag.

Moo tax ñu ne :

- Ku teg loxo ci Toolu-Buur yaa moom Guy-Géwél, moom dëkk bi. Te ku moom dëkk bi, li des ci réewum Jafune mënu laa të. Xare Guy-Géwél bee ka nar a metti ! Góor gi Aatu Sekk walbatiku, daj ci ñaari doomi golo yi, ne leen :

- Yéen ñaar ñii de, wóor na ma ne Toolu-Buur la leen seen ndey rawalee, dénk ma leen ba noppi nekk ci àll biy taxawaalu.

Golo yi tontu ko ci seen làkk.

Mu ree :

-Dara laa xamul ci li ngeen may wax ! Waaye ay doomi golo ci Guy-Géwél gii de, Toolu-Buur rekk lañu mën a joge !

Benn kanu dal.

- Réll ! Ay roppëlaan tiim dëkk bi, yàbbi safara su baree-bare ci mbeddi Guy-Géwél yi. Asamaan siy rëg-rëgi, kër yiy riir, bunt yépp di dal, jaww ji ñuul kukk ak saxaar. Aatu Sekk daldi ne golo yi : Dof yaa ngi ci yoon wiy ñëw de, léegi ñu ne jamet ci sunu kanam ak seeni saar de kombaa !

*

* *

Jaratul werante. Xeex bi agsi na biir Guy-Géwél. Way-fippu yeek waa kër Dibi-Dibee ngi jàppante ci wetu Toolu-Buur. Oto làrme yaa ngi riir, di waŋŋeetu ni ay fas yu seen fit rëcc, pënd bi topp leen. Aatoo ngi déglu it kanu yi, di gis ni safara siy raaye asamaan si, door a dal ci suuf, tasaaroo. Bakkan yu baree ngi rot ci xeex bi. Li leen Guy-Géwél jaral de, réy na ! Foo tollu, dégg ay soldaar ñuy jooy, naan :

- Wóoy sama ndey !

Xeex bii de, xanaa mooy bi mujje...

Rajo bi sax wax na ko :

« Waaw. Nee ñu de, ku teg loxo ci Guy-Géwél gàddu ndam li. » Lenn moom wóor na Aatu. Bés bu jàmm dellusee Jafune, baadoolo dootul des Guy-Géwél. Béréb bu ame nii solo, boroom alal yi dinañu ko aakimoo. Rax-ci-dolli, dafa tafu ci géej gi te it dex gi sorewu ko. Te ku nekk xam na ni boroom barke yi yéenewuñu kenn péexu géej gi.

Am na góor suy wax ci rajo bi. Nee ñu ku xelam màcc la ci mbirum làrme ak bóomateek yu ni deme.

Mu ngi naan :

« Waaye man de, ci sama gis-gis bu gàtt bii, yaakaar naa ne xare Guy-Géwél bii du gaaw a sotti. Ndax ku fexe ba teg ci loxo it, kepp la fi dina yomb lool. Waaye nanu xaar rekk, li ci kanam rawul i bët ».Góor gi Aatu Sekk wiccax bopp bi, gëmm, tàmbaliwaat dajjant. Sibbiru bi sonal na ko lool wànte nanguwul a tëdd ci lal. Xam na ne su ko defee dootul mën a jóg te kon sax du ñàkk mu jaare fa ñibbi àllaaxira.

Lu mu yëg ci yaramam la. Pas-pasu dund doŋŋ a ko téye, nde kon leneen lañuy wax. Ñaari gone yi kañ, ñoo ko jaaxal. Lu mu leen def ba ñu koy yeew ci niim gi, di ko sànni seeni ndesit, su ko bañee lekk ñu koy duma ay duma yu metti ? Bu doon sagoom de, ñu may ko mu sangu, sol yére yu set, jublu penku julli, ni mu ko daan defe àjjuma ju jot.

« Céy sama gan yi ! Ñu ngay kurti-kurteeti ci biir saal bi, de ! Baat yooyu may dégg, ñoom rekk la mën a doon ».

Noonu, Aatu fexe ba yolomal buumam, jóg ndànk, di yoot, ba dem bett leen. Ñu ngi ne noŋŋ ci kanape saal bi, janook tele bi. Aatu gën a waaru. Moom mi yaakaaroon ne tele bi baaxatul ! Ak lu ñu bare-bare pexe, defaruñu ko xanaa kay... Dikkleen ! Waa Guy-Géwél, dikkleen ! Golo yuy defar tele, nag !

« Lu tee, sax ? Réew mu dof bu mel ni Dibi-Dibi mën a jiite kat, dara waratu fee jaaxal kenn ! »

Góor gi Aatoo ngi làqu ci ginnaaw buntu saal bi di leen seetaan. Sañul a sëqat. Su ñu yëgee ne yolomal na buumam ba jóg taxaw, dañu koy rey ! Xale bu góor bi, Ninki, dafa rekk soxar, moom ! Ci tele bi, benn janqu tubaab a ngi làkk nasaraan.

Ni muy waxee gën a gaaw ! Waaw, moom sax ndax dina noyyi suy wax ? Saa yu noppee, am benn woykat bu feeñ ci tele bi. Aatu jot naa gis ñeent mbaa juróomi woykat ñuy tëb di dal, ñaq tooy xepp, di yuuxu, sol ay yëre yuy melax. Kenn ci ñoom a ngi fecc taatu-lawbe, ànd ak ay janq yu sol yëre yu ñuul kukk.

Góor gi Aatu ne ci xelam :

« Céy goloo am bayre ! Gone yi ma gis ñuy fecc léegi yépp, golo yi doŋŋ lañuy toppandoo ! »

Ñaari golo yi ñoom taluñu dara, xanaa ne jàkk tele bi, ne tekk, noyyi sax defatuñu ko. Aatu Sekk sog a nànd nag lu tax ñu gëj koo wéttalisi.

Ndeke guddeek bëccëg ñu ngi seetaan tele! Leneen lu dul loolu safatuleen.

« Xanaa ma jàppe ko noonu, boog ».

Aatu taxaw na lu mat genn-wàllu waxtu ci buntu saal bi, te Ninki-Nanka yëgu ci dara. Bi doomi golo yi génnee, fekk nañu góor gi Aatu mu takkaat buumam ba mu dëgër, di nelaw-nelawlu ci taatu niim gi. Fan yooyu yépp, golo yi dañu xawoon a mel ni ñu fàtte góor gi Aatu Sekk. Su leen gisee, dañu ko romb, dem ci waañ wi defari seen kafe, daldi gaawantu dellu jaaxaan ci kanape saal bi.

Aatu moom, dara dàqalu ko nëbbu di seetaan ñaari golo yi ñuy seetaan tele ! Ñaari waxtoo ngeeti mu tafu ci ginnaaw bunt bi di leen xool. Nankaa ngi ànd ak benn woykatu tubaab bu jigéen di fecc, kookuy woy, mu koy awu. Lu ndaw si def, mu def ko. Mu ngi la koy salliirul, di fëgg dënn bi, di wiccax bopp bi, ba ne tuuti mu taxaw, ne jabb loxo càmmooñam Ninki.

Kokku téye ci ndigg li, ñu ànd di wëndéelu, fu nekk ñu fay sànni seeni tànk, coow li ne kurr ci saal bi. Góor gi Aatu waaruwul yem ci. Dafa tiit bay dankaafu boppam :

« Aatu Sekk, ñaari gone yii waxaguñu li ñu la naral, de : ndof ak dee ngi lay yoot. Bul ko nangu. Lànkal, Aatu Sekk, bul nangoo jommi. » Aatu Sekk, yaa yey muslu ci sa ñaari gan yi. Bàyyima yii, soo leen di xeeb ñu lay gaañ ! Nook ñoom a bokk dunyaa. Ëpplewunu leen ci benn yoon. Dégg naa sax dinañuy yéemu lee-lee ci sunu njaayum puukare mu metti, di nu jëw ci seen làkk, naan, xam naa :

- Doomi-Aadama Njaay yi fan lañu teg seen bopp ? Lu tax ñu yaakaar ne képp kuy noyyi ci kow suuf si ñoo la gën ? Aa ! Neex ba dee !

*

* *

Soldaari Dibi-Dibi yeek way-fippu yi wéerati nañu seeni ngànnaay.

Ñetti fan a ngii Guy-Géwél ne selaw.

Taxul nag waa gox bi ñibbisi. Loolu, kenn waxaalewu ko sax. Mel na ni Dibi-Dibee jekku way-fippu yi. Bi Aatu Sekk déggee loolu, dafa jàpp bopp bi, mbir mi def ko tiis wu réy :

- Ba waa ju kannasu jii daal, moo nar a wéy di nu jiite ! Dina fi toogati ay at, di nu tuur àndaari wax, ñépp di ko sukkal, di raam, ku jóg taxaw mu dóor la bal nga daanu ! Waay Afrig moo sonn !

*

* *

Sàkk pexe jot na. Moo yey fagaru, bala ko ganam yiy jommal. Guddig lëmm la toog, ne fàww mu fàttaliku lépp lu mu mas a xam mbaa mu mas koo dégg ci mbirum golo. Ku bañ ñu bett la, dangay teel a fagaru. Ndax bés bu fippu yeek Dibi-Dibi juboo, ba ay wi dakk, moom Aatu Sekk dina defanteek golo yi ba géej gi fer. Du ci bañ dara, nag ! Dinañu ko wax lu waral ñu yeew ko ci taatu niim gi dëj ko fi.

Aa ! Moom daal mooy seen jaam ? Dina leen won mooy kan !

Ninki.

Nanka

« Sunu xaree nar a metti ! Dinaa leen jàng ba jeexal leen, ndax ma xam fu ma leen di jaar ! »

Aatu Sekk lim ci xelam fànn yi mu yaakaar ne warees na cee gëstu ngir gën a xam xeetu Ninki-Nanka.

« Lépp lu gëstukat yi bind ci mbirum golo, war naa koo jàng. Dara waru ma cee rëcc ». Jamono jan la xeetu golo feeñ ci dunyaa. Fan la golo gën a baree : réew yu tànge ni réewi Afrig yi mbaa ci dëkk yu liwe ni yu Tugal yi ?

Dëkk bi kenn sañul a bóom golo. Nekkul réewum End, saxam ? Askan yi leen di wàjj, di lekk. Golo yi dëkk ak nit ñi, di dem aka dikk ci mbeddi Sibraltaar yi. Lee-lee kenn ci ñoom taxaw ci benn bitig, jënd sigaret, taal, daldi xëcc ba noppi sànni saxaar si, dëngalu dem yoonam.

Golo yi ñu tëj fii ci Toolu-Buur, gone yiy ñëw di leen seetaan, di leen sànni gerte kemb ak xollitu banaanaak xollitu sorãs.

Naka la golo yiy dunde ci àll bi.

Ni ñuy tànnee seen njiit.

Ni ñuy séye ci seen biir.

Li ñuy lekk. Góor gi Aatu di lim ba agsi ci ni golo gu jigéen di doxaleek ay doomam. Mu ne ci xelam :

- Lii mooy li ëpp solo ci mbir mi.
- Ni golo mënee toppandook ŋóobi. Ñaawaayam bu metti :

- Ku ñu ne yaa ñaaw ni golo, xas nañu la dëgg ! Ndax rab woowu sax am na wàll ci cosaanu réewum Jafune ? Xelu Aatu ne yarr ca juróom-ñeenti téeméeri junniy golo ya jógaloon Nijaay Gaynde. Guddeek bëccëg ñu topp ko. Muy fàdd rekk, wànte saa yu demee baa yaakaar ne jeex nañu, ñu gën a bare ciy bëtam, topp ko rekk, ñii langaamu ci cari garab yi, ñii di ko sànniy xooxi màngo.

Ñu jàppee ko noonu lu mat juróom-benni fan. Nijaay Gaynde dem ba amatul pexe, mu jaaxaan, jébbal leen boppam. Ñu wër ko nag, di ko ŋóobi, di ko saaga ci seen kàllaama golo. Ba mu leen wóoree ne Nijaay Gaynde Njaay saay na, ñu bàyyi ko fa dem seen yoon.

Ni golo nirook nit, nag ! Moom kay, ñépp war nañoo xas golo ba mu des nun. Ndax lee-lee nga ubbi ab téere, gis ci nataalub Doom-Aadama, nga xool bu baax xar-kanam gi, mu indil la bu baabun mbaa bu dàngin. Jàkkaarloo golo ak nit mënees nañu cee duy géeju xam-xam. Su la golo nee jàkk, fàww sa yaram daw, nga dawale say bët. Du tax mu may la jàmm. Am na lu mu lay wax, de. Soo demee nun ñii danu ko def i ree, mu naan :

- Xoolal ma ngóor sii rekk ! Sama mbokk mee ñeme lu metti ! Waay, yaa sob ! Lu la xiir ci gii génn xeet ? Li ngay tiitaroo, jar na koom ? Yaak man la woon démb, nuy dóor-dàqe ci àll bi, di dunde ay xobi garab ak i doomi màngo. Fàttalikul.

Dafa neexoon ba dee ! Nga xéy bés rekk ne doyal nga ci nekkin boobu ! Ban njariñ la la amal, tey ? Nee nga tuddatoo golo, ndax yaay Nit. Su sa soxna ëmbee, nga ne ko bumu jaar ci sama tur, mu may woowe noppi-jaboot. Fu mu foog ne dinaa fa aw, mu jaar fa ca des ndax rekk ragal dajeek man, ma jigadi doomam. Nee nga yow rekk a am xel, di defar ay roplaan ak ay jumtukaay yu kenn xamul. Yu ñàkk faayda yooyu tax nga xeeb ma. Sa doom yu xamadi yi duñu ma romb te neewuñu ma :

- Mbëllee ! Céy golo, lu tax nga ñaaw nii ak sa taat yu lakk yi ?

Ñaawuma kañ, doom, damaa nirook baay kepp ! Ñàkk xam li mu waral bare na ! Te bu dara desul lu dul ŋóobi, maa ko dàq fuuf say doom ! Te sax, nanu waxante dëgg, saa waay. Tas nga àddina si, sonal sa bopp, dëkke naqar. Bi nga xamee ne noonu la yëf yiy mujje, mënoon nga des fii, ci kow garab gi ! Bul ko yàggal, ngóor, tee ngaa yéegaat, fekksi ma fii ?

Li nga nekke kat, gisuma lu ko jar ! Ku nekk naan sa moroom maa la dàq daw, maa la dàq jàng, sama jëkkër moo ëpp xaalis sa jëkkër, sama réew a ëpp doole ci réew yi ci àddina si sépp ! Yu ñàkk solo yooyu bañu leen ci ba ku jekku sa moroom butti ko. Waaye fi nga ma yéeme dëgg, mooy bi nga jëlee sa sagaru kayit, rëdd ciy nataal, tudde ko xaalis, làq ko fu sore nag, nit ñi war a reyante ngir xam fu mu nekk, ñu fexe ba luqatee ko fa. Waaw. Yow kat yaa ne ku amul ci kayit yooyu ba mu doy, du lekk du naan, te bu feebaree du faju ! Loolu nag, nga wéer ko fan, yaaram ? Góor gi Aatu geestu fu nekk, di seet fan la golo giy waxeek moom.

Réewu Dibi-Dibee doy waar ! Waaye nag, du toog ne yàcc-yàccaaral, ay golo di ko xas !

Xol bi daldi jóg, mu tëb, ne day fekki Ninki-Nanka fa muy seetaane tele, defanteek moom ba mu saf sàpp ! Waaye góor gi fàtte woon na ne buum a ngi yeewe ci baat bi.

Ni mu xëccoo, buum gi naj ko, mu yuuxu. Nankaa jëkk a génn, gis ko, daldi woo mag ji. Ninki ñëw, gëdd góor gi ba noppi fasaat buum gi ba mu gën a dëgër.

*

* *

Guddig sàttumbar. Biddéew yaa ngi tiim Guy-Géwél di melax ci asamaan si. Yoo yeek yeneen gunóor yaa ngi biiw. Lu mat waxtoo ngi nii Aatu Sekk di wër garab gi. Waaye mënul a dem fu sore ndax li ñu ko yeew.

Jékki-Jékki ëtt bi leer nàññ, suuf si yëngu. Aatu Sekk séen lu xàwwikoo ci asamaan si, wëndéelu ci jaww ji ba noppi tàbbi géej, ni :

- Tu-tuuy ! Ne tuuti mu dégg ay tànk yuy jëmsi ci moom. Mu daldi ne ci xelam :

« Ñooma. Agsi nañu. »

Ñan ñooy ñëw sax ? Waa kër Dibi-Dibi mbaa way-fippu yi ? Waaye ndax loolu sax amati na solo ?

« Ak ñu ngeen mënti doon, maa ngi leen di xaar ! Ñëw leen def ci man lu leen neex ! Yàllaa leen ëpp doole fuuf ! »

Xelu góor gi Aatu Sekk ne yarr ci Ninki-Nanka. Mu yuuxu :

- Yéen daal, waat ngeen ne sama saal beey seen fowukaay ! Baax na ! Su ma leen fa fekkee dinaa lakk seen lu bon !

Mu direeku ba ci ñoom, fekkati leen ñu jaaxaan di seetaan tele. Ku mas a gis lii ? Tele buy tàkk guddeek bëccëg... Ay futbalkat a ngi topp ci benn bal bu weex di daw. Am na ku ñu ci ne jabb benn kayit gu xonq, dàq ko ci biti, mu teg ñaari loxo yi ci bopp bi, di jéggalu. Moroomam mi mu gaañ a ngi jàpp ci tànk bi, di gañ̃ñ, di wañaaru ci déndub futbal bi. Doomi golo yi ñoom, ndekete ñu ngi janook seen tele di nelaw bay xandoor. Aatu Sekk daldi dëpp, xool montaram.

- Ñetti waxtook genn-wàll rekk a jot. Bët-setagul. Nelawaat xej na fi.

Du ñàkk mu am ñu ne góor gi Aatu Sekk bare na lu muy wax waxu telewisoŋ. Ñooñu de, su ñu seetoon bu baax seen xel, dinañu xam ne yëf yi mënul a deme neneen. Naka lay def ba xelam du nekk ci tele bi dëkkee tàkk ci saal bi ? Mu ngi Guy-Géwél di xaar. Lu muy xaar ? Xamu ko. Xamul it ñan lay xaar. Ñu ngi ci yoon wi daal, ak seeni ngànnaay. Ginnaaw reyantee xew Jafune, kañ ! Aatu Sekk fexewaat ba yolomal buum gi ñu ko yeewe, raam ba ci buntu saal bi, tiimaat Ninki-Nanka.Telee ngi wone ay saar de kombaa yuy yàbbi safara, di mbëkk garab yu ndaw yi ci àll bi, ñuy daanu. Ay soldaar a ngi daw, di wut fu ñu làquji waaye fu ñu aw, saar yi kar leen, soqi, faat ci ñu bare.

Bi loolu weesoo, ñu gis benn soldaar bu ñu jam ci dënn, mu nekk ci sukkuraat, ndeysaan, tëdd ci ñax mi, deret jiy walangaan, muy janeer. Mook coroom ñu ngi dóor-dàqe ci kow benn tund, di xàqataay.

Ku leen gis xam ne ñoom ñaar nobante nañu lool. Ndaw si taxaw, joxoñ bakkanu far wi, cof kook baaramam, ne ko :

- Fii laay noyyee !

Ku góor ki ree, gën koo kott.

Janq bee ka rafet, kaar ! Karaw gaa ngi ñuul kukk, di watatu ci ginnaaw mbagg yi, cëru jigéenam yépp mat sëkk. Xaleelu góor bi dab ko, kottaat ko, ñu fóonantewaat. Ñu teqalikoo, ku ci nekk ne jàkk sa moroom, ñuy làkk nasaraan.

Ku góor kaa ngi tàggu janq bi, naan ko: Maa ngi nii di waaj a dem xare, ni samay moroom. Yow rekk laa mas a nob, Margërit. Su ma dellusee ci jàmm, dinanu daganal diggante bi. Boo gisee Margërit, mu ngi jooy, ndeysaan, bay yikkat, far wiy jéem a dëfal xol bi. Noonu ñu kottantewaat, fóonante ba mel ni ñu àndatul ak seen sago. Ndaw si jékki-jékki jéngu, futtiku sànniy yëreem, ne moom moo tey, dafay jébbal far wi boppam ! Ku góor ki lànk, ne ko mukk du ci dal.

Bi film bi àggee foofu nag, Aatu Sekk seetlu na lu doy waar. Bi ndaw si tàmbalee futteeku, ñaari doomi golo yi dañu daldi tàggook seen sago ci saa si. Ñu ngi yuuxu, di tàccu waa ji. Waaye bi soldaar bi bañee tëdde coroom, jéppi nañu ko lool. Dem nañu sax bay dóor tele bi, di sànni seeni loxo fu nekk, di ciipatu, di saaga waa ji ! Mel ni ñu naan :

- Ngóor sii moo ñàkk faayda, dëgg ! Gel bu tooye nii moos, yéene la ko, di la ko jox ci xol bu sedd, ngay nakk-nakkal ! Mbaa du ponkal mii daa tële, di ? Aatu Sekk gën a tee waaru. Waaw, mbaa du gune yi dañoo dégg nasaraan ?

« Xanaa kay du ci tele bi lañu jànge làkk woowu ! »

Góor gi Aatu Sekk walbatiku, raamaat ndànk ba ca taatu garabam ga, yeewaat boppam, jaaxaan, di nelaw-nelawlu, ni mu ko tàmmee def. Ban bés lañu nekk ? Altine ? Àllarba ? Xamu ci dara ba dara boolo jeex.

Bés yi maasaloo nañu. Jamono ji ci boppam saay na. Aatu Sekk njort na ne léegi ràññee tàkkusaan ak njël të ko. Li wóor daal, moo di ne fexe na ba dagg buum gi ko doomi golo yi yeewe, dem doxantu moom kenn biir Guy-Géwél. Keroog jooju la Aatu Sekk bég ! Péexu géej gaa ngi koy dugg, di yëkkati mbubbam, di raxas xel meek xol bi ba ñu set wecc. Waaye bésub tiis la woon it !

Guy-Géwél a ngi xasaw xunn ndax néew yu yàqu yi tasaaroo ci mbedd yi. Saa yu leen jube, ay tan naaw, tag ciy garab, xaar fa ba Aatu sore, ñu wàccaat di luqati bëti néew yi, di daggat seen yaram.Yàllaa musal keroog Aatu Sekk ba dajewul ak soldaari Dibi-Dibi yi mbaa way-fippu yi. Céy ! Ku ko ne woon dina toroxi bés ba ay golo di ko def seen jaam !

Moom Aatu Sekk, doomu Fara Biram Sekk ma maamam Saa-Ngóone Penda Sekk des Somb ! Monte de, su ko neexoon mu jaare fi dem yoonam ! Waaye yëf yi jarul a yàkkamti.

Sàllaaw dina won ñaari golo yi mooy kan! Du daw mukk ba noppi di taafantoo wuti doole. Déedéet ! Day dellu kër ga, jébbal boppam Ninkeek Nanka te xam ne yàgg-yàgg dina leen jekkuji. Xanaa du ndànk-ndànk ay jàpp golo cib ñaay ? Naka la doomi golo yi dégg Aatu Sekk laal buntu kër gi, ñu daldi dawsi di ko xool ay bët :

Foo nekkoon, yow ? Kañ nga tekki sa buum bay dem di wëndéelu biir Guy-Géwél ? Tey lanu lay ñef ba nga xool benn béréb ! Xaj bu bon bi ! Ñàkk jom ba dee ! Aatu Sekk a ngi dof-doflu, naan leen :

- Goney mberaago yi, dama tàllali woon samay tànk. Lu leen tee gunge seen maam ? Yéen a bon ! Man sax mere naa leen ! Ñaari doomi golo yi salliiru, song ko. Góor gi Aatu gis ni ñu ko wëre, di tëb di dal, di xultu, mel ni ñuy waaj a xar suuf si dugg ci. Bi leen Aatu Sekk dégloo bu baax, la koy sog a leer ne nasaraan lañuy làkk. Mu xaw a jëli li ñu koy wax :

- Foo nekkoon, Aatu Sekk ? Seet nanu la ci kër gi yépp ! Waaye nun nga koy digaaleel, li nga def tey moom dootul

ñaar ! Noonu, Ninki jël benn musóor tàkk bët yi, tafaale gémmiñ gi, bàyyil ko tuuti fu mu mën a noyyeek bakkan bi, ba noppi nag taxawal ko ci taatu niim gi, wërale yaram week benn buum gu gudd a gudd. Bi mu ko yeewee ba mënatul a yëngu, ñu dal ci kowam di ko dóor ay dóor yu metti. Caw nañu góor gi Aatu Sekk benn yoon, caw ko ñaari yoon, caw ko, cawaat ko, mu ne këj, faalewuleen, mel ni du moom lañuy dóor. Nanka gën a mer, nag, daldi suy kaani gu mokk ci góomi Aatu Sekk yi ! Yaramu góor gi mel ni da ñu ci sottiy xal, muy yuuxu, di leen saraxu ni gone gu tuuti.

Doomi golo yiy màttu, naan ko :

- Ñaw ! Danga doon jaay dërkiis rekk ! Gat di ! Aatu Sekk xamatul lu ko yëf yiy niru, muy jooy, naan leen :

- Waaw gone yi, lan laa leen def ? Lu tax ngeen bañ ma nii ? Rey leen ma benn yoon ma noppaluji àllaaxira !

*

* *

Doomu-Aadama Njaay moo kéemaane ! Góor gi Aatu dafa jékki-jékki rekk, benn woy ne cabax ci xel mi, mu yëg ni yaram wiy dawe. Ndax sax woy woowu dafa jóge fu sore, ñëw dëgg-dëgg ci xelam ? Du rekk ay kàddu yu neex, kaar, yu ngelaw li yëkkati, ñuy wëndéelu ci jaww ji, di ko gungewaale moom Aatu Sekk ci tukkeem bu mujj ?

Man ràkkaaju naa ! Waaw, man ràkkaaju naa ! Waay, lii moo neex waay ! Déedéet, ngelaw li ci boppam mooy woy, moom mu koy awu, di ko gunge, naan ci

suuf : Man ràkkaaju naa ! Waaw, man ràkkaaju naa ! Ngelaw, am nga géwél, te man mii, Aatu Sekk, maay sa géwél ! Na ko ñépp xam bés niki tey!

Li muy woy ci suuf yépp, mu ngi jéem a fàttaliku lan moo tegu ci kàddu yooyu, ak fan la leen mas a dégge. Ndax du woyu kasag wu mu daan dégg ci ngoneem ? Wànte woyu kasag neneen lay tëdde, mooy gën a xumb. Bu gaa ñiy tëgg, rëkk yeey gën a jegeyoo.

Waay Ninki-Nanka, kaay tekki samay loxo ndax ma mën a tàccu ngelaw li !

Man ràkkaaju naa ! Waaw, man ràkkaaju naa ! Su ragalul woon a fen de, dina ne ci bàkkub mbër mu fi siiwoon la ko xelam jukkee. Du bàkku Yuusu Jéen sax ? Xéy-na it muy bu Maam Góorgi Njaay.Cam ! Sëtu Maram Jéen ! Waaw !

Wax dëgg Yàlla, xamul ci kan la mas a dégge woy wii.Waaye su dul woon kumpa googu, ndax Aatu Sekk dina am bànneex bu ni tollu ? Ci diir bu gàtt a gàtt, mu dellu nekk waxambaane, di daagu ci biir géew bi.Man ràkkaaju naa ! Waaw, man ràkkaaju naa ! Mu bëgg it xam lu kàddu yooyu tekki, mu të ko.

Ku leen fent ? Lan la ci jublu woon ? Am na ay kàddu yuy yëngal nit ki te du xam lu tax. Gayndee Njaay, mbarawàcc ! Baat boobu, saa yu ko waa Jafune déggee, tàggook seen sago, mu ñaax leen, ku ñu song daan la. Fan la Ninki-Nanka génne, ba ñëw janook moom ? Keroog la góor gi Aatu Sekk mas a réccu li mu toppul waa Guy-Géwél ba ñuy gàddaay. Waaye fekk na su ma yëgoon dem yoonam bu yàgg a yàgg ! Xef-xippi ay soldaar ne mëll ci ëtt bi. Aatu Sekk xàmmee waa kër Dibi-Dibi. Ni ko Ninki-Nanka yeewe ci taatu niim gi, mu ngi muut-muuti ndax bëgg a fexe nu mu rëcce. Aatu Sekk a ngi tiit ba fàtte ne dañu taf gémmiñ gi.

Muy jéem a yuuxu :

- Wiiw Dibi-Dibi ! Wiiw Dibi-Dibi ! Dibi Dibi ! Waaye kàddu yooyu benn agsiwu ci ba ci gémmiñam, ñoom ñépp a naju ci biir putam, des fa.Aatu gis leneen lu doy waar Loolu lan laati ? Xanaa ay soldaari Tubaab yu wàcce ci garab gi, di daw ci ëtt bi, fu nekk ñu dugg fa. Aatu yéemu :

- Waaw, kañ la Tubaab yi bokk ci xeex bi ? Ndekete at yii yépp xaj yu bon yaa ngi ci kow garabi Guy-Géwél yi, tiim ma ! Ñii ma gis ñuy wëndéelu ci kër gi de, benn Xonq-Nopp mooy seen njiit ! Walla boog damay gént ? Bi Aatu Sekk génnee ci mbedd mi di seet lu xew Guy-Géwél la dajeek ñi ci des. Ñaar-fukki Xonq-Nopp yu làqu ay at ci kër gi te moom Aatu Sekk yëgu ci dara ! Seetal ma lii rekk ! Benn soldaar génne ci saal bi, ànd ak Ninki-Nanka, ñëw ba ci kilifaam, am lu mu ko wax. Kooku xool Ninki-Nanka, tàllal ko loxo, ñu jàmmasante bu baax. Góor gi Aatu Sekk gis ni soldaar seek doomi golo yi wegantee, mu daldi xàqataay : Ndekete nii la àddina suy tukki di mel ! Lu fi soldaar yu weex yii di wut ? Wóoy, man ! Ku may wax lu xew Jafune ? Ay soldaar yu weex tàll ! Ñaari golook seeni daar-daar ! Ma ni : lu xew Jafune ? Yaayu Ninki-Nanka agsi, ñëw ba janook góor gi Aatu Sekk, daldi taxaw.

Ñu xoolante ñoom ñaar, mu rocci fetal gi mu làqoon ci lafu sëram, dàkk ndànk Aatu Sekk.Golo gu jigéen gi soqi, soqiwaat. Góor gi Aatu Sekk yëg ni ko ngelaw liy tàggoo, di raay kanam gi : Man ràkkaaju naa ! Waaw, man ràkkaaju naa !

TÉEREB WIS

Badu, wóor na ma ne su ma la laajoon lan mooy gën a biral sunu aaday cosaan ci mbirum fo ak tàngal yaram, dinga ma ni :
- Làmb la, Ngiraan.

Su ma delloo ne la :

- Limal may turi mbër, du ñàkk nga ni ma :

- Tafaa Géy mbaa magam Mbay Géy, Duubal Lees, Mànga, Tubaabu Joor ak Bàlla Béey.

Su dee ku la mag laa laaj loolu, xéy-na dina ma ne :

- May ma, Ngiraan, ma fàttali askan wi jaloorey Mbay Ja Jóob, Abduraxmaan Njaay Falaŋ, Paate Jóob, Fóode Dusuba walla Landiŋ Jaame.

Mbër yooyu yépp, bëre-dóor a tax ñu xam leen. Yow Badu, soo daggee paas dem seetaani làmb ja Ibba Maar Jóob, mbër yi takk seeni gàllaaj, ñu leen di tëggal, ñu ngembooy sëri rabal yu rafet di bàkku, di tuuroo soow ak saafara, Xaar Mbay Majaaga di woy :

Làmb góor a ko moom,

Lii bu doon làmbu jigéen sax jeex na- a-a-a, Ku ci nekk ànd ak sa gàngóor, gaa ñiy sànniy pitax ak a toj ay nen, loolu yépp soo ko déggee, teg ci sa bët, fàww sa yaram daw, Badu. Noo def sa xel dem fu soree-sori.Ñu dégg laak ñu bañ laa dégg, dinga ne :

- Futbal neex na lool te am bayre, waaye ci dëgg-dëgg làmb mooy sunu cosaan, ni « sumo » mbaa « sido » nekke cosaanu réewum Sàppoŋ. Kon jaadu na ay nit jóge bitim-réew, ñëw di jël ay nataal mbaa di defar ay film ci sunu làmb ji. Su ñu delloo fa ñu dëkk, dinañu ne :

- Po mii ñu leen di wonsi nag, waa Senegaal a ko moom. Bi ko seeni maam sàkkeek léegi, lu mu néew-néew, war naa mat fanweeri xarnu ci ginnaaw.

Ku ciy sañ a teg baat ? Monte de Badu, su ñaari mbër yi bàkkoo ba noppi, def seeni déebaa-déeb ba janoo di léewtoo,

ku ci jëkk a yëkkati sa loxo dóor sa moroom teggi nga yoonu aadaak cosaan !

Lu ma tax a wax loolu ? Dafa fekk ne bëre-dóor, ak li coow liy bare yépp, Maam masu koo xam. Bëre dóor, benn Tubaab bu xonq coy bu tudd Móris Sakeŋ moo ko dugal ci réew mi

Móris Sakeŋ moomu, minise la woon, dëkkoon Sàndiñéeri gii, ci wetu màrse Sàndaga. Bi ma newee gone, gunge naa bés sunu benn Garaŋ muy seeti tubaab boobu ma lay wax. Maa ngi gisaat Móris Sakeŋ. Ku am taxawaay la, kanam gi wow koŋ, mu xaw a xuuge. Mu ngi sol keroog tubéy ju gàtt, yeel yi ne fàŋŋ, sew ruuj. Ñi muy liggéeyal ay doomi réew mi lañu, waaye moo leen yilif ñoom ñépp.

Bi nu duggee ci mbaar mi maak Garaŋ Maxu, Tubaab baa ngi dem aka dikk, ñàq tooy xépp, di joxey ndigal.

Tey nag Garaŋ Maxu dafa àkksi Móris Sakeŋ, ndax nee na tubaab bi dafa ko ameel xaalis.

Garaŋ Maxoo fi dàq xeex, ëpp fi fit, waaye du tooñ. Moo tax mu jëkk jéem a sàng Tubaab bi sutura.

Kooku di ko jaay ñàkk teggin :

- Nuu tarwaaye, Maxtaar, paa salaamaaleg

Ust ! Ayca ! Garaŋ Maxu daldi gis boppam ci saa si :

- Waay, Xonq-Nopp bii man lay sëppu, tey laay dëgg ndeyam ba mu xool benn béréb ! Naka la wax loolu, daldi jubal ci Sakeŋ, tàllal ko loxo :

- Sama kaaw laay jëlsi, laa wax ! Gaawal, mbaa ma...

Waay ! Ñu xoolante ñoom ñaar. Boo gisee mbaar mi, ñépp a ngi liggéey-liggéeylu, waaye kenn noyyeetul sax. Móris Sakeŋ yuuxu moom it :

- Fous-moi laa camp ! Haa ! Toi ménacer moi, allez, dewoor! Xawma kan, wànte du Garaŋ Maxu mooy nangu ñu koy toroxal ci biir ay nawleem !

Dafa daw wuti Tubaab bi, taxaw ci kanamam, xulli ko. Móris Sakeŋ gis paaka bi Garaŋ Maxu téye, daldi tàmbalee dellu ginnaaw. Fu mu aw, Garaŋ Maxu topp kook paakaam. Ñépp a ngi ne tekk, di leen seetaan. Benn paa bu doon liggéey ak Sakeŋ ne Garaŋ Maxu :

- Maxu, mbaa seet nga bu baax li

ngay def?

- Amul fog ! Su ma seen gaayin bi feyulee sama kaaw tey dinaa ko butti, fanaani jeel, man Maxtaar Gaynde ! Góor gi ne ko :

- Yoonu jàmm sorewul. Ñii baaxuñu, de ! Ñaata la la yoreel, sax ?

- Weer wii ñu génn, indil naa ko juróom-ñeenti mbër. Moom xam na ñaata la.

Li muy nekk kabase yépp, Móris Sakeŋ xam na ne Garaŋ Maxu jekku na ko. Mu soppi yëf yi ay kaf, daldi ree :

- Toi aimer argent, Maxu ! Moi ami, te payer argent !

Garaŋ Maxu ne këj, di ñàngal. Ñu fey ko xaalisam, mu jiital ma, nu dellusi Ñarelaa. Keroog may na ma lu ma jënde pastel ci Meer Màgget ba noppi ne ma :

- Du xam nga Tinaa Delgaado, sama gelu ŋaaña bi ?

- Waaw, Garaŋ !

- Joxal ma ko ñaar-fukki dërëm yii, ne ko mu rëgal ci kaccuupa, maak sama kàngam yi dinanu reersi ngoon !

Garaŋ Maxoo doon ngànd dëgg ! Masul a nangu kenn yab ko. Badu Taal, ak lu waay mën a wax, Senegaal réewu bañkat la ! Xawma naka la tubaab yi def ba xoj ñu ak seeni karwaat, ñuy dox nii ci seen waaw ! Jaaxal na ma de, man Ngiraan Fay ! Lii moo doy waar ! Bañkat yi mel ni Garaŋ Maxu yi fi jaar yépp, teewul ay doxandéem ñëw moom nu, di nu wommat, nu topp ciy yagar-yagari ni ay bàyyima !

Léegi de, nee nanu noo moom sunu bopp. Waaye man de, gisuma fi coppite gu jar a wax. Tey la Waalo gën a aay.

Afrig yépp nag a may tax a wax. Muy Lumumbaa, di Sànkaraa, di Séex Anta Jóob, di Móngo Beti, di Amilkaar Kabral, di Sàmóori Ture, képp ku mas a aw yoon wu Tubaab bi xàllul, tam na la dëmm mbaa mu bóom la ! Cim ! Ngay Doomu-Aadama ni ñépp, ñu tënk la te sañoo sax yëngu. Jéngu ? Yëngu ? Déedéet ! Sa xel nekku ci, moom ! Yow ci sa bopp yaa gën a dëgëral buumu njaam gi.

Ngay Doomu-Aadama ni ñépp, di nangoo soppiku ba ame jëmmu golo ak jikkoy seku !

Waaye nanu dellu gaaw seeti Móris Sakeŋ. Dëgg la, keroog Tubaab bi tooñ na Garaŋ Maxu ba ñu xaw a cóoki ñoom ñaar. Lu Yàlla tudd kenn mënu ci dara, wànte Móris Sakeŋ nit ku woyofoon la. Ñarelaa gii de, ñépp la fi amaloon jàmm, wax dëgg Yàlla. Daan na fi faral di seetaansi ay kasag mbaa ay mbappat. Ndekete booba am na lu réy lu mu nar ! Xéy nanu bés dégg ne Móris Sakeŋ ubbi na làmbu boppam ci wetu Ñaay-Cokkeer.

- Làmb laa dégg, de ?

- Sàllaaw. Ci néeg bu yaatu la gaa ñiy bëree.

- Kañ lañu daan bëre ci biir néeg ?

- Loolu kay doy na waar !

- Man de, dinaa ko deñi kumpa !

- Doo ma fi ba !

- Ayca, nanu seeti naka la nen di bondee ci kekk...Ñu ànd ñoom ñépp, ne ñu ngay seetaani làmbu Móris Sakeŋ ju kéemaane jooju. Sakeŋ a nga ubbi woon benn saal ci ginnaaw sinemaa El-Maalig gii. Ba ñu agsee, nuyoo, dem bay dugg, benn ponkal moo taxaw seen kanam, laaj leen seen paas. Ñu xoolante, ku nekk muuñ. Ñoom kat, bëre ba ñu xamoon, kenn masu leen cee laaj dërëm, fo doŋŋ la woon.

Ñu ne ponkal mi :

- Waaw, yaaram, xanaa yëf yi dootul bëre rekk ?

- Aa, wute na tuuti ak sunu bëre, nag.

- Lu leen wutale ?

- Bii, mbër yi dañuy dóorante ay kurpeñ.

- Dóorante tàww ?

- Ay dóor yu metti sax. Lépp xej na ci. Man mii maay fomp deret ji su ñu xeexee ba noppi.

- Loolu kay du bëre, leneen la !

- Muse Sakeŋ de, bëre la ko tudde.

Li ñuy wax ak waa ji yépp, nit ñaa ngi leen di romb, di dugg ci biir saal bi. Ñoom it ñu fey, dugg. Seetaankat yaa ngi wër benn géew bu ñu sotti suuf su bare.Ñi ëpp ci ña fa newoon di dëkkantee ka bëre, ay bóoy yu doon liggéeyal Tubaab yi lañu. Bés boobu la Garaŋ Maxu xamanteek Móris Sakeŋ. Garaŋ Maxu dafa fekk mbër ma ñu ne moo fa mën, mu daaneel ndëndam, ñu sëgg ñoom ñaar. Waa ji jàmbaar la woon ni Garaŋ Maxu. Seen xeex baa ka metti ! Dem nañu ba muuroo seen deret, mel ni ñu gumba, di jéexante ci lëndëm gi, di sànni seeni kurpeñ ci jaww ji. Yàlla may Garaŋ Maxu ndam.

Móris Sakeŋ fekki ko ci géew bi, yëkkati loxoom. Mbooloo mi àndandoo di tàccu Garaŋ Maxu. Móris Sakeŋ waññ xaalis jox ko ba noppi takkal ko raaya Tugal ci baat bi.

Ku gisul keroog ni gaa ñi duggsee Ñarelaa, gisoo dara ! Garaŋ Maxu nekk na fi mbër xaat, nun gone yi nu dar ko, mu fent ay bàkk, di woy ak baatam bu xuur ! Garaŋ Maxu bëre na juróom-ñetti at te laalul suuf. Mook Móris Sakeŋ ñu faf nekk ay xariti benn-bakkan, muy jàppale Tubaab bi ci liggéeyam. Bu nawet jotaan, dañu daan wër ñoom ñaar mbappati Ndakaaru yi. Ku ñu gis nga am doole, mën a bëre, ñu fexe ba xëcc la, wut ku ñu la booleel. Soo daanee, Sakeŋ fey la xaalis bu xaw a duun, soo daanoo mu ñamal la as tuut.

Gone yi tàmbalee buuxante buntu kër Sakeŋ.

Bëre-dóor daldi juddu.

Fii la woon, ci wetu sinemaa El-Maalig, ci Ñaay-Cokkeer gii, ci atum 1930. Du benn du ñaar, mbër jóge na làmb jooju deretam tuuru, kanam giy nàcc, bëñ yi rot. Móris Sakeŋ dem na bay tëgg làmb noor, di tëgg làmb nawet.

Lu doy waar la fi Sakeŋ def. Dafa dugal ci boppu goney réew mi ne xeex rekk mën na laa may loo dundalee sa njaboot ! 2Dégg nga wax ji bu baaxam, Badu ?

Saay-saay yi daan taxawaalu Ndakaaru yépp dégg bés ne xeex ba ñu daan def ci maliforo mën nañu leen cee fey xaalis. Ñu daldi wàllsi, ne Móris Sakeŋ :

- Noo ngi ! Su dee xeex rekk, kenn dàqu nu ko ! Mbëri kow gi jot ci xibaar bi, ne ñoom it kenn du leen ëpple ci xaalis bi Sakeŋ doon séddale. At mu jàll, xaalis biy gën a takku. Powu kese soppiku xeex, xeex daldi doon liggéey. Dem nañu ba yëf yi bëgg a ëpp loxo. Sakeŋ ci boppam dafa mujjee bàyyi liggéeyu miniseem ba, di fey ay nit ñu koy indil ay mbër.

Xam lépp, wax lépp baaxul, Badu.Waaye Ñarelaa gii de, am na fi ñetti kër yu mag yoo xam ne seen alal ji ñuy coow, ci Móris Sakeɳ la jóge.

Ñooñu fi seen njaboot di jaay tey maanaa, dañu daan xéy jubal pooru Ndakaaru, waxambaane wu ñu gis nga am doole ñu woo la ci pet, ne la :

- Saa waay, yaa ngi yàq xaalis, de.

- Ci naka ?

- Xanaa xamoo Móris Sakeɳ, Tubaabu Ñaay-Cokkeer bi ñuy coow ?

- Kuy kooku ?

- Tugal la jóge, am alal te yéwén ci ba dee. Soo nangoo dugg ci làng gi bëre, dina la fey xaalis bu dul jeex.

- Bëre ? Wax dëgg Yàlla, mënumaa bëre.

- Jaru ko. Yow mii ma gis, koo dóor kurpeñ mu daanu. Tee ngaa jaar saal ba, dibéer jii di ñëw...

- Baax na. Tegtal ma béréb bi ngay wax.

Ay niti Móris Sakeŋ daan nañu bawoo it Ndakaaru dem Saalum, dem Kaasamaas ak Fuuta, dem Kajoor walla Kéedugu, fekk fa waxambaane wu sëgg ci naaj wiy bey gerte mbaa dugub mbaa ceeb,

ñu ne la :

- Yaa ñàkk faayda dëgg, alal ju dul jeex a nga lay xaar réewu taax ya, nga nekk fiy kocc-koccal !

- Réewu taax yan ?

- Ndakaaru laa lay wax ! Te foofa kat moo dàq fii fuuf ! Su ko defee, nga ne fa ñukk mbey ma, ñëw Ndakaaru di xeex ca Ñaay-Cokkeer, Móris Sakeŋ di la ñamal as tuut, li ëpp ci xaalis bi mu lem denc ci gafakaam, yow nga defe ne yaa téegal bukki bi, jànq ji topp la, ngeen ànd di mbuumbaay. Moo, Móris Sakeŋ foo bawoo ba teersi fi, soppi sunuy aada, yàq leen yaxeet ? Am na sax ñu naan danga fee juux rekk, ndax Amerig nga doon dem, gaal gi taxaw ay fan ci waaxu Ndakaaru, nga faf fi toog,

sa mbokki tubaab yi jàppale la, ba tee laa tumuraanke. Dégg naa it ñu naan ku bëggoon jigéen nga, te jot nga fee def ay njaaxum. Fu ñu la fekkaan, yow Sakeŋ, yaa ngi sex sa kamelyaa, di xëcc. Làmb ji nga ubbi woon Ñaay-Cokkeer, duggewoo ko woon dara lu dul wut alal. Bi nga demee ba yëf yiy dox, danga daldi wàññi li nga doon fey mbër yi te kenn sañu cee teg baat. Badu, xam sa bopp lu am solo la. Soo setloo bu baax, su weesoo Ndakaaru Njaay gii, bëre dóor amul feneen fu ñu koy defe ci réew mi.

Te soo génnee Senegaal, doo gis fenn fu ñu koy def ci Afrig. Muy Niseer, di Gànnaa, di Niseeryaa walla feneen ci Afrig, lu xaw a nirook bëre dóor sax amu fa. Ñàkkul su fa sunu Móris Sakeŋ mi jaaroon, ñoom ñooñoo ngembu kon di xeex, yaakaar ne loolu ñuy def mooy seen aaday cosaan dëgg-dëgg. Maam Góorgi Njaay juddoo Legoos, tudd Jon Adekunle, Falay Balde dëkk Akaraa ñu koy woowe Kófi Mensaa ! Céy !

Ma wax ko te dee : li ëpp solo ci bëre-dóor, dóor yi la. Te loolu, maam bàyyiwu ko fi. Xanaa kay kenn du ma ne Móris Sakeŋ mooy sunu maam ! Kon xam nga, Badu, bu ñu demee ba raaya Amerig wuutu sëru rabal yu yànj ya mbër yi daan ngemboo, gone yiy bàkku ni ay tubaab, ne bu leen kenn woowe Saa-Waalo mbaa Booy Bàmbara, tànnal seen bopp ay turi Amerikeŋ, loolu lépp su amee warul a jaaxal kenn. Ni làmb jiy doxe tey ci Ibba Maar Jóob ak Demba Jóob de, dafa mel ni lu dellu cosaanam dëggëtaan !

Te cosaanam weesuwul atum 1930, ci Ñaay-Cokkeer gii. Dama ne : nun waa réew mii, war nanoo xoolaat sunu bopp, kat ! Dëgg la sax, doon lii mbaa lee, benn la, mel nii mbaa neneen amul solo, nun ñépp ay doomi Maam Aadama lanu. Waaye kat, yenn ñàkk naw sa bopp yi, xel mënu koo nangu. Ne yàcc-yàccaaral ci naaj wi, fu doxandéem jóge ne la doo nitu dara, maa la gën, nga ne ko neexul ba neexul waaye wax nga dëgg !

Mag ñu baax ñi fi jot a jaar daan nañu wax ni :

- Roy-dàq.

Ñi seen xel gàtt, jàppe ko ngóora. Néew dégg-dégg mënul a weesu loolu !

Roy-dàq mooy :

- Roy yàq. Yàq sa bopp.

Yàq sa bopp... Soo ci naree am xel ñaar, Badu, fàttalikul wax jii :

- Ku wàcc sa and, and boo dem fekk ca boroom.

*

* *

Séex Anta Jóob.

Badu Taal, jàmbaaru xare dëgg a ngoog. Masul a dugg ci dara ba di ci séentu alal mbaa daraja. Lépp lu mu mas a sumb, baat bu mu mas a yëkkati, njariñu askan wee taxoon.Masul a jiital leneen. Moom daal laa xam ne aji-néew ji doole yee ko taxoon a jóg. Lenn rekk a ko soxaloon :

liy tax nit ku ñuul jëm kanam te du sibooru kenn. Su nu ko déglu woon na mu ware, dog kon nanu buumu njaam gi bu yàgg. Nit ku maandu la woon, lewet ba nga ni lii lu mu doon, ndeysaan, waaye kenn feesul woon bëtam. Soo toogee tey ci sa kanamu tele, gis ni Daawur Jaañ baree tiitar, gis yu ñàkk faayda yi mu jiital ak ni mu ragalee doxandéem yi nu doon noot démb, te di nu fowe tey, soo gisee loolu lépp ngay sog a xam ne Séex Anta Jóob kenn la fi woon.

Du woon nitu caaxaan. Daawul woon wax lu ko wóorul, daawul dige lu mu narul a def. Bu ay ñoñam demaan ba mel ni ñuy xaw a toqi, dafa leen daan ñaax ak ay kàddu yu daw yaram :

Yëf yi metti na, gaa, waaye buleen dara jële ci li ngeen nekk.

Dafa fekk rekk ne waa réew mii, dañu leen a nax ba soo leen waxee dëgg sax tas seen yaakaar.

Séex Anta Jóob teel naa làqu, ndax bi ñu koy denci Céytu, ci 1986, amul woon lu dul juróom-benn fuki at ak ñaar.

Amul bés bu ma jullee, man Ngiraan Fay, te ñaanaluma Séex Anta Jóob. Dundam neenul ci genn wet. Miinantewunu woon, gaa. Ay mitiŋam doŋŋ laa daan dem, di ko déglu. Waaye li am solo ci nit ki mooy mu am dégg-dégg. Mën ngay tukki, Badu, agsi ci dëkk boo masul a gis kenn, toog ci pénc miiy noppalu, nit koo xamul romb la, tàbbal ci say nopp ay kàddu yu am solo. Soo téyee kàddu yooyu bu baax, di leen fàttaliku foo tollu dinañu la gunge, amal la njariñ ba keroog Yàlla di la fi jële.

Noonu rekk la sama digganteek Séex Anta Jóob deme woon. Dinaa la wax tey li ma jàng ci moom : nit day juddu bés, ñu teg ci ay at rekk ñu robi ko. Yëf yi gaaw ni xef-xippi. Ku góor-góorlu tuuti, mën ngaa bañ a xejal fen ak tappale ci diggante bu xat boobu. Bu kenn yóbbu sa fit, Badu, bu la dara tax a ñaaw ci xare bi. Loolu de laa jàng ci Séex Anta Jóob.

Xalaatam ak dundam, teen bu xóot a xóot la.Fexeel ba say doom duy ci, Badu. Man Ngiraan Fay, giñ naa ni su ko samay doomi sët defee, duñ ko réccu. Giñ naa ni su goney Afrig yépp awee ci yoon wi leen Séex Anta Jóob xàllal, ak lu mu yàgg yàgg yabeel gi dina deñi ba fàww.

*

* *

Ninki-Nanka.

Ñaari doomi golo yi ma la sàkkal ci Téereb Fent.

Tàngaay a leen gën a jig.

Golo yu mag yi, moo xam baabun la walla dàngin, ñoo gën a jege nit képp ku Yàlla bind. Ci li boroom xam-xam yi wax, golo rab wu am xel la. Su bëggee wax dara moroomam, day yuuxu, di sànniy loxoom, ci jaww ji, di tëb di dal.

Ki leen di jiite : ki ci ëpp xel ak doole. Ñoo fi gën a forox nopp. Seeni bët tamit baax nañu lool. Ñaata doom lay am :

benn doŋŋ lay faral di jur te duy faral di am ay séex. Bu nekkee liir, ci biir bi la ko ndey jiy boot. Su demee ba xaw a dëgër, mu teg ko ci diggu-ginnaawam, fu mu jëm yóbbaale ko. Xéy-na looloo tax wolof Njaay naan :

- Alalu golo ca lex ba !

Lii tamit gëstukat yu bare wax nañu ko : doomi golo, du ñaari way-jur yi rekk ñoo koy yar. Mag ñi ci gàdd gi yépp am nañu sañ-sañu jubbanti ko. Ñoo koy jàngal rëbb ak xeex mbaa naka lay yéege ci kow garab yi. Su yaroo, ñu neexal ko, téeñ ko, su leen naree të nu duma ko.Ñaari golo duñu séy feek ku jigéen ki soxlawul moroom mu góor mi, cokkaas ko, ñu nekkal ko ci.

Xeetu golo yi bare nañu lool, kaar, te it wute nañu lool. Bu yàggul rekk la ay gëstukat feeñal benn xeet wu bees ca Gaboŋ, ci tàkkal dexu Efuwe, ci béréb bi ñu tudde Àllu-Yamb. Geenu golo Gaboŋ gu bees googu nag, dafa weex tàll, cat liy melax, di ràyy-ràyyi nib jant.

Nee ñu ñi ko jéem a dékku yépp dañu fa jóge gumba ! Ca Amerig nag, am na fa golo gu nirook jargoñ lool, te ñu koy lekk. Ñi mos yàppam nee nañu dara dàqu ko ! Golo mën naa dund téeméeri at ak lu topp.

Waaye Sinuwaa yi ñoom, jàpp nañu ne ci mbindeef yépp, golo rekk moo ciy dund ba abadan. Waa Siin yooyu, dinañuy wax sax ne su golo demee ba am 800 at, lañuy sog a mën a jàpp ne mag la. Ci lay door a sippi, bàyyi yëfu saay-saay ya mu daan def ba mu newee gone gu ndaw, amoon lu dul ñetti xarnu mbaa ñeenti xarnu.

Ma toog ci buntu kër gi, ñaari xarit romb ma.Fu ñu jëm ? Nu ñu tudd ? Xam ! Dégg naa rekk kenn ki naan moroom mi :

- Waaw, Yuusu, lu dëkk bi wax nag ?

- Léegi kat, kenn booletunu ci dara. Xale yi jàngi nañu Tugal, ñibbiseek seeni lijaasa yu dijj, xas nu ba nu ràpp, ñu sempinu sànni ca xaj.Ki mu àndal daldi ree, ne ko :

- Yow ! Maa la xam. Waxoo wax ji de ! Am na loo may nëbbati !

- Du dara, sa ràkk jee may bëgg a jaaxal doŋŋ.

- Kan ci ? Kinne ?

- Ñaata ràkk yu jigéen nga am ?

- Céy yaak sa Kinne mi ! Yéen daal waat ngeen ne... Ñu daldi jàdd koñ. Mbeddu Ñarelaa mi neeti selaw, di xaar yeneen ñaari Doomi-Aadama jaar fi, suy ay kàddu ci jaww ji, ngelaw li këf leen, yéeg ak ñoom ba fa asamaan gën a kowee, mu daldi gas, suul leen fa.

Lii, Badu, yokk ko ci Téereb Lëndëmtu bi ma àndeek yow dem siyaareji Maam Ngóor ca Mbériŋ-Saaj.

Sama xel dellu na biig ci sama baay. Lu ma ko jot a xamal, moom it ? Néew na lool, wax dëgg Yàlla. Bés, gàddu na yar, moom baay, ne dafa may dóor. Mu tiim ma, yëkkati yar bi, ma lemmu làq sama bopp ci samay loxo, di xaar yar bi dal. Waaye yar bi dalul.

Ma daldi siggi, gis baay mu ne tekk di ma xool. Sunuy bët daje. Nekk gone du tee yëg yenn yi ci sa yaram. Maa ngi gis ni mu ma xaaree. Li ma def baay kañ laa xamul, waaye jéppi na ma ba fu jéppi yem.Mu sànni yar bi, wiccax bopp bi, ne ma :

- Xawma kan moo nar a tekkiji ëllëg ci sama doom yi, waaye du yow mii, Ngiraan Fay. Sonn naa ci say mbir : sama loxo dootu la laal.

Ma bëgg koo saraxu :

- Dóor ma ba may nàcc, baay. Dóor ma ba làggal ma.

Lu mu metti-metti, moo ma gënal ni nga ma xaaree nii te xawma lu tax.

*

* *

Ñarelaa ak ay taleem yu bare pax te xobbiku ! Foo geestu, say bët dajeek ay minise ak ay metkaniseŋ ak i boroom saret. Ñarelaa ak ay jali weñam yu xuur !

Foo jublu xetu biiñ mbaa xetu yàmbaa song la, dàq la. Néegi baraagi Ñarelaa yee fi yàgg ! Yu ci bare maxe nañu ba fënëx. Lee-lee, su tawee ba séwét, kër yu bare dañuy taa ba kenn du am foo jaar, mbaa nga dégg ni am na ay baraag yu màbb. Mbedd yaa ngi mel niy sën, yoo yeek weñ yi dëkke biiw, lakkal nit ñi guddeek bëccëg.

Ñarelaa, ci gox yi ñu jëkk a sanc ci Ndakaaru la bokk. Boobaak léegi, am na xarnook lu topp. Su Ñarelaa doon nit, ñu ne màggat na ba xubidaas, ndax ni mu soppikoo. Am nay jamono, béréb bu yiw la woon. Boroom barke yu bare ci réew mi, fii lañu juddoo, doonte sax léegi ay miskin ni man rekk ñoo fi des. Sa moroom yi fi jànge ba am ay lijaasa yu mag, ñu nga bitim-réew di wut alal, mbaa ñu dëkke gox yu mel ni Almaadi, mbaa Faan-Residaas walla Palaatoo.

Am nay jamono, fii la Ndakaaru yemoon. Soo weesuwaan këru Ñarelaa yu mujje yi, fépp àll la woon.

Ay till, ay jaan, ay bukki ak yeneen rabi-àll ñoo fi feesoon.Xanaa looloo tax lépp lu bees lu mas a dugg ci réew mi, Ñarelaa la ko Yàlla jaarale ? Du ñàkk. Oto bi jëkk a wàcc ci dëkk bi te doomu réew mi moomal ko boppam, Ñarelaa lañu ko ngéntee ! Céy ! Ku fekkewul bés ba Fara Mbóoj jógee dëkk baak xantu Wersaayam, fekkewoo dara !

Li ko dale fii ba tefesu Kusum, foo sànni mbàttu mu tag. Xawma ñaata la Fara Mbóoj jënde woon otoom boobu, waaye xaalis ba mu ko ngéntee ko ëpp fuuf.Laaj ma naka, ma wax la ko ?

Sëriñ si sotti nañu safara ci Wersaay bi, ñaanal ko, jeeg ji togg nañu laax, géwél yi dar seeni nopp xaacu, di tagg ay maami Fara Mbóoj ca Waalo. Te ku nekk ci ñooñu ma tudd, Fara Mbóoj teg na dara ci loxo, ñépp di ci teg seen bët.

Gis nga itam ni watkat yi cosaanoo Kab-Weer baree tey, kaar, ci Ndakaaru ? Ñoo fi indi raasuwaar yi ñuy watoo léegi.

Benn doomu Kab-Weer bu ñu naan Tooy Delgaado, moo fi jëkk a ubbi néegu watukaay ci Ñarelaa gii. Senegaal ba Senegaal daj, kenn masu noo jëkk a gis raasuwaar, nun waa Ñarelaa ! Ci Téereb Wis bii nga téye di ko jàng sax, dinga dajeek ndaw su tudd Tinaa Delgaado, muy toggal Garaŋ Maxu kaccuupa. Tinaa Delgaado moomu, sëtu Tooy la woon, ndeysaan. Laata Tooy di ñëw Senegaal, xottu-butéel lanu daan watoo. Raasuwaaru Tooy Delgaado bi yéem lool waa Ñarelaa, nag ! Dégg naa nit ñi dañu daan dajaloo, di buuxante ci buntu néeg bi di ko seetaan, muy xuuf aka xuufaat. Saa yu sëqu karaw waddee, ñu yuuxu, tàccu, daw jiiroo ko !

Àddinay dox ba Ñarelaa mel ni mu mel tey. Fekk Tubaab bi ñëw fi, aakimu péexu tefes gi, tabax fi ay kër ak ay isin ak ay biro.Waaw, Badu, duma la tàyyee laaj lii : naka la am réew di sàggane ba ay doxandéem ñëw teg ci moom loxo, di fa dogal ? Du fii rekk la mas am, gaa, waaye teewul muy lu doy waar.

Isin ba ma daan liggéeye, benn nit ku weex doŋŋ moo fa newoon, ñu koy wax Póol Gimaar. Bu dajewaan ak yow ci ëttu isin bi, day taxaw ne la jàkk. Soo sëggulee, mu àjji sa kaabaab. Soo sukkulee balu ko àq, mu dàq la ci saa si.

Lu waral loolu ?

Ci sama gis-gis bu gàtt bi de, yaakaar naa ne buum gi ab doxandéem di noseem réew, di ko wommat ni xar mbaa gëléem, buum googu Badu, waa réew maa koy ràbbal seen bopp ! Gis nga ba tàyyi kenn ci sama Tubaab-Njallxaar yi taxaw lu yàgg ci kanamu seetoom, di takk ak a takkaat karwaatam. Su noppee, geestu soxnaam, siiñ ko, ne ko :

- Dégén, jekk naam ?

Gis nga loolu ba tàyyi !

Tubaab bi, dooleem kese mënu ko woon yóbbu fenn. Dafa mànkoo ak ñenn ci nun, bokk ak ñoom mbuus. Tubaab bi di nu xeex, ñooñu ànd ak moom di sot, mu di leen sànni lee-lee seen ñamu-bët.

Noonu la Tubaab bi ñamalee ay doomi réew mi ci làkkam, ñii nekk ay làppto, ñii solu soldaar, ñeeneen ñi nekk ay bóoy walla ay mbindaan.Aka noo ñee woon bóoy yeek mbindaan yi !

Aa, bul ree, Badu !

Jamono jooju kay, daraja nit kaa ngi aju woon ci na mu gën a jegee Tubaab bi. Ñu bare bëggoon nañoo nekk bóoy walla mbindaan ci kër Tubaab yi, mu të leen. Ñi daan toggal Xonq-Nopp yi, di leen làpptool, di leen aar mbaa di fobeere seeni néeg, ñoo jëkk a tabax ay këri Simoŋ fii ci Ñarelaa. Man óbërye laa woon isin bu ñu naan Air Liquide, ca wetu Kaay-Findiw. Su nu julliwaan tisbaar ba noppi, danu daan riirandoo, nun waa Ñarelaa, wutali biir Ndakaaru. Jamonoy tubaab bi, daanaka saret moo doon Mersedeesu tey ! Boroom barke yi rekk ñoo ci daan dugg, nun baadoolo yi nu topp ciy rung, mel ni ñu leen di dar.

So gisee sama gaa ñi, ñu nga ne noŋŋ ci kow, ak seeni west ak seeni kàsk ! Ku ci téyewul téere Lamartin walla Wiktoor Igo la xawma, di yuuxu ci naaj wu tàng wi, yaa ngay jàng surnaal bi ñu doon wax booba Pari-Dakaar.

Lépp daal, ngir won nu ne ñoom duñu ñeexu-ñebbe ! Àddinaa mën a soppiku, walla ! Léegi, baadoolo yi sax rus nañoo toog ci saret ñu leen di gis. Sama Aatu Sekk mi fàttali na la ci Téereb Fent ne :

- Ndànk-ndànk mooy jàpp golo cib ñaay. Nun ñii tamit, noonu lañu Tubaab bi naxe. Da doon màtt di ëf, daanaka. Dem nañu ba koo ci laaj lan la reere, mu ne la moom jomb naa dugal ci biiram bi lu dul ñamu Tubaab. Laata nuy àgg foofu, am na fu nu Tubaab bi jëkk a jaarale. Fekk na nu fecc ay peccam, làkk làkkam, watoo ni moom, soloo ni moom ba ku nu won ginnaaw doo xam ndax yàpp lanu mbaa jën lanu. Am na lu benn waa ju am xel wax keroog ci rajo bi.

Dafa ni :

- Tubaab bi dafa noo nëbb sunu bopp, won nu boppam.

Mën a toppandoo bu jéggi dayo boobu nag, Badu, man mii teel naa gis ne doxalinu golo kese la. Moo waral, jamono jooju, ma dem bokki PAI, ànd ak gor ya ma fa fekk, nuy xeex Tubaab bi, ne fàww yu ñàkk faayda yooyu dakk, nu gar ci sunu bakkan. Ñu bare di nu kókkali, naan:

- Waa PAI yii ay tàng xol doŋŋ lañu !

- Moo ! Ci njaayum ngóora lañu nekk, kat !

- Liy tooy ci ñoom lay jóge !

- Kastorel lañu fiy fekk ! Ku mu ci yóbbu Guy-Maryaama, waxtaan faak yow ba bàyyi la, dinga wax lu set !

Lu nekk lañ nu daan yakk. Tey nag, nee nañu réew mi jot na boppam ci 1960. Waaye man de, jikko golo jooju laay gis muy wéy ba sunu jonni-Yàlla tey jii. Booy seet sax,

danga naan nun noo leen xawoon a tane, yéen goney léegi yi. Tubaab bi déj na nit ku ñuul ci kanamu seetu bi. Kooku seetu, gis boppam ci biir, rus, daldi sëgg.

Ne tuuti, mu siggi ne :

- Aa ! Dem naa bay juum sax, kii kay du man, kii keneen la.

Neeti tuuti, mu daldi mer, ne ki mu janool ci biir seetu bi :

- Bettuma la ! Ñu nekk fay xeex nag jëmale ginnaaw-ëllëg. Reyante yu metti yi ngay dégg ci Afrig yépp, dara waralu ko lu dul xeeb sa bopp. Réewu Afrig moo dem tey, dégg fa kuy xultu, naan :

- Lu ma ñàkk, diw moo ma ko xañ, ndax ñi mu bokkal waaso la fi nekkal.

Waaye soo delloosee sa xel, xoolaat yëf yi bu baax, dinga gis ci saa si ne yaak diw moomu benn ngeen. Loolu tamit, ci li ma Séex Anta Jóob jàngal la bokk.

Ma ni : coow li mépp du dara lu dul xeeb sa bopp.

TÉEREB DÓOM

III

Badu, xibaar bu neex a ngi lay xaar Ñarelaa. Kaay ma fen la ko gaaw : Baydi Sàll tudde na la fi doom. Bërki-démb ci alxames ji la woon ngénte li.
Ndaw mbetteel gu neex ci man mii ! Ñu bare jooy nañu fa te tuuti kon ñu jooyloo ma. Dañu la faa gërëm, yow Badu, ba am ñu tiit, di jéem a delloosi xelu nit ñi :

- Laaw-la-cat ! Buleen gémmiñu sëtu Ngiraan Fay bi !

Baydi Sàll, sa xarit bi, sa doomu-ndey bi, ku baax la moom itam te gore, nde mënoon naa séentu xaalis ci turu doomam ji, may ko boroom barke. Ndeysaan.

Maa ngi fàttaliku, ni ngeen ma taqe woon yéen ñaar, bi ngeen newee gone. Waaye bi ñu ma nee sa turandoo bi mooy ñeenteelu doomu Baydi Sàll, dama yéemu.

Dund naa ba gis samay sët ñu uuf seen njaboot...

Kon boog li ma dese bareetul. Sant Boroom-bi rekk moo ma war.

Soo gisee ma lay wax loolu, dafa fekk ma yëg fan yii ni sama yaram wiy bañe. Duma la ko nëbb : bi ma jógee ngénte la, daanu naa ci yoon wi, daldi sax xëm foofu. Dama jékki-jékki samay tànk diis gann, may miir, xamatuma fan laa nekk.

Muse Sumaare mi ma doon tooñ keroog ci Téereb Dóom bu jëkk bi, moo ma fa fekk, dugal ma ci otoom, indi ma ci kër gi. Tey ci bëccëg ànd na feek doktoor Jibi Faal, kooku seet ma, bindal ma ordonaas. Te xam nga kan moo jënd ordonaas beem ?

Xanaa Muse Sumaare mi ma yaakaaroon ne moo yées ci ñi Yàlla sàkk ! Gaaw a wax baaxul, Badu. Day tax nga dëkkal nit fu mu dëkkul. Maa ngi xaw a am tan. Waaye mag moom su dikke rekk dikk na. Rax-ci-dolli, nanguwumaa noppalu.

Téere bu fees, ma ubbi beneen tàmbalee bind. Lee-lee sama kaaŋ giy xasan, mu mel ne ay melentaan a ciy doxantu, ma koy wokk. Waaye xam nga sa maam Ngiraan Fay, kenn gënu maa dëgër bopp!

Fàww ma bind, bàyyil la fi, Badu. Te su nu waxantee dëgg nag, jokkoo beek yow ci boppam moo ma neex.

Te it, feek maa ngi noyyi, li war ci sama digganteek yow dinaa ko def ba mu mat sëkk.Xanaa kañ damay jéem a bàyyi kebetu bi rekk.

Li ci des nag, maanaam dund mbaa dee, Yàllaa ko yor. Lu mu dogal ak waxtu wu mu ko dogalee noonu la.

Xaaral ma def li gën a wóor : ubbi Téereb Dóom, nettali la ci jaloorey Yaasin Njaay. Nekk fiy mbebetu amul benn njariñ... Laay ! Ndekete nettalikat su amulee fulla, mën naa dem ba fàtte lu tax muy yatt xalimaam, tëju moom kenn di naan kafe, di bind guddi, di bind bëccëg !

Ndekete ñaari kàddu yoo rëdd, àddinaak li ci biir xej nañu ci... Su dee ruq bu ndaw boo gis, bëgg faa taxaw, niit ko, dinga fanaan àll ay ati at, nekk ci yoon wiy wëndéelu ba tax doo àgg mukk fa nga jëm.

Ayca boog, Badu, nanu déj ci diggu géew bi Yaasin Njaay ak ñaari doomam yu xamadi yi mu jële Tugal, indil nu leen Ñarelaa.

*

* *

Li Yaasin Njaay xamul moo di ne Ñarelaa, gox buy naxaate la. Nekk na fi, di dem aka dikk, defe ne kenn toppatoowul ay mbiram. Fekk na boobu tànk bu mu yëkkati, balaa muy fekki ba ca des, nun ñépp nu ngi ciy teg sunuy bët, xam lu mu nar. Xawma fan, waaye Ñarelaa moom du goxu dox daje.

Ñarelaa gii, ñépp ay mbokk lañu. Ñaar yoo fi gis ñuy kaf mbaa ñuy xuloo, seeni maam a leen ci jëkk a jaar. Gone yu góor yee bokkoon lël, janq ji màggandoo fi, doxaanante am ci yoon, ay doom juddu ci.

Yaasin nag moom, ténj na ci kër gi ba ni mu summee te masu ma fi won lu dul ñàkk teggin. Dafay jiital Mbisin ak Mbisaan, romb ma fi ma toog ci ëtt bi, nuyoo ma bakkan, dem yoonam.

Ñaari doom yi ñoom, gone du reew ba dab leen. Man lañu def seen golo. Dañu may fekk lee-lee may wird, ñu may sëllax suuf, di ma sànniy xollitu banaana.

Yaasin moom, sa ndey Biige Sàmb la ko Yàlla nattoo. Biige naxante naak moom, fiir ko, ba sànk ko. Mën nañu wax sax ni Yaasin Njaay dafa alku.

Moytul ma merum jigéen, Badu ! Ndekete Biige Sàmb masul a baal Asan Taal ma ko woroon ca seenug ngune. Biiral ko, dem Màrsey, wacc ko feek liiram bu tooy xepp.

Ndekete Biige giñoon na ne, li ko Asan Taal def, dina ko feyu ci Yaasin Njaay ak ñaari doomam yi ! Te li mu bëggoon de, am na ko, ndax takk-der yee mujjee ñëw Ñarelaa, njoñ Yaasin ni ganaar, yóbbu ko Caaroy, fa Buur di denc dof yi, ne ko fa ràpp tëj.

Mag ñi fàttaliku ndawug Asan Taal. Foo ko fekk mu ngi téye balu futbal bu ndaw, di tël, di sànni ci miir yi, di mbëkk, ñu koy tooñ, naan ko :

- Sama rakk, yaa bëgg futbal ! Dafa mel ni bés ba ñu la ngéntee, dañoo xooj balu futbal ci ndox, jox la nga naan !

Dinaa ci yokk ne sa baay Asan Taal futbalkat bu mag la woon. Moo tax bi mu nee day dem Màrsey, bettul kenn. Xawma nag lu tax yëf yi mujjewul a àntu foofa. Am na daal ay wax yu ñaaw yu ci nit ñi jot a wax te àgge la ko dina ma xaw a jafe.

Ñu bare a ngi fi doon yàkkali bóli nag, yaakaar ne Asan Taal dina leen yónnee àddinaak li ci biir. Ñooñu ñoom, seen yaakaar tas na, jotuñu ndimbal li ñu doon séentu, ndax nun de, néewu Asan Taal lanu teeruji ayeropoor.

Ma dellu boog ca bëccëgu Yaasin Njaay ba.Bés boobu, waa Ñarelaa bég nañu ! Fii la Yaasin Njaay nekk, di daanu gangiri, di xulliy bët, gémmiñ giy fuur. Ñaari doom yi langaamu ko ndeysaan, di jooyoo, ragal xanaa nun sowaas yu bon yi nu fees leen dugal leen ci kàddiir, rëgal leen lekk.

Keroog, Ñarelaa gis na lu ko yéem. Am ñu naan :

- Ñaw ! Lu waay rendi ci sa loxo lay nàcc.

- Fii Ñarelaa la ! Wund du fi naane ñeex!

- Ñuy wax mu naan moom tubaab bu weex tàll la !

- Waaw, moom de nee na Mari-Gabriyelaa Won Bolkowski la tudd !

- Mari-Gabriyelaa lan ? Ndaw tur wu gudd sax ! Dem naa bay yërëm Yaasin Njaay. Maa mel noonu : sama xol dafa gaaw a toj. Waaye ma fàttaliku bés ba ma Yaasin tiimee, tas séram, joxoñ ma bajoom, di ma xulee-ka wax wax ju ñaaw.

Ma ne ci sama xel : kii moo fi yées la, bu yaboo sax ñu tëral ko rendi, sama yoon newu ci.

Ci laa jóge fatu.Fatu, laa wax, de, Badu Taal. Jàppal kàddu googu : fatu. Li ma log, su ma koy yàbbi jàng yiy tas. Badu, li Yaasin Njaay def te ma nar la koo nettali de, du jëf ju rafet. Waaye nu may def ?

Su doon sama sago, ma jekk-jekkal mbir mi ba mu gën a neex a dégg. Waaye xam naa sama warugar : jottali la lépp li jot a xew Ñarelaa sa ginnaaw.

*

* *

Bala nuy sore, may ma tuuti ma won la ni Yaasin Njaay di daagoo ci mbeddi Ñarelaa yi, jëm màrse.

Bés a ngoog ci bés yi ! Yoor-yoor la woon. Yaasin Njaay xéy na, defaru ba jekk, taxaw ci buntu kër gi ba mu neex ko, mu jubal yoonu màrse. Ñaari nit ñu Yaasin romb, ñu ni tekk, di ko xool ba mu jàdd koñ. Ñu nekk nag ci deram, di ko jëw aka ñaawal. Bi Yaasin àggee gaaraasu Paap Kànji, benn gone jóg na topp ko, di toppandoo ni muy doxe, di ko ŋóobi, te Yaasin yëgu ci dara. Ñii ngi ree, ñii di déeyante :

- Kii mooy sunu ganu Tubaab gi may dégg, de ?

- Moom la sax de, ak ñaawaayam bu réy.

- Man de, xawma man Yàllaa xiiroon Asan Taal ci kii ba mu koy takk !

- Yaa yëg fu mu ko takke ? Dañu doon nekkaale kañ, dégg naa. Ñeneen ñaa ngi làqu ci seen ginnaaw palanteer di yërndu Yaasin. Lu mat ñaari waxtu, Yaasin wëndéelu na moom kenn ci gox bi. Du benn yoon nag bu mu taxaw nuyoonteek ñi mu jot a dajeel. Xanaa Cerno, gone giy jaay surnaal, lanu ko gis mu waxal. Am na lu mu laaj Cerno. Kooku ne ko:

- Yéenekaay bu tudd « Marie-Claire » ? Yéenekaay boobu de, masuma koo dégg.

- Moom laa daan jàng ba ma newee Tugal.

- Dinaa la laajal samay xarit ba xam ndax am nañu ko.

- Matu ko, su ma demee biir Ndakaaru ngoon, dinaa ko jëndal sama bopp.

Cerno di dof-doflu, ni ko:

- Laay ! Kon yow dëkkoon nga Tugal ci dëgg-dëgg, soxna si ?

- Fa laa dëkk ba tey, dafa am yu ma doon toppatoo rekk bi ma ténjee ba noppi.

- Aa ? Dangay dellu, kon ?

- Man kay taxaw naa.

- Tugal neex na de, dégg naa ! Bërki-démb rekk, benn waay a ngi kaf ak man...

- Lu mu la wax ?

- Déedéet, benn Tubaab dafa ma may junni, ma ne : « Tubaab bii de, Yal na ko Yàlla xare àjjana ! » Sama moroom mi ree, ne ma : « Aa, Cerno, Tubaab de, su tàbbee àjjana, tàbbi na fu mu miin ! »

Yaasin Njaay ree, ne Cerno :

- Dëgg la ! Foofu kañ neex na lool. Xam naa léegi nga ne danga may topp yow tamit !

- Waa-waaw ! Dëkk bi neexul, sama jigéen, xanaa déggoo ñu naan toog torox, tukki tekki ? Nun ñépp a bëgg a làlli.

- Làlli ? Luy loolu ?

- Mooy jël picc mi, xanaa !

- Picc ? Picc man ?

- Xanaa naaw, dem fu soree-sori.

Yaasin xàqataay. Ñarelaa yéemu. Ndekete ndaw si am nay bëñ bay reetaan !

Nu laaj Cerno lan la waxanteek Yaasin.

Mu ne nu :

- Ndaw sii yembul. Dingeen ne Cerno Kan waxoon na nu ko ! Kii, xel mi neexul de ! Ba mu jógee ci Cerno la Yaasin Njaay dugg nag ci biir màrse bi, taabal bu nekk mu taxaw fa, xool ba xolam sedd, daldi randatu ca ba ca des. Lu nekk laal na ko keroog, te taxul mu jënd dara mbaa mu nuyook benn jaaykat.Waaye ña mu taxawoon seen taabal yépp dëggal nañu kàdduy Cerno Kan ya. Wax ji doon benn :

- Sunu gan gii, yaram wi neexul. Kon boog nga xam ne li fi dal Yaasin Njaay bettul Ñarelaa. Ay fan lañu ca teg, sa yaay Biige Sàmb ñëw ci kër gi. Masu fee bare tànk, gaa, waaye saa yu fi juuxee, dina ma laajte, fu ma mënti nekk ci kër gi mu nuyusi ma. Bii yoon, loolu fekku ko ci.

Damaa toog ba yàgg rekk gis ko mu génne néegu Yaasin, ñu ànd mook Tamsiir Ba, di waxtaan, di kaf aka ree. Ma ni ko :

- Moo, Biige kañ nga fi ?

Ci la ma door a wax ne Yaasin a ko yónni woon. Wax jooju jaaxal ma lool waaye teguma ci baat. Aa ! Badu, man kat damaa yëgul fu Yaasin Njaay ak Biige Sàmb takkee xarit... Xawma it lu waral sa ndey di nangoo sibooru Yaasin, ba di ko doxali yónnent.

Ma yëngal sama bopp, mu dellu ne ma :

- Waaw, Ngiraan, fooy dégg sama doom ju baax ji ?

- Kan ? Badu Taal ?

- Waaw. Moom kat ba mu demee ba tey bindu ma.

Bi mu waxee loolu, sunuy bët daje, ku nekk ci nun ñaar daldi xalaat lu doy waar ci saa si. Asan Taal, ndeysaan. Bés ba muy dem Tugal, nun ñépp sunu xol diis, nuy jooyoo, mu naan sa yaay :

- Su may àgg Màrsey di la bind, Biige.

Ma siggi, ne Biige :

- Badu de, xanaa balaa yàgg mu dellusi. Góor kat moomul toog.

Sunuy bët dajewaat. Takkandeeru Asan neeti bërét, def ay jéego yu rey, jaar sunu diggante. Góor moomul toog.

Bés ba Asan Taal di yëgal Biige ne dafa war a dem Màrsey, baat yooyu la doon dàmpee xolam, di ko dëfal. Góor moomul toog. Lee-lee, day mel ni li nit kiy wax mbaa mu koy jëf, du nekk mukk si coobareem.

Kàdduy démb. Jëfi démb. Yéen ñaar moom, faww ngeen dellusi bés ci géew bi, ganesinu. Dangeen di naaw, ne cabax ci gémmiñu Doomu-Aadama. Dangeen di wëndéelu ci biir géew bi, nu dem ba leen fi : loo wax maam waxoon na ko, loo mas a def it bés dina ñëw sa sët defaat ko.

Fi nuy waxtaanee maak Bige, Yaasin génne néegam, jiital ñaari doom yi, daldi ma nuyu nuyu bu sew te gaaw, ne fiiw romb ma.

Gone yi fekksi ma fi ma jaaxaan ñu niit ma, ŋóobi ma ba seen xol sedd, sog a dabi Biige Sàmb ak Tamsiir Ba, seen faru yaay.

Nga baal ma de, Badu, waaye Biige Sàmb, sa yaay jii, ku bari pexe la.

Li ma gën a waar mooy naka la def ba miinanteek Yaasin Njaay. Soo leen gisee, danga naan ay doomi-ndey lañu. Wute wuñook ay xaritu benn bakkan yuy ànd ba ñu doonee ay xale yu tuuti ba nii ñu nekkee magum jëmm. Foo séen Biige Sàmb mu wóor la ne Yaasin Njaay sorewu fa.

Ci sunuy aada, nun waa Senegaal, loolu dara aayu ci.

Am na nu mbir mi doon deme sax, bég kon naa ci seen àndadoo boobu, rafet ci njort.

Ndax, muy Yaasin Njaay di Biige Sàmb, ku ci nekk am na fu mu ma féete, ku ci nekk sukk na jural doom Asan Taal ; su doon sama sago, dama naan rekk Yàllaa yedd Yaasin ak Biige, bës seeni xol,

ba tax ñu xam ne léegi ay mag lañu, weesal seen boppxulook ŋaayoo.

Ba tax it ñu xam ne gunge doomi Asan Taal yee leen war, ñu def ko na mu gën a rafete.Waaye àddina leneen la ma jàngal ! Xam nit, xam jikkoom a ko gën. Ni Biige Sàmb ñóoxoo Yaasin Njaay, mënul a jur jàmm. Doomu-Aadama day faral di tënëx-tënëxi ci yoon wu xat te lëndëm këruus.

Bés, àll bi yépp leer nàññ. Ku nekk yéemu. Li lemu woon, lemmikoo fu ko kenn masul a fooge. Mbiru Yàllaa ngoog. Yaasin Njaay, Biige Sàmb la ko Yàlla booleel. Ci moom la jaarale alag gi mu ko naroon a alag.

*

* *

Bés, nu dégg ne Yaasin a ngi waaj a dellu Tugal.

Waaye man mii de, man miy yeewook moom ci benn kër te yar Asan Taal mi ko fi indi, waxu ma ci dara. Bi ma ko déggee ci nit ñi, dama ne rekk ci sama xel :

- « Aa, baax na. Xanaa boog ma jàppe ko noonu ».

Ba ñu nee suba la Yaasin di dem, Biige Sàmb a ko létt, ñu ànd ñoom ñaar biir Ndakaaru jëndi seeni yóbbal ak ay yëfi jigéen, xam naa.

Ba mu defaree ay waliisam ak waliisi doom yi ba noppi, la door a ñëw tàggatook man.

Man it wax naak moom wax ju rafet, gërëm ko, ñaanal ko.

Xawma gan mbaax a ko dugg àjjuma jooju, waaye yëkkati na ñetti junni may ma. Dem naa ba naan ko mu téye xaalisam, waaye sama xel yedd ma, ma xam ne mag moomul yenn yi, te loo muñ ba mu jeex jarul nga ciy ñaaw.

Ma ni ko :

- Xaalis bii gën a bare, Yaasin ! Teguma la ko kat, Njaay Jaata.

Xam nga Badu, wax joo gis am na tontoom. Mënoon na ma ni :

- Lii kañ du dara ! Damaa xaw a sant Jóob rekk, nde moos yéene naa la lu ko ëpp fopp, nijaay Ngiraan.Mbaa mu ne ma :

- Yàlla xam na ne xeeb naa ko, góor gi Ngiraan, waaye bul wax dara, xaaral ba ma dellu Màrsey rekk !

Loolu yépp fekku ci Yaasin. Dafa ne nemm-nemmaaral, di ma xool mel ni du moom laay waxal. Xawma lu ma yëf yiy niru, ma jéem a kaf ak moom, ni ko :

- Soo demee nga nuyul ma waa Màrsey te bul fàttee bind Mbisin ak Mbisaan.

Yaasin daldi ma xulli, fas kanam gi xaat.

- Bind kan ak kan laa dégg ?

- Xanaa sama ñaari sët yi ! Xamoo ne ñoom duma leen bàyyi ñu jóge Ñarelaa ?

Mënuma laa nettali ni Yaasin tëje kanam gi keroog, Badu.

Bi mu ma gisee ma muuñ lay sog a xam ne dama ko doon tooñ doŋŋ, mu daldi muuñ moom tamit.

Waaw, Badu, ku la masula tudd, masula taas, su takkee ay waliisam, fëgg sa buntu néeg, fekk la fi nga tëdd mu tàggu la, xanaa kay li ci des mooy mu woolu taksi, ne yoonu ayeropoor maa ngoog ?

Du dëggam, Badu ?

Ba àddinay baax de, noonu la yëf yi daan deme. Waaye bés ba ma Yaasin tàggoo ba noppi, la tàmbalee def lu ma jaaxal lool.

Ca laa ko gis mu yebbi ay waliisam ci ëtt bi, yëre bu ne mu yëkkati, fëgg, fëggaat, poos bu nekk mu dugal ci loxoom, yuri ko. Lee-lee mu teg benn ndoket mbaa benn sér ci suuf, jëlaat ko, lemmiwaat ko ba noppi delloo ko ci biir waliis bi.

Lan la Yaasin Njaay réerle woon noonu ?

Waroon naa réy de, ndax ci ay xultu ak ay waxtu la mujje. Ne tuuti, Biige Sàmb agsi, taf gémmiñam :

- Waaw Yaasin yow, loo xewle ? Du danu waroon a dem ci Sinkun Kamara mu ñaanal la, ñaanal xale yi ?

Yaasin siggi, xool Biige Sàmb.

Man mii Ngiraan Fay de, dootu-ma gone, waaye giñ naa ne musumaa gis nit ku jàqe ni Yaasin Njaay keroog.

Ñaari doom yi ñëw katamu ko, di yikkat.

Mu ne Biige :

- Sama këyit yépp réer nañu, Biige.

- Nga ni ma ?

- Waa-waaw. Seet naa ba sonn.

- Loolu gën a doy waar, Yaasin !

- Wóor na ma ne am na ku fi dugg jël samay kayit ! Seen kër gii kay !

- Céy, yaa bare ay ! Yaa ngi tooñati, de ! Bés bu ne ma ni la gaaw a mer baaxul, Yaasin Njaay.

- Amatuma paaspoor, amatuma kayit giy biral ne Tubaab laa, lépp réer na ! Nu may def, Biige ? Fu ma jëm ?

- Nanu dem. Man Biige Sàmb loolu mënumaa të, am naa ci pexe.

Li ma jëli keroog ci waxtaanu Yaasin ak Biige, lii la : musiba moomu daloon Yaasin, sa yaay amoon na ci mbégte mu réy a réy !

Te njortoon naa it ne fu kayiti Yaasin Njaay ya dugg, moom Biige Sàmb moo leen fa dugal.

Njël soreetul woon. Ñu dégg ci Ñarelaa benn waay juy tëgg sabaram tey yuuxu ca kow :

Dégluleen, jàmm la ! Dégluleen jàmm la ! Boroom dëkk bi nee na : bu ci kanamee, na waa gox bi yépp daje ci pénc mi ! Boroom dëkk bi nee na dafa bëgg a waxtaan ak yéen ! Bu kenn des ! Góor ak jigéen ! Mag ak ndaw ! Dégluleen, jàmm la !

Ñarelaa xéy, dajaloo ci pénc mi. Mbooloo mu takkoo ngi taxaw di xaar. Ñu dem ba yàgg, mu am lu jaaxal Ñarelaa. Kenn ci gox bi mënul a fexe ba teg bët kilifa gi ñu ne moo woote. Ku yegsi laaj ki nga jëkk dajeel :

- Ana ki waral lii lépp ?

- Kii kan ?

- Xanaa ki tax nu dajaloo ci pénc mi !

- Moom lanuy xaar booba ba léegi.

- Nanu xaar boog.

Ñarelaa xaar ba xàddi, mujjee xaare boppam.

Usmaan Sow, boroom saret bi ne :

- Nun daal, noo ñàkk faayda dëgg ! Ay boroom kër yu tollu ni nun, benn waay tëgg sabaram rekk, nu ñëw weeru ci naaj wu tàng wi, ku nekk di siiñ sa moroom !

- Usmaan wax na dëgg, bunu sàgganati ba lii di nu dal !

Waaye bi ñu demee bay tasaaroo, la am ay kàddu yu kalaate niy bali fetal ci jaww ji :

- Demleen ! Wéyleen ! Na seen ngelaw neex ! Li ko doore bés niki tey, dootuleen noppee dégg sama baat. Waroon ngeen a xam moos ne lu mu yàgg yàgg dinaa dellusi !

Ñarelaa tiit. Ku nekk di sànni say bët fu nekk, ngir xam fan la kàddu yooyu jóge.

Kenn ci nun sañul a tudd turam. Waaye nun ñépp la sunu xel dem ci moom.

Aali Këbóoy !

Aali Këbóoy...

Aali Këbóoy lañ koy woowe.

Luy turam dëggëntaan ? Kañ la dëkksi Ñarelaa ? Fan la bawoo ? Loolu lépp kumpa la ci nun.

Aali Këbóoy lañ koy woowe, waaye kenn xamul lu tax ñu tudde ko noonu.

Dof bu am taxawaay la daal, di taxawaalu ci mbeddi Ñarelaa yi, watu nel, bàyyi cër yi ñuy lang ci biti tey sol ay sagar yu tilima-tilim. Ci li ñuy wax, soldaar la woon, nekkoon Dàqaar-Bàngo. Am, nee ñu, lu ko fa feeñu bés ci njolloor, mu jommi. Am na fiy jamono, lakkaloon nanu lool. Da daan làqu ci wetu lekool Kelemañsóo gii, su gone yi jàngee ba wàcc mu leen di sànniy xeer.

Du benn du ñaar xaañ na fi nit. Saalitloo na fi tam ay boroom kër yu bare ndax su ko ci Yàlla xiiraan day nég ba xaaju guddi muy kar nit ñi, di leen àddu-kalpe.

Bés nag, Aali def lu ëpp.

Ku ñuy wax Baay Ndeenee fi amoon xaj, fii ci Ñarelaa. Xaj bi sonal lool Aali. Fu dof bi dugg, mu fekk ko fa di ko mbów. Aali Këbóoy di naxanteek moom, di ko fiir ba ne ko niib, daldi ko rendi rendi bu ñaaw.

Boroom xaj bi nag, Baay Ndeene, kilifa la woon ci làrme bi, am doole ba noppi bare ay ba nga ne lii lu mu doon. Kaay nu xeex a ko gënaloon kaay nu ndékki. Dafa dóor keroog Aali Këbóoy ba Yàlla fóot ay sagaram. Céy, xeexu Baay Ndeene baak Aali Këbóoy !

Man mii de, duma ko fàtte mukk ! Baay Ndeene dafa njatt Aali Këbóoy di jamat nel beek xottu butéel ba bopp bi xonq coyy ak deret, muur kanam gi.

Li ko Baay Ndeeney jam yépp, Aali Këbóoy a ngi koy balu àq :

- Sarax ma, dootuma la tooñ. Giñ naa ne teyuma ko !

Maa mujjee yërëm Aali Këbóoy, woolu pólis.

Bi alkaati yi ñëwee, li ñu ma jëkk a laaj mooy kan moo doon dof bi, ci diggante Baay Ndeeneek Aali Këbóoy !

Teg nañ ci ay fan i fan, kenn déggul Aali Këbóoy, kenn gisu ko. Ñépp naan :

- Baay Ndeene kat waroon naa gën a teel a jóg ci dof bii, upp baax na ci laax bu tàng, kat ! Ñaw !

- Xanaa xamoo ni yëf yi deme ?

- Ãa ?

- Aali góbi doŋŋ la woon Dàqaar-Bango te Baay Ndeene moom moo yilif kapiteen yi ci làrme bi yépp ! Du moroomam !

- Yaa ngi door a wax wax ji kañ !

- Yow kañ bëre bukkeek mbaam nga nuy wax !

- Dégg ngeen yuuxu Aali yi, de ? Wutewul woon ak mbaam-xuux mu ñu ñàdd di ko rendi !

- Moo, koo koy wax ? Mu naan xuux xuux rekk, tëwa bàyyi ! Gat di !

Ñu tegaat ci ay weer, Aali Këbóoy dellusi Ñarelaa...

Tuddul kenn, taasul kenn. Dafa jubal mbaaram, téju fa ay fan i fan.

Xam naa amoon na ay bori nelaw ndax foo tollu ci Ñarelaa dégg ko muy xandoor.

Ba mu yeewoo, dafa toppaat mbeddi gox biy wër.

Ñu tegaat ci juróomi fan, Aali Këbóoy neeti mërr. Danu yeewu daal, gisatunu ko, kenn xamul fu mu jaar.Ñaari at yu mat sëkk jàllaat.

Bés, ci ndorteelu nawet bi, Aali Këbóoy delsi ci gox bi. Taw bu jëkk boobu metti woon na lool, ànd ak i dënnoo ki melax.

Ba muy séwét, fekk na ku nekk ci nun a ngi këram di seetaan tele.

Bi nu jullee geewe, naan àttaaya bay waaj a tëri, lanu dégg ay yuuxu ci mbedd mi. Nu yaakaar ne waxambaane wu ñu doon dóor la, muy woote wallu.

Ba ñu demee ba ca biir lanuy sog a leer ne waa ji nekkul woon ci benn jafe-jafe. Da doon woy, ndekete.

Xanaa kay baat baa xuuroon rekk, naqadi ba nga ne lii lu mu doon.

Ñàkkul mu am ñu seen xel dem booba ci Aali Këbóoy. Waaw, loolu mën naa am. Waaye jaaxal kon na ma lool.

Ca dëgg-dëgg, fàtte woon nanu ay mbiri Aali Këbóoy. Ku ko wax ak ku ko waxul yépp, waa Ñarelaa jàppoon nañu ne Aali ñibbina àllaaxira bu yàgg.

Ndax kat, Badu, xam nga ne dof yiy taxawaalu ci mbeddi Ndakaaru yi, duñuy faral di gudd fan.

Nee ma :

- Lu tax nga wax loolu ?

- Lu tax nga wax loolu, Ngiraan ?

Dafa fekk ni, dof kat, loo mën a xalaat ci lu bon mu ngi koy dugal ci biiram bi te su feebaree kenn du ko faj. Lee-lee it saxaar mbaa oto fekk ko fi mu tëdd, yéeg ci kowam, dër ko te du sax taxaw. Ay nit ñooy romb néew bi, kenn ci ñoom ne :

- Ndeysaan... Mooy dof bi ñu doon woowe... Fàtte naa tur wi, waay !

- Loolu de, amul solo !

- Ana dof ak tur ?

Su ko defee, ñu daldi woo ndawi Buur yi. Ñooñu ñëw gàddu néew bi yóbbu. Coono boobu lanu bañoon mu fekk nu ci, nun waa Ñarelaa. Moo tax ba nu Aali Këbóoy abalee, danoo sant Yàlla.

Moom kañ, na dem fu mu xam, mu deewe fa !

Ndekete yóo, waa jiy wër gox biy woy, Aali Këbóoy la. Mu ngi naan :

- Aa, man la Aali Këbóoy, maa dellusi Ñarelaa. Yéen a ngi fàttaliku dóor yu metti yi ma fi Baay Ndeene dóoroon, at yee ñu génn ? Yéen a ngi koy fàttaliku, mbaa ?

Kenn ci yéen nanguwu maa tontu, waaye amul solo.

Man, Aali Këbóoy, maa leen di yëgal ne dem naa dëkk ba ma fekk baax nag, laaj mag ña lu tax Baay Ndeene toroxal ma, tuur sama deret, te bu weesoo Ngiraan Fay mu rafet xol mi, du kenn ci Ñarelaa ku yëkkati kàddoom ne lii du yoon.

Dëkk boobee ma fekk baax, Ndimboy la tudd. Lu ngeen di xulliy bët ?

Mbaa du dangeen yaakaar ne man Aali Këbóoy amuma ndey, amuma baay ?

Neex ba dee ! Samay way-jur ñoo ma sant ma dellusi Ñarelaa.

Waaw ! Bàyyi naa tooñ, dootuma sànni gone yi xeer, jànq ji dootuñu ma romb may këf seeni sër, di leen jéem a siif.

Loolu yépp tuub naa ko. Teewul nag, maa moom sama làmmiñ wii, man Aali Këbóoy.

Lu ma neex dinaa ko wax, te kenn du ci mën tus !

Bi Aali Këbóoy daaneelee, ñépp a féex, ku nekk naan :

- Aa ! Waxi dof de, amul solo !

Céy, su nu xamoon li nu doon yoot, booba !

Aali Këbóoy, Baay Ndeene ma ko duma woon duma yu metti ya la jëkk a takkal pot. Dafa daan taxaw ci boppu koñ bi, su Baay Ndeene rombee mu koy daggal ay saaga yu ñaaw a ñaaw.

Ginnaaw Baay Ndeene dafa amoon doole, am alal, kenn ñemewu ko woon ci Ñarelaa. Kapiteen la woon ci làrme tubaab yi. Aali Këbóoy fental ko woy, di ko kekkantoo :

« Ofise ne paa pëer, bu doxatee sax du xasaw, ndax kenn du ñemee reetaan ! »

Saa yu Aali Këbóoy séenee Baay Ndeene rekk, tàmbalee tàccoo ka woy :

« Ofise ne paa pëer, bu doxatee sax du xasaw, ndax kenn du ñemee reetaan ! »

Su ko defee, Baay Ndeene dëngalu, mel ni du moom la Aali Këbóoy di gaaral.

Dem nañu nag ba kenn mënatul a muñ yëf yi. Su woyu Aali Këbóoy woowu jibee rekk, ñépp daanu ci suuf, di kex-kexi, am sax ñuy taf seen bakkan, naan:

- Óo-xoo ! Xetu cuuraay gii moo neex !

Ñu demati ba gone Ñarelaa yiy awu Aali Këbóoy. Baay Ndeene di leen dégg te du ci mën dara.

Badu, ñaar yii, boo ci gën a ragal : ñu lay sànniy doj mbaa ñu lay sànniy kàddu yu ñaaw te ñaw ?

Bopp buy nàcc ak xol bu xëtt, lu la ci gënal ?

Aali Këbóoy kat, tuuti kon mu tas Ñarelaa. Lu waay def ci gox bi te di ko làq, dina ko feeñal, weer la.

Daawul tudd turu kenn nag, waaye ñépp a doon xam ku moom wax ji :

Aa, sama sang yu baax yi, lu ngeen xam ci kuy yakkataan doomu-jiitleem ? Moom laa fi gis de, ngóor saa ngi nii, ne fàŋŋ ci biir seetu bi !

Ku weddi na ñëw xool kook mbaxaneem mu ñuul meek i bejjaawam ! Cim ! Ñàkk jom badee !

Beneen bés mu ne :

- Aali, waaru nga ! Ndaw soo xam ne njaalook naan ndox la yemale ! Céy Ñarelaa ! Fii de moom, caga jeek jaaykati yàmbaa yee fiy teg ndawal.

Walla mu ne :

- Waaw, nit ñi liggéey, ñaq, dajale seen alal dénk la ko, amoo loo leen di wax lu dul réer na te nga toje ko, man mii Aali Këbóoy dof bi, ma teg ci samay bët ! Waay, noo àttane jël xaalis bu la lewul, takk ci ñaareel, séet bu ndaw bi yaakaar ne boroom barke nga, fekk tojemaan doŋŋ nga !

Ñépp mujjee ragal Aali Këbóoy, di ko moytu ndax ñàkk kersaam. Rax-ci-dolli, kenn xamul na mu daan def ba xam li mu doon wax yépp.Am ñu naan :

- Aa, dof bi waxati na de ! Kii, ñàkkul muy boroom xam-xam bu mag ! Mbiri Yàlla kenn xamu ko !

Aali Këbóoy yemul foofu.

Ba mu demee ba mu wóor ko ne nit ñaa ki koy may nopp bu baax, dafa daldi tàmbalee sànni ay cax ak ay laajte yu doy waar lool.

Maa ngi fàttaliku bés ba mu bettee Ibu Ndaw ak Kinne Gaajo ñuy fóonante ci tefesu Kusum. Weer woowu yépp, dafa nu tanqal ak benn laaj bi :

- Jamono jan la nit ku ñuul tàmbalee fóonante ? Moo, ndax Maam sax xamoon na loolu ?

Foofu nag, jikkoy dof ji jàpp Aali Këbóoy, muy joxe tontam, ne dafay jàngal waa Ñarelaa naka la mbir yooyu daan deme bi fi Tubaab bi ñëwagulee.

Aali Këbóoy doon na def it lenn : lu mu wax tey, bu ëllëg saa mu jaaraat ca. Daan na ko jàppe noonu ay weer ba mujje gi ay kàddoom, gone yépp a leen daan tari.

Laaj ma nag kañ la Aali tas jàng yi !

Laaj ma ko, ma wax la ko !

Gis nga, Badu, politiseɲ yi doon joɲante fii ci Ñarelaa, ñoo xaar ba xaaju-guddi, ñu yoloosu, fëggi mbaaru Aali Këbóoy. Mu yeewu, ñu ne ko :

- Aali, nuyu nanu la.

- Man de, feyuma leen. Ayca ! Gaawleen boog ci wax ji !

- Soo gisoon li nu indiwaale doo waxe noonu, Aali !

Ñu génne xaalis bu bare, won ko.

Mu ne leen :

- Lii nag ?

- Du xam nga diw ? Nee na dafa noo bëgg a yilif te...

- Lu ngeen bëgg ?

- Ma xasal leen seen noon boobu ?

- Nit ku bon la. Fi mu ne, Ñarelaa ba Ñarelaa daj, yow rekk la nit ñiy déglu ! Fàww nga xamal leen ne waru ñoo fal saay-saay boobu !

Aali ne leen :

- Aa ! Ñaata ngeen may fey ?

- Loo bëgg, dinanu la ko defal !

- Xaalis baa ngi nii, su doyulee ñu yokkal la ci lu bare !

- Ayca boog ! Waxleen ma lépp li ngeen ko xamal ci lu bon.

Aali déglu leen ñuy talalali, lépp lañu xamoon ñu wax ko ko.

Sa ëllëg sa, diw moomu làqu seetsi Aali Këbóoy, mook ay nitam, ñu indiwaale ñoom it saaku xaalis. Aali laaj leen lu doon seen tànk.

Ñu ne ko :

- Diw de, nee na dafa bëgg a jiite askan wi, te du nit ku baax.

- Lu ngeen bëgg ? Ma xasal leen ko ?

- Waaw. Yow, nit ñi fonk nañu lool say kàddu, Aali. Loo wax ñu ne dëgg la, ànd ceek yow.

Aali Këbóoy ree ci biir xolam. Gaa ña wax ko lépp lu bon lañu xamaloon seenub noon.

Aali daldi mel ni ku furtaat nag, Badu ! Fan yooyu kay, Ñarelaa rëb na lool !

Aali Këbóoy dafa jaxasee jaxase sunu politiseŋ yi ba tuutee tee jaasi yi génn. Mu ne :

- Ñoom ñépp xaar nañu ba suuf sedd, ñu yoloosu seetsi ma, ne dañu may jënd ! Man nag, dof laa : xam naa lépp, dinaa wax lépp ! Gaa ñi, ma ne : tey mu neex !

Ñarelaa ne tekk di ko déglu, ñii tiit, ñii di ree ci suuf.

Aali Këbóoy dellu ne :

Ñoom de, lu kéemaane sax lañu ma bëggoon a defloo.

Laaj leen ma loolu lu mu !

Dañu bëggoon ma jaay leen sama xaste yu neex yi !

Xasal diw ak diw, wax ko ay baaxi maamam nu fey la xaalis bu dul jeex !

Aa ! Xanaa kon ñoom bu ñu jotee ci réew mi, dañu fi nar a ubbi daara ju ñuy jàngale wax ju bon !

Su ko defee, ku dàq saaga ci réew mi yaa fiy ëpp alal !

Man nag, gor laa. Sama teraangay bopp jaralu ma yenn yi, duma wor mukk askan wi.

Sama xaste yu saf xoroom yii, jaayuma leen tey, jaayuma leen ëllëg ! Mayewuma leen it, waaye teewul ma yéene ci ñépp, nag !

Wax dëgg, Badu Taal, daan nanu dem ba fàtte ne Aali Këbóoy dof la.

Bu daan wax, danu ko daan déglu bu baax a baax !

Saa yu dikkalewaan it, noppi, danu daan namm ay kàddoom ba nga ne lii lu mu doon.

Benn guddi nag, Aali Këbóoy wax lu ëpp, moom tamit.

Mooy guddi ga mu tuddee Tubaab bi, di ko ŋàññ, naan war naa génn réew mi abal nu, nu moom sunu bopp.

Aa, guddi googu Badu, kilifay Ñarelaa yu bare nelawuñu !

Mag ñi gise ci seen biir, ne :

- Luy jot jot na. Dunu ñàkk fulla ba ab dof doŋŋ di nu yàqal sunu teraanga.

Ñu yeewu bés, kenn gisatul Aali Këbóoy ci Ñarelaa.

Mbaar ma mu daan dajale ay sagaram ak i poti tamaateem, ñu daaneel ko, bale ko, fobeere ko ba mu set wecc.

Ñii naan Aali Këbóoy dafa tàbbi géej ni léeb bu jeex, ña ca des naan dafa gàddaay, dem fu mu xam.

Ñeneen ne :

- Du tey la Aali Këbóoy mas a xéy ne mes ! Du ñàkk mu dellusi bés na mu ko fi daan defe.

Gaa ñooñu de, Badu, dañu doon dof-doflu rekk, ndax xamoon nañu bu baax nu yëf yi deme. Leeroon na ñépp ne waa gox bee sàkkaloon Aali Këbóoy pexe.

Waaye Aali de, dundam neenul.

Tey dinga toog Ñarelaa, dégg ku wax waxam ba noppi, daaneele ko ay kàdduy Aali Këbóoy :

- Ca jamonoy Aali Këbóoy de, daan na wax ne...

Ba fi Aali jógeek tey mat na fanweeri at ak lu topp. Kàddoom ya ñépp jàppoon ne ay kàdduy dof lañu, tey ñu ngi ciy sukkandiku, di leen dëggal, di leen waate, di leen waaraatee !

Soo gisee, Badu, ma ubbi tey Téere bu Ñuul bii, di la ci wax waxu Aali Këbóoy, am na lu tax.

Lii laa la ci bëgg a jàngal : saxal ci li nga nekk, bul nangoo nekk ma-riirandoo.

Donte sax li nga gëm, yow kott ci àddina si yépp yaa ko gëm, bumu la tax a dellu ginnaaw. Bul tiit, bul ragal. Bu kenn fees say bët ba doo am fitu xalaatal sa bopp.

Badu, toppal ciy tànki Séex Anta Jóob ak Aali Këbóoy.

Ba Aali Këbóoy xamee ne ñu ngi koy waaj a fexeel, dafa daldi yëkkati baatam ci kow, ne :

Maa ngi leen di tàggu, yéen waa Ñarelaa. Tey, sama waxtaan ak yéen du gudd. Wurus a ngi ñu gas suul.

Ay kàddooy xotti gannuus gi, di rëkk asamaan seek doole, asamaan siy goqi ay biddéew yuy ràyy-ràyyi.

Waaye yoon wi neexul a song. Ay dég dinañu la jam, say loxo dinañu nàcc.

Amaana jaan màtt la. Moytul ma daŋaru jaan jooju ñu naan céebi !

Dinga mar, dinga xiif. Loolu lépp xej na ci. Waaye soo toqiwulee, bés dina ñëw say doom ak say sët bég, naw seen bopp.

Badu, lépp li ma xam ci àddina, dof bu tudd Aali Këbóoy moo ma ko jàngal.

Moo tax ma ni :

- Dof mat naa bàyyi cim réew.

*

* *

Noo yaakaar nag ne noonu la yëf yi mujje, Badu ?

Aali Këbóoy daal, moo jékki-jékki neeti jamet sunu kanam !

Xéy nanu gis ko muy sampaat mbaaram, di dajale ay poti tamaate ak ay mbuus.

Kàngami Ñarelaa yi giseeti seen biir. Baay Ndeene ne :

- Aali Këbóoy mii dafa noo bëgg a yab ñaari yoon. Lu ëpp tuuru. Ñoom ñépp ñu giñ ne dinañu rendi Aali Këbóoy, diigal néewam biir géeju Kusum.

Nañu ko waxe it lañu ko defe.

Yeewooti nanu bés, gisatunu Aali Këbóoy, déggatunu ko.

*

* *

Ñaareelu bóomug Aali Këbóoy ga, nu mu deme ?

Am na lu ma ci fekke, man Ngiraan Fay, te dinaa la ko nettali.

Benn guddi, dégg nanu kuy yuuxu ay yuuxu yu metti te yàgg lool.

Ma daldi xàmmee ci saa si baatu Aali Këbóoy. Mu ngay jooy, di saraxu, naan :

- Ñarelaa waxleen ci, wóoy waxleen ci, ñu ngi may reyati !

Ci laa jóge fi ma tëdd, man Ngiraan Fay, ubbi buntu kër gi.

Bi ma dawee ba weesu kër Ablaay Jéeju te dajewumaak kenn, laa sog a taxaw, daldi yuuxu :

- Ay saay-saay songati nañu Aali ! Jógleen wax ci ! Buleen seetaan lu ñaaw loolu, yéen waa Ñarelaa !

Waaye su ma Ñarelaa tontoo, yow ma juddoogul woon booba yaa ma tontu.

Mbedd mbaa ngi ne selaw.

Bi ma àggee tali bi jëm kër Biram Saala Géy, kenn ci ñi doon duma Aali Këbóoy sànni na ma aw doj, doj wi cof sama mbaxane, daaneel ko.

Ma sëgg man it for xeer, siggi di ko ko waaj a sànni, gisatuma kenn, gaa ñi ne mërr, réer ma. Ci laa dëppe.

Su ma ragalul woon fen de, dinaa ne Baay Ndeenee ma doon jéem a xaañ.

Bi ma demee bay waaj a xàddi, la ma mii xel ne naa làqu ci mbaaru-tëgg mi taqalook sinemaa Riyalto.

Ne tuuti Kuwaamini, fasu Usmaan Sow wi, ŋɛxal. Ma xool asamaan si, gis ni biddéew yiy melaxe.

Ñarelaa ngi ne selaw, ndeysaan. Xanaa rekk lee-lee ngelaw li pes xobi garab yi mbaa ma dégg xaj buy mbów ci guddi gi.

Ma daldi wiccax sama bopp, yéemu ci mbonug Doomu-Aadama.

Sama xel dellu ci Aali Këbóoy : « Xam naa Baay Ndeenee nga Kusum di joow, di nemmeeku béréb bi gën a xóot ci géej gi, mu diigal fa néewu Aali Këbóoy. »

Nit du dara, Badu ! Sànq rekk rendi nañu ci Ñarelaa gii lu tollu ni Doomu-Aadama, te mu ngi mel ni dara masu fee xew !

« Kuy fàttalikooti Aali Këbóoy ? Ndegam nit Njaay moo fiy jóge ñu fàtte ba fàtte turam, astemaak Aali Këbóoy ».

Teewul nag, Badu, yëf yi naqadi ma lool, man mii. Keroog, ba ma dellusee ci kër gi tamit, nelaw të na ma. Fajar jot, ma jóg ànd ak waa Ñarelaa jàkka ja. Gaa ña bóomoon Aali Këbóoy a ngi may jéem a tuur lëndëm kat, naan :

- Sàcc bi fi gone yi jàpp biig de, xawma kan, waaye moom dootul xand Ñarelaa !

Keneen ne :

- Soo déggee yuuxoom yi kañ, xam ne tuutee tee ñu rey ko !

Ñoom ñépp ñu ree, def mbir mi ay kaf. Benn tur rekk nekk ci xel yépp, waaye kenn sañu koo tudd. Aali Këbóoy.

Niti tey yi ñooy naaféq, Badu !

Ba ñu ca tegee ay fan, am ku romb mbaaru Aali Këbóoy, taxaw, daldi ne :

- Waaw ! Sunu Aali mi de, ayu-bés yii yépp kenn gisu ko !

- Moom de demati na !

- Xam naa am na feneen fu ko rab yi xiirati !

- Gaalu dof du teer !

- Na ngelawam neex !

- Mën naa dellusi, de ! Day xéy bés rekk, ne nu maa ngi !

- Yàlla tere tereeti ko ! Moom kay, doyal nanu ci sëkk ak barke !

Baay Ndeene ne ca tonet, ni leen :

- Seen coow li bare na te amul njariñ !

Démb ci timis, benn ponkalug kaña génne na mbaaru Aali Këbóoy. Toj mbaar mi jot na !

- Baay Ndeene wax na dëgg. Su nu ci teelul a jóg, mbaar mii mën nanu fi indil ay jàngoro yu kenn xamul.

Waaye Badu, ba dara desul lu dul sempi mbaaru Aali Këbóoy, mbir feeñ na.

Nga ne ma :

- Déet waay !

Ma dellu ne la : mbir feeñ na kañ, Badu.

*

* *

Ñetti fan yooyu, képp ku jub mbaaru Aali Këbóoy ne danga koy toj, jommi nga.

Garaŋ Maadaa jëkk jéem a sempi mbaar mi. Waaye bi muy janook mbaar meek bi ay loxoom di tàkk benn la. Garaŋ Maada yuuxu, loxo yiy saxaar, mu leen di wiccax, di tëb ak a tëbaat, fu nekk mu dugg fa di wut ndox mu mu leen serale.

Mag ñii xoolante.Am ci ñoom ku ne :

- Nun kat, noo tooñ sunu bopp. Warunu woon a sant Maada mu woyof bopp mii mu sempi mbaaru Aali Këbóoy.

- Wax nga dëgg. Nanu woo Taala Njaay minise bi. Moom war na cee mën dara, am na doole, am na xam-xam.

Waaye, Badu, Taala Njaay jotul sax àgsi ba ci mbaaru Aali Këbóoy.

Génn na këram gaa, waaye dafa ñëw ba jub nu, tàmbaale miir ; fi mu wéeroo ci benn kaasiyaa, nit ñi wër ko, la tàmbalee woccu deret, di kadd-kaddi ba faf fa des.

Taala Njaay nag, yaaram la woon, amoon ak ñépp jàmm ci Ñarelaa. Deewam gu ñaaw googu metti na ma lool. Lu nekk ñu koy wax nag.

Ñii naan :

- Aali Këbóoy mi nu yaakaar ne dee na de, mu ngi ci biir mbaar mi di nu dégg.

- Eskéy ! Yàllaay maye, te ku ko neex lay may !

- Bàyyileen gis kuy dem, sol ay sagar rekk, ngeen di ko sànniy xeer ! Baax na !

Ñi ci des di dekkali ay kàdduy Wolof Njaay :

- Deretu téegu du moy luppu boroom !

- Doxati gëléem kow la jëm !

- Sàcc ndënd yomb na moom, xanaa kay am foo koy tëgge mooy jafe !

Badu, ñu bare la seen taat tëgg tama keroog, man mii ma ciy teg samay bët, mu def may ree !

Saay-saay si nekk fa di déeyante ka wokkante. Ña bóomoon Aali Këbóoy saalit nañu bés boobu.

Noonu lanu fa nee ñukk mbaaru Aali Këbóoy. Ayu-bés ya ca topp yépp, kenn ñemewu ko sax jege.

*

* *

Bés, benn waay-Yàlla ju màggat di wër ba agsi Ñarelaa.

Sabadoor bi mu sol a ngi furi be kenn xamul lu muy nirool, mu teg ab tengaade ci bopp bi, téye ci bantam di temp.

Waaye Badu, góor gi nu gis tisbaar jooju de, amoon na mayu Yàlla. Kër gu mu taxaw keroog di yalwaan, su ñu ko saraxee ba noppi am na ku ne :

- Góor gii de, bi sunuy bët dajee am na lu ma yëg ci sama yaram.

Te mu doon dëgg gu wéer péηη it, Badu.

Képp ku góor gi ne jàkk ci Ñarelaa, nga wax kook nga bañ koo wax, am na lu jóge ci yow.

Góora Mbay dégg coow li, daldi woo benn surgaam ne ko :

- Demal indil ma waay-Yàlla jooju may dégg. Ne ko Góora Mbay, goro Kapiteen Baay Ndeene, moo ko soxla.

Fu surga bi dem, ñu ni ko :

- Góor gaa ngi noonu di fi jóge, soo gaawantoo dab ko.Surga biy wër ba dajeek góor gi. Ñu nuyoo, mu ni ko :

- Kilifa gu ñu naan Góora Mbay moo ma yónni ci yow. Nee na nga wuyusi ko ci nu mu gën a gaawe, dafa la soxla te soo ko xaarloo dina la won mooy kan !

Waay-Yàlla ji ne jàkk surga bi. Kooku gis ni bëti góor giy tàkke, daldi dellu ginnaaw.

Góor gi ni ko :

- Neel ki nga ne kilifa la, su ma génnee gox bii, te dabu ma, sukkal ma, balu ma àq, du baax ci moom !

Céy bëccëg boobu, Badu ! Góora Mbay mi nga xam ne moo fi dàqoon a jaay maanaa, keroog la ko Yàlla doon xaar !

Bëccëgu ndara-kàmm lañu ko toroxal ! Tànki neen la def, ma ni la, di daw, di wër benn màggatum yalwaankat, di xiixat, ñaq baay siit, ku mu dajeel laaj la ndax gisoo benn góor gu sol sabadoor bu furi te teg ab tengaade ci bopp bi !

Nit ñaa ngi koy ree, waaye faalewu leen sax. Ba mu dabee góor ga nag, ba sukkal ko, balu ko àq, kooku lii la ko wax :

- Ñëw bii nga ñëw de, moo gën ci yow ! Soo deful woon li ma la sant, yàqu kon nga yaxeet !

Léegi nag, déglu ma bu baax : mbaaru Aali Këbóoy du sempiku feek ku ñuy wax Isma Ndóoy dugalul loxoom ci mbir mi.

Góora Mbay ni ko :

- Ãa ?

- Waaw. Waaye dinaa ci yokk lu tuuti : Aali Këbóoy, fàww mu dellusi. Dégg nga wax ji, de ? Aali Këbóoy, dara mënu koo tee dellusi Ñarelaa.

Boo gisee Góora Mbay, mu ngi lox fi mu taxaw. Mu dellu laaj góor gi :

- Ba daal kenn amu ci pexe ?

Góor gi ree :

- Yow de, dafa mel ni sa yaram neexul. Reylu nga Aali Këbóoy, sant Kapiteen Baay Ndeene, sa goro bu soxor boobu, mu diigal néewam ci géeju Kusum. Xanaa loolu war na laa doy ! Loo bëggati ?

Ma seeyal ruuwu Aali Këbóoy ?
Ruuwu nit, Yàllaay boroom.

Góora Mbay geestu, fu ne mu xool fa, di seet ndax am na ku dégg kàdduy góor gi.

Mu daldi ne :

- Dinaa def li nga wax. Waaye ginnaaw kenn mënul a tere Aali Këbóoy mu dellusi, lu nuy doyeeti Isma Ndóoy ?

- Foofu nga juume. Su ngeen feyee Isma Ndóoy li mu leen di laaj, dina daan Aali Këbóoy ba nga xam ne bu dellusee du leen gëtën. Su ci jàppulee, Aali Këbóoy du leen may jàmm ba keroog yawmal-xayaam. Àddina dina tukki, ñibbisi, ni faax ci diggu këram, tukkiwaat, jàppe ko noonu ba mu mat juróom-ñetti xarñu te du tax Aali Këbóoy may leen jàmm !

- Dégg naa sa wax, góor gi. Léegi ñaata laa la ameel ?

- Dencal sa xaalis. Isma Ndóoy a ma ko gën a soxla te moom xamul baale !

Badu, am na ku ne woon :

- Doxatu gëléem kow la jëm.

Du man mii de maay weddi kàddu yooyu. Wax ji law.

Gox boo dem ci Ndakaaru, dégg ñuy waxtaane mbirum Aali Këbóoy.

Nit ñi ràkkaaju nag, ma ni la, di yokk ak a yokkaat, di xoromal.

- Dégg ngeen li ma déggam ? Nee nañu Aali Këbóoy dafa soppiku malaaka, yéeg ci kow asamaan ak ay laafam, ñépp di ci teg seen bët !

- Wax nañu ko, de.

- Nee nañu it guddi gu nekk, su waa Ñarelaa dee nelaw, Aali Këbóoy day soppiku yoo, di biiw ci noppi ñi ko rendi, di leen màtt, di leen saaga, lu nekk mu leen koy yakk.

- Nga ne ma ?

- Ñooñu ñan a waay ?

- Li ci kanam rawul i bët. Soo déggee fan yii kuy jàmbat sibbiru ci Ñarelaa, dóoral yat ! Xamal ne yoo bee fa jaar !

- Man de, benn jigéen doon na ma tanil démb. Xamal na ma ne lépp lu xew Ñarelaa, Aali Këbóoy a nga jaaxaan ca àllaxira di ci teg bëtam.

- Eskéy !

Ba màggatu yalwaankat ba demee ba nu fàtte, benn xaleelu góor bu tudd Isma Ndóoy, dëkk Mbaaw, ñëw bés Ñarelaa, ne moom mën naa sempi mbaaru Aali Këbóoy.

Ñu ni ko :

- Xanaa waay-Yàlla jee la fi yebal ?

Mu fas kanam gi, daldi ne :

- Loolu amul solo te sax xawma luy seen yoon ci ku ma yebal ak ku ma yebalul.

- Weexal bi nag, ñaata la ?

Isma Ndóoy sëgg ci noppu Góora Mbay, wax ko njëgam. Góora Mbay taf gémmiñam :

Saa waay, alal ju tollu noonu, soo dajalee li fi mus a dugg ci xaalis ba sunuy maam sancee Ñarelaak tey, ëpp na ko téeméeri yoon xanaa ! Waxal lu nu mën a dégg, waa ju baax.

Isma Ndóoy boolewu ca wax. Dafadaldi solaat mbubbam, ne mu ngay dellu Mbaaw.

- Dimbali nu, ñaan nanu la ko ci diggante jullit ak moroomam.

Isma Ndóoy geestu Góora Mbay, xool waa Ñarelaa ba seppali leen, daldi ne :

Yéen ñépp ay naaféq ngeen, te xam ngeen lu tax ma wax loolu.

Man Isma Ndóoy, bi yëf yiy am, maa ngi doon wëndéelu ci jaww ji, tiim leen. Ngelawu géeju Kusum pes na ma ! Gisuleen ma waaye man maa ngi leen doon gis. Buleen ma tax a nettali njëlu Ñarelaa gu ñaaw googu !

Ku nekk xool sa moroom, sëgg.

Baay Ndeene ne Isma Ndóoy :

- Li nga nuy laaj de, amunu ko. Réew mi ci boppam, xaalis bu ni tollu amu fi. Lu la tax a yaakaar ne waa Ñarelaa mën nañu ko dajale, fey la ? Aa, yow kat, danga mel ni ku nu bëgg a yab !

Baay Ndeene nag, noon naa la fi dafa àndoon ak xadar. Ñarelaa ba Ñarelaa daj, moo ci gënoon a bari ay. Xeex ak naan ndox la mas a yemale. Mag ñi naxanteek moom, yedd ko, xamal ko ne warul a topp meram.

Góora Mbay daldi ne Isma Ndóoy :

- Ginnaaw noonu la, nga baal nu àq, waa ju baax. Amunu xaalis bi nga nuy laaj.

- Kon boog nu ñaanalante, dellu naa Mbaaw ga ma dëkk.

Ba Isma Ndóoy demee, magi Ñarelaa yi taxawaat nañu fa lu yàgg di wut pexe. Ñu mujjee jàpp ne nguur gee waroon a ñëw jële fi mbaaru Aali Këbóoy.

Góora Mbay ne :

- Nanu seeti jawriñ bi ñu dénk kaaraange biir réew mi, moom war na cee mën dara. Ñépp ànd ci wax jooju.

Ba nuy laata tàggoo, Baay Ndeene xool ma ba yàgg, ne ma :

- Waaw, Ngiraan, yow de, saa yu lu mel ni masaan xew Ñarelaa, waa gox bi daje di ci waxtaan, danga daan yëkkati sa kàddu, joxe sa xalaat. Tey moom, kenn déggul sa baat...

- Maa yey ne patt, Baay Ndeene.

- Ãa ?

- Waaw. Man kat, dama tiit ba fu tiit yem.

- Lu waral loolu, Ngiraan ?

Ma yëngal sama bopp, ni ko :

- Seetlu woo dara ci waa ji jóge Mbaaw te ne Isma Ndóoy la tudd ?

Waa Ñarelaa yépp di ma xool, waaye kenn amul sama tont.

Ma ne leen :

- Li Isma Ndóoy moomuy wax yépp, maa ngi gëmm di ko déglu. Te xam ngeen baatu kan laa doon déggam ?

- Ãa ?

- Baatu Aali Këbóoy, xanaa.

- Danga bëgg a wax ne Aalee fi taxawoon sànq di waxtaan ak nun ?

- Looloo am sax de, Baay.

Keroog jooju, Badu, gis naa kilifay Ñarelaa yu bare ñu téye seen bopp ndax jaaxleek tiit.

Ña jógoon ci xaaju-guddi, fekki Aali Këbóoy ca biir mbaaram, rendi ko, am na sax ku ci rëccle ba caaya ji xaw a rot.

TÉEREB LËNDËMTU

II

Badu, du caagin dama la bëgg a miirloo, waaye fàww nga may ma ma dellu ay ati at ci ginnaaw.

Maa ngi door a am fanweeri at ak ñaar, nekk óbërye ca Air Liquide, di doxaan ndaw su ñu naan Faat Juuf.

Bés, ni ma ko tàmmee def, ma reer ba noppi, sol samay dàll, tegu ci yoonu kër Faat Juuf. Kolobaan la Faatu luye woon benn kër gu yem.

Jamono jooju, tele amul. Danoo déglu sunu rajo ci ëtt bi, ma defar àttaaya, nu cokkaasante ba sunu yaram xaw a tàng, nu daldi jàll ca néegu Faat Juuf.

Miinante woon nanu bu baax, nun ñaar. Noonu laa ko mën a waxe.

Li ci des sa xel a koy mottali. Xam nga mbirum gone rekk. Am doole te yëg ko.

Nu nekkal ko ci.

Gajjante.

Wax ju ñaaw.

Parax-paraxeek sëppu-jaleñ.

Taataan.

Mbejante.

Àndandoo di salliiru.

Mujje ne yàcc, di xullee.

Waaw, noonu lanu daan jotee, maak Faat Juuf.

Waaye guddi gi ma lay wax de, neneen la mbir mi deme. Kottante nanu lu yàgg ci kow lal bi, ne cell, mel ni ñaari gone yu réer ci àll bi, ku ci nekk di jéem a aar sa moroom.

Fa lanu nekk di raayante ndànk, ànd ceek teey ak ràññee.

Bi ma ganejee Faat Juuf, teeru na ma teeru bu rafet, dalal ma.

Ba nu lalee waxtaan it, ku nekk ci nun ñaar tontu na sa moroom na mu ware.

Keroog Kolobaan àjjana ju ndaw la woon ci nun ñaar.

Waaye lee-lee sunu bànneex day wex xàtt, jur sax tiitaange.

Lu waral may joteek Faatu Juuf, mu neexe noonu ba noppi, sama xel yépp nekk ci dee ?

Ma gëmm, gis ñaari mellentaan yu tuutee tuuti te ñuul ñuy mareñ ci aw tund wu suuf sa weex tàll.

Ma ni ci sama xel :

« Maak Faatu Juuf bëggante nanu ba fu bëggante yem. Waaye lu nobeel di jariñ ?

Lii lépp fan lanu jëme ?

Fii ak ñeent-fukki at nu màggat, ras, dootunu mënal sunu bopp dara ba bés ba nuy xéy jóge fi. »

Ngiraan Fay.

Faat Juuf.

Fan ngeen jëm, yéen ñaar ?

Jamono dina ñëw, mbégte mu réy bett la. Waaye bànneex ni melax lay bindooo, ba muy tàkk ak ba muy fey benn lay doon. Bi nu delloo ci saal bi, ku nekk ci nun ñaar gis na ci say bëti moroom tiis wu réy.

Faat Juuf a ngi taraxlaayoo séru legoos, ferenklaayu, wéeru ci kanape bi.

Lee-lee sama loxo càmmooñ doxantu ci kow yaram wi, naj ndànk catu weenam mbaa mu wàcc ba ci diggante lupp yi, jaaru fa as lëf.

Maak Faat Juuf rekk a nekk ci kër gi. Dëkk bi ci boppam mu ngi ne selaw.

Nuy diisoo, ku nekk di dénk sa moroom lu mu masul a wax kenn.

Góor ak jigéen su ñu bëggante dëgg, li ëpp ci seen waxtaan ci ñeeneen ñi lañu koy jëmale, moo xam seeni mbokk lañu mbaa seeni xame kese.

Dañuy faral di leen jëw, daal.

Badu, sooy ngoroyook jigéen te dungeen juum ba jëw kenn, booba xéy-na seen àndandoo narul a yàgg.

Su dee fu ngeen tollu yéen a ngi naan su ñu amee doom nii lay tudd mbaa béréb sàngam lanu war a wut kër, ñàkkul seen ngoroo ngi waaj a tas.

Guddi googu laa mas a wax Faat Juuf ne sama cosaan, man, Mbériŋ-Saaj la, ca Siin :

- Ci sëti Maam Ngóor Fay yi laa bokk.

Faat Juuf daldi muuñ, ne ma :

- Waaw, te noonu nga ci tollu ? Maam Ngóor Fay nag, ku ko jur ?

Gis nga ni mbir mi doye waar, Badu ! La ma umple woon ba tax maa tegu ci yoonu Mbériŋ-Saaj la ma Faat Juuf laaj.

Ma ni ko :

- Sol naa samay dàll, dem ba Mbériŋ-Saaj ngir rekk bëgg a xam kan moo doon Maam Ngóor !

- Loo fa jële nag ?

- Dara. Wax dëgg Yàlla jëlewuma fa dara. Waaye yow sax, Faatu, soo may tane it, du lool.

- Nun kay Ngiraan, noo ngoog rekk !

- Nun ñan, Faatu ?

- Xanaa nun Doomi-Aadama ! Nit ku nekk, booy nemmeeku cosaanam, ci yoon lim bi waroon naa mat ay junniy-junni at. Waaye ñi xam mbaa ñiy fàttaliku seen turu maam, ñu néew lañu. Maandu daal moo nu war, Ngiraan.

Ma siggi, xool Faat Juuf, gis ni kanam gi soppikoo ndax tiis wu ma xamul lu ko waral.

Ma ni ko :

- Lu xew, Faatu ? Danga mel ni ku xolam jékki-jékki diis gann.

Faat Juuf ni ma moom masul teg bët ay way-juram :

- Man dañu maa for ci mbedd mi, Ngiraan. Bi ma juddoo, sama yaay dafa ma bëggoon a rey, ñu bett ko, mu sànni ma, daw.

- Ãa ?

- Bu yàggul laa xam loolu. Ku baax ki ma for, yar ma, masu ma cee nangoo wax dara.

- Ndax yoon mujje naa teg loxo ci sa yaay ?

Faat Juuf tontuwu ma. Sunuy bët daje, ma daldi yëg ci saa si ne wax naa lu ëpp.

Faat Juuf gis ni ma amee kersa ci mbir mi, daldi ma xëcc, ma fekki ko fi mu toog ci suuf.

Ñu tëdd nelaw, ma gént gént gu jaxasoo sax. Waaye ndax lii sax gént dégg la ?

Maa ngi wetu kër Faatu Juuf, taxaw ci booru tali bi. Kolobaan a ngi lëndëm këruus wante teewul oto yu baree ngi may romb, seeni faar di tàkk, ñuy def :

- Fiiw ! Fiiw ! Fiiw !

Oto bu romb, sa moroom topp ci, ñu mel ni oto rawante yi ñuy wone lee-lee tele.Moo man, fan laa nekkati ? Tali bii ndax tali neen la ? Pax mu xóot a xóot la, di nirook teen bu ñu jaaxaanal te daanaka amul yemu. Li faaru oto yiy melax yépp, taxul béréb bi leer.

Rax-ci-dolli, benn sófóor nanguwul a taxaw jël ma. Mu mel ni oto yi man lañuy daw ! Ñoom daal ñu ngi naan :

- Fiiw ! Fiiw ! Fiiw !

Ma tiit, di saraxu sófóori oto yi may romb

- Buleen ma fi ba, ngir Yàlla !

Waaye kenn ci ñoom nanguwu cee taxaw.

Gisuma kenn kuy dox, sófóor si may romb it mënu ma cee teg kenn bët.

Aa ! Oto yuy dawal seen bopp nag !

Jàppal ne li ma lay nettali mu ngi amoon ci 1954.

Bu ci kanamee, dinga xam lu tax loolu am solo.

Njël jot. Ma yeewoo Kolobaan, sangu, ndékki, dem liggéeyi Air Liquide.

Àddinay dox. Ñaata guddi, ñaata njolloor, ñaata njël ñoo fi jaar boobaak tey, seey, yóbbaale yaakaari Doomi-Aadama yi ?

Yàlla rekk a xam, Badu.

Bul ma laaj it fan laay dégg Faat Juuf.

Tàggoo nanu bu yàgg te xawma sax fan la nekk ci Senegaal ñàkkul sax mu génn àddina te yëguma ci dara.

Guddi Kolobaan gaak tey jii ma tiim sama Téere bu ñuul bii, di ci bind lii, mat na juróom-fukki at. Lu waral tey jii sama xel yépp nekk ci Faat Juuf ? Lu tax biig ba tey fu ma geestu ci néeg bi gis takkandeeru Faat Juuf, déggaat baatam ?

Lépp li ma def Kolobaan juróom-fukki at ci ginnaaw, ganesi na ma biig.

Lépp laa wax de, Badu. Te lépp soo ko déggee mooy ñaar yii : séyaat naak Faatu Juuf, am ci mbégte mu jéggi dayo, ba noppi tëddaat ci wetam nelaw, daldi géntaat la ma géntoon ca atum 1954...

Jëli nga maam, Badu ?

Li ma dal biig, mënuma koo tudde gént.

Dama toog di bind ba yàgg sama bopp biy metti mel ni dafay waaj a xar. Ci laa tëje Téereb Dóom, aj la ma la doon nettali ci Yaasin Njaay, dem tëri.

Bi may nelaw nag, guddi Kolobaan gépp ñëwaat na ci sama xel. Amul dara lu ci des ginnaaw. Ni ma ko dunde woon ba may am fanweeri at ak ñaar la dellusee.

Yëf yi yemu fa de, Badu Taal : ci sama biir gént, géntaat naa taxaw ci booru tali bi, ca Kolobaan, mu lëndëm këruus, oto yu bare di ma romb, seeni faar di tàkk, ñuy def :

- Fiiw ! Fiiw ! Fiiw !

Ma tiit, di saraxu sófóori oto yi may romb, naan leen :

- Buleen ma fi ba, ngir Yàlla !

Waaye kenn nanguwu cee taxaw.

Muy ñaari yëf, Badu :

Li fi mas a xew ak li fi masul a xew. Lii ma dund ko dëggantaan, li ci des di lu ma janeer doŋŋ.

Fu ñaar ñooñu jaxasoo, Badu, Fen ak Dëgg maasaloo nañu. Kon, dee soreetul.

Jamono ji walbatiku, guddi soppiku doon bëccëg.

Ma ni : dee gu taxaw jonn.

Boroom xam-xam yi dinañuy faral di janeer, séen Ëllëg ak li ci biir ñu nekk ci yoon wiy daagu.

Agseeguñu de, waaye ñu ngi janook ñoom.

Ñu teg ci diir bu gàtt, muy lu ne fàŋŋ-fàŋŋaaral, maak yow nu sog cee mën a teg sunuy bët.

Dëgg la. Wànte ku ma newoon dinaa dund man mii ba bés ñëw may gént ne maa ngi gént, ku ma waxoon loolu, Badu, ma ni la fen nga.

Sant naa Yàlla bi yëf yi yemee foofu. Mënoon naa fa jóge xeetu ndof gu doy waar dugg ma, lépp lu ma masoon a dund ci àddina ma dundaat ko, di xuus ci biir jamono ji, di dellu ginnaaw ba dellu Mbériŋ-Saaj, ca Siin, guddi taalata ga sama ndey sukkee jur ma. Li ma xalaat noonu xaw maa miirloo !

Dem ba nekk mag, dara deseetu la lu dul wuyuji sa boroom, mu ni la :

- Ngiraan Fay, may naa la ñaareelug dund. Doore ko bésu tey, at mu jot dinga gën a nekk xale.

Am nga 80 at. Feek 79 at, dinga dellu nekk liir. Walbati jamono ji du dara ci man, defal naa la loolu !

Fépp foo mas a jaar, dinga fa jaaraat. Su ko defee, lu dëngoon ci sa jëfin nga jubbanti ko, koo mas a tooñ nga balu ko àq mu baal la ci xol bu sedd. Soo demee nag ba wërngal gi téju, say mbokk ni :

- Sunu Ngiraan Fay mu baax mi de, juróom-ñaari fan rekk moo ko dese ci dunyaa, ndax bés sàngam la ganesi woon àddina, te talaata jii di ñëw la bés boobuy dellusi. Ci lañu ko ngénte woon, kon ci la fiy war a jóge, wuyuji sunu boroom. Nanu ko waajal, boog.

Ayca, Badu Taal, bul nasax. Lemmil li ma lem foofu, jëlil wax ji.

Kersaa waral ma fab Dëgg lëmës ko ci biiri léeb ak i cax.

Xawma kan laa rusul ci àddina, waaye yow Badu Taal am naa lool sa kersa.

Gone nga waaye ku la seetlu bu baax, fàww mu weg la ba sax xaw laa ragal.Yaa xam loo bëgg, doom : Yal na la ko Yàlla defal.

TÉERE BU ÑUUL BI

- Dégluleen ! Jàmm la ! Dégluleen ! Jàmm la !

Yéenekat bi wër na Ñarelaa ay yoon i yoon, sog a taxaw ci pénc mi. Lee-lee mu tëgg sabaram, daldi dar nopp yi, yuuxu :

- Dégluleen ! Jàmm la ! Dégluleen ! Jàmm la !

Mu ne tekk ba yàgg sabarooti ñetti yoon, daldi daraat nopp yi :

- Buur nee na : góor ak jigéen, mag ak ndaw, bu ëllëgee ci yoor-yoor, na ñépp daje ci pénc mi !

Badu, kàddu yi ma doon xaar ñu jib, jib nañu. Aali Këbóoy delluseeti na.

Maa ngi yëg luy rocceekoo ndànk-ndànk ci sama yaram.

*

* *

Ca ëllëg sa, waa dëkk bi def la leen Buur sant. Waaye kat, mbir mi jaaxal nañu bare.

Ngay dégg ñu naan :

- Fan la yéenekat bii génneek sabaram ?

- Buur ban a woote, sax ?

- Démb ak bërki-démb de, ay buur a fi newoon, daan dogal. Seen bëgg-bëgg rekk lañu xamoon. Muy dëgg gu wér péηη, ndax ku ci mel ni Daaw Demba demoon na ba ni :

- Fii ci Kajoor, ku fiy takk janq, balaa ngay joteek moom, indil ma ko ma jaar ci ba noppi, ndax buur moo yeyoo loolu.

Waaye Daaw Demba ak buur yi ko fi jot a wuutu, kenn waxatul seeni wax.

Tey, jamono Daawur Jaañ lanu nekk. Su Daawur Jaañ bëggee waxtaan ak waa réew mi, day woo taskati xibaar yi, wax li muy wax, ñooñu jàllale ko ci tele yeek rajo yi.Kon boog, ku woote ?

Waaw. Su Daawur Jaañ wooteewul kan moo war a woote ?

Ñarelaa ngi dajaloo ci pénc mi. Foo sànni mbàttu mu tag.

Ku ci nekk a ngi naan ci sa xel :

« Waaw, kañ la démb dellusi, làqu ci biiru Tey, nar fee judduwaat ? Kañ lanu fi fal Buur ba muy woote ? Naka la Daawur Jaañ mënee nekk njiitu réew mi ba noppi keneen naan mooy sunu Buur ? Du lii lañuy waxati ci politiseŋ yu naaféq yi ! »

Yéenekat bi rëkkaat sabaram, xulli bët yi, yuuxu :

- Buur a ngoog ! Buur daalee ! Buur daalee ! Nu dégg ay woy yu neex lool sax, te kenn ci nun xamul fan lañuy jibe.

Woykat yi yaatal géew bi, nu sog a gis Buur. Mu nga àgg ca kow, sol ay yëre yu yànj yu ñu daaminaa ak wurus.

Dag yi xàllal ko yoon, mu taxaw ci diggu pénc mi, xool nu lu yàgg door a yëkkati ndànk ñaari loxoom.

Nun ñépp nu ne tekk di ko déglu.

Xam nga lu Buur defam, Badu ?

Dafa jonkan, tibb ci suuf si ak loxo ndeyjooram, ŋëb ko lu mat juróomi simili, di ñaan.

Ba mu ñaanee ba noppi, mu siggi, xool mbooloo mi, waaxu ba ci benn ndaw su màggat, mu xëcc ko ba ci diggu géew bi, ni ko :

- Lii ma ŋëb, wurus la. May naa la ko ci xol bu sedd. Bés ni ki tey, sa soxlay àddina yépp faju nañu ba fàww. Képp ku sës ci yow, dootul xiif, dootul mar.

Noonu la nu Aali Këbóoy feeñuwaate, bésub altine ci yoor-yoor. Waa dëkk bi yéemu. Am ñu mbir mi yëngal seen xol ba ñuy jooy. Nga dégg ñu naan :

- Yàllaay kariim.

Li ma lay nettali nii, fekkewuma ko. Fekk na sibbiru si daaneel ma, ma fatu ci sama néeg. Waaye lépp lu waa Ñarelaa wax keroog mbaa ñu def ko, maa ngi koy dégg, di ci teg samay bët.

Nekk ci pénc mi te sa jëmm newu fa.

Bi mu ma wóoree ne Aali Këbóoy dellusi na, ne déjj ci diggu géew bi ak fulla ju mat sëkk, laa tudd turu Yàlla.

Tàggu naa la, Badu. Fa may fanaani tey, duma fa fekk kenn, kenn du ma fa fekk.

Dénk naa la ku baax ci yow. Dina la aar, dina la fajal sa mer.

Dénk naa la Aali Këbóoy.

Li des ci nettali bi, mooy boroom. Dina la ci may ba nga doyal sëkk ak barke.

ÑAAREELU XAAJ

AALI KËBÓOY

Dof mat naa bàyyi cim réew

Badu Taal, yaa ngi may déglu, mbaa ? Sa maam Ngiraan Fay noon na la :
- Bala waa Ñarelaa di teqalikook Aali Këbóoy, dinañu wax lu set.

Dëgg la. Ngiraan masul a wax waxu caaxaan. Démb, soppiku naa mellentaan, dugg ci kawasu benn waa ju doon dem. Ma dégg ko mu naan ki mu àndal :

- Sama Ndumbe mi de, moo may bëgg a jommal.

- Lu mu defati ?

- Jigéen ñi daal ñoo woyof bopp rekk ! Xanaa naan ma Aali Këbóoy dina dellusi Ñarelaa fii ak i fan.

Xarit bi ree, ni ko :

- Foo newoon yow it, Tiijaan ? Loolooy coow ci gox bi. Bu ma yaboo sax ne waa réew mi yépp a ngi xaar Aali Këbóoy. Ñépp xam nañu ne dina dellusi.

- Ãa ?

- Waa-waaw ! Bés daal, dégg naa, dinanu dégg kuy yuuxu, naan :

Dégluleen ! Jàmm la !
Dégluleen ! Jàmm la !
Nee nañu loolu moo nar a firndeel ne Aali Këbóoy a ngeeti ci sunu biir.

- Eskéy !

- Te kat, dinaa la xamal lenn, Tiijaan : Aali Këbóoy mi réew miy xaar, dina ñëw, nekk Ñarelaa lu yàgg a yàgg te kenn du ko xàmmee.

- Nga ni ma ?

- Boroom xam-xam yee ko wax, de.

- Céy nun ak Aali Këbóoy ! Giñ naa ne fi mu ñu jëme, jàmm amu fa !Badu, bi ma la nettalee waxtaan woowu ma for ci mbeddi Ñarelaa yi ba noppi, dinaa dëggal li ngóor soosu wax : fi ma jëme Ñarelaa, jàmm amu fa. Xanaa rekk ma yokk ci as tuut : képp ku ma mas a tooñ ci Ñarelaa gii, dinaa ko defanteek yow ba géej gi fer. Te xam nga ni moos ndem-si-Yàlla ji Ngiraan Fay, góor gu laabiir ga, am yërmande, taxu maa wax. Man, Aali Këbóoy, sama baat ca kow ! Nuyu naa leen, yéen waa Ñarelaa !

Sunu àndandoo nar naa yàgg te nar naa metti !

Waaye balaa nuy tegu ci yoon wi, dinaa leen fàttali kàdduy taalifkat bu mag ba.Sëriñ Musaa Ka nee na : Am barke àggul ci di def lu ñu dul wax

Defkat bu dee def waxkat it ma ngay wax

*

* *

Man, Aali Këbóoy, sama baat ca kow !

Waxambaane yi fi jaar sànq ci bëccëg de, xaw nañu maa jaaxal. Ñu nga léttu, takk ay càq yuy keleɲ-keleɲi. Céy, su ngeen leen gisoon, yéen waa Ñarelaa ! Seen doxin, seen waxin ak na ñuy sànnee seen yaram ci jaww ji ! Ñuul nag ba dër. Loolu lépp tekki lii doɲɲ :

- Xool-leen ma, man doomu Afrig laa, sama ñuulaay bii dara dàqu ko ! Aa ! Naw sa xeet de, gisuma lu ci aay, ci am faayda la bokk. Séex Anta Jóob loolu la nu jàngal.

Waaye nag, man Aali Këbóoy, am na lu ma xaw a yéem ci mbir mi. Ngeen ne ma :
- Loolu lu mooti, Aali ?

Ma ne leen :

- Nit Njaay bu demee bay toppandoo boppam, xanaa war naa fekk xamatul moom mooy kan, xanaa fekk na njàqareem jéggi dayo ! Soo demee ba tànk boo yëkkati, ne man diw maay Man, te soo ko defulee ñu jaawale laak keneen, booba fekk na nga déju ci andu jaambur, noor fa, nar faa nawet. Waa réew mi kat war nañoo xoolaat mbir moomu. Seen ndaje yu bare yi may dégg ci rajo bi de, war ngeen cee sóoraale loolu. Laaj leen gone yi :

- Waaw, doom, lu leen xiir ci toppandoo seen bopp ?

Man, Aali Këbóoy, sama baat ca kow !

Patiriis Lumumbaa.

Waaw, Patiriis Lumumbaa, laa wax !

Réewum Kóngo ne ko :

- Patiriis yaa nu doy, keneen ku dul yow du nu jiite, jal baa ngoog, nee ci faax su la neexee.

Ñu neeti :

- Jàmbaar da koy niru. Ba nga jàkkaarlook buuru Belsig, ñaawoo ci. Yërëmoo wax ji, danga jaar ci digg bi.

Waa Belsig mer :

- Ku mus a gis lii ? Ñii nga xam ne démb rekk sunuy jaam lañu woon, nu leen di sëf ci naaj wu tàng wi ni ay mbaam, di leen kàcciri, ñu naan wii mise, mersi mise, képp ku ci jéngu bëgg noo jommal, nu daggat la, sànni xaj yi, ñu yàpp la. Kañ la sowaas yii daan am fitu ñàkke teggin sunu Buur ? Buuru Belsig ! Kii kay dafa reppoon dëgg bi muy def loolu ! Lumumbaa mii, fàww nu def ko lu kenn dootul fàtte.

Noonu la ko waa Belsig defe it. Fan yii, rajo boo ubbi, nit ñu baax ñaa ngi metitlu bóom gu ñaaw gi ñu bóom Lumumbaa ca Kóngo. Yéen waa Ñarelaa, man Aali Këbóoy maay wax ak yéen !

Yéen a ñàkk faayda, yéen waa Ñarelaa ! Yeewuleen ! Waxleen ci li xew Kóngo. Bokkleen ci werante beek xeex bi. Nit ngeen, dungeen ay xar.

Lan mooy coow li ? Ñii ngi naan Bels yi dañoo bëgg teg ci boppu réewum Kóngo seen xuus-maa-ñàpp, ngóor su yaafus sax, ñu koy digal muy dogal. Kooku, benn soldaar bu jege woon Lumumbaa la, ñu koy wax Sosef Desiire Móbutu.

Amerikeɲ yi tamit, ñu baree ngi leen di tam dëmm ci mbir mi. Ñoom sax lañu ne ñoo ngemb ci suuf ngóor soosu ñu naan Sosef Desiire Móbutu. Lumumbaa de, su muccoon ci lii dina jaaxal ñu bare : Bels yi ne dafa xamadi, Amerikeɲ yi ne kóminist bu bon la.

Amerikeɲ yeek Bels yi mànkoo, ne su loolu yépp weesoo sax, alal ji nekk ci biir suufu Kóngo, ñoom ñoo ko gën a soxla waa Kóngo !

Waa Ñarelaa jógleen taxaw !

Ne yàcc di xullee du seen ndam.

Du xam ngeen nu ñuy rendee xarum tabaski ? Waxambaane yee koy ñàdd, boroom kër gi sog a teg paakaam ci baat bi, dem, dikk, dellu. Sosef Desiire Móbutook Móyiis Combe, xuus-maa-ñàpp ga ca Katangaa, ñooy surga yi ñàdd Lumumbaa, ay kilifay làrme Belsig daas seen paaka, daldi def seen mënin. Léegi nag, Móbutoo ngi jonkan di xaar wàllam. Mu ngi xaar doxandéem yooyu jébbal ko nguuru Kóngo. Su ko defee, mu ne noŋŋ ci jal bi, ne leen :

- Jaaraama, yéen waa Belsig ak waa Amerig ! Yéen a ma fi teg, maak yéen dinanu bokk mbuus, lu ngeen joxoñ ma dagg, ngeen fab, yóbbu defare ko seeni réew !

Tey jii, fukki fan ak benn ci weeru saŋwiye, ci atum 1961, nit ñu baax ñi ci àddina si yépp mer nañu. Àddina si yépp laa wax, de !

Wasiŋton.
Kaasabalankaa.

Konaakiri.
Akaraa.
Feerfaks
Alse.
Liyees ak Briksel...

Dëkk yooyu ma lim yépp, ay gor fippu nañu fa, taxaw nañu ngir wone ne li xew Kóngo ànduñu ci tey, ànduñu ci ëllëg. Nun waa Ndakaaru Njaay it, kenn demul nu des ! Jóg nanu, taxaw ci tànki bañ. Yéen waa Ñarelaa kañ, yéen a yaafus te ñàkk dogu ! Daara ju mag ja laa jóge nii sax. Ba nu dajaloo biir Iniwérsite ba noppi, danoo daldi jubal bunt bi féeteek tali bi jëm Wakaam. Ñii ngi làmboo raaya bu Kóngo, ñi ci des a ngi téye ay nataali Patiriis Lumumbaa.

Ma ni : bés bi ñu bóome Lumumbaa la Afrig tàmbalee suux, di delluwaat ginnaaw. Li xew keroog jooju, su ma sañoon, nun ñépp nu bàyyi ci xel bu baax. Njiitul réewum Afrig ne jàkk kilifag réewum tubaab bu day noonu, ñépp toog di la déglu, nga am fitu wax ko dëgg...

Am nañu ko jéemoon ca jamonoy Maam ya, waaye fekewuñu ko. Lumumbaa waroon na xam moos ne mënul woon a mucc.Am na ci yéen ñuy déeyante. Waa-waaw, maa ngi leen di dégg kay, ngeen naan ci suuf :
Aa, ndekete sunu ngóor si day dof-doflu rekk, waaye dara jotu ko. Su Aali Këbóoy dofoon kay, du mel ni ku naan Lumumbaa tooñ Bels yi.

Yéen a ngi naan :

- Su Lumumbaa duggul woon ci lu yoonam nekkul, Bels yi duñu ko rendi, daggat yaram wi, seeyal ay yaxam ci mbalka mu fees dell ak asib. Céy, waa Ñarelaa ! Maa leen xaare ! Jëw Patiriis Lumumbaa daal moo leen dese ?

Lu ngeen may layati, sama gaa ñi ? Tàmm ngeen wax seeni njaaxum ba noppi ne Wolof Njaay a ko wax ! Maa ngi leen di dégg, ngeen naan :

- Ñàkk bopp gaaw a dee. Lumumbaa kat, da doon jaay lu amul !

- Lu jiin Njaag a te mooy Njaag !

- Moo ko sómbi, na ko naan.

- Lu tollu ni Buur, rawatina buurub tubaab, nga di ko ŋàññ noonu bëccëgu-ndara-kàmm !

- Ma ni : nen du bëreek doj !

- Tubaab yi soxaruñu gaa, dañoo bañ ku leen yab rekk !

- Mooy li ñuy wax rekk : ñi mën a kott amuñu mbaam ! Man de, su ma amoon wërsëg wu day ni jàkkaarlook Buur, di wax mu may déglu, dinaa fexe ba samay soxla faju sama giirug dund.

Cim ! Gat seen ! Xaj yu bon yi ! Ba noonu daal ngeen tollu ci mbirum Patiriis Lumumbaa ? Nga ne lan, yow, boroom simis bu sokolaa bi ak sa sikkimu séytaane bi ?

Nga ni soo janoo woon ak Bóduweŋ, Buuru Bels yi, dinga ko ñaan xaalis boo takkee ñetteel ?

Waaw, amaana sa soxla soosu faju de, waaye say sët ak say sëtaat duñu ko fekke. Wutewuleen ak ay nit yu ñu déj ci buntu kàmb gu xóot a xóot te fees dell ak i xal, yeew leen fa. Sañuleen sax yëngu ba seen xel di dem ci jéngu. Defe ngeen ne su ngeen di jéem a yëngu di tàbbi ci kàmb gi, safara si lakk leen, seeni yax def dóom.

Te ngeen tuddee seen bopp ay nit ?

Bàyyileen seen xel ci seeni sët ! Waay waay amleen boog tuuti yërmaande ci gone yi juddoogul. Ëllëg a ngi rung ci seen biir deret, mu ngi daw sax bay xiixat. Bépp toqu deret buy daw ci seen yaram, dina ami bés ay bët ak i nopp, dina ami gémmiñ, ñu ngénte ko, jox ko tur, mu màgg, nekk nitum lëmm. Fu nekk nag mu geestu fa, di seet yoon wi ngeen ko xàllal, mu mën caa jaar te du fakkastalu mbaa muy wékk yaakaaram ciy doxandéem ngir bañ a daanu.

Ñi fi jaar démb, su ñu sàgganul woon, nun ñii doon nanu fi gën demin.

Waaye ay doxandéem taxaaw ci waax bi, wàccee seeni gaal ak ay butéeli sàngara ak ay seetoo ki caq, nga daldi tàggook sa sago ci saa si, jaay sa jabar ak say doom, pasar-pasaree suufu Maam sii...Moo, tee ngeen a seetaat seen xel ! Ñaaw ci, lekk yu neex, te du mujje fenn fu dul seen wanag. Waa-waaw ! Maa ko wax ! Li coow liy bare yépp, foofa ngeen di jonkan, rotal fa yu neex yi tax ngeen di tayle réew mi !

Buleen ragal nit ku Yàlla bind ni yéen.

Waaye sax, wax ji du loolu, Badu.Lan la boog ? Lii la : tubaabi Belsig yooyu mënoon nañoo xët ci lëndëm, maanam làqu rey Lumumbaa, yem ca. Noonu lañu ko tàmmee def : dañu lay sàkkal pexe ba noppi taxaw fale, mel ni du ñoom, ku leen bëgg a tuumal ñu giñ ne ñoom yëguñu tinuñu. Bii yoon dañu ni fàww ñu def ko na mu gën a ñaawe, àddina si yépp di ci teg seen bët, mu leer ñépp ne nit ku ñuul du jam mukk Buurub tubaab naani.

Badu, xool nga bu baax nataal yi ci yéenekaay yi ? Gis nga ni ñu yeewe Lumumbaa mu toog ci benn oto, sol simis bu weex bu xottiku, ndeysaan, ay soldaari Móbutu tiim ko, di ko mbej, téye ci karaw giy xëcc, di ko wéq, di ko tëfli !

Been soldaaru Belsig

a jiite waa kër Móbutu yi. Ba mu bóomee Lumumbaa ba noppi, laata muy seeyal ay yaxam ci mbalkam asib, def na lu doy waar.

Xam nga lu mu def, de ?

Dafa buddi ñaari bëñi Lumumbaa, lëmës leen ci sagaram denc, ne bés dina ñëw mu jaay leen taskati xibaar yi mbaa ñeneen, am ci xaalis bu takku. Yëf yi de, jaay dooleek maa-tey la. Badu, mus ngaa gis njiitu réew mu ñuy toroxale noonu bëccëgu-ndara-kàmm ?

Masul a am fenn. Bés ba ñu reyee Patiriis Lumumbaa la Afrig tàmbalee suux ci géejug naqar ak njàqare.

*

* *

Biig de, dégguleen sama baat bu naqadi bi, yéen waa Ñarelaa.

Man, Aali Këbóoy, tanqaluma leen ci guddi àjjuma gi.Tey ma wax leen lu tax yàquma seen nelaw biig.Lii doŋŋ la.

Daawur Jaañ mi ngeen xam, njiitu réew mi, moo ma fekk may jàppanteek nelaw, mu ne ma pëkk-pëkk, ma xippi, dégg ku naan :

- Aali... Ndànk la doon waxe nag, mel ni ku ragal ñu dégg ko, mbaa ñu xàmmee baatam. Noonu, ma daldi geestu, ne ko :

- Kooku ?

- Aa ! Ba xàmmeewoo sama baat, Aali ?

- Yow a kan ?

- Man a Daawur.

- Daawur man ?

- Man a sa xarit Daawur Jaañ.

- Saa waay, wéyal. Man, awma mbokk, awma xarit.

Foofu mu ne tekk ab diir. Ma yëg ci sama yaram ni mu ma ne jàkk ci lëndëm gi. Sama xel yedd ma, ma daldi ne bëret, génn fekki Daawur Jaañ ci buntu mbaar mi.Soo ma gisee, maa ngi tiit bay pat-pati.Laajleen ma lan moo yóbbu woon sama fit noonu, ma wax leen ko.

Badu, moytul ma Buur ! Li tax nit di jiiteem réew, du xam-xam, du doole, du alal, du leneen. Mayu Yàlla doŋŋ la. Wànte dunyaa jii de, ñi ma gis ñu fiy jiite ay réew, mën naa ni ñoo yées ci ñi Yàlla sàkk. Moytul ma Buur ! Su dale sa kow nga gaañu, soo dalee ci kowam gaañu. Ana ku Buur naan jàkk te du am lu jóge ci yow ?

Dinga ne :

- Waaw, Aali, Lumumbaa nag ? Moom de, noon nga fi ñaawu ca ba mu janook Buuru Belsig ba, Bóduweŋ lañu koy wax, xawma.

Dëgg la, Badu. Weer yale ñu génn, nettali woon naa la njàmbaar ga Patiriis Lumumbaa wone bés ba Kóngo di jot boppam, te Buuru Belsig nekk fa di wax ay waxi kasaw-kasaw. Dafa fekk rekk ne Lumumbaa du woon nitu neen, Badu. Kooku xamul woon sax fu tiitukaay di nekk ci Doomu-Aadama.Mën na am it, Badu Taal, nga ne ma :

- Waaw, Aali, léeb ya ma Maam Ngiraan daan léebal nag, ba ma newee gone ? Jot naa jàng ci léeb yooyu ne ak lu Buur am doole am doole, bés benn waay dina jóge réew mu soree-sore, ñëw fekk ko fi mu jaaxaan ci pénc mi, di jaay puukare mu dëkk ko ci kanamu askan wépp, ñu songoo mu toroxal ko. Loolu de, Aali, dégg naa ko du benn du ñaar ca léebi Maam Ngiraan Fay yu neex ya. Loo ci wax, nag ?

Sama tontu du gudd : léeb, léeb la tudd. Nee ma lu tax, Badu ? Su léeb tàbbee géej, dëgg des fi, li am, Badu, moo di ne njiitum réew duy yemb, ñaare.

Gis nga nag, maak sama mbokki dof yiy wëndéelu ci mbeddi Ndakaaru yi, li nuy kannasu yépp, xam nanu ne Muse la Paresidaa moo nu gën a naan kaani fopp. Ma ne : gaa ñiy feeñ tele ak seeni karwaat, ñu naan leen Muse la paresidaa diw, seen yaram duy faral di neex de ! Nit ku wér dëgg, du fekk ay junniy-junni Doomi-Aadama, nga ne leen :

Man diw, maa leen moom. Ku ko nangu ci yéen dinaa ko fajal ay soxlaam, ku àndul ci loolu nag su yaboo xam ne bakkanam a ngi ci xottu-gerte !

Nun dof yi, noo xam lu tax nuy muslu ci ñooñu. Sama digganteek Ñarelaa, firnde la ci. Ñarelaa rëbb na ma ñeenti yoon, sooy ñeenti yoon. Waaye su Daawur Jaañ doon dugal loxom ci mbir mi, may tàkk. Duma jaar kon fenn ba mucc.

Looloo waral ba ma gisee Daawur Jaañ muy ñàngal kanamam, dama daldi jéggalu ci saa si, ni ko :

- May ma, Daawur, maa ngi ñëw.

- Gaawal laa wax, dama yàkkamti !

Céy dof moo sonn ! Boroom dëkk bi de, man maay nooy-neexam. Saa yu ma demee bay jàppanteek nelaw, mu ñëw yee ma, ni ma :

- Aali sama bopp bi ubu na lool fi mu nekk. Laaj naa réew mi, askan wi jox na ma ko, waaye ca dëgg-dëgg xalaatuma woon ne nii la yëf yiy jafee. Léegi daal, yow rekk laa yaakaar ne mën nga ma cee dimbali, xelal ma. Loo ma digal, dinaa ko def, Aali.Du benn du ñaar, ne naa ko :

- Dëgg la Daawur, ay at a ngii ngay tëñax-tëñaxi. Wóor na ñépp ni xamatoo foo jëm. Tee nga janook ñi la fal, wax leen ne mënatoo dem ? Defe ko noonu, Daawur, bul ci am kersa ba gaañ sa bopp, sànkaale réew mi !

Waaye du nangoo dégg loolu. Saa yu ma waxee noonu, day mer, di xultu, di ma xas :

- Du lii lañuy waxati ci sa ndof gi ! Xanaa danga bëgg sama gaa ñi sàkkal ma pexe !

Aali, ni mbir mi doye waar, kenn mënu la koo wax ! Gis nga, bëccëg bépp maa ngi ci boppu gaal gi, di joow, ànd ceek fulla ju mat sëkk. Ñépp yaakaar ne xam naa bu baax fi ma jëm. Bés bu ma juumee ba ne ñi topp ci sama ginnaaw xawma yoon wi, réew mi tas.

- Yàlla tere, Daawur ! Man Aali de, réew mi amalu ma benn njariñ waaye ñaanuma Yàlla mu tas. Léegi nag guddi na, Daawur, demal bàyyi maak sama xottu mbaar mii, ma nelaw.

- Nelaw ! Xanaa soo ma waxee li ma lay laaj ba noppi !

- Loo bëgg, Daawur ?

- Yoon wi ! Won ma yoon wi ma war a jaarloo askan wi ! Kàngam yi ma wër taluñu daraak jalgati xaalisu réew meek tabax ay kër yu rafet ! Te dégg naa sax ni yéen dof yi yéen a fi ëpp xam-xam.

Li ëpp ci sama waxtaan ak Daawur Jaañ noonu lay tëdde. Waaye sunu gise biig bi moom, neneen la deme.

Ñàkkul Daawur am fu mu jaar, door maa seetsi. Dafa ràkkaaju woon dëgg, di wax ay waxi dof. Li ma toog ci otoom yépp muy dawal, mu ngi ma naan :

- Aali, yaa ngi gis tali bii nuy jaar, kër yi nuy romb yépp, garab yi ci mbedd meek kayit yi ngelaw liy ëf, ñuy wëndéelu ci jaww ji ?

- Waaw, Daawur ? Loo ci wax, nag ?

- Aali, xoolal : yooyu ma la limal yépp maay boroom ! Réew mii maa ko moom ! Li mu wax jaaxal ma lool. Ma sàcc xool ko, gis ni bët yiy melaxe. Ma ne ko :

- Àa, Daawur ?

- Sàllaaw, Aali ! Man, Daawur Jaañ, maay ngànd ! Xam nga ne moos doo ñeexu-ñebbe, Daawur Jaañ, doomu Ajaratu Nafi Saar ak Abdulaay Masaar Jaañ !

Su ma ragalul woon fen de, dinaa ne li ko doore fukki waxtook benn ci guddi ba juróom-benni waxtu ci suba, Daawur Jaañ wërloo na ma Ndakaaru ñetti yoon.

Ba nu àggee Gël-Tàppe, joxoñ na ma benn kër, ne fa la daan jànge Alxuraan ba mu newee gone ; jaar nanu yoonu sinemaa Elaas, dem ba jub géej, jàdd sunu càmmoon, jubal taax ya.

Ma ni ko :

- Foo ma jëme, Daawur ?

- Xanaa kër ga.

- Kër gan ?

- Bàyyil dof-doflu. Nanu dem gàlle waay, Aali, dóor fa sunu ndékki lu fatt.

- Man dey, Daawur, xiifuma. Daawur Jaañ faalewu ma, melul sax ni ku ma dégg. Yëf yi dalul sama xel dara. Guléet ma dégg ko mu wax waxu ndékki. Ndax kat, nit loo xamul xamoo ko. Li muy dawal yépp, sama xel a ngi werante :

« Mbaa du ngóor sii dafa am lu mu ma naral, di ? »Nun dof yi kat, bu ci kenn waxulee, léegi sëriñu taryaax yi jéexalnu. Ñoxor Njaay ñu ne boroom barke bu leen seetsi :

- Jàppal kenn ci dof yiy taxawaalu ci mbeddi Ndakaaru yi. Soo ko rendee, toggal deretam, naan ci, sëlmu ci. Fi may xalaatee loolu, Daawur daldi ma geestu, ne ma :

- Agsi nanu, waaye yow sax danga mel ni kuy maas, Aali.

- Wax dëgg, Daawur, su doon sama sago de, nga bàyyi ma ma dellu Ñarelaa.

- Du danga ma ko ñaan, man miy dogal ci réew mi ?

- Waaw. Ñaan naa la ko, Daawur.

- Ñaan nga ma ko, Aali, waaye maa lànk, mayuma la ko. Maa la moom, moom sa moroom. Fi ma la awloo ngay aw ! Dégg nga bu baax wax ji, Badu ? Njël googu ci kër Daawur de, dootuma ko fàtte. Ndékki la neexoon na lool nag, wax dëgg Yàlla. Waaye kat, coono bi Daawur Jaañ di daj subaak ngoon ci réew mi, su ci amul woon ndékki lu neex ñu laaj ko ko ! Waaye xam nga lan moo dàqoon ci mbir mi, Badu ?

Fi nu toog maak Daawur Jaañ ci taabal jiy guux ndànk sunu kafe, ay soldaar a ngi nuy tóojal, di misig. Ma dem ba yàgg, seetlu ne am na ci ñoom ku ma ne jàkk. Saa yu ma wëlbatikoo, sunuy bët daje. Ma siggi gën koo xool, daldi ko xàmmee, ni ko :

- Baay Ndeene !

Muy pat-pati.

Daawur Jaañ ni ma : Ndekete xamante ngaak kolonel Kamara ?

- Waaw, Baay Ndeene sama waay la, maak moom noo bokk sunu Ñarelaa ! Aka bari ay, tey ! Mooy ofise ne paa pëer ! Bés boo ko tooñee ba mu njatt la, dinga wax lu set, Daawur !

Daawur Jaañ xaqataay, tàpp ma ci mbagg :

- Yaa mën a tooñ, Aali !

Noonu, ma tàmbalee woy :

Ofise ne paa pëer !

Baay Ndeene di ma siiñ, ma ni ko :

- Ayca, Baay ! Mu di ma awu, di tàccuwaale, di pàkkarñi :

- Ofise ne paa pëer ! Bu doxatee sax du xasaw ndax kenn du ñemee reetaan !

Mujje gi soldaar yi ànd ak nun di misig, maak Baay Ndeene nuy fecc di tëb di dal, Daawur Jaañ ak i nitam ñëw fekk nu ci géew bi. Yëf yi mel ni tuq su bënn te saañ ba réer !

Bi nu feccee ba noppi, dama daldi jubal ci Kolonel Baay Ndeene Kamara, tàllal ko loxo. Moom it mu lëng ma, ndeysaan, ne yikkat di jooy ni gone gu tuuti.

*

* *

Dammel dee nu jox ndaje, fii ci àll bi. Pax mu yaatu te xóot la gaslu, nun kàngami Kajoor yi nu wër ko. Mu ne :

- Xam ngeen lu lii tekki.

Nun ñéppp nu sëgg, ne tekk.

Njëlug Kajoor. Picc yaa ngi woy, lee-lee ñu cof xobi garab yi mbaa ñu gësëm seeni bànqaas, làyyi biy toq ci sunu kow, nun kàngami Kajoor yi.

Dammel ni :

- Ku ci samay bët dajeek yosam, su dee gor du fanaan tey.

Ba tey kenn siggiwul, kenn ŋaaŋul.

Dammel daldi neeti : Luy jot, jot na. Am na lu ma nar tey, balaa jant biy so...

Ku nekk ci yéen na ma wax lu mu xalaat ci mbir mi.Foofu, ma yëg ku ma kobos ndànk.Ma geestu, daj ci Kocc Barma.Céy, Kocc Barma Faal ! Musumaa gis ku lakkalee ni moom ! Su ma xamoon ne moo ñëw toog ci sama wet, dandu kon naa bu yàgg. Ku ko moytuwul dina la sànk. Dafa rekk luubu, ngóor sii. Su ñépp awee yoon wii, mu aw fa ca des. Te kenn feesul ay bëtam. Dammelu Kajoor ak man Aali Këbóoy mii nga xam ne ab kàngam doŋŋ laa, noo yem dayo ci moom.

Foo fekk Kocc Barma mu ngi jonkan, teg ñaari loxoom ci óom yi, ŋëb ci loxo ndeyjoor bi juróom-ñeenti xooxi buy. Laaj nanu ko ba tàyyi lu muy doye juróom-ñeenti gif yooyu, waaye nanguwu koo wax kenn.Aka ñor tey, nag ! Golñàdd la, àgg ca kow. Su toogee ci biir nit ñi dafa naan keww, fu nekk mu fay sànniy bëtam. Te nekkewu fi lu dul weddeek tiiñal kilifay réew mi. Fi nu toog, fexe na ba déey may kàddu yoo xam ni su ko Dammel doon dégg di nu reylu maak moom yépp ci saa si. Xam naa ëllëg, fii ak ay xarnu, Kajoor dina fàttaliku jaloorey Kocc Barma Faal, di yéemu ci xelam mu ñaw te rafet. Wax nag la mën ba mu jeex tàkk ! Ku jar a seetlu la, ndax lépp lu mu def am na lu mu ko dugge. Dammel mas na ko woolu, mu agsi ci biir nit ñeek wateef gu doy waar. Ñépp di ko ree, ñu dem ba koy yeew, yóbbu ca àll ba sànni ko fa.

Dammel ni ko :

- Waaw, Kocc, sa ñeenti jubb yii nag ?

-Aa, Dammel, ñeenti jubb yii de, dara laa ci xamul. Waaye su dee danga bëgg xam lan la bu ci nekk tekki, mën naa la koo wax.

- Su ma la ko laajulee nag ?

- Say nit rey ma, ma dee.

- Laaj naa la lu sa jubb yi tekki. Waaye soo waxee lu dul dëgg du baax ci yow.

Keroog Kocc ñaawul ci xare bi, ndax Kajoor yépp la jommal.

Nun nag, gise nanu ci àll bi ba noppi. Sëkk nanu pax mi. Ba nuy dellu dëkk ba, nee naa Kocc :

- Gisuma la nga sëkkandook nun de, bi nu waxtaanee ba noppi.

- Dëgg la, Aali.

- Lu waral loolu, nag ?

- Xanaa neex ma. Ba léegi xamoo ni man maay sama Buuru bopp ?

- Kocc Barma Faal ! Baal li nga nekke.

Jamono yii Dammel jàq na ba fu jàq yem te soo moytuwulee dina ne yaak noonam yee ànd di ko fexeel.

- Gis naa bët yi ma seen Dammel biy xoole, wallaay.

- Aa, gis nga ko de ? Defe woon naa ne man rekk maa ko seetlu !

Tee ngaa génn dëkk bi, Kocc ! Buuri tey yi dañoo fiir, de !

Yéen a ngi dégg wax jeem, yéen waa Ñarelaa ?

Foofu, Kocc Barma Faal dafa ree, ni ma :

- Yaay bëqët, Aali ! Am, téyeel ma fii, waay.

Mu ubbi loxo ndeyjooram, tànn ci benn xooxu buy, ne ma ko jabb. Ma bëgg koo laaj lu loolu tekki, geestu, xawma fu mu jaar. Fekk neeti na mes.

*

* *

Ku xamul fu Àllu-Kaañ nekk it, dégg nga turam.
Badu, ci ubbiteb Téereb Dóom, Ngiraan Fay noon na la su am réew jànkonteek ay jafe-jafe, dina am ay bés yu ñu ciy ràññee bu baax. Jotoon na lim sax Talaatay Ndeer ak Dibéeru Guy-Njulli. Sàmba Lawbe Faal ak baayam Makoddu Faal.Sadani Caam ak Mbarka Ja. Ñii di góor, ñii di jigéen waaye ñoom ñépp ñu ànd diy jàmbaar, xalimag Ngiraan Fay dekkali seeni jaloore.

Mën naa seede ne lépp lu sa maam mas a bind bàyyil la fi, dëgg gu wér peŋŋ la. Ngiraan Fay sama nijaay ju baax ja, Yal na la Yàlla xare àjjana, yal na suuf sedd ci sa kow. Xamoo woon caaxaan, daawoo jëw kenn, daawoo sosal kenn. Loo wax mbaa nga bind ko, sañu ma cee teg baat.Teewul nag, Badu, léeg-léeg sunuy gis-gis xaw a juuyoo, maak sa maam. Dinaa la ci jox tey tegtal bu ndaw.

Gis nga, Badu, jamono dina ñëw, aw askan ni :

- Sunu réew mii de, ba mu sosook tey, bés bi ci ëpp solo, bés sàngam la ndax bés boobu la lépp sotti. Kuy faral di déglu géwél yi mbaa mag ñi dinga xam li may bëgg a wax foofu.Tey jii, koo laaj, mu ne la 26 ci weeru oktoobar, ca atum 1886, maanaam bés bi Lat Joor desee Déqële, ca la Kajoor màbb, tas, Xonq-Nopp yi féex, sog a xam ni buumu njaam gi ñu nu takke dëgër na dëgër gu, caaxaan du ko fecci.

Fàttaliku Déqële, lu nu war la.

Waaw.Waaye man Aali Këbóoy, bu doon sama sago de, waa réew mi dinañu bàyyi xel ci beneen bés. Ci sama gis-gis, bés boobu kenn fullaalul, moo ëpp fopp solo xare Déqële.

Nga ne ma :

- Bés boobu ban la, Aali ?

Waa Ñarelaa ngi kobosante, naan :

- Ayca, du dangay jaay dijj ŋaam rekk, tontul nag ! Dinaa tontu kay. Man Aali Këbóoy, ma ni :

Ñii may limsi, ñoo séq xew-xewi bés boobu : benn, Kumandaŋu serkalu Kees, Kees-Kaay, benn dëkk, ñaari gaar, di Tubaab bu ñu doon woowe Andre Kastorel ; ñaar, raay yi saxaar giy jaar, Tubaab yi defoon ko fi, te Lat-Joor giñoon ne Maalaw du leen teg bët ; ñett, benn seetu bu mag a mag. Muy ñaata ? Andre Kastorel, Kumandaŋu serkalu Kees, benn seetu bu réy ak raay yi saxaar giy aw !

Am na lu leen ñeenteel, waaye loolu moom dama koy leb ba ci kanam. Ñeent yooyu, lan lañu war a jote ?

Badu, waa Ñarelaa a ngi naan :

Aali mii kat, ràŋŋatiku na ! Su nu jógulee ci moom, du baax, de !

Yéen a gaaw a fàtte, yéen waa Ñarelaa ! Moytuleen ma ! Su ngeen xëyee fajar di dem jàkka ja, bu kenn ci yéen dammati koñ, ngir bett ma, fas yéene maa bóom.

Su ngeen ko jéematee dinaa toj Ñarelaa ba mu mokk rumbux, ay xal dinañu wàccee asamaan dal ci seen kow, ngeen lakk ba xëm ñuul kukk, seeni kër def dóom ! Te dóom boobu, ngelaw li dina ko sànni fu soree-sore ! Giñ naa ni kenn ci yéen du mucc ci musiba moomu !

Baal ma àq de, Badu, ñii dama leen a rekk xaare ! Waa Ñarelaa yii, dañuy jeexal sama xol ! Man sax yow doŋŋ laay waxal. Dig naa ko Ngiraan Fay, dinaa ko def. Lépp lu mu la jotul a wax, dinaa la ko jottali.

Bi mbir miy xew, gone laa woon. Su dee amoon naa fukki at it, ca lay yem.

Nu ngi ci Àllu-Kaañ, maak samay moroom, ñii di raasaatu siddéem, ñi ci des di witt ay màngo Biraan Jóob. Nu jékki-jékki kenn ci nun, Mbiita Saar, daldi téen, déglu woyi picc yi ba yàgg mu joxoñ yoonu Kees, ne nu :

- Yéen a ngi dégg li may déggam ?

- Loolu lu mooti, Mbiita ?

- Ndimboy dina am ñaari gan tey. Ñu ngi ci yoon wiy ñëw.

Nu téen nun itam, gis ni pënd bu xonq bi muuree jaww ji, dégg ay tànki fas yuy woy ci kow suuf si, mel ni ndënd mu ñuy rëkk ak doole.

Ma ne :

- Tee noo jaar ci xur wi, jiitu gan yi dëkk ba ?

Kenn tontuwu ma. Ku nekk a ngi déglu Mbiita ba xam lu ciy xalaatam. Foo fekk ay gone yuy ànd, am na ca kuy dogal, nekk maanaam seen kilifa. Nun, Mbiita Saar a doon sunu njiit. Sunu moroom la woon, waaye Yàlla dafa ko teeloon a may xel ak bayre.

Su waxaan dara, kenn ci nun daawu ci sañ a teg baat. Mbiita ne tekk ba mu wóor ko ne nun ñépp a ngi koy déglu, mu ni :

- Aajoowu ko, Aali. Bàyyil sa yëfu téll-ma-rajax yi.

Ni Mbiita Saar waxe xaw maa merloo, ma daldi ñëg :

- Li ngay jaay amul, Mbiita ! Ñii di ñëw, su ñu bettee Ndimboy nag, dal ci kowam, looy wax ?

Mbiita Saar reetaan :

- Xawma kañ ngay muus, Aali. Fas wii may dégg ay tànkam, fasu Kumandaŋu Kees la. Na mu tuddati sax, Tubaab boobu...? Fàtte naa tur wi, waay... Ki mu àndal moom Baay Séy la, mooy làpptoom bi.

Nu yéeg nun ñépp ci kow garab yi. Ne tuuti ñaari gawar yi romb nu. Nu xoolante. Ni ko Mbiita Saar waxe woon, noonu la ame.

Andre Kastorel, Kumandaŋu Kees.

Baay Séy, làppto bi.

Foo gis kenn ki, ki ci des sorewu fa. Ñoom ñaar ñu mel ni Doomu-Aadamaak takkandeeram.

Bi ñu demee ba sore, nu cëppeelu ci suuf. Abu Sow ne Mbiita Saar :

- Yow nit nga walla rab nga ? Maa ngi lay bëgg a ragal kat, Mbiita !

- Yéen a ma xamul rekkk, waaye seen bopp ! Te loolu du woon ay waxi caaxaan, Badu. Nànditeg Mbiita Saar, fu ko nit nattoon, weesu na ko. xéy- na looloo tax Yàlla teel ko fee jële. Bi Mbiita Saar di lab ci déegu Jooral, fukki at ak ñaar doŋŋ la amoon. Ba ñu ko yóbboo ak meel ya ba dellusi ci péñcum Ndimboy, benn boroom xam-xam nee na :

- Gone gii kay, su guddoon fan, dina ma jaaxal. Am nañu nu ko gën a soxla.

Waaye nanu dabi gaaw Kumandaŋu Kees balaa mu nuy rëcc. Bi Andre Kastorel ak Baay Séy di dugg biir Ndimboy, nun gone yi nu ngi topp seen ginnaaw di yuuxu :

- Wiiw Kumandaŋ ! Wiiw Kumandaŋ ! Kuu-man-daŋ !

Keroog, ñaari gan yi tëju nañu lu yàgg a yàgg ak boroom dëkk bi.

Ba ñu gisee ba noppi, kooku woolu Manjaay, ni ko :

- Kumandaŋ Kastorel nee na dafa bëgg a waxtaan ak nun. Yëgalal ma ko waa Ndimboy.Manjaay daldi tambàlee wër mbeddi Ndimboy yeek sabaram :

- Dégluleen, jàmm la ! Dégluleen, jàmm la ! Boroom dëkk bi nee na : Kumandaŋu serkalu Kees, Muse Kastorel, moo fas yéenee waxtaan ak yéen ! Su ngeen añee ba noppi, na ñépp daje ci pénc mi ! Yéen waa Ndimboy, mag ak ndaw, góor ak jigéen, bu kenn des !

Kenn waxul dara sa moroom, waaye leeroon na ñépp ne mbirum saxaar gee taxoon tubaab bi woote ndaje ci pénc mi. Jamono jooju dey, jafe-jafeek coow bu baree amoon na ci saxaar gi doon jóge Ndar, jaar Kees sog a teersi Ndakaaru gii.

Kastorel a ngi toog ci siisam, tegaley loxoom ci dënn bi.

Kilifay Ndimboy yaa ngi ko wër, ku nekk di sàcc di randatu ngir gën koo jege.

Ak li may nekk gone yépp, maa ngi yéemu cili may gis :

Andre Kastorel, daal, mooy sunu Dammel bi kenn yëgul fu ñu ko fale, kilifay Ndimboy yi ko wër di ay dagam, muy tabb di tebbi.

Maa ngi gisaat lépp, Badu.

Ba tey jii, li ma teewe keroog a ngi mel ni nataal bu ñu kuppati, taf ko ci sama biir yóor.Yow kott Kastorel, rax-ci-dolli ngay doxandéem, nga weex nun nu ñuul, kenn xamul foo bawoo ak loo fa tekki, ãa, nga ne déjj ci péncum Ndimboy, ñi gën juddu ci dëkk bi di la sibooru, soo sëqatee sax ñu tiit bay saw seen tubéy ! Moo, lu waral lu doy waar loolu ?

Bi ma demee ba nekk mag la ko sama xel door a mën a nangu. Dëgg la : bi Kastorel di laata agsi Ndimboy, fekk na mu xeex ak nun lu mat ñetti xarnu. Xare na Bawol, xare na Jolof ak Kaasamaas ak Ñaani ;

Kastorel xare na it Waalo, xare Siin ak Saalum.

Nun nag, noo sàggan sunu càgganu bopp ba mu féewale nu, daan nu, fu nekk mu teg fay nitam, lu mu leen sant ñu def ko. Dem nañu fi sax ba su la Xonq-Nopp saagaa, soo feyoo dunguroom yooyooy jëkk a soqi seen fetal ci sa kow. Benn xarnu jàll, beneen jàll, ba muy ñetti xarnu. Ñu dem ba Kastorel di Kumandaŋu serkalu Kees, war naaru-góoram di duggsi biir Ndimboy : booba mbir mi amatul woon benn sikki-sakka nag. Jël na ndam li, teg loxoom ci réew mi. Du kenn ci réew mi ku sañ ne :

- Sama baay Dammel la woon.

Mbaa :

- Man mii, néegu Géej laa bokk.

Am na nag ay bañkat yu fi jógoon ciy jamono ni loolu fàww mu dakk, ñu gar ci seen bakkan. Sa Maam Ngiraan Fay bokkoon na ci jàmbaar yi fi taxawoon, yëkkati seen baat ca kow, ni :

- Moom sa réew !

Kastorel ni leen :

- Loolu du nu boole. Seen réew a ngoog, jël leen, fu ngeen xam ngeen jëm faak moom !
Waaye Badu, wax, wax dëgg ci la. Yaakaar nga ni coono bi fi Ngiraan Fay ak waa PAI daj àntu na ?

Tey jii nu ne noo moom sunu bopp, ku sañ ni coppite am na fi ?

Lee-lee Daawur Jaañ fëgg dënnam, ni moom moo jàmmaarlook Kastorel, ñu ñefe, mu daan ko, dàq ko, mu dellu Tugal. Ci sama gis-gis de, yëf yi dafa xaw a tane rekk. Baay Séy, dunguru baa ngi fi ba tey, di doxale ni golo, di jaamu Kastorel. Mbaa boog, Badu, maa xamul lu géej giy riir ! Amaana réew mi moom boppam ci dëgg-dëgg te man yëguma, tinuma. Bu la sama waxtaan wu neex wi yóbbaale ba nga fàtte ni dof laa, yow it, Badu !

Sànq, tudd naa Bawol ak Kaasamaas ; tudd naa it Waalo ak Siin ak Saalum ak Ñaani.

Soo gisee ma lim diiwaan yu bare ci réew mi te boolewuma ci Kajoor, du dama sàggan, du itam dama koo fàtte. Dafa fekk rekk ni li ma lay waaj a nettali, Kajoor la xewe, te Andre Kastorel, Kumandaŋu serkalu Kees ci boppam moo la koy àgge, Badu.Nga ni ma :

- Naka la loolu mën a ame, Aali ?

Ma ne la :

- Bul yàkkamti, maa ngi ñëw.

Kumandaŋ Kastorel xool mbooloo mi lu yàgg. Bët yaa ngi xultu, man ma nekk gone, di dégg li bët yiy xultu. Ñu ngi naan :

- Cim ! Maa leen xaare, yéen waa Ndimboy, ak sowaas yi ngeen doon yi, xayadi be dee ! Dëkk baa ngi ne selaw. Kenn sañu la ŋaaŋ mbaa sax noyyi, te Kastorel santu la ko. Tubaab bi geestu xool Baay Séy ba noppi yëngal ndànk bopp bi. Baay Séy daw, fekki ko fi mu toog, daldi sukk. Kastorel wax ak moom lu yàgg.

Baay Séy siggi, ni :
- Kumandaŋ Kastorel moo leen di xamal ne, moom de, am na naqar wu réy, te kenn tegu ko ko ku dul yéen ñii toog. Jarul sax muy jaaraat ci jëf ju ñaaw ji fi ay saay-saay di def boobaak léegi. Ay weer a ngii, saa yu jant bi sowee, ñu buddi raay yi ñu fi teg, ñoom waa Tugal, ngir saxaar gi di ci jaar. Guddi gu Yàlla sàkk, am ñuy muuroo lëndëm làqu, buddi leen sànni. Looloo waral fi mu nekk kenn mënatul jóge Ndakaaru dem Ndar mbaa jóge Ndar dem Ndakaaru.

Ci réew mi ba réew mi daj, loolu yéen waa Kajoor la gën a indil ay jafe-jafe. Jën yu neex yi daan jóge Ndar ak Ndakaaroo nga fay yàqu. Ba kañ ngeen fi nar a nekk di dunde keccax ak gejj ?

Kajoor jaaxle na, ndax lépp lu ko saxaar gi daan indil te mu amaloon ko njariñ lool, gisatu ci dara. Waaw, mbaa du yéen waa Ndimboy dangeen a taxaw ci tànki xeex nu, nun Tubaab yi ?

Muse Kastorel de, nee na moom mënul a gëm loolu. Xanaa kay ñàkkuleen fulla bay jàpple ay noonam ! Tee ngeen bañ a gaaw a fàtte ! Am na ku fi doon jaay njàmbaar de, di rab-rablu, naan Maalaw du gis raay bi ! Ana mu tey ? Song nanu ko Déqële, duma ko. Nun Tubaab yi nag, doole lanu am ba mu doy ! Ku nu bëgg a jommal, dangay sonal sa bopp. Deretu Maalaw màndil na suufu Kajoor sii nu taxaw tey, def ab déeg ca Déqële, nga nuur ca, ba faf lab. Kenn waxatul say wax. Dunu la rey Déqële, ngay dekki Àllu-Kaañ !
Déedéet, waa ju baax. Mënoo dee Déqële ba noppi fëll Àllu-Kaañ ca ëllëg sa, ne noŋŋ ca collu garab ga gën a kowe !
Yëf yi mënul a yombe noonu. Laay, ndekete yow noonu nga ragale dee ?
Kon kay, waroo woon dëkke xare !
Yow, ku la mas ne sa bët bi suuf a ngi ci, nga ne ko :
- Ayca, bettuma la ! Man Lat Joor Ngóone Làttir, kenn du ma yab !

Noon nga saxaar gi du jaar mukk Kajoor ! Wóor na ma ni fa nga tëdd ca Déqële, dinga koy dégg muy mbiib, di riirloo taax yi, di yëngal Kajoor, suuf siy xottiku, muy daw guddi di daw bëccëg !

Yéen waa Kajoor, Kumandaŋ Kastorel moo leen di laaj : ndax jàmbaar dëgg dina làqatu di buddiy raayi saxaar, di sànni sëmino yi ay xeer ?

Nu ngeen mën a tudde loolu ?

Réy làmmiñ moom def na ko, waaye fit dara la ci amul !

Mbër dëgg su la sa moroomu mbër daanee, dangay ngembuwaat, fekk ko fa mu samp ndëndam ci géew bi, nga këdd ko mu daanu, ngeen sëggaat, léewtoo.

Doo xaar ba guddi nga taxaw ci sàkketu këram di ko saaga, te su ubbee buntam wutsi la, nga ne bëxërñet daw !

Kumandaŋ Kastorel nee na : bi loolu yépp weesoo, dafa bëgg ngeen xam lii : xaalis bi réewam, moom Kumandaŋ, maanaam réewu Tugal, xaalis bi muy defaree raay yi

ba noppi teg ci saxaar gi muy daw, ngir jokkale diiwaani réew mii, Kumandaŋ nee na : xaalis boobu, wax dëgg Yàlla, xejoon na ci waa Tugal.
Kumandaŋ Kastorel moo leen di laaj : ndax ni mu laabiiree, moom Kastorel, ak ni mu bëggee dimbali Ndimboy, loolu ngeen koy feye ?
Boroom dëkk bi ne bëret, ni làppto bi :

Neel Kumandaŋu Kees bii toog, nun la jëf ju ñaaw jooju gën a naqadi. Ne ko it bés bu nu jàppee ñiy buddi raay yi, dinanu dagg seen baat kàttit, samp seen bopp ci sunuy xeej, indil ko ko fa mu nekk ca Kees.

Làppto bi tekkil Kumandaŋ Kastorel kàdduy boroom dëkk bi. Wànte, Tubaab bi daal, ñaari baat yu jëkk ya rekk la jot a dégg, daldi wiccax bopp bi, sànni loxo yi ci jaww ji, këdd suuf si, jóg taxaw, mel ni kuy waaj a mbej Baay Séy. Làppto bi tiit, dellu ginnaaw, fakkastalu, bërëŋu ci suuf si, jóg, daanuwaat, jógaat, daldi ne :

- Yéen a ko gisal seen bopp, de ! Sama dof bi merati na !
Kumandaŋ nee na : yow boroom dëkk bi, naaféq nga te li ngay wax yépp, dara du ci dëgg !
Man nag, góor gu baax, sa mbokk laa te soo ma mayee, dina am lu ma ñàmbaas ci wax ji, ngir dimbali la. Tànnal ci dëkk bi juróomi janq yu ñuul te sew ruuj, nga jébbal leen sama Demba Njaay mii. Man liggéey naak kilifay tubaab yu bare, waaye kii moo ci yées. Su meree te yeewaloo ko ay janq yu sew ruuj te ñuul kukk, mu futti leen di leen caw ba ñuy nàcc, du am lu ko neex !
Defal li ma la wax ! Soo ko deful, dina fi yebal ay soldaar ñu rendi góor ñi, siif jigéen ñi, taal seen Ndimboy gii ! Defal li ma la wax !
Boroom dëkk bi takk fitam, jéngu :
- Mukk ci këru àddina ! Bëgg lu neex ab doxandéem du tax may tuumaal gone gi gën a ndaw ci Ndimboy !

Baay Séy waxtaanaat ak Kastorel lu yàgg. Baat bu mu wax, Tubaab bi yëngal bopp bi, màtt tuñ wi.
Bi ñu noppee, Baay Séy ne :

- Kumandaŋ Kastorel a ngi leen di gërëm. Nee na it, ginnaaw guddee na fi, maak moom Ndimboy lanuy fanaan.

Fekk na boroom dëkk bi rendilu ay xar ak i béy. Ñu wàjjal gan yi yàpp, ñu naan sëng ba màndi, tànn ci janqi Ndimboy yi ñu leen wéttali ba bët-set.

Fan yooyu, Kumandaŋ Andre Kastorel bawoo na Ndimboy ganeji Binkeriŋ, ganeji Mindaal ak Tinkis ak yeneen dëkk yu ndaw yi wër Àllu-Kaañ. Fu mu dem, wax fa waxu raay yi ay saay-saay doon buddi di sànni. Waa Binkeriŋ, waa Mindaal ak waa Tinkis ni Baay séy :

- Neel Kumandaŋ mii, na xelam dal, balaa yàgg nu teg loxo ci ñiy def jëf ju ñaaw jooju.

Kumandaŋ dellu Kees. Ca ëllëg sa, buddikati raay yi gën a ràkkaaju !

Ay sëmino jóge gaaru Kees, topp ci raay yiy kol-kolal. Waaye saa yu ñu liggéeyee ba yaakaar ne ñoo ci nekk, yàqkat ya defaat ñoom it seen mënin. Ñu jàppe ko noonu ay weer. Tubaab yi jaaxle lool. Kumandaŋ Kastorel daldi tàmbalee tuumaal Lat Joor nag. Loolu ub sunu bopp, nun waa Ndimboy.

Nu ne :

- Aa ! Lat-Joor man ?

Kastorel mer, gémmiñ giy fuur, mu ni :

- Xam naa li may wax ! Lat-Joor des na Déqële, waaye ay nitam ñoo fiy def jëf ju ñaaw jii. Ba tey nangooguñoo wéer seeni gànnaay !

- Nun dey, Kumandaŋ, danu yaakaar ne ñiy buddi raay yi duñuy niti neen.

- Buleen ma sonal ak seen waxi dof yooyu. Nun, Tubaab yi, gëmunu ne jinne am na !

Kumandaŋ Kastorel yebal ay soldaar ñu taal Ndimboy, taal Tinkis, taal it Mindaal.

Weer ya ca tegu, Badu, jàmm ne ñoyy ! Jàmm ne ñoyy, saxaar giy daw ni ko neexe ci diggante Ndar ak Ndakaaru ! Kumandaŋ Andre Kastorel bég ba fu bég yem.

Ñaw ! Ndekete nii la upp baaxe ci laax bu tàng ! Ñépp noyyi, féex, ndax rekk ni Tubaabu Kees bi jëlee woon mbir mi dënn. Nun waa Ndimboy, nu defaraat sunuy néegi ñax, yaakaar ni ay wi jeex na ba fàww. Benn àllarba, bi timis di waaj a jot, Baay Séy fëgg biro Kumandaŋ. Naka la ko Tubaab bi séen rekk, xelam ñaaw, mu ne ko :

- Xam naa li nga may yëgalsi.

- Yaa ko waxal sa bopp, Kumandaŋ.

- Fan la Lat-Joor songe raay bi, bii yoon?

- Fenn la bàyyiwul, Kumandaŋ ! Yàq na ko yaxeet, Kumandaŋ. Boroom-Ndar mi yilifoon booba Tubaab yi ci réew mi yépp, woolu Kumandaŋ Andre Kastorel, gëdd ko :

- Loo ma waxoon ? Aa ! Man ngay jéem a tuur lëndëm ? Waxal ! Looloo la dese ? Sa tés-tés ju metti ji yépp lan la jur ? Dara la jurul ! Dara ba dara booloo jeex ! Tus, laa wax ! Su fekkee ne sowaas yii ñoo lay të, dinaa la delloo Tugal !
Su ma déggatee ne Lat-Joor teggi na fi raay bi gën a tuuti, du baax ci yow ! Ali, ust !

Xas yooyu naqadi lool Andre Kastorel, mu ràŋŋatiku. Foo ko fekk mu ngay wëndéelu ci biir Àllu-Kaañ, di soqi fetalam, di dëkk Lat-Joor, naan ko su dee njàmbaar gi muy wootee ngi ci moom, na génn fi mu làqu, ñëw ñu defante ñoom ñaar. Bés, Baay Séy fëggaat ndànk buntu biro Kumandaŋ Kastorel.

Kastorel ne ko :

- Su dee li ma xalaat nga may waxsi, dellul fa nga jóge.

Baay Séy tegu ca baat. Dafa daldi xëccaat ndànk bunt bi, génn biro Kastorel.

Bi jant biy waaj a so, Andre Kastorel, Kumandaŋu serkalu Kees, dóor boppam balu fetal. Bi nit ñi dawsee ngir wallu ko, fekk nañu yóoru Andre Kastorel tasaaroo ci ruum bi, tasaaroo ci kow kayit yi doon tege ci taabalam.

*

* *

Andre Kastorel xaru.

Beneen Tubaab wuutu ko, nekk Kumandaŋu serkalu Kees. Waaye ngóor soosu moom, daanaka masul a teg tànkam Ndimboy. Benn mbokku Tubaabam daal la nu yónnee. Te nun de, danoo xéy bés rekk, gis Tubaab biy dem ak a dikk biir Ndimboy. Gone gu jaambure la woon nag, ndax barewul woon wax te daawul dugg lu yoonam nekkul. Teewul nag yëf yi xaw noo jaaxal. Waaw, moom sax lu muy def ci sunu biir ? Guléet nit jóge Tugal, romb Ndar, romb Gore, romb Tëngéej, romb Kees ak Ndakaaru, ñëw dëkksi Ndimboy !

Bi ñu demee ba waa Ndimboy di ɳun-ɳuni, lu nekk ñu ko ciy wax, boroom dëkk bi woo mag ñi, ne leen :

- Fan yii yépp, yéen a ngi fiy gis ab Tubaab buy dem ak a dikk, di nemmeeku itam xeeti garab yi nekk ci Àllu-Kaañ bii. Dama bëgg ngeen xam ne Kumandaɳu serkalu Kees bu bees bi, ki wuutu Kastorel, moo ko fi yebal.

- Lu mu fiy wut ?

- Nee na dafa bëgg a dëkksi Ndimboy.

- Aa ! Ana Tubaab ak a dëkk Ndimboy ?

- Lu ne def naa ko ngir xam lu fiy tànkam ci dëgg-dëgg. Waaye ndaama lii ma gis de, ku ñor la. Nanguwul a wax li ko fi indi.

- Xanaa kay dina teg dara sunu loxo ? Waaye dama bëgg a dëkk Ndimboy rekk ! Loolu du wax !

- Moom kay, wax na ay waxi dofam. Nee naay da nuy jàpplesi ci mbey mi.

- Ci mbey man ?

- Waaw, nee na am nay pexe yuy gën a naatal gàncax gi, aar jur gi. Su nu bëggee daal, dinanu jàngal ni nuy def ba xiif dootul rey kenn ci Ndimboy.
- Ngóor sii gën a bare caaxaan !

- Man it de, mbir mi jaaxal na ma. Moo tax sax ma woo leen, yéen magi Ndimboy yi, ngir nu gise.

- Naka la ab Xonq-Nopp mën a dëkke sunu biir ?

- Monte mooy am de.

- Lu waral lu ñaaw ?

- Xanaa doole. Doolee mën dëgg. Noo tooñ sunu bopp. Ku sañul a bañ nag, sañ a nangu. Tubaab bi waral coow li moom, gune gu ndaw la. Fanweeri at doŋŋ la war a am. Diggu-njolloor la agsi Ndimboy, ak sooxam bu metti.

Maak samay moroom nu tudde ko Capp-Cappal. Doomu-Aadama boo gis am na luy gën a fés ci jëmmam, ñu ko koy ràññee.

Moo xam ci melo bët yi la, ci waxinam walla ci xar-kanam gi.
Robeer Langlaad moom, bopp bi dafa tàppandaar. Langlaad fexe na ba dëkk ak nun Ndimboy lu mat juróom ñeenti weer. Ku sob la, ndax lu nekk mu ngi koy laajte, di for ay xeer ak a witt ay xobi garab, di leen xeeñtu, di bind seen tur ci benn téere bu weex. Deful nag ni yeneen Tubaab yi nu daan digaaleel, nun waa Ndimboy. Jàppewunu ni ay bàyyima, jéemu noo suufeel itam. Tàmbali naa jàng sax wolof. Robeer Langlaad, weg na it sunuy jigéen ndax deful ni mbokki Tubaabam yi fiy faral di ñëw. Deful janqu Ndimboy bu ko romb ci àll bi, mu pàdd la, tas sa sér, tëdde la ci ñax mi te du la sax xool.
Saa yu ko waxtu añ mbaa waxtu reer fekkee ci dëkk bi, du nangoo beru, day ñëw wër ndab leek nun. Man Aali Këbóoy de, giñ naa ne masu maa gis Tubaab bu bëggee cere baasi ni sama Robeer Langlaad ma ! Langlaad jéemu noo xëbal te it jaayu nu doole.

Tanqalu nu itam ak waxi raay bi taxoon Kastorel xaru. Li nu jaaxal kay, mooy li mu ne dafa nu jàngalsi bey te masul a wax lu ci jëm ! Lee-lee mu dugg biir Àllu-Kaañ, toog fa ay fan i fan. Mas nanoo fexe ba bett ko fa, maak Mbiita Saar.
Fi nu làqu, Mbiitaa ngi ma naan ci suuf :

- Aali, seetlu nga bu baax Capp-Cappal mii ?

- Dëgër na fit, de, xam naa ! Moom kott ci biir Àllu-Kaañ !

- Du loolu, Aali, Capp-Cappal mii am na lu muy seet. Bi nu làqoo fii di ko xool sànq ba tey, mu ngi sëgg. Gisuma ko mu téen benn yoon. Am na lu Capp-Cappal di seet te ci suuf si la nekk. Fu mu gis ay rëdd-rëddi tànk, topp leen. Ma jële koy kaf :

- Xéy-na maamaam ya ca Tugal ay rëbb lañu woon !

- Baax na ! Dinga ne ma Mbiita Saar waxoon na ko !

Nawet bi ñëw.
Benn guddi, ñu tàmbalewaat teggi raay yiy sànni. Naka la ko Mbiita Saar dégg, ne fàww mu ceddowu Capp-Cappal. Wànte bi Mbiita sullee wax ji, Tubaab bi fullaalu ko. Dafa ko ne rekk :
- Loolu bokkul ci sama liggéey. Te yow sax, Mbiita, seetlu naa ni gone gu yeewu nga ! Dinaa la yóbbu Tugal nga jàng fa, foofoo dàq Ndimboy, du sax benn.

Nanu dem Àllu-Kaañ nga jàppale ma, dama fa bëgg a samp benn seetu bu mag. Mbiita Saar ne ko :

- Seetu ? Lu seetu boobuy jariñ ?

- Day xëcc ceeñeer yi, naj leen ci benn tomb.

- Ãa ?

- Waaw, léegi nag ngelaw leey ëf tàngoor wi delloo ko ci asamaan si, su ko defee seetu bi ñoral niir yi, Ndimboy daldi naat, am ndox ba doyal sëkk. Seetu bii, moo fiy jëleji maral ba fàww, Mbiita. Xawma lan, wànte lii moom wóor na ma :

seetu dootul réy mbaa mu dëgër ba dab seetu Robeer Langlaad boobu. Maak Mbiita Saar nu jàppale ko, mu daldi samp seetoom ci diggu Àllu-Kaañ. Bés, nu yeewu suba teel ak tiitaange ju réy. Nun daal, danoo jékki-jékki dégg suuf siy riir, mu mel ni dafa am ay ponkal yuy buddi garab yi di leensànni ci jaww ji, garab yiy mbëkkante ni ay yëkk yu naan sëng ba màndi. Ne tuuti, rabi Àllu-Kaañ yépp di yuuxoondoo. Jamono jooju, rab woo mën a xalaat ci àddina amoon na Àllu-Kaañ. Gaynde. Segg. Bukki. Till.

Rabu àll yépp a fi amoon, mani la, Badu. Gaynde yeek till yeek bukki yeek segg yi nag àndandoo di yuuxu ci njëlug Ndimboy gi. Ndimboy tànn xale yu góor yi ëpp fit ak doole ci dëkk bi ne leen nañu nemmeekuji mbir mi. Gone yi làqu ci ginnaaw ay gàjj, gis ñaari ponkalu dàngin yu ñuul kukk ñu taxaw ci kanamu seetu bi, di fecc, ku nekk ci ñoom ñaar di niir boppam.

Lee-lee kenn ki bës baaraamam ci seetu bi, mel ni kuy jéem a luqiy bëtam, ñàngal kanam gi, ŋóobi, yëkkati loxoom, xàcci ba dara desul lu dul dóor mu wàcce ko, mel ni kuy artu ki mu janool :
- Soo ma moytuwul, yow, dinaa la def lu bon !

Moroom mi gis ay butéeli sàngara yuy tege ci wetu seetu bi, mu gàddu ci benn, jolu ba xolam sedd, yuuxu, sànni butéel bi fu sore, dellu seetuji, fëgg dënn bi ñeenti yoon, daldi sab. Beneen dàngin gi jolu moom it butéelu sàngaraam, bët yiy tàkk, di melax, mu mel ni ku mer, daldi am lu mu déey xarit bi. Ñu riirandoo, dugg biir Àllu-Kaañ. Similaak-saala dàngin yi delluseek seeni jaasi.

Ku ci nekk taxaw ci kanamu seetu bi, janook sa bopp, ne ko :

- Bettuma la !

Nekk nañu fa lu yàgg sax, di dóor jaasi seetu bi. Mujje gi, ku nekk ci ñoom ñaar di gaañ boppam, sa deret muur la,

ngay yuuxu, toqi, waaye sa jom mayu la nga bàyyib doxandéem mu fekksi la ci sa biir kër, bëgg laa jam naani. Loolu moom, xel mëneesu koo nangu ! Dàngin yi dem ba seen takkandeer ak seen jëmm maasaloo. Ñaari ponkal yi fàtte seetu bi, nag, daldi songante.Xeex bu yàgg sax, te metti, Badu !
Benn dàngin gi ne kàttit dagg baatu moroom mi, ba noppi tiim ko, saw ci kow néewam.Waaye ba mu demee ba defe ne xeex bi jeex na, la séen beneen dàngin ci biir seetu bi. Mu ne ko :

- Laay ! Xanaa kii day xaru ? Loo fiy def yow ? Dawal gaaw, mbaa ma def la ni sa moroom mii tëdd ! Man moos nga xam ne, góoroo-góor, maa fi mën, ëpp fi fit !

Dàngin gi ci biir seetu bi tontu ko ci saa si :

- Laay ! Xanaa kii day xaru ? Loo fiy def yow ? Dawal gaaw, mbaa ma def la ni sa moroom mii tëdd ! Man moos nga xam ne, góoroo-góor, maa fi mën, ëpp fi fit !

Aywa ! Xeex bi neeti kurr. Dàngin giy jamat boppam ba yaram wépp dagg. Soo ko gisee mu nga lott ba xamatul fu mu ne, di xiixat. Mu jékki-jékki bàyyeeku, àgg suuf, ne nemm, ndeysaan. Waa Ndimboy génne fa ñu làqu woon.
Dàngin gaa ngi jaaxaan ci wetu moroom mi mu dagg bopp bi, deret ji muur, yaram wépp, xonqal der bi bamu xonq coyy. Xetu sàngara seek xetu deret ji ubale Àllu-Kaañ.
Ni dàngin gi tëddee, di sukkuraat, bët yaa ngi nuy tàggu.
Badu, musumaa gis lu tiise noonu. May ma sax ma dellu tuuti ci at yi nu weesu. Soo ñibbisee Ñarelaa, dinga jàng ci Téere bu ñuul bi, kàddu yii ci Ngiraan Fay bind :

« Li ma xam ci àddina yépp, li ci ëpp solo dof bu ñu naan Aali Këbóoy moo ma ko jàngal ci samag ngone ».

Ngiraan yemul foofu. Yokk na ci yeneen kàddu yu am maanaa. Nee na la :

« Dof mat naa bàyyi cim réew »

Su ma la fàttalee loolu, Badu Taal, dafa fekk ni man ci sama bopp, lépp lu ma xam ci àddina, dàngin ga ma tiim muy sukkuraat ca Àllu-Kaañ moo ma ko jàngal. Fonk sa bopp, naw sa xeet, bañ a jébbal sa ruu ay doxandéem, loolu lépp, Badu, bés boobu laa xam lu mu tekki dëgg-dëgg.
Dàngin gi daldi dog. Fi ma toog, ma yëg ku may kobos ndànk. Ma geestu, daj ci Mbiita Saar mu jonkan ci sama wet.

Mbiita ne ma :

- Sunu lafañ bee liggéey lii lépp.

- Lafañ ban ngay waxati ?

- Capp-Cappal, xanaa. Ñaari dàngin yii ñoo doon buddi raay yi.

- Ana mu sax, moom ?

- Téenal, Aali.

Ma téen, gis Capp-Cappal ak boppam bu tàppandaar, mu ne noŋŋ ca kow benn daqaar gu mag, tiim nu, di nu seetaan.

Keroog, Robeer Langlaad fanaanul Ndimboy. Dafa jubal Kees, yót Kumandaŋu serkal ba ñaari boppi dàngin ya doon xeex biir Àllu-Kaañ. Ca lanu gëjee dégg lu jëm ciy mbiram.

*

* *

Seetal ma lii rekk ! Toog diggu màrse, daggat sa ruu, saam, ne danga koy wànteer ! Doomu-Aadama ni yow jóge fu kenn xamul, gënula ndey, gënula baay, ni la :

- Lii nag, ñaata ?

Nga ni ko :

- Aa, noo ko bokk, loo ma jox baax na.

Mu làmbaatu ko ba xolam sedd, siggi xool la :

- Ay butéeli sàngara de laa fi dese.

- Sàn-ga-ra ? Demal seeti keneen ! Sama ruu gii nga xam ne moos bi ko Sunu Boroom biy defar lu nekk la ci daj, nga may wax waxu sàngara ! Lakk naa sa lu bon léegi !

- Tee ngaa bañ a waxe noonu ? Tey gaal gi jóge Tugal indiwul piis, indiwul caq.
- Te mënoo ci teg dara, yow tamit ? Ruu kat du caaxaan ! Ngeen waxaale ba juboo, mu daldi nos sa ruu, wommat, dugal ci gaal gu màggat, dem yoonam. Yow moom, taloo dara lu dul jolu say butéeli sàngara. Bu jeex nga ubbi beneen. Sa yaram tàng jër, ngay fecc ci naaj wu tàng wi ba mel ni kuy daanu rab. Gaal giy raam ci géej gi, di yikkat, saxaar siy muur asamaan si ndànk-ndànk, ndeysaan. Seetal ma lii rekk ! Yàlla dénk lam réew, ngay sàggan ba ay doxandéem ñëw di jënd nit ña ni ay xar ! Ñu tegsi ay xarnu, sa ruu réer la, ku la gis xam ni xottu nit nga. Waay, mënoon ngaa sédd ëllëg ! Nde kon doo ne dur, di njaay-xólléy, ne yaa moom réew mi, janq bu la romb ci pénc mi sa xel ne ci, nga ne indil-leen ma ko, man Buur maa war a jëkk a jaar ci moom bala koo kenn di laal. Ñu indil la ko, nga toj taat yi jàll ca ka ca des.

Noo tuddoonati sax, yow ? Am nañu lay woowe Daaw Demba. Waaye am nañu naan déedéet, sa tur dëgg Daawur Jaañ la. Dégg naa it ñu naan Móbutu Seese Seko nga tudd. Ak noo mën a tudd, ndóol geek naqar wi nu nekke tey, yaa nu ko yóbbe ! Bi nga wuyujee Maam ak tey mat na ñeenti xarnu. Dem nga barsàq, wacc nu feek sunu naqar.

Xamal ne ay takkandeer, ay xotti nit doŋŋ nga bàyyi sa ginnaaw. Nga defe ne loolu yoon la ? Cim !

Xanaa war ngaa rus de, ba nga dajeek Maam barsàq, mu ni la :

- Doom, mbaa def nga sa warugar ca dunyaa sog maa fekksi fii ?

Loo ko tontu ? Waxal, nag !

*

* *

Ma ne : seetu desatul ci réew mi. Seetu bu waay jub, mu rus, fell, xar, daldi faf kalaate, tasaaroo, ku ci dëgg say tànk dagg, di nàcc.

Réew mu amul seetu, dara desatu fa. Sàmmleen seetu yi ! Waay, bàyyil-leen seeni sët ak seeni sëtaat fu ñu mën a gis seen bopp, mu doy leen, ñu bañ a sëgg ndax gàcce gu jéggi dayo.

*

* *

Bés, góor gu sell gi gis na leen ñuy yox-yoxi, mu ne leen :

- Du caagin damaa mën a dige. Man, maay ki am pey ba mu doy sëkk.

Ku déggul wax ji, sa bopp.

*

* *

Badu, mbaa du danga yaakaar ne fàtte naa Yaasin Njaay ak Biige Sàmb, di ? Booba nga juume ! Su ma fàttee ñooñu ñaar, Ngiraan Fay rey ma !

Digoon naa ko, moom Ngiraan Fay, ne su ko fi Yàlla jëlee, man maa lay nettali li dal Yaasin Njaay ak ñaari doomi goloom yi.

Gëmoo ma ? Xaaral ma fàttali la fan la Ngiraan yemoon cib nettaleem.
Tey ngay xam ne man Aali Këbóoy, dof bi, maa forox nopp te neex xel, kaar !

Ngiraan Fayay wax de !

Déglu ko...Ngiraan Fay noon na fi ci Téereb Dóom :

« Waaw, Badu, ku la masula tudd, masula taas, su takkee ay waliisam, fëgg sa buntu néeg, fekk la fi nga tëdd mu tàggu la, xanaa kay li ci des mooy mu woolu taksi, ne yoonu ayeropoor maa ngoog ? Du dëggam, Badu ?

Ba àddinay baax de, noonu la yëf yi daan deme. Waaye, bés ba Yaasin tàggoo ba noppi, la tàmbalee def lu ma jaaxal lool. Ca laa ko gis mu yebbi ay waliisam ci ëtt bi, yëre bu ne mu yëkkati, fëgg, fëggaat, poos bu nekk mu dugal ci loxoom, yuri ko. Lee-lee mu teg benn ndoket mbaa benn sér ci suuf, jëlaat ko, lemmiwaat ko ba noppi delloo ko ci biir waliis bi. Lan la Yaasin Njaay réerle woon noonu ?

Waroon naa réy de, ndax ci ay xultu ak ay waxtu la mujje. Ne tuuti, Biige Sàmb agsi taf gémmiñam :

- Waaw, Yaasin yow, loo xewle ? Du danu waroon a dem ci Sinkun Kamara mu ñaanal la, ñaanal xale yi ?

Yaasin siggi, ne jàkk Biige Sàmb. Man mii Ngiraan Fay de, dootuma gone, waaye giñ naa ne musumaa gis nit ku jàqe ni Yaasin Njaay keroog. Ñaari doom yi ñëw katamu ko, di jooy.

Mu ne Biige :

- Sama kayit yépp réer nañu, Biige.

- Nga ni ma ?

- Waa-waaw. Seet naa ba sonn.

- Loolu gën a doy waar, Yaasin !

- Wóor na ma ne am na ku fi dugg jël samay kayit ! Seen kër gii kay !

- Céy, yaa bare ay ! Yaa ngi tooñati, de ! Bés bu nekk ma ne la gaaw a mer baaxul, Yaasin Njaay.

- Amatuma paaspoor, amatuma kayit giy biral ne Tubaab laa, lépp réer na !
Nu may def, Biige ?
Fu ma jëm ?
- Nanu dem. Man Biige Sàmb loolu mënumaa të, am naa ci pexe.

Li ma nànd keroog ci waxtaanu Yaasin ak Biige, lii la : musiba moomu daloon Yaasin, sa yaay amoon na ci mbégte mu réy a réy ! Te njortoon naa it ne fu kayiti Yaasin Njaay ya dugg, moom Biige Sàmb moo leen fa dugal. »

*

* *

Lu tegu ci loolu Badu ? Déglu ma, ma wax la ko.Biige Sàmb a téye Yaasin Njaay ci loxo, ñu ànd seeti benn sëriñu taryaax bu ñuy wax Sinkun Tiggide Kamara. Kooku ne leen :

Bismila.

Ñu summi seeni dàll, dugg, nuyóonteek moom.

Sinkun Kamaraa ngi toog ci derub mbaam-àll bu ñuul.
Soo gisee Yaasin moom, mu ngi sànniy bëtam fu nekk, mel ni ku fit wi rëcc, mu jaaxle, di réccu li mu doon toppe Biige Sàmb Baal ma, ma may la tuuti ci Sinkun Kamara, Badu.
Yaa ngi fàttaliku Ustaas Mbay Lóo ?

Ci Téereb Dóom, Ngiraan Fay won na la pukkuus ba mu daan fanaan.

Néegu Ustaas Mbay Lóo ak bu Sinkun Kamara bi benn lañu.

Ñoom ñaar ci seen bopp sax dañoo xaw a niroo. Monte seeni jikkoo ka wuute tey ! Ustaasu Ngiraan Fay ba, yaaram la woon te Sinkun Kamara mii, saay-saay tigi la.

Waaye loolu jarul a yàkkamti, Badu. Fan yii di ñëw, dinga gisal sa bopp li ma lay wax ci mbonug Sinkun Kamara.

Bi ñu jàmmantee ba noppi, Biige ni sëriñ bi :

- Indil naa la sama xarit bi ma la doon wax.

Sinkun Kamara xool Yaasin ba seppali ko, wiccax ndànk bopp bi, daldi ne :
- Sama kóllëre nga, Biige. Lu ma ci mën, dinaa ko def.

- Maak yow kañ, Kamara Yille, démb la woon, tey sog a ñëw. Yaasin mii nag, am na nu mbir mi doon deme nu nekk ay noon maak moom, ba ku jekku kon sa moroom gaañ ko. Ñaari doom la am, man ma am benn bant kott, muy Badu. Xam nga Badu, ndax ba muy dem bitim-réew, ànd naak moom ba ci yow nga ñaanal ko, defaral ko ay muslaay.

Sunu ñetti banti-Maam-Yàlla yi nag, muy Badu, di Mbisin, di Mbisaan, ñoom ñépp Taal lañu sant, ndax mennum Asan Taal moo leen jur.

Sinkun Kamara wiccaxaat bopp bi :

- Eskéy ! Soo meloon ni jigéeni tey yi de, dinga def Yaasin Njaay mii sa noon.

- Dëgg la Kamara, waaye su diggante bi rafetee nii, ci Yaasin Njaay la.

Moo ma ko ji, moo ma won kanam gu tax ma sañ koo jege, ba léegi maak moom nuy ay doomi-ndey.

- Yal na Yàlla gën a dëgëral seen diggante. Ñaar ñu baax ñoo mën a ànd.

- Sëriñ bi daal, dénk naa la Yaasin. Ñaanal ko. Bi ma demee di ko jëli sànq, nee na ma ay kayitam dañoo réer. Dimbali ko ba ñu feeñ te muy li gën ci moom ak ñaari doomam yi.

Sinkun Kamara tàllal Yaasin Njaay benn layu bu ndaw, ni ko :

- Waxal fii sa soxla. Ñaan ci lépp li nga bëgg.

Yaasin téye layu bi, di ratatati ci nasaraan bay xiixat.

Biige Sàmb ree :

- Céy man di, sama Tubaab bi ! Waxal ci suuf, aajowul nuy dégg say ñaan, Yaasin.
Sinkun Kamara ree moom itam, ni ko :

- Dégg nga wolofam ?

- Un peu... Tuuti rekk, monsieur Kamara.

- Soo bëggee sa aajo gaaw a faju, jéemal a làkk wolof, mbaa séeréer mbaa joolaa mbaa kikuyu. Sama gaa ñi dégg nañu làkki Doomi-Aadama yépp, waaye lee-lee dañuy jéppi ñi leen di làkk nasaraan. Te ñoom kat seen mer baaxul, yàq nit ak naan ndox lañu yemale.

Yaasin def li ko Sinkun Kamara sant. Taryaax bi ne Biige Sàmb :

- Su subaa, bu ñu jullee tisbaar ba noppi, na fi sa xarit bi dellusi moom kenn.

Fukki xobi siddéem ak ñetti xooxi ditax la Sinkun Kamara jëkk a laaj Yaasin.

Ba mu ko indee, mu ni ko :

- Baax na. Dellul fa nga jóge. Laajteel ba gis ku la won kàdd gu màggat ba am ñetti xarnu, nga dagg ci reen yi, indil ma.Biige Sàmb ànd ak Yaasin, ñu wër Ndakaaru ay fan i fan, gisuñu fenn luy nirook kàdd. Kebemeer lañu mujjee ame reen yi Sinkun Kamara soxla woon.

Lu sa xel mën a daj rekk, Sinkun Kamara wutloo na ko Yaasin Njaay.

Tuutee tee sax ndaw si gedd, bàyyi Sinkun Kamara ak i xërëmam, dem defarlu ay kayit yu bees.

Làmmiñu seku wu ñu fanaanal ci këllu lem.Juróom-benni bëti golo.

Nenu banjóoli ak nenu naat yu ñëb.

Tojitu seetu ak kawaru Tubaab bu jigéen. Ñax mu tooy.Ba Yaasin indee li mu ko laajoon, Sinkun Kamara boole yépp sotti ci benn mbana, nekk fa ay fan di jamb ak a jambaat.

Bés mu woo Yaasin, mu ñëw, mu lalal ko ndés, ni ko :

- Toogal. Yaasin a ngi ñaq tooy xepp ndax li mu dox ci naaj wu tàng wi. Rax-ci-dolli, fit waa ngi naan :

- Tëf ! Tëf ! Tëf ! Sinkun Kamara ne ko jàkk, ne ko :

- Du ku la soppi leneen rekk nga bëgg ?

Yaasin ne patt. Sinkun Kamara xulli ko, yuuxu :

- Yaasin Njaay, dégguma sa baat ! Du yaa bëgg ma soppi la ?

- Waaw. Maa la ko ñaan.

- Mën naa la soppi, nga nekk loo bëgg ! Loolu du dara ci man. Yaasin Njaay, nee ma naam !

- Naam, Kamara !

- Soppi la leneen ak naan ndox laa yemale. Dégg nga wax ji, de ?

- Waaw, dégg naa ko.

- Yàlla miy maye di nangu moo ma mayagum kàttan googu.

Xelu Yaasin dellu ca bés ba ko Biige jëkkee taal Sinkun Kamara, mu réccu li mu ñàkkoon a wóolu Biige :

« Tooñ naa Biige de, waaye dama ragaloon rekk mu sànk ma. Ameel naa ko àq, ndax góor gii mu ma booleel, boroom xam-xam tigi la ! »

- Noo bëgg a tudd ?

Yaasin seet ci xelam, daldi ne :

- Mari-Gabriyelaa.

- Tur woowu neex naa dégg. Mari-Gabriyelaa naka ?

- Mari-Gabriyelaa Won Bolkowski.

- Nga ne lan ?

- Mari-Gabriyelaa Won Bolkowski.

- Bind ko ci kayit gii.

Yaasin gaawantu bind turam.

Sinkun Kamara dellu ni ko :

- Waxaatal sa tur ma dégg.

- Mari-Gabriyelaa Won Bolkowski.

- Jaaraat ci ma dégg.

- Mari-Gabriyelaa Won Bolkowski.

- Jaaraat ci ba muy juróom-ñaari yoon.

Ba Yaasin Njaay tuddee turam juróom-ñaari yoon, mu ne ko :

- Baax na. Mbir mi sotti na ba noppi. Mën nga dem.

Yaasin ubbi kalpeem, génne ci ay kayitu junneek ñaari-junni yu bare,

tàllal ko Sinkun Kamara. Góor gi mer, gëdd ko :

- Téyeel sa loxo.Yaasin yëg ci saa si ni yaram wiy loxee ndax tiit.

- Baal ma de, Monsieur Kamara.

- Xawma muse Kamara, xawma muse Jàllo ! Bumu ñaar, laa wax. Ku la ne mën nga ma fey, man ? Sinkun Tiggide ! Tiggide Sinkun ! Kamara ! Xaax !

Fi Yaasin toog di xaar, xel maa ngi werante : « Waaw man, su ma ngóor sii soppee leneen lu dul Tubaab nag, fu ma jëm ? Su ma soppee bukki, mbaa golo lan laay wax ? Tiggide Kamara mu naqadi deret mii, ku ñuul xol la may niru ! »

Sinkun Kamara joxoñ ko seetu bu mag, ne ko :

- Demal janook sa bopp.

Booba, daanaka Yaasin newatul ci néeg bi. Mu ngi dégg baatu Sinkun Tiggide Kamara, gaa, wànte dafa mel ni keneen la sëriñ biy waxal. Jéemu ko sax àddu.

Fekk na yëf yaa ngi doon gënatee teey xelam.

« Man it, kenn du man ! Waroon naa xam ne Biige Sàmb man rekk la bañ ! Lii mu ma dugal, wóor na ma ni musiba rekk lay juri ëllëg. Bi ma dellusee Ndakaaru ba léegi mu ngi ma ñóoxu, naan dama koo neex, dafa ma sopp, fekk duggewu ko dara lu dul toroxal ma. Sàcc samay kayit ba noppi boole maak Sinkun Kamara mu soxor mii ! Moo Biige Sàmb, lu la Asan Taal def ba tax nga nar noo sànk maak samay doom ? Lu tax nga nuy sippi mer mi nga dencaloon Asan Taal ? »

Baatu Sinkun Kamara jibaat ci néeg bi :

- Xanaa du yow laay waxal, Yaasin Njaay ? Jógal taxaw, xool sa bopp ci seetu bi ! Yaasin jóg taxaw.

Janoo naak seetu bi lu yàgg, gisu ci kenn ku dul boppam. Mu seetlu ni xeesal bi yàqe kanam gi, daldi gën a tiit.

Céy, su ko Sinkun Kamara mënoon a defal li mu ko ñaan !

Ndaw bànneex bu réy !

Ñuulaay bi dafa rekk doy.

Ku ragalul wax dëgg, xam ne moos lu ñuul mënul a bañ a sikk.

Der boo xam ne bala moo jag nga topp ciy fóot ni yëre bu tilim, yendoo fete, fanaanee fete ! Ku ci doyalul itam, moom Yaasin Njaay doyal na ci sëkk !

Fi Yaasin di xalaate loolu, am ku fëgg buntu néeg bi. Sinkun Kamara ni ko :

- Agsil. Ci biir seetu bi, Yaasin séen benn ndaw su sew te njool mu taxaw ci diggu néegu Sinkun Kamara. Li mu koy xool ci seetu bi yépp, Yaasin a ngi naan ci xelam :

« Ndaw sii gën a ñàkk aajo ! Lu ko tee nuyoo ? » Mu daldi sànni catu bët Sinkun Kamara. Soo demee kat, ajaa bi moom lay seetsi. Sëriñ yii, ñoo fi gën a saay-saay. Nii rekk lañuy def, di moyloo jabari jaambur yi ! Wóor na ma ni kii coroom la. « Su dul coroom de, ma xam ne dëgër na fit ! Sinkun Tiggide Kamara mu tàng diine mii, mu koy jaay reewande... »

Waaye Sinkun moom mu ngi sëgg fi mu sëgg rekk, di tari li muy tari, mel ni ku yëgul ne am na jeeg bu ñëw tiim ko, ba noppi ne tekk di ko xool. Yaasin tàmbalee waxtu ci suuf :

« Aa ! Ndekete ndaw si duggsi Tubaab bu weex tàll la ! Aa ! Looloo tax ngay jaay maanaa ! Soo ma laajoon, xam ne wallaay Sinkun Kamara faalewulaak say tuñ yu maasaloo ak sa bët yu sokolaa ak... ! »

Bi Yaasin di laata àggali li muy wax, am keneen ku fëggaat bunt bi. Sinkun ni ko :

- Agsil. Foofu nag, bi Yaasin di yuuxu, teyu ko :

Waaw ! Ana ku jëkk ka ? Fan la jaar ? Mbaa du damay bëgg a jommi bëccëgu ndarakàmm ? Waaye yow moom, yànj nga, kaar, sama jigéen ! Maa ngi ci lonet yu ñuul yi ! Mbaa doo rab sax, ag sa karaw

- Moo, keneen a ngoog, di ! Kii tamit fu mu génne giy watatu, di samandaay ni mboq mu ñor mbaa jant buy ràyy-ràyyi ?

Jeegu Tubaab baa ngi taxaw ci ginnaawam, ne ko jàkk.

Mu ne ci xelam :

« Ndaw sii de, dafa mel ni ku ma jéppi. »

Yaasin Njaay jéem koo wàcce, daldi muuñ. Ndaw si ne këj, gën a fas kanamam.

Ca la Yaasin xalaatee lu doy waar : « Moo man, mbaa du dama génn àddina, nekk àllaaxira, te yëguma ci dara ? »

Noonu mu ne walbit, xool fu nekk, gisul fenn ndaw si. Su weesoo Sinkun Kamaraak moom, beneen Doomu-Aadama nekkul ci pantare bi.

Mu ne sëriñ bi :

- Ana ndaw si fi taxawoon léegi ?

- Dellu na fa mu jóge.

- Loo bëgg a wax foofu ?

- Yaay moom, mooy yow.

- Ba léegi sa wax dese naa leer ci man, góor gi.

- Dama ne, bul ma tanqal Mari-Gabriyelaa Won Bolkowski ! Xam nga ne moos kooku fi dugg sànq du kenn ku dul yow ! Daa weex nga ñuul rekk, waaye benn ngeen. Seetul bu baax, laa wax !

Fitu Yaasin Njaay mayu ko muy walbatiku di seetuwaat. Muy lox. Dunyaa xar, def ñaar. Taax yu rafet yee muy séen nag, fu ñu bawoo ba ñew sampu ci diggante asamaan seek géej gi ?

Mu wóor ko ne suy jéem a jéggi kàmb gi mu tiim di surux, des fa. Des fan, sax ? Lu mu ci xam ? Foofu de, Foofee rekk la mën a tudd. Mu gëmm, xippi, gisaat jeegu Tubaab bi mu taxaw ci ginnaawam. Yaasin yëkkati loxo càmmooñam, niir ko lu yàgg, daldi gis ni mu weexe.

Xol bi féex. Mu bég ba nga ni lii lu mu doon, daldi muuñ.

Mbégte ma Yaasin Njaay am keroog jooju, kenn mënul a wax na mu tollu !

Mu daldi ne Sinkun Kamara :

- Loo bëgg ci àddina dinaa la ko defal ! Su ma ko amulee itam, dinaa ko wuti indil la ko.

Sinkun Tiggide Kamara ne Mari-Gabriyelaa Won Bolkowski :

- Futtikul.

Mari-Gabriyelaa futtiku, mu jaar ci moom, jaaraat ci moom. Ba ñu noppee, mu ne ko :

- Man de, maa ngi soog a digaaleek jongomay Tubaab. Waaw, ndekete yéen dungeen tàyyee làkk nasaraan su ngeen dee saanjaay ! Loo doon wax noonu, sax, yow Mari-Gabriyelaa ?

- Bah ! Je ne sais plus ! C'était si bon, en tout cas ! Tu es un vieux cochon, toi!

Sinkun Kamara daldi raay sikkim bi, reetaan :

- Am na nag lu des, Mari-Gabriyelaa. Àllarba jii di ñëw, su ñu jullee timis ba noppi...

Mari-Gabriyelaa mel ni ku kàddu yooyu jógee kow :

- Mbaa jàmm la, Sinkun ?

- Liggéey bu nekk ak weexalam. Dinaa la xaar, maak yow am nanu waxtaan wu réy.

*

* *

Ñu teg cay fan, Yaasin Njaay dellu seeti Sinkun Kamara.Kooku ne ko :

- Léegi nag, déglu ma bu baax : du ñaari doom nga am ?

- Waaw. Mbisaan ak Mbisin.

- Soxla naa ci kenn.

- Nga ne lan ?

- Dinga ma sarax Mbisin mbaa nga sarax ma Mbisaan.

- Wax jooju tekki lan nag, sëriñ bi ?

- Xanaa li mu tekki doŋŋ. Mbisaan walla Mbisin, soxla naa ci kenn. Yaay seet nag koo ma ciy jox.

- Xel xalaatu ko, góor gi. Wax jooju moom bu yaboo nga teg ko ci suuf ! Xanaa yow sa yaram neexul ?

Sinkun Kamara xool ko ba sappali ko, ne ko :

- Bul fàtte ki ngay waxal. Sinkun Tiggide ! Tiggide Sinkun ! Kamara ! Xaax !

Mari-Gabriyelaa mel ni ku ràkkaaju, daldi ko yuuxu :

- Loolu mënul a am ! Non, non et non !

- Dina am de, moonte. Mu neex la dina am, mu naqadi la dina am.

- Su sa loxo laalee sama benn doom, dinaa la yóbbu ci yoon !

- Yaa neex, dëgg ! Ba fi mu ne daal, xamaguloo lu xew ? Jéggi nga kàmb gi, Mari, tàbbi nga ci béréb bi tudd Foofee. Dex gii nga nekk di féey, mu féex ba dee, bés bu Yàlla sàkk Doomu-Aadama ni yow ñëw ba jub ko, bëgg cee sóobu, xelam yedd ko, mu dellu ginnaaw. Yow Yaasin Njaay nga dëgër fit, dëgër bopp ne dara du la tee jéggi kàmb giy xaaj Dunyaa, xar ko ñaar !

- Moo Kamara, looy wax nii ?

- Lépp maasaloo na ba fàww, amatul dara loo xam ne nit mën naa taxaw ne lii mooy màndargaam. Nga téen, séen oto yiy rawante ci taliy asamaan si. Nga sëppu, gis asamaan seek i biddéewam ñuy paccax-paccaxi ci ndoxum géej gi. Démb saay na, Tey saay na. Fen ak Dëgg itam, ku ci nekk seey nga ci sa biir deretu moroom. Yaasin di pat-pati :

- Kamara, looy wax nii ?

- Ñawloo nga ma ñaas yi, ma raafloo leen ! Loolu liggéey bu réy la ! Maam dina ma xaare te Yàlla du ma ko baal ! Fàww nga fey ma. Man, lépp lu ma am ci Dunyaa gii laa ko ame. La may xaar àllaaxira xam naa ko !

- Wóoy !

- Wóoy yow ! Xawma ana ña nga yuuxu woon daaw !

- Sarax ma ngir Yàlla, Kamara. Rey ma su la neexee, te jéggal samay doom !

Wax jooju mel ni lu gën a merloo Sinkun Kamara :- Bu ma rey ak ay waxi doom !

Doo nitu dara ! Ku bañ sa bopp, xeeb sa xeet, noo mënee bëgg say doom ?

Bi mu ko wóoree ne Sinkun Kamara caaxaanul, Mari- Gabriyelaa Won Bolkowski tàmbalee yikkat, di jooy ni xale bu ndaw :

- Waaw, góor gi, loo tuddee sarax ? Noo mën a xalaatee ne dinaa la jébbal Mbisin walla Mbisaan nga tëral rendi ?

- Man kay, Mari-Gabriyelaa, doyewuma dara say doom. Ñi may jàppale ci liggéey bi ñoo ci soxla kenn. Sama kooba yi dañoo mar !

Dangay nar ! Waaye defuma ko tey, defuma ko ëllëg ! Maa lànk ba tëdd ci naaj wi laa wax !

Sinkun Kamara raayaat sikkim bi ndànk, muuñ, ni ko :

- Loo yaakaaroon, yow it ?
Seetal bu baax ci sa xel. Xam nga ne moos dara dàqul lii : tudd Yaasin, sant Njaay ba noppi xéy bés dégg ñu lay woowe Madam Mari-Gabriyelaa Won Bolkowski !

Ku dégg sa tur xam ne yax bu réy a réy nga bokk ca Tugal, gën faa rafet juddu ! Aa ! Dellu Tugal, dëkk fa, te kenn dootu la fa gën a yey ! Waaw, kenn dootu la fa xool ay bëti sowaas nga, danga tilim, danga xayadi. Fu la neex nga dem ci àddina si te kenn du la laaj wiisaa...

- Loolu ngay wax yépp jaralu ma sama bakkanu doom.

- Des na, di, Madam Won Bolkowski. Waaw, yoo dootu la màtt, weñ yi dootuñu biiw ci say nopp, loo dem bay lekk ñu jëkkanteek yow sax, roofal la ciy doomi jàngoro yu kéemaane, nga feebar doo sax am ku la faj.

- Wóoy man fu ma jëm ? Ana nga, Biige Sàmb ? Yaa soxor ! Yaa iñaan ! Lii lépp yaa ma ci dugal, Biige Sàmb !

- Te kat, Mari-Gabriyelaa, kiy des ci sa ñaari doom yi du la mere ! Soo xéyee defaral ko ndékki lu fatt, jox ko mu naan meew, sófóoram ñëw taxaw ci buntu kër gi korne, mu ne noηη ci sa ginnaaw oto,

jubal daara ja. Xawma Mbisaan lay doon, xawma ku jigéen ki lay doon, waaye sa doom ji ma lay bàyyil, ay tànkam duñu dëgg mukk ci ay ndell, ndax Tugal ga mu nar a dëkki de, wute na lool ak Liberyaa mbaa Siyeraa-Lewon, ay way-fippu duñu fa gàddu seeni ngànnaay song nguur gi, ku ñu dajeel gor la jaasi.

Li Sinkun Kamara di wax yépp, gémmiñ gaa ngi fuur, muy say.

Ca la Mari-Gabriyelaa Won Bolkowski door a xam ne moom sànku na ba fàww.

- Lu tax nga bañ maa nii, Kamara ? Lu ma la def ?

Sinkun Kamara mel ni ku ko déggul.

- Dootoo toog ci metóro bi, ku say bët dajeel mu xeelu la. Kenn dootu la wax wax ju ñaaw, naan la loo fiy def, dellul fa nga jóge ! Dellul réew ma nga xam ne ay sulaar ak i caga ñoo fay dogal ! Réew ma dëkkee yalwaan !

Dama ne : Mari-Gabriyelaa, gaawal def li ma la wax.

Bu sama gaa ñi meree du baax ci yow de, ndax dinañu këf Mbisin, këf Mbisaan, nga des yow kenn ak sa naqar. Loolu nga bëggam ?

Keroog, Mari-Gabriyelaa Won Bolkowski réccu na ndajeem ak Asan Taal ca Màrsey.

« Ku ma newoon nii la yëf yiy mujje, ma ne la yaa mën a fen. Waaye fen moom, kenn dàqu ko woon Asan Taal ! Nax na ma, takk ma, dem bàyyi ma fi te li mu ma doon wax yépp, ndeke dara du ci dëgg ! Man mi yaakaaroon ne ay kër ak i isin yu bare la amoon ci dëkk bi... Ndekete yóo, mennum Ngiraan Fay a toogoon Ñarelaa di ko xaar. Waxuma dara, sagaru nit kooku tamit di yàkkali bóli, defe ne indil naa ko àddinaak li ci biir !»

Badu, nettalikat bi dina dem ba dégg mbaa mu gis loo xam ne su ko waxee, ñu sikk ko, xaare ko. Waaye nu may def ?

Maak jali bee yem. Dunu teqale mukk ñaari kàddu yii : defu, waxu.

Sëggal boog ma déey li ma sañula wax ci kow loolu, man Aali Këbóoy.

Séytanee ngi ruux Mari-Gabriyelaa Won Bolkowski, naan ko :

- Yaasin Njaay, tee ngaa gëmm rekk, jébbal Sinkun Kamara sa benn doom ? Sinkun Kamara kat, def na warugaram. Léegi yaa ci des. Ku bëgg akara dangay ñeme kaani. Tee nga koo sarax Mbisin mbaa Mbisaan ? Du moo gën yéen ñett ñépp ngeen àndandoo torox ?

Mari-Gabriyelaa siggi, ni jàkk Sinkun Kamara, ni ko :

- Soo yaboo def lu la neex, waaye duma la jébbal sama benn doom ! Su Sinkun Kamara wuyoo Yaasin Njaay, yaa ko wuyu yow ma fa newul woon.

*

* *

Badu Taal, gaawal dellusi Ñarelaa.

Lu nekk a ngi xew Ñarelaa ci sa ginnaaw.

Mbisin ak Mbisaan, mag ji, ñoo génn xeet tey !

Log ay baat yu masul a tëmb ci sa soowu ndey ji la jur, di leen sàqami ndànk, ñuy seey ci sa kow làmmiñ, saf suukar, neex, di la jox bànneex bu kenn xamul nu mu tollu.

Walla kàddu yooyu tancaloo ci sa biir put ba far la fotloo.Maam ne la :

- Neel Penda Saar ca Ngawle !

Nga lànk, mu jaral la gaañ sa bopp ba waccu deret di la fekk. Nga xëm, ñu ximmali la, ngay xataraayu, di yuuxu :

- Je dis merde à la vieille Penda Saar, moi C’est où ça d’ailleurs, votre putain de merde de Ngawuule, là ?

Céy lii !

Bés, Ngiraan ferenklaayu na ci ndéstanam, ubbi Téereb Fent. Li loxoom biy daw yépp, di xoos kayit gu weex gi, mu ngi mel ni xalimaam day waxtu.

Ca la la ne : « Fu la jant biy tiime, Badu Taal ? »

Seede naa ni keroog xolu Ngiraan Fay diis na ! Xam naa dafa yëgoon ci yaramam ne dina wuyuji sunu Boroom bi te dungeen gise.

Booba, sama takkandeer a ngi wëndéelu ci néeg bi, ma yërëm Ngiraan ba sama rangooñ yiy bëgg a tuuru... Man doŋŋ maa ko mënoon a wax foo nekk ci Dunyaa. Tuutee tee ma ne ko :- Góor gi Ngiraan, na sa xel dal, Badu Taal mi nga namm nii, di ko laajte, mu nga dëkk sàngam. Waaye su ma laajoon ndax yaa nga fa ci jàmm ak salaam, xéy-na dinaa nakk-nakkal. Mii xel dina ma ne : « Nax ko rekk, mag la, te fen wuy defar moo gën dëgg guy yàq. Ne ko : fa Badu nekk, Yàlla ubbil na ko fa wërsëg wu réy. » Xam nga lu tax defuma koom ? Kaay nag ma xamal la lenn, Badu : nun dof yi, fen jafe na nu lool. Ñàkk mën a fen googu sax laa yaakaar ne moo tax nu nekk ay dof !

Rax-ci-dolli, sama digganteek Ngiraan Fay, caaxaan walla waxi naaféq masuñu cee am yoon. Looloo tax ba ni mu fi jógee, ndeysaan, Ngiraan masul a xam foo nekk ci këru àddina.

Démb, ñëw naa ganesi la bitim réew. Gisoo ma waaye li ngay wër ci biir dëkk boobee yépp, maa ngi topp sa ginnaaw. Yaa ngi ànd ak Abdel Kadeer Maxjub. Doomu Sudaŋ boobu doŋŋ moo fay sa xarit. Yéen a ngi sëgg di waaxu, mel ni dangeen a ragal ñu xàmmee leen. Yaak Abdel Kadeer Maxjub, xawma kan moo ci gën a yooy moroomam. Tiis wu jéggi dayoo ngi muur seeni kanam.

Lu leen boole yéen ñaar ba ngeen nekk ñaari doomi-ndey ca réew moomu ?

Ma wax ko, te dee : dara waralu ko lu dul seen ñuulaayu der !

Waaw : coonoo bu ñu leen fa teg, ni ngeen bindoo ko waral. Ñi ko sañ a wax nag barewuñu, wànte yëf yi du leneen.

Làq-làqal bi doyulam ?

Nëpp-nëppal bi nag, ba kañ ? Maa ngi ciy teg sama bët, man mii : ku ngeen dajeel, mu xeelu leen, gañ̃ñ, won leen ni mu leen xaaree. Waa réew moomu jàppe leen ni ay jaam, te ngeen di wéye naqar woowu, amuleen fenn fu ngeen koy joytoo !

Man, Aali Këbóoy de, bëgg naa xam lu tax ñépp tëx, muuma, gumba ? Nit du xaj. Bàyyileen seen xel ci sunu jarbaat yi nekk bitim réew ! La ñu fay daj jéggi na dayo, kat !

Yow nag, Badu, wóolu naa la. Jom ak teggin rekk nga fi mus a wone. Ba ni fi Ngiraan Fay jógee, yaa ngi koy dimbali ci sutura su mat sëkk.

Wóor na ma it ne du yow, Badu Taal, yaay fàtte kàddu Wolof Njaay yu am solo yii : Faaydaay tukki waaye fullaay ñibbisi.

Maa ngi leen topp sànq ba tey. Fi mu ne yéen a ngi ci màrse bu mag bi, di dugg yu sew : warga ak meew ak suukar ak ñoom seen. Seen dëkk bee ka tàng sax !

Amul péex, amul keppaar. Fi ngeen toog di xaar ótóbiis, benn ndaw su màggat ciipatu na leen, móolu leen ci làkkam, ngeen mel ni ku ko déggul.

Yaa ngi wéeru ci benn poto-làmp, ubbi sab yéenekaay di ko jàng. Nga jékki-jékki yëngal sa bopp, ne :

- Seetal ma lii rekk ! Abdel Kadeer Maxjub geestu la :

- Lan laati, Al-yuun Badara ?

Nga daldi muuñ :

- Dëkk baa, wallaay. Jolof daal, ay mbër kaamil lañu !

- Ãa ?

- Ay waxi dofati rekk ! Dañu bind fii ne am na ñaari gone yu fa benn waay soppi golo !

- Déet waay !

- Déglul kay, jeexul : waa ji soppi na gone yi golo, fi ñuy werante ndax loolu am naam amul, benn jeegu Tubaab jóge fu kenn xamul ne moo jur ñaari golo yi !

Loolooy coow dëkk ba, de !

Abdel Kadeer a ngi ree ba téye biiram. Yow, nga waaru, daldi ne ci sa xel : « Kañ laa gëj a gis Abdel Kadeer mu bàyyeeku, di reetaan nii bay xàqataay ? »

Kadeer siggi xool la, ne :

- Ay waxi dof nga may wax, kañ !

- Waa dëkk ba dofuñu wallaay, Kadeer ! Li leen jàpp ba ñuy gëm yëfi dof yooyu am na tur.

- Noo ko tudde ?

- Du dara lu dul ñàkk gu metti ! Ndóol ci boppam moo baaxul.

- Tee nga bañ a sonal sa bopp di ci xalaat, Al-yuun Badara !

- Kadeer, man Jolof laa xam ba mu jeex ! Sama mbokk yee fi gën a bëgg xew ! Wóor na ma ni foo dem ca dëkk ba dégg ñuy wax waxi ñaari doomi golo yooyuı !

- Al-yuun Badaraa, yaa ngi mel ni xamoo taskati xibaar yi ! Ñoo fi dàq a xoromal !

Tuuti kon ma dugg ci seen waxtaan, ne doomu réewu Sudaŋ jooju :

- Waaw, ngóor si Abdel Maxjub la xawma, lu la ci ba ngay weddi ak di dëggal ? Yow gën a waane ! Xamal ni ñett yii, maa leen yelloo, man Aali Këbóoy : gis lépp, dégg lépp, fekke lépp ! Mbaa du danga may diir mbagg di ? Juróom-ñaari xarnoo ngi jaaxaan ci sama biir kaaŋ gii, di dajjant ! Xarnu bu ci nekk a ngi xaar ma ni la pëkk-pëkk, nga yeewu, fuddu, ne ma :

- Démb, man mii maa doon démb ! Tey maa ngi nii taxaw janook yaw !

Céy Badu, soo xamoon nu mbir mi deme ! Ay yéenekaay sax tudd nañu fi sa tur fan yii. Dégg naa ci benn rajo ñu naan :

- Ndekete ndem-si-Yàlla ji Asan Taal mi waral coow li, amoon na beneen doom ju tudd Aliyun Badara. Mu nga bitim-réew. Waa Ñarelaa yi ñu jot a waxtaanal nee ñu gone gu amoon jom la, te jaambure.

Kon boog, Badu, xam nga ni yaa ngi ci biir-a-biir...

*

* *

Bésub talaata la woon. Ngiraan Fay jóge jàkkay Ñarelaa lal ndésam, toog ci ëtt bi.

Mbisin ak Mbisaan a ngi taal tele bi ba mu sës.

Ngiraan woo mbindaanu Yaasin Njaay ni ko :

- Aram, doo ma baal wax Mbisin ak Mbisaan ñu wàññi tuuti tele bi, kenn mënu fee dégg ndax ñoom.

- Maam Ngiraan, ñii ñaar kat sañuma leen a tudd. Ku ma ci waxal ñaari baat mu saaga ma ci nasaraan, te bu ko seen yaay yëgee ne maa tooñ doomam.

- Céy ! Ku mas a gis lii ? Gone guy reew kañ, ñaar ñii ngay dimbali. Man mii sax de, fii lañu may fekk ma toog di wérd ñu may wéq, di ma tëfli.

- Muñ dee fi sës, Maam Ngiraan. Léegi mu jeex sax, ñoom ñépp a ngi waaj a dellu Tugal !

- Keroog de, seen yaay mel na ne ku am lu mu réerle !

- Altine jee nu génn, mook bàjjan Biige Sàmb ànd nañu seeti benn sëriñ. Ci la ma ko dégg muy wax de, feek i fan rekk mu ñibbi Tugal.

- Li mu réerle woon feeñ naam ?

- Dégg naa mu naan loolu amatul solo.

- Ãa ? Waaye lu ciy sama yoon sax, man ? Moom dal, nanu Yaasin Njaay ak doomam yu xamadi yii abal rekk !

Noonu, Aram dellu kër Yaasin. Fi Ngiraan Fay wéeroo ci garab gi, ubbi « Téereb Ndéey », xam naa am lu mu la ciy fen, yow Badu, mu mel ni dafa xelmati nit ku ko romb. Mu wiccax bopp bi. Xel miy werante : « Nit jaar na feem dama koo janeer ? Géntuma kañ. Litkoloñ bi mu tuuroo ngi fiy xeeñ ba tey ! »

Ngiraan dégg ku laal buntu kër Yaasin Njaay : « Waaw, jeegu Tubaab bu sew bii, lu muy wuti kër Yaasin ? » Mu ne bëret, ne day laaji ndawsi lu doon i tànkam. Kooku walbatiku, xool Ngiraan ba seppali ko, ne ràpp buntu dogaatle bi tëj. Yàggul dara ñu dégg Aram, mbindaanu Yaasin Njaay mi, muy salliiru :

- Wóoy sama ndeyóoy ! Wóoy man ! Wóoy sama ndeyóoy !

Waa Ñarelaa fàq wutali kër Ngiraan.

- Lu xew ci sa kër gi, Ngiraan ?

- Xam ! Maak yéen a ci yem.

- Noonu nga ci tollu ?

- Doo jóg sax seet lu Aram di yuuxu nii ?

- Su ñu fi reyee doomu jaambur ji nag, looy làyyi ?

- Mbaa du Aali Këbóoy a ñu bëgg jommalati ?

(Gis nga de, Badu, man mu weex dunq mii, fexe nañu ba tudd ma ci. Nit ñee mën a tooñ, walla !)

Am keneen ku ne :

- Waaw, jeegu Tubaab bi wàcce ci oto bu ñuul, dugg fi nag, ku mu, Ngiraan ?

- Li ngeen may laaj de, dara laa ci xamul ! Tee ngeen a àggal seen bopp kër Yaasin Njaay, seet lu fa xew !

Noonu, yuuxu Aram yi dakk. Ku nekk xool sa moroom.Fi waa Ñarelaa yiy yeddee Ngiraan, Biige Sàmb àgsi. Ñépp xamoon nañu ne mooy ndeyu-mbill gi. Ñarelaa ba Ñarelaa daj, moom rekk la fi Yaasin Njaay mas a waxal. Biige Sàmb ne jàkk mbooloo mi. Ñépp ne tekk di ko déglu. Mu ne :

- Yéen waa Ñarelaa laay waxal. Kenn ku nekk ci yéen na dellu fa mu jóge.

Kenn tegu ca baat. Teewul mu am ñu doon yéexantu. Biige Sàmb ne leen :

- War naa leen a balu àq, ndax xéy-na ni ma waxeek yéen xaw naa ñagas. Waaye maak Ngiraan Fay rekk noo fi war a des. Li xew lu réy la, te nun ñaar doŋŋ noo ko séq.Ne tuuti, kër gi ne selaw, mel ni kenn masu fee nekk.Ngiraan ni :

- Ana sa xarit bi, Biige ? Biige Sàmb ne patt ba yàgg mu sog a tontu Ngiraan :

- Bul sonal sa bopp, Ngiraan. Benn Doomu-Aadama dootul teg Yaasin Njaay bët.

- Dafa dellu Tugal, du ? Man de, ñëw na ba tàggu ma. Ñaari doom yi fi nekk ba léegi kañ ñoo ma ci jaaxal.

- Déggoo li ma la wax, Ngiraan ? Benn Doomu-Aadama dootul teg Yaasin Njaay bët.

- Kañ la fi faatu ?

- Faatuwul.

- Su dee faatuwul kañ, mu ngi dund.

- Dundul itam. Yaasin Njaay mi nga fi jot a xamanteel, deewagul waaye dundatul.

- Waaw, Tubaab bi ma fi romb sànq, lu mu joteek Yaasin Njaay ?

Biige Sàmb ne tekk, ba yàgg mu wàcce baatam, daldi ne ndànk :

- Ndaw si la romb sànq mooy Yaasin Njaay.

- Man de, ndeyu Mbisin ak Mbisaan laay wax. Danga mel ni ku ma déggul, Biige. Lu la dal tey ?

- Yaasin Njaay a sax, de.

- Biige Sàmb, lu la dal ? Jabaru Asan Taal ji jóge Tugal, ñëw fii ténjsi ko laay wax.

- Ma ne : mooma, Ngiraan.

Foofu, Ngiraan téen, raay ndoŋ li ba noppi sëggaat ne :

- Mbaa set nga ci mbir mi, Biige ?

- Man ma set ci ? Déedéet kañ, Ngiraan ! Axãa ! Yaa ngi may door a laaj li tax ma ne waa Ñarelaa ñu may nu nu ñaaroo. Déedéet, Ngiraan, setuma ci te dinaa la wax tey lu ko waral.

Du yaa ngi fàttaliku bés ba nu gungejee Asan Taal ayeropoor, muy dem Tugal ne day futbali Màrsey ?

- Yàgg na lool, waaye mu ngi mel ni démb ci man.

- Nekk nanu fa di jooyoo maak moom, yëf yi takkarnaase, nuy fóonante ba nit ñi faf mujjee noo wër di nu seetaan. Yaa ngi koy fàttaliku, de ?

- Bu baax, sax.

- Waaye ba dara desul lu dul bàyyi Asan Taal mu yéeg ci roppëlaan gi, lu leer nàññ laa ko wax.

- Loo wax keroog Asan Taal, Biige ? Jaaraat ci, ma dégg.

- Dama ne ko : Asan, dëgg la, tàggatoo bi xumb na, ñépp a ngi jooyoo. Wànte lenn rekk laa bëgg nga xam ko : nobante nanu, ma jox la samag ndaw, nga àgg ci man, biiral ma. Sunu doom jaa ngi nii ma boot. Nee nga yaa ngay dem Màrsey futbali waaye giñ naa ko ci bakkanu Badu Taal mii : soo ma woree du baax ci yow !

- Lu la Asan Taal tontu, Biige ?

- Asan Taal dafa siggi, sunuy bët daje, sama fit ne rës, Ngiraan. Waaw. Ca laa sog a xam ne naaféq tigi laa jébbaloon sama bopp. Booba ba léegi maa ngi daas sama paaka, xam ne bés dina ñëw, ma fey Asan Taal boram. Mu ngoog, Ngiraan. Sa doom ji wor na ma, wax naa nit mu alag ki ñu ne moo doon soxnaam. Sunu waxtaan wii nag, mën naa des sunu diggante maak yow.

- Déedéet. Du deme noonu, Biige.

- Badu Taal nga ko bëgg a àggeem ?

- Waaw. Am na wàll ci mbir mi.

Biige Sàmb neeti patt.

Ngiraan ne ko :

- Lu ciy sa xalaat ? Fi Biige di seetee ci xelam lu muy tontu Ngiraan, buntu dogaatle bi ubbeeku. Biige ne ci suuf :

- Sama jinne jaa ngoog. Ñaw !

Ngiraan sëgg fi mu sëgg rekk. Biige reetaan :

- Bëggoo koo gis, xanaa ?

- Yal na ma ko Yàlla xañ ba fàww.

Mari-Gabriyelaa Won Bolkowski séen leen, mel ni ku tiit moom itam, gaawantu delloo buntam.Noonu, ñu déggaat Aram muy yuuxu :

- Wóoy sama ndey ! Wóoy sama ndey !

Waa Ñarelaa bàyyeeti lépp lañu doon def, daw wuti sa kër Maam Ngiraan Fay.

Géew baa ngi tëjusi, Badu.

Yaa ngi fàttaliku ne Ngiraan Fay ayeropooru Ndakaaru la ubbee seen waxtaan yéen ñaar ? Roppëlaan jóge na Ruwaasi, ca Tugal, yéeg ndànk wuti asamaan, romb ay dëkk yu bare, ñëw tiim Ndakaaru, wër ko ñaari yoon, door a wàcc, raay suufu Yoof su tedd si. Keroog jooju la néewu Asan Taal, sa baay, agsi Ndakaaru.

Ci Téereb Ngelaw sax la Ngiraan Fay bind lii : « Duma fàtte mukk bés ba nu jëlijee néewu Asan Taal ayeropooru Ndakaaru.

Bésub alxames la woon, bi timis di waaj a jot.

Ba nu demee ba jub tali Ngaala Jóob - mooy jàddukaay bi mujje ci yoonu ayeropoor - lanu dajeek mbooloo mu takkoo-takku, kaar. Xanaa waroon naa tollu ci ñeent mbaa juróomi-téeméeri junniy nit. Ñii a ngi waaxu, ñii di xélu, ñaq bay siit, ñi ci des dugg ciy kaar-ràppid mbaa ñuy dawal seeni oto bopp, ñi gën a feete ndaw war seeni móto. Ñépp di yuuxu, di tàccu, coow li ne kur, sófóor siy korne tëwa bàyyi, koo dajeel mu ngi taf rajo bu ndaw ci noppam. Gone yi mel ni ñu tàggook seen sago.

Foo tollu, dégg ñuy salliiru :

- Móo-du ! Wiiw Móodu ! Móo-du ! Móo-du ! »

Waaw.

Ngiraan a bind loolu ci Téereb Ngelaw, bàyyil la fi.

Ndakaaru Njaay doon teeru woykat bu amoon bayre ca jamono jooja.

Béréb bi Ngiraan ubbee, laay daaneele, man Aali Këbóoy. Du nag lu ma taamul sama bopp : mbir mee deme noonu rekk.

*

* *

Ayeropooru Ndakaaroo ka bare nit tey jii it, kaar ! Noo yaakaar ne noonu la nit ñi tollu rekk, romb na koy wéy. Nit ñi war nañoo mat xanaa juróomi-téeméeri junni ak lu topp. Lu xew ba taskati xibaar yi mel ni ay njéeréer ci ayeropoor bi ? Deñ-kumpa doŋŋ a leen fi indi. Yaasin Njaay de, lañu ne moo jékki-jékki soppeeku golo mook ñaari doom yi, Mbisin ak Mbisaan. Coow laa ngi ne kur nag.

Am ku ne :

- Ndaw seek ñaari doom yi nee nañu mes.

- Séen naa leen ñuy yéeg ci kow garab gii !

- Nun kay noo leen mënul a gis, waaye wóor na ma ñoom ñu ngi janook nun, di nu ŋóobi ! Yéen, xamuleen golo sax!

- Tee noo gor garab gi waay ?

- Loolu da koy yàggal ! Am na lu gën a gaaw !

Waa ji wax loolu tàmbalee sànniy xeer ci garab gi, gone yi topp ciy sànniy xeer ñoom it. Njiitu takk-der yi dawseek liifam, ne leen ñu dakkal li ñuy def :

- Dañuy aaye ku fi sànni xeer.

- Baal nu de, seef, xamunu ci woon dara.Alkaati bi ñaan fa sigaret, ñu faf lal waxtaan. Benn jeeg bu xeesal ba kanam gi yépp yàqu, ne takk-der bi :

- Waaw, ndaw si ñuy wax sax, lu mu def ?

- Benn Tubaab la, wallaay ! Daa bëggoon a sàcc ñaari gone yu ndaw.

- Déet waay !

- Ñaari doomi réew mi la doon jéem a rawale Tugal.

- Ãa ? Loolu gën a doy waar !

- Soo demee dafa leen bëggoon a jaayi mbokki Tubaabam yi !

- Maa la ko wax !

Takk-der bi reetaan :

- Mu ngoog de ! Ba ñuy nemmeekuy kayitam daal, la ne tirr daw ! Booba ba léegi ñu ngi koy wër !

Waa ji mayoon alkaati bi sigaret daldi ne :

- Kon li ñu naan dafa soppeeku golo du dëgg ? Alkaati bi kimmi sigaretam, téen, sànni saxaar si, xool waa ji, muuñ :

- Noo mënee gëm waxi dof yooyu, yow itam ? Kañ la nit daan soppeeku golo ?

Ñépp xàqataay.Waa ji ñéññ, ne :

- Takk-der nga, dégg la waaye maa la gën a xam ni mbir mi deme ! Ndaw si Yaasin Njaay la tudd, mu nga dëkk Ñarelaa. Lagara bu bon la sax ! Cagatu na Màrsey, defay njaaxumam, ba noppi ñëw fii ne dafa nuy jommal !

Alkaati bi xool ko ba seppali ko, yëngal boppam, ni ko :

- Werante kay gis bokku ci ! Kayitu juddu ndaw saa ngi nii. Lu ñu ci bind ?

Kaay jàng ! Kii ak turam wu gudd wii moos, juddoo Burgoñ, bokk fa ci kër gu mag sax, dégg naa, na mu mënee nekk sa Yaasin Njaay moomu ?

Werante bi neeti kur. Tuuti kon yëf yi ëpp loxo.

Suba su waa Ñarelaa yeewoo, yëf yi gën a takkarnaase !

Badu, li nga wax keroog Abdel Kadeer Maxjub dëgg la : du gox bi rekk a rëb. Foo dem ci réew mi, dégg fa kàddu yii ma lay jottalisi :

Yaay ju weex tàll.

Doomi golo.

Yaasin Njaay.

Dawe ayeropoor, jaar ci kow garab yi, dellu këram, tëju faak ñaari doomam.

Asan Taal.Tubaab.

Badu Taal.

Mari-Gabriyelaa nakaati sax ?

Ku nekk naan :

- Kenn du ma nettali lu kéemaanee noonu, fàww ma gisal sama bopp Tubaabu Ñarelaa bi ñuy coow.

Dëkk bi yépp riirandoo, jëmsi Ñarelaa. Waa Ndakaaru Njaay a bëgg xew ! Fan yii de, foo sànni mbàttu ci Ñarelaa mu tag. Saay-saayu Ndakaaru yépp làngsi nañu ci gox bi. Du benn du ñaar nit xëm na fi mbaa ñu jàpp fi sàcc dóor ko ba Yàlla fóot ay sagaram. Ma dajeek ay gone yu jolu ay butéeli sàngara, màndi ba ma mënatuñoo taxaw, ñu topp benn janq, takkal ko pot :

- Yee gel yow, ana Tubaab bi ?

- Gelu Ŋeew bi lanu soxla ! Na génn waay, nu ceg ko !

- Màndeeti nga de, Njóogu ! Fii benn Tubaab newu fi !

- Séen naa ndawsi, te soo weddee nu teg ! Ayca, junnee ngi ! soo wóoloo sa bopp, tegal !

- Man it séen naa ko, dafa cuq de, sunu Ŋeew bi !

Am xaat ñuy siisaate. Man de, Badu, bett naa fi ay boroom kër ñu naan :

- Ku dëkkul Ñarelaa amoo dara looy wax ! Nun, xam nanu lu tax Yàlla wàcce fi ndaw sii.Waaye séytaanee teg loxo ci Ñarelaa, fan yii. Mbedd mu ma jaar, dégg kuy rëbb jeegu Tubaab bi :

- Waaw, ana mu sax, moom ?

- Wëey ! Na génn, nu gis ko !

- Na gaaw génn mbaa nu taal léegi kër gi ci seen kow ! Ñii di sànniy xeer, na ca des ne ñu ngay wuti esaas bu ñu taale sa kër maam Ngiraan Fay. Nit ñaa ngi ñaq tooy xepp, di daw ci tàngaay bi, di yéeg ci garab yi, koo dajeel muy di wax ay waxi dof tëwa noppi. Taxul nag sa maam Ngiraan Fay ubbi benn yoon gémmiñam.

*

* *

Juróom-ñaareelu fan.

Kenn xejatul Ñarelaa ndax fépp la nit ñiy jóge.

Sunu gan yi dañoo mujje di fanaan ci mbedd mi.

Foo walbatiku dajeek ñuy yalwaan walla ay jaaykati ndox mu sedd mbaa bisaab ; waaraatekat yiy wër Ñarelaa, naan :

- Waay, ku lii doyul lu lay doy ?

Am ñu yore nataalu ndaw si di ko jaay :

- Mu ngi. Mari-Gabriyelaa Won Bolkowski la tudd !

Werante gis bokku ci !

- Ñaata nga ci bëgg, waa ju baax ?

- Juróom-benni junni.

- Junnee ngi.

- Xeeb naa ko.

- Tegal naa la ci téeméer.

- Ma ne : baax na.

- Man ngay sëppu ? Xanaa xamoo ki ngay waxal ?

- Bul ma tooñ, jàmbaar !

- Yéen kay, la kenn waxul dara ! Ku leen romb, ngeen tàllal ko nataal bu wuteek ba ca des, te ne yépp benn nit ki la ! Yabaate ba dee !

Ñu songoo, kurpeñ yi dal, ñii far fii, ñee far fa ca des. Mag ñi di leen yedd, nag :

- Yëf yi xéewal gu fi Yàlla wàcce la, jarul a xeex ak a xuloo ! Su ngeen àndeek seen sago, ku nekk dina séddu ba doyal ! Ñépp xej nañu ci !

- Eskéy !

- Ndaw sii dafa noo bëgg a yab, ndax li deram bi weex !Mu mel ni nag loolu rekk la nit ñi doon xaar :

- Xeebaate bi dafa doy !

- Tubaab yii ! Maa leen xam, tey ! Mënuñoo nangu ne nun ñii ay Doomi-Aadama lanu ni ñoom !

- Ñoo fi gën a bare pexe, waaye jinne jii moom, balaa muy génn ci lii tey dina wax lu set !

- Xanaa mook ñaari doomam yii dinañu lekk !

- Ay doom laa déggam ?

- Waa-waaw !

- Doom yu mel nan ?

- Ñoo la gën a ñuul sax, de.

- Tubaab bu weex ak ay doom yu ñuul laa dégg ?

- Kii du nit ku baax !

- Lu nuy xaar ? Nanu dàjji bunt bi, waay !

Benn góor gu màggat ñëw ni leen :

- Déet doom, yoonu jàmm sorewul.

- Waay, déggal paa bii ! Jàmm ba ci lan, nag ?

- Dama xam ne ay du yem ci boppu boroom, rekk. Nen du bëreek doj. Ndaw si am nay mbokk, kat ! Su waa Tugal dalee sunu kow, nag ?

Gone yi ree ba tëdd ci suuf.

- Góor gii daal, xanaa dafa paagal !

- Réew mu tollu ni Farãas amul lu muy def lu dul di sonal boppam ci ab lagara doŋŋ !

- Tubaab yi tal nañu leneen !

- Ndegam du dëmm sax, ndaw sii !

Waaye gone yooyu, Yàlla mi dul faral kuy tooñ, moo leen daldi tiiñal ci saa si.

Fa ñuy kókkëlee góor gi, di kex-kexi, la daldi am ñu agsi booru kër Ngiraan ak seeni yuuxook seeni xiixat yu metti. Kenn ci ñoom ne :

- Soldaari Daawur Jaañ yaa ngi jëmsi Ñarelaa ak seeni fetal !

- Lan laa dégg ? Ay soldaar, tàww !

- Waa-waaw ! Ñii ma gis de, dañoo ñàng ba dee, waat naa ne ku ñu fi fekk du baax ci yow ! Naka la nit ñi dégg loolu rekk, tàmbalee daw, di yuuxu :

- Soldaar yaa ngoog !

- Dawleen ! Ku ñu fi fekk tàkk nga !

Badu, su doon sama sago, dinaa la nettali li fi xew ba jeexal te duma la ne bakkan rot na fi. Mënuma ko, ndax wax la dëgg moo ma war. Loolu laa dig Ngiraan Fay. Keroog, dëggaate nañu ci buntu kër gi fukki nit ak juróom-ñeent, ñu daldi faatu ci saa si. Monte de, buuxante mënoon na cee bañ a am. Nit ñee tiitoon seen tiitu bopp rekk, waaye wax dëgg Yàlla soldaari Dawuur Jaañ yi defuñu fi benn ñaawteef. Dañoo wàcc seeni oto, seen njiit nuyoo ci yar ak teggin ju mat sëkk, daldi ni :

- Fii la Ngiraan Fay dëkk, de ?

Biige Sàmb a ko tontu :

- Waaw, fii mooy këram.

- Ana mu, moom ?

Biige daldi tuur soldaar bi lëndëm :

- Dafa feebar, ñu yóbbu ko loppitaan. Man, goroom laa, maa fi nekk.Njiitu soldaari Daawur Jaañ yi taal telefonam, ne ki mu doon jokkool :

- Nu ngi leen fiy xaar, maak samay nit. Buleen yàgg, nag.Bi ñu ci tegee genn-wàllu waxtu, yeneen soldaar agsi ci gox bi.Waaye ñii ñoom, ay Tubaab lañu woon. Seen njiit jubal ci njiitu soldaari Daawur Jaañ yi. Ñu gise ñoom ñaar gise bu gaaw.Tubaab bi ne Biige Sàmb :

- Madam Mari-Gabriyelaa Won Bolkowski laa jëlsi.

- Àgg leen ca néeg yale ngeen di séen. Mu nga faak ñaari doomam.

Kàddu yooyu jaaxal lool Tubaab bi :

- Ñaari doomam ? Doomam yan ?

Biige Sàmb ne njiitu soldaari Daawur Jaañ yi :

- Man kat dégguma nasaraan, kon sama waxtaan ak ngóor sii du mën a sori. Ne ko bumu nu tanqal, na yóbbu mbokkam mi, xawma Mari-Gabriyelaa la tudd xawma, te abal nu. Njiitu soldaari Tubaab yi dóor bal buntu kër Mari-Gabriyelaa, mu ne tëll, dàjjeeku.

Fekk na booba Mari-Gabriyelaa ngi làqu woon ci wanagam, mook doom yi. Naka la yërndu ba xàmmee ñi ko doon jëlsi, daldi daw fekki leen ci saal bi :

Booba ba léegi maa ngi leen di xaar ! Su ngeen doon yéex, ñuy taal kër gi ci sunu kow !

Tubaab bi ni ko :

- Mbaa noppi nga rekk ? Ambasadeer baa ngi lay nég sa màkkaanam. Sunu njiitu réew, ca Tugal, nee na ko na fexe ba bu la dara dal !

Mari-Gabriyelaa ree :

- Aycaleen nu dem ! Mbisin ! Mbisaan ! Ñaari gone yi génne ci wanag wi, daldi langaamu seen ndiggu yaay. Tubaab bi gañ̃ñ :

- Ñii ñaar nag ?

- Samay doom lañu.

- Say doom ? Soo dee kaf it, nun kafunu, soxna si ! Liggéey moo nu fi indi.

Soo gisee njiitu soldaari Tubaab yi, mu ngi mer ba funki.

Mari-Gabriyelaa xam ne fa ko Biige Sàmb ak Sinkun Kamara dugal, caaxaan génnewu ko fa. Mu ni Tubaab bi :

- Ñaar ñii maa leen jur ci sama biir bii !

- Xool nga leen bu baax ? Noo mën a juree ñii ñaar ?

Mbisin ak Mbisaan seen bopp ñu ngay jooyoo, di gën a langaamu seen yaay, di ko saraxu, ne du dem mukk bàyyi leen Ñarelaa.

Mari-Gabriyelaa wutewul ak dof. Mujjewul lu dul sukkal Tubaab bi, naan ko :

- Xanaa amoo ay doom ? Soo gisee ni Mbisin ak Mbisaan di jooye rekk nga war a xam ne maa leen jur !

Njiitu soldaari Tubaab yi ronni ko ba xolam sedd, ne ñi mu àndal :

- Gàddul-leen ma ndaw sii ! Dañu ma sant ma yóbbu la sunu àmbasadu réew.

Mu neex la, mu naqadi la, dinaa ko def ! Soo demee foofu nga wax fa sa waxi kasaw-kasaw yii ba xam ndax dinañu la faale !

Soldaar yi mu àndal xaw a mel ni ñu yërëm ñaari gone yi.

Mu xulli leen :

- Lu ngeen di xaar ? Gàdduleen ko laa wax !

Ñu ne kirtim Mari-Gabriyelaa, muy wéqu, di saaga soldaar yi, di leen gajj. Ñaari doom yi tamit ràkkaaju, di fëgg buntu kër gi, di làkk nasaraan tëw a noppi.

Soldaar yi génn kër geek ndaw si, daldi jubal seeni oto.

Benn góor gu kaalawu ñëw ba ci kanamu Mari-Gabriyelaa, taxaw, ñu xoolante ñoom ñaar.

Mari-Gabriyelaa daldi ne ci suuf :

- Sinkun Kamara.

Kooku ni ko :

- Waaw. Sinkun Tiggide Kamara.

- Lu ma la def ? Wóoy man ! Loo ma bañee nii ?

- Lii lépp yaa ko teg sa bopp. Kenn rekk laa ci soxla woon. Léegi dinga ñàkk buubu, ñàkk ceen ga.

- Yërëmal boog gone yi. Ñoom doonuñu ci dara.

- Xanaa gëmoo li ma la wax, Mari-Gabriyelaa Won Bolkowski ? Nee naa la doyewuma leen dara, man mii. Sama gaa ñe ci soxla woon kenn, nga ne fay nakk-nakkal ba ñu mer. Soo demee nuyul ma waa Tugal !

Ba bi soldaari Tubaab yiy taal seen oto, Mari-Gabriyelaa ngi salliiru, di yuuxu turi ñaari doom yi, di féqu, foo tollu di dégg saagaam yu ñaaw yi.

Pënd bi naaw, muur jaww ji. Jaww ji xonq coyy. Pënd bi wuri. Mbisin ak Mbisaan gënatee tiit, seen jooy yi daldi dakk ci saa si, ñuy xullee, mel ni ñu tiim seen buntu bàmmeel.

Sinkun Kamara walbatiku, daj ci Biige Sàmb, ni ko :

- Yewwi ma boog, soxna si.

Biige Sàmb xool ko, yëngal ndànk bopp bi.

Sinkun Kamara xam li mu ko waxul, defaraat kaalaam, dëngalu dem yoonam.

*

* *

Dinga ma ne :

- Waaw, bi loolu yépp di xew, fu Ngiraan Fay newoon ?

Muy it laaj bu am solo. Soo dellusee, Badu, laajal ku la neex ci Ñarelaa.

Ba ma ñaarook moom ba noppi, fab ko dugal néegam, Ngiraan Fay tegatul benn yoon tànkam ci diggu kër gi. Lekkatul, naanatul, jooteetul daraak kenn ci gox bi.

Doon nanu ko dégg daal muy waxtu. Guddiga mu gàddoo yat ne day dàq Ninki ak Nanka,

ñaari doomi golo yi kenn ci nun masul a gis, di leen móolu, naan leen nañu dellu ca àll ba mbaa ñu dem fekki seen ndey Toolu-Buur, ca Guy-Géwél, guddi googu lanuy door a leer ne Ngiraan Fay àndatul ak sagoom, ndeysaan.
Waaye gaaw a wax baaxul.

Ñàkkul mu amoon lu feeñu Ngiraan, booba.

Ndax lii moom, kenn du ko werante : nun sunu bopp, xéy nanu bés gis ñaari golo yu ndaw yuy dóor dàqe ci mbeddi Ñarelaa yi. Ku leen jub, ñu daw làquji ci kow garabi gox bi. Biige Sàmb daal, moo fexe bés ba nax leen, ñu langaamu ko, mu teg leen ciy mbaggam, ànd ak ñoom di fo di ree.

Ba Mari-Gabriyelaa Won Bolkowski delloo Tugal ba ñu teg ca ñetti weer la sa maam Ngiraan Fay ma fatu woon faatu. Man Aali Këbóoy teewe naa sukkuraatam. Ngiraan jot naa xippi, xàmmee ma, téye sama loxo lu yàgg. Teewe naa loolu te ngelaw li dina wéy di ko biral :

sa maam Ngiraan Fay tàggoowul benn yoon ak sagoom.

Ci li ma mën a seede de, ba mu fiy jóge xelam daloon na.

Bi nuy diisoo nun ñaar la soldaari Daawur Jaañ yi dellusi Ñarelaa, ne dañu leen ne am nay saay-saay yu fi làq ay ngànnaay, di waaj a song nguur gi. Coow li neeti kurr :

- Ay gànnaay, fii ci Ñarelaa ?

- Baay Ndeene de la nguur giy tuumaal !

- Baay Ndeene man ?

- Xanaa dégluwoo rajo yi ? Dafa bëggoon a daaneel Daawur Jaañ sax de !

- Dara ! Sunu Afrig gii kat, ay kolonel ni moom rekk ñoo fiy nekk ay paresidaa !

- Wax nga dëgg ! Te su nekkoon paresidaa, sunu ceeb tooy, nun waa Ñarelaa !

Céy, sama gaa ñi ! Kolonel Kamara ! Paresidãa Kamara ! Xawma maak yéen kan moo ci gën a yenuy dàllam !

Maak Ngiraan a ngi janoo, nuy dégg ni saar de kombaa yiy wëree Ñarelaa ak ni bomb yiy kalaatee :

Rëll ! Rëll ! Rëll !

Mu xëcc sama loxo, tari Alxuraan. Benn bomb rajaxe asamaan si.Ngiraan muuñ, tudd turu Yàlla, gërëm ma, gëmm.

Ba ko waa Ñarelaa di robi, romb nañu ñaari doomi golo yi ñuy xëccoo benn welo bay xeex, ku nekk bëgg koo xañ sa moroom.

Waaye bi oto bi yaboon néewu Ngiraan Fay raamee ba tollook ñoom, dañoo fàtte welo ba ci saa si, ne jàkk mbooloo mi.

Keroog ñu bare la seen yaram daw ndax ni doomi golo yi nee tekk-tekkaaral di seetaan waa Ñarelaa.

Ne tuuti kenn ki woo moroom mi. Kooku tëb fekki ko, mu am lu mu ko déey, ñu àndandoo di ree, di màtt seen baaraam ak a wiccax seen bopp, mel ni ñu naan :

Ñaw ! Gat di !

Ca armeel ya nag, man Aali Këbóoy bàyyi naa naaféqi Ñarelaa yi ñu wax seen waxi caaxaan ba noppi, ma door a yëkkati samay kàddu ba ca kow, xalab leen ci biir géew bi. Ñoom ñépp ñu téenandoo di ma seet.

Kenn ci ñoom gisu ma ci, waaye ñoom ñépp xàmmee nañu sama baat, man Aali Këbóoy. Duma jaaraat nag ci li ma leen wax keroog. Ñoom ñi moom wax ji, dégg nañu ma bu baax.

Bi ma jógee armeel ya, dajale na juróom-ñaari téere yi la Ngiraan Fay jagleel. Takk naa leen ba ñu dëgër, ma lëmës leen ci benn turki bu fi Ngiraan bàyyi, gas ci taatu ndaa li ba mu xóot, ma suul leen fa. Soo ñibbisee fii ak juróom-ñetti xarnu it, dinga ma fi fekk, man Aali Këbóoy, may aar say téere di la xaar.

Dig naa ko Ngiraan Fay. Dinaa ko def. Yóbbante nag, àq la.

Dinaa na la ne jabb juróom-ñaari Téere yii may limsi.

Téereb Dóom.

Téereb Ngelaw.

Téereb Lëndëmtu.

Téereb Fent.

Téere bu Ñuul bi.

Téereb Wis.

Fàttewuma Téereb Ndéey.

Su wesoo Ngiraan mi ko bind, keneen warul a xam lan moo làqu ci biir. Waat naa ne man mi la ko fiy dencal sax, duma juum mukk ba ubbi ko. Waaye téere yooyu yépp nag, bés boo dellusee, bala nga ciy ubbi benn di ko jàng, dinaa la téye ci loxo, nu dem ma won la sa bàmmeelu maam. Xawma kan, wànte yow Badu Taal, soo ñëwee tiim Ngiraan Fay fa mu tëdd ca armeel ya,

ñaanal ko, fàww mu yëg ko ci yaramam. Te wóor na ma ne Ngiraan Fay dund na ba dee te masul a am mbégte mu day ni ba muy nar a am bés bu màgg boobu.

Domi golo audio numerique
Developpé par allowow

© Editions Audio Numérique
Ebook Africa